# IУАЩХЬЭМАХУЭ

Адыгэ тхакIуэхэм я журнал

1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

2010 гъэ

# 3

Май – июнь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзымрэ КъБР-м Хъыбарегъащ1э IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ къыдагъэкI

Редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр
**Елгъэр Кашифщ**

*Редколлегием хэтхэр:*
Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей

Налшык
2010

# Ошхамахо (Эльбрус)

Литературно-художественный журнал
На кабардинском языке

*Учредители:* Союз писателей КБР, Министерство по информационным коммуникациям, работе с общественными объединениями и делам молодежи КБР

**И. о. главного редактора**
**Кашиф Эльгаров**



*Редакционная коллегия:*
Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев



**Технический редактор** – Мадина Гурижева
**Корректор** – Марина Жекамухова
**Компьютерный набор и верстка** – Залина Гетокова

Подписано к печати 16.06.10. Формат $70\times108^{1}/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 13,65. Уч-изд. л. 12,6. Тираж 2050 экз. Заказ № 81. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036

*Адрес редакции:*
КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Отпечатано на ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г.» Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника
**Заурбека Бгажнокова**


## КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:

**Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 65-рэ ирокъу**


**Чым Юрэ.** Зэбгъапщэ хъун щыIатэкъым . . . . . . . . 3
**Шортэн Аскэрбий.** Зауэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым . . . . . . . . 18
**Къардэн Бубэ.** Бжьыхьэ жэщым. Рассказ . . . . . . . . 21
**Нало Ахьмэдхъан.** Рейхстагым адыгэбзи тетщ. Рассказым щыщ пычыгъуэ . . . . . . . . 28
**ЩоджэнцIыкIу Алий.** Шагъдий гъэшхахэм техутэ. Усэ . . . . . . . . 35
**КIыщокъуэ Алим.** Си фочым IэплIэ есшэкIауэ. Майм 9-м 1945 гъэм. Усэхэр . . . . . . . . 35
**КIуащ БетIал.** Зауэр еух. Усэ . . . . . 36
**Брай Адэлбий.** Уэсят. Усэ . . . . . . . . 37
**Бицу Анатолэ.** Сурэт. Усэ . . . . . . . . 38
**Мыкъуэжь Анатолэ.** «Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну...» Усэ . . . . . . . . 38
**Елгъэр Кашиф.** Фэеплъсын. Си нэгу щIэкIа гуауэ . . . . . . . . 39
**ХьэIупщы МуIэед.** Хъаджэт и къафэ. Новеллэ . . . . . . . . 45
**Срыкъуэ Юлэ.** Къалэмым Iэщэр къыдэщтэн хуей щыхъум . . . . . . . . 55
/---------------------------------/
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Хъыбархэр . . . . . . . . 58
**Айтэч.** Рассказхэр . . . . . . . . 66
**ЛIыгъур Чэрим.** Жэщ гъуэгурыкIуэ. Рассказ . . . . . . . . 73
**Щомахуэ Залинэ.** Мадоннэ. Рассказ . . . . . . . . 77
**Бещтокъуэ Хьэбас.** Усэхэр . . . . . . . 89
**ФIыкIэ ди гум къэдгъэкIыж ныбжьэгъу** . . . . . . . . 96
**Уи мурадхэм уалъэIэсыну, Жагъафар!** . . . . . . . . 98
**Тхьэмокъуэ Барэсбий.** Дэшхуей жыг. Рассказ . . . . . . . . 101
**Хьэту Петр.** Усэхэр . . . . . . . . 108
**Шэрджэс Алий.** ИстамбылакIуэхэм я гъыбзэ . . . . . . . . 113
**Абрамов Яков.** Кавказ бгырысхэр . . . . . . . . 116
**Къундет Тамбий.** Адыгэ лъэпкъымрэ щхьэхъумэж зауэхэмрэ . . . . . . . . 131
**ШащIэ Алик.** Лъагъуэхэр . . . . . . . . 145
**КIуантIэ Iэзид.** Баз . . . . . . . . 149
**КъуэщIысокъуэ Владимир.** ГушыIэ сурэт . . . . . . . . 153



*Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 65-рэ ирокъу*

# Зэбгъапщэ хъун щыIатэкъым

Тхыдэмк1э дызэрыщыгъуазэщи, дунейр къызэриухуэрэ зауэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым хэтащ цIыху цIыкIур. Ауэ Дунейпсо зауэу ялъытэу щыIар тIущ: 1914-1918, 1939-1945 гъэхэм екIуэкIахэращ. Япэм хэша хъуат цIыху мелардым щIигъу щыпсэу къэралхэу 36-рэ, ЕтIуанэм цIыху мелардрэ мелуан щиблрэ щыпсэу къэрал 61-рэ. Ар а зэманым дуней псом цIыхуу тетам я процент 80 хъурт.

Иужьрей зауэм зэщIищтауэ щытащ Европэм, Азием, Африкэм я къэрал плIыщI. Ауэ нэхъ гуащIэ дыдэу ар щекIуэкIар Совет Союзымрэ Германиемрэ я щIыналъэхэрщ. Япэ дунейпсо зауэм цIыху мелуан блыщI зэрыхэтыгъам тепсэлъыхьыныр яхуэмыухыурэ, ар ящигъэгъупщэжат ЕтIуанэ дунейпсо зауэм а бжыгъэр мелуани 110-м зэрыщынэсауэ щытар къыщащIам. Апхуэдиз цIыхум нэмыщIыж, а зауитIым икъукIэ Iэщэ куэдрэ техникэшхуэрэ къызэрыщагъэсэбэпахэр тхылъхэм хыдолъэгъуэж. Ауэ яужьрей зауэр Iэщэрэ техникэкIэ зэщIэузэдауэ зэрыщытам и фэгъу игъащIэм цIыхум ялъэгъуатэкъым: ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щекIуэкIа лъэхъэнэм кърИубыдэу США-м, Англием, Францием, Германием, СССР-м къыщIагъэкIат зэрызэуэн кхъухьлъатэу 496000-м нэблагъэ, танкрэ абыхэм тет топу 280000-м нэс, топу 1759000-рэ.

ГурыIуэгъуэщ, апхуэдиз цIыхурэ Iэщэрэ щызэтрихьауэ щыта ЕтIуанэ дунейпсо зауэм хэщIыныгъэ инрэ гуауэшхуэрэ къызэрырикIуар. Иужь зэманым къызэралъытэмкIэ, абы хэкIуэдащ цIыху мелуан 53-м

щIигъу. А бжыгъэ гущIыхьэм щыщу зауэм цIыху гъащIэ нэхъыбэ дыдэ хэзылъхьар ди къэралыгъуэшхуэу щытаращ: мелуан 26-рэ мин 668-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэр цIыкIум и бынхэу а мафIэм хэта цIыху 60000-м щыщу мин 33-м нэблагъэм къагъэзэжакъым.

Зи хэкум и хуитыныгъэр зыхъумэжыну Iэщэ къэзыщта цIыху мелуанхэм ящIыгъуу бийм пэувауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэри. Зауэм къикIыжакъым адыгэ усакIуэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий, уэрэдус, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Къэжэр Индрис, тхакIуэхэу Къуэныкъуей Мухьэж, Тау Борис, Будаев Азрэт, Геляев Рэмэзан, Рябов Борис, Хочуев Сэлихь сымэ. Зауэ гъуэгуанэ гугъухэр зэпачу зи унэ къэзыгъэзэжыну зи насып къыхьахэм ящыщащ Ботыханов Федор, Геттуев Максим, Гуртуев Берт, Залиханов Жанакъаит, КъардэнгъущI Зырамыку, Къардэн Бубэ, КIыщокъуэ Рашид, КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал, Кулиев Къайсын, Кулиев Хьэжмусэ, Кузьмин Валентин, Маммеев Ибрэхьим, Нало Ахьмэдхъан, Отаров Керим, Тубай Мухьэмэд, Черемисин Борис, Шортэн Аскэрбий, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Этезов Омар сымэ.

Ди ТекIуэныгъэкIэ зауэр зэриухрэ илъэс 65-рэ ирикъуа пэтми, Майм и 9-р сыт щыгъуи зэрыдгъэмахуэшхуэм къыдэкIуэу, ди къэралым абы щызэрихьауэ щыта лIыгъэм и тхыдэм теухуа псалъэмакъыр нобэр къыздэсми дуней псом щахуэухыркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар зылъэIэсар, абы и мафIэмрэ и гуауэмрэ ягъэнэщхъеяр ди хэкум и закъуэтэкъым – щIыгум къэралу тет куэдым цIыхупсэ IэджэкIи, пхуэмылъытэным хуэдиз мылъкушхуэкIи хэщIыныгъэ ягъуэтат. Аращ а зауэм хэт нэхъыбэ хилъхьат, хэт нэхъ хэкIуэдат жаIэурэ зэпымыууэ ирагъэкIуэкI псалъэмакъхэр нобэми щIэмыувыIэр. Ауэ, хэт сыт жиIэми, ТекIуэныгъэм щIата псэхэмкIи, хэщIыныгъэу ягъуэтамкIи, нэхъ удынышхуэ зытехуауэ щытамкIи, икIэм-икIэжым фашистхэр я гъуэм зэрыраущэбыхьыжамкIи бжьыпэр зыIыгъыр ди къэралыр зэрыарам зыми шэч къытрихьэ хуэдэкъым.

Дунейм цIыхуу тетым я нэхъыбэр нобэми йогупсыс: зи техникэкIи, зи къулеягъкIи, щIэныгъэрэ щэнхабзэрэ я лъэныкъуэкIи нэхъ зызыужьа дыдэу зызылъытэж нэмыцэхэр апхуэдэ хьэкIэкхъуэкIагъым, гущIэгъуншагъым щхьэ къыхузэщIэтэджэн хуея? Яхуэмыгъуэтыр лIот абыхэм? Езыхэр зэрыхуэжыну мащэр нэгъуэщIхэм къыхуатIын мурад дауэ ящIат? Щхьэ емыгупсысахэрэт дуней псор уи IэмыщIэм къибгъэзагъэу абы и тепщэныгъэр зэрыпхуэмыIыгъынум? Апхуэдэ мурадкIэ нэхъапэхэми зыкъэзыIэтауэ щытахэм я махуэр мыгъуэ зэрыхъуар ящыгъупщэжыныр сытым къыхэкIат? Куэд мэхъу цIыху цIыкIур зыщIэупщIэу жэуапыншэу къанэр, я щхьэм къахуимыгъэтIасэхэр. Аращ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм теухуа псалъэмакъхэр нобэм къэскIи щIахуэмыухыр. А Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьыным щIэх кIэ игъуэтынуи къыщIэкIынкъым. Пэжщ, абы ехьэлIа тхылъхэр, щIахъумэу щыта щэхухэр иужьрей зэманхэм нэхъ нахуэ, зэIубз къохъу. Ауэ, зэрыхабзэщи, дэтхэнэ зыми езым и пэж иIэжщ, аращ псори зы Iуэху еплъыкIэм щIыхуэмыкIуэхэри.

Псэ мелуанхэр, къыпхуэмылъытэным хуэдиз мылъкушхуэ зыхэкIуэда а зауэр къыщIэхъеям и щхьэусыгъуэр тэмэму яхуэмыубзыхуу, абы къэрал Iэджэ хэша хъуауэ зэрыщытам щIэныгъэлIхэри, дзэпщхэри, тхакIуэхэри топсэлъыхь, тотхыхь. Iуэхур апхуэдэу щIыщытыр ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и фэгъу зэи зэрыщымыIаращ. А зауэр зэриухрэ илъэс 65-рэ блэкIа пэтми, абы ехьэлIауэ зыщIэупщIэхэм жэуап тэмэм ягъуэтыркъым. Ауэ щыхъукIи, пхужыIэнкъым а зауэм теухуауэ мащIэ

ятхауи, псалъэмакъ мащlэ екlуэкlауи. Дзэзешэхэм я гукъэкlыжхэу, зауэ тхыдэр зыджхэм я лэжьыгъэу, тхакlуэхэм я художественно-документальнэ тхылъхэу мащlэ къыдэкlакъым. Кинофильмуи абы траухуам я бжыгъэр къэлъытэгъуейщ. Арщхьэкlэ… Зэрыжытlащи, дэтхэнэ зы цlыхуми, къыфlэбгъэкlмэ, къэралми езым и пэж, и lуэху еплъыкlэ иlэжщи, нэхъ пэжышхуэ дыдэм къытеувыlэфхэркъым. А пэжышхуэр къыщылъыхъуэн хуейр Совет Союзу щыта къэралыгъуэ Инращ, Лъэщращ. Абы и лъэпкъыбэм и дэтхэнэ зы цlыхуми, сэлэтми яхэлъа лlыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэщ. Ауэ иужьрей зэманхэм къыдагъэкl тхылъхэм, трах кинофильмхэм куэдрэ щыдагъэлъагъу «лlыхъужьхэм» хуэдэтэкъым зи юбилейр дгъэлъапlэ Текlуэныгъэшхуэр къытхуэзыхьахэр. Зи псэм емыблэжу зауэм и мафlэ лыгъэшхуэм хэта советскэ сэлэтым, офицерым, дзэпщышхуэм и шыфэлlыфэр къыщагъэлъагъуэкlэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, lуэхум и пэжыпlэр зэзыхьэкl авторхэм куэдрэ уащрихьэлlэ къохъу. Псом хуэмыдэу тыншу «зыщагъэгъупщэ» «зэныбжьэгъугъэ», «патриотизм» псалъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраlар, къаруушхуэ зэрахэлъар. Лъэпкъыбэу зэхэта Совет Союзым зауэм щыгъуэ къылъыкъуэкlа къаруушхуэм лъабжьэ, щlагъщlэлъ быдэ хуэхъур къыщежьэрт мо псалъэхэм къапкърыкl гупсысэ куухэм деж. Ди зэныбжьэгъугъэ-зэкъуэтыныгъэр, Хэкум худиlэ лъагъуныгъэшхуэр мыхъуамэ, зауэр нэгъуэщl зыгуэру иухынкlэ хъуну зэрыщытам шэч хэлъу къыщlэкlынкъым. Икlи а lуэху бгъэдыхьэкlэм сыт щыгъуи дытетын зэрыхуейр зыщыдмыгъэгъупщэмэ нэхъыфlу къыдолъытэ. Мис а лъэныкъуэм хуэфащэ гулъытэ хуащlатэкъым зи къарум къигъэгугъэу ди къэралым зауэ къезыщlылlауэ щыта нэмыцэ фашистхэм. Нэрылъагъущ абы кърикlуар...

Гитлерыдзэ лъэщыр, зэрыпхъуакlуэхэр зэхэкъутэным, фашизмэм кlэ игъуэтыным къарурэ хэлъхьэныгъэу Совет Союзым къыхузэщlиlэтауэ щытари щагъэмащlэ куэдрэ къохъу. Ауэ щыхъукlи, гитлеризмэм и жьы дыджыр зыщlэпщэгъа, абы и мафlэ бзийр зылъэlэсу фашизмэм пэувыгъа къэралхэм я унафэщlхэм, дзэпщхэм ябзыщlу щытакъым нэмыцэдзэхэр зэхэкъутэным къару нэхъыбэ дыдэ езыхьэлlэр Совет Союзыр зэрыарар. Къыфlэбгъэкlмэ, езы Германие дыдэм и дзэпщхэми яхуэlуэтэщlыртэкъым советскэ дзэзешэхэм lэзагъэшхуэ яхэлъу зауэ lуэхухэр къызэрагъэпэщыфу зэрыщытари, абыхэм къащтэ унафэхэр тэмэму зыгъэзэщlа советскэ сэлэтхэм зэрахьа лlыгъэр зыхуэдизри.

Ауэ, зауэр ди къэралым къэсыным и пэ къихуэу, абы хуэхьэзыру щытыным ехьэлlауэ, СССР-м и унафэщlхэм щыуагъэхэр зэраlэщlэкlами пцlы хэлъкъым. Дауи, ахэр егупсысын хуеягъэнщ нэмыцэ фашистхэр 1939 гъэм сентябрым и 1-м ди гъунэгъу Польшэм къытеуэу а къэралыр зэраубыдами, зауэ хуэlухуэщlэхэр егъэлеяуэ куэду къыщlэзыгъэкl Германием мурадыфl зэримыlэми, гитлерыдзэхэр ди дежи къэсынкlэ зэрыхъунуми. Щэху зызыгъэхьэзыр бийр умыщlэу къыптеуэным бэлыхь lэджи, гузэвэгъуэшхуэхэри къызэрырикlуэр нэрылъагъу щыхъуат ди деж. Ар къэхъуну къыщlэкlынтэкъым, ди къэрал унафэщlхэр, дзэзешэхэр, тlасхъэщlэххэр дунейр а лъэхъэнэм зэрыхуа щытыкlэм сакъыу, жыжьэрыплъэу егупсысахэмэ, къыттеуэну зызыгъэхьэзыр бийм и мурад щэху бзаджэхэм щыгъуазэ защlыфамэ. Арщхьэкlэ… lуэхур lэпэдэгъэлэлу зэрекlуэкlам, унафэщlышхуэхэмрэ зауэлlхэмрэ гурыщхъуэ зэхуащlыжу, яку зэгурыlуэныгъэ зэримылъам къыхэкlащ зауэр щыщlидза япэ лъэхъэнэхэм цlыхукlи мылъкукlи хэщlыныгъэ ин дгъуэтауэ зэрыщытар. Икlи дызыпэмыплъауэ, зызыхуэдмыгъэхьэзырауэ

дызыхэхуэгъа а щытыкIэ хьэлъэм дыкъикIыжын папщIэ лъэпкъыбэу зэхэт Совет Союзым и цIыху псоми я фэм хьэзабу дэкIар зыхуэдизыр пхужымыIэным хуэдизщ. Ауэ, ди цIыхухэм къалъыкъуэкIа лIыгъэм, зэкъуэтыныгъэм я фIыгъэщ уащхъуэдэмыщхъуэу дызэхэзыкъутэну, дызэтезыукIэну зи гугъа Гитлер и мурад бзаджэр къемыхъулIа дэнэ къэна, 1941 гъэр щиухымрэ 1942 илъэсымрэ кънриубыдэу фашистхэм яхуэфащэ удын ирадзурэ, абыхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр «гулъэф» хъууэ зэрыхуежьар. Псом хуэмыдэу дэ дыкъыщызэрыгъуэтыжыпар 1943 гъэращ: абдеж къыщыщIэдзауэ ди дзэхэм бжьыпэр зауэм щаубыдащ: блэр къызэрыкIа гъуэм ираущэбыхьыжыну щIагъэIэжри ирахужьэжащ. Зи кIэр пач блэм ди дежкIэ къимыгъэзэжар щыгъэтауэ, зы къэралым адрейр къыкIэлъыкIуэу, абы кърагъэбгынэрт лъэгущIэтын ищIа Европей хэкухэр. Фашистхэм тепщэныгъэр щаубыдауэ щыта къэралхэр хуит къыщащIыжым советыдзэхэм хэщIыныгъэшхуэ зэрагъуэтар, ди зауэлI мин бжыгъэхэр зэрыхэкIуэдар ямыбзыщI пэтми, лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ а лъэхъэнэ шынагъуэм и гугъу щащIкIэ, лъэпкъыбэу зэхэта СССР-м зыкIи хуэмыфащэ псалъэ фIейхэр къыщрапэс, пцIы къыщыкIэрацIэлъ куэдрэ къохъури, а псори зи жьэм къекIуэхэм езыхэм я напэжщ.

Апхуэдэ авторхэм я нэм щIэпIун, ахэр зэрыбгъэукIытэн щапхъэхэр гъунэжщ: кхъулъатэзехуэ цIэрыIуэ Маресьев Алексей зэрихьауэ щыта лIыгъэм хуэдэ къагъэлъэгъуащ советыдзэхэм лIыхъужьу хэта кхъухьлъатэзехуэ 26-м; я кхъухьхэмкIэ, танкхэмкIэ, кхъухьлъатэхэмкIэ таран ящIащ (зэрызэкIэлъыкIуэм тету) 15-рэ, 16-рэ, 595-рэ. Зи цIэр дыщэпскIэ Хэку зауэшхуэм и тхыдэм хатха кхъухьлъатэзехуэ Гастеллэ Николай зэрихьа лIыгъэр щапхъэ яхуэхъуат экипаж 506-м; ди зауэлI 480-м къагъэлъэгъуауэ щытащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр зыфIаща Матросов Александр зэрихьа лIыгъэм хуэдэ, ди къэралым и цIыху 1206-м езыхэми я псэр ятащ гранатэхэр яIыгъыу бийм и танкхэм зыпэщIадзэурэ, гъунэгъуу зыбгъэдагъэхьа фашист гупхэр зэтраукIэурэ.

СССР-м и унафэщIхэм зауэ зэманым яIэщIэкIа щыуагъэхэм щыщу нобэми мыхэр къэзыгъэлъагъуэхэр щыIэщ: «советыдзэхэр щIытекIуар я сэлэтхэм щысхьатэкъыми аращ, Европэр лъыкIэ щIагъэнащ». Пэжщ, зауэр кIыхьу икIи икъукIэ гуащIэу екIуэкIащ. Абы лъы куэд щагъэжари пцIыкъым. Ди къэралым ТекIуэныгъэм уасэшхуэ щIитари пэжщ, ди цIыху мащIэ хэкIуэдакъым абы. Iуэхур апхуэдэу щытакъым жыпIэу удауи хъунукъым. ЗэрыжаIэу, зауэм и кIэм хьэдагъэшхуэ кърикIуащ. Ауэ ди ТекIуэныгъэр нэхъри дгъэлъэпIэн, тIэтын щIыхуейр абы уасэшхуэ зэрыщIэттарщ. Иужьрей зэманхэм нэхъ тэмэму къызэрабжамкIэ, ди Хэкум къытеуа зэрыпхъуакIуэхэм пэщIэту зауэ IэнатIэм Iутахэм щыщу советскэ сэлэтрэ офицеру зи псэр зытар мелуани 8-рэ мин 668-рэ мэхъу. Фашистыдзэхэм я топхэмрэ бомбэхэмрэ яхьащ, нэмыцэIуэхэм илIыхьащ СССР-м и цIыху мелуан 17. Советскэ цIыхуу фашистхэм я Iуэ къудейхэм илIыхьахэм я бжыгъэр мелуан 11 мэхъу, абы щыщу мелуани 7-р зауэ IэнатIэм Iумыт цIыху къызэрыгуэкIхэт, адрей мелуани 4-р гъэру яубыда зауэлIхэт.

Апхуэдиз хэщIыныгъэрэ гуауэрэ, псом хуэмыдэу зауэм щыщIидза япэ лъэхъэнэхэм, дызэриIам СССР-м и унафэщIхэм я щыуагъэхэр зэрыхэлъари пцIыкъым. Ауэ ди Iуэхур щIэIея дыдэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр дэ зауэм дыхуэмыхьэзыру зэрыщытарщ, ди дзэхэр зрикъун Iэщэ-фащэкIэ къызэгъэпэщатэкъым, 1939 гъэм зауэлIу диIар зэрыхъур мелуанитI къудейт. Абы къыкIэлъыкIуа илъэситIым кърикъубыдэу а

бжыгъэр мелуани 5-м нэсауэ щытащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, дзэхэр зауэ хуэӀухуэщӀэ техникэкӀи транспорткӀи фӀыуэ зэщӀэузэдатэкъым. Ӏуэхум хэзыщӀыкӀ ӀэщӀагъэлӀхэм къызэралъытэмкӀэ, 1941 гъэм и июным ирихьэлӀэу СССР-м и Дзэ къарухэм яӀэн хуея танкхэм я процент 60, кхъухьлъатэхэм я процент 67-рэ къудейрат ябгъэдэлъыр. Ахэр зэрагъэлэжьэн фэтыджэнрэ дагъэу яӀари процент 30-35-рэ хъуми арат.

Ди дзэхэр бэлыхьышхуэ щӀыхэхуа щхьэусыгъуэхэм ящыщт мыри: зэрызэуэну яӀа техникэхэр жьы хъуат, зэрыжаӀэу, ящӀэнур ящӀакӀэт. ТанкыщӀэхэр, кхъухьлъатэщӀэхэр къыщӀэзыгъэкӀыфын промышленностыр зэман кӀэщӀым къызэгъэпэщыныр пхужымыӀэным хуэдизу гугъут. Зауэр къэхъеиным и пэ къихуэу щӀадза щӀыкӀэтэкъым танкыщӀэ лӀэужьыгъуэхэр къыщӀэгъэкӀыным. Къару инрэ пщӀэнтӀэпсышхуэрэ ирахьэлӀэри, зэман кӀэщӀым къриубыдэу ягъэхьэзыру щӀадзащ кхъухьлъатэ лъэщхэр: «МИГ-3», «Ил-2», «ЛАГ-3», «ПГ-2», «СУ-2». Ауэ апхуэдэу къахущӀэгъэкӀар мащӀэт (1500-рэт). ЯпэкӀэ щӀыӀахэм ахэр сыт хуэдизкӀэ ефӀэкӀ пэтми, абыхэми ныкъусаныгъэшхуэхэр яхэлът.

А псоми дащытепсэлъыхькӀэ, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Хэку зауэшхуэм щӀидзэным и пэкӀэ ди къэралыр мэкъумэш лэжьыгъэхэм нэхъ зыщиубгъуа хэкуу зэрыщытар, зыужьыныгъэшхуэм и гъуэгум теувагъащӀэ промышленностым зэкӀэ фӀыуэ зиузэщӀа щӀыкӀэтэкъым. Ауэ а щыщӀэныгъэр зэман кӀэщӀым и кӀуэцӀкӀэ ягъэзэкӀуэжауэ зэрыщытари дуней псом щынэрылъагъут. Къэрал къыкӀэрыхуахэм хабжэу щытат Урысейр, иджы Совет Союзым псынщӀэу зыщиужь хъуат гъущӀ, фӀамыщӀ къыщӀэхыным, машинэ зэмылӀэужьыгъуэхэр щӀыным елэжь промышленностым. Абы куэдкӀэ елъытат къэралым и лъэщагъри и къулеягъри. Ауэ а Ӏуэхури ныкъусаныгъэншэу екӀуэкӀыртэкъым: промышленностым нэхъ зыщрагъэужьыр къэралым и къухьэпӀэ лъэныкъуэрат. СССР-м и лъэпкъ хэхъуэм и процент 25-р къэзытыр Мэзкуу и промышленнострат, къулеигъэ псоми я процент 30-р щызэхуэхьэсар абдежт, рабочэхэри нэхъыбэу (процент 40-м нэс) здэщыӀэр а щӀыпӀэрат. Пэжщ, къэрал унафэщӀхэр егупсысу щӀадзат промышленностым и предприятэхэм щыщ куэд Уралым, Сыбырым, Азие Курытым гъэӀэпхъуэн зэрыхуейм. Сталиныр зи пашэ къэрал унафэщӀхэм а Ӏуэху бгъэдыхьэкӀэр захуэу къалъытэри, СССР-р абдежхэм щытыкӀэ гугъум ита пэтми, Уралым, Горький къалэм щаухуэу щӀадзат Америкэм, Германием, нэгъуэщӀ къэралхэми къраша технологиещӀэхэр къыщагъэсэбэп заводхэр, фабрикэхэр. Япэ илъэситхум къриубыдэу промышленнэ предприятэ 1500-рэ яухуат. Абыхэм ящыщт Днепрогэсыр, Магниткэр, тракторхэр къыщӀэзыгъэкӀыу Харьковрэ Сталинградрэ щащӀа заводхэр, Мэзкуурэ Горькэмрэ щаухуа машинэ заводхэр. Уралымрэ Кузбассрэ лъэщу зыщиужьат фӀамыщӀым, гъущӀым елэжь промышленностым.

Зауэ хуэӀухуэщӀэхэр къыщӀэзыгъэкӀ промышленностым СССР-м икъукӀэ хуабжьу зыкъыщиӀэту хуежьат. Ди индустриализацэм зэман кӀэщӀым къриубыдэу зэрызиужьам и фӀыгъэкӀэ, Совет Союзым продукцэу къыщӀигъэкӀымкӀэ Европэм япэ увыпӀэр щиубыдат, дуней псом - етӀуанэр. А ехъулӀэныгъэхэр диӀэр зэрыпэжым зыми шэч къытрихьэртэкъым.

Мы псом я гугъу щӀэтщӀым, мы щапхъэхэр къыщӀэтхьым щхьэусыгъуэ иӀэщ: Хэку зауэшхуэр къэхъеиным и пэ къихуэ илъэсхэм СССР-м и унафэщӀхэр «жеяуэ» жызыӀэхэм я пцӀыр нэрылъагъу къэтщӀын папщӀэщ. Ауэ пэжри дэнэ пхьын? Нэмыцэхэр къыттеуэнкӀэ зэрыхъунум теплъэкъукӀащ, зауэ къэхъу хъужыкъуэмэ, бийм дызэрыпэщӀэтыфын,

Хэкур тхъумэжыфын папщIэ дызыхуеинум хуэдиз Iэщэ-фащи къарууи къызэдгъэпэщауэ щытакъым. Ар щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхэкIагъэнщ. Псом япэрауэ, ди къэралыр зауэ хуейтэкъым. Революцэми, Граждан зауэми, гъейхэми яухъуэнщIа, зэщIагъэтIысыкIа къэралыр къызэфIэгъэувэжын, гуащIэрыпсэухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн – арат хэку унафэщIхэм псом япэ ирагъэщыр. А мурад дахэхэр къызэрыдэхъулIэм щыхьэт техъуэрт илъэситху планхэм кърикIуэ ехъулIэныгъэшхуэхэр. Ди къэралыр зыхуэплъэр зауэтэкъым - зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэгъэпэщауэ и цIыхухэр мамыру, лажьэрэ шхэжу игъэпсэунырт. Ар СССР-м къехъулIэу зэрыщытар щынэрылъагъут къэралым промышленностми, мэкъумэш хозяйствэми, щэнхабзэми щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм.

Зауэ-банэ Iуэху дызэрыпэмыплъэм щыхьэт техъуэрт Совет Союзымрэ Германиемрэ мамырыгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIа къудейуэ зэрыщытри. АрщхьэкIэ, а псоми къадэкIуэу, хэт ищIэрэ жыхуаIэу арагъэнти, зауэ хуэIухуэщIэхэм елэжьынри Iэщыб ящIыртэкъым: зауэм щIидзэным и пэ къихуэу къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм лажьэу щыщIадзат промышленностым и предприятэшхуэу 3000-м. Абы и фIыгъэт СССР-м къыщыщIагъэкI продукцэр зэман кIэщIым къриубыдэу процент 45-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуар.

Дуней щытыкIэхэр зэрымыщIагъуэр къалъытагъэнщ а лъэхъэнэхэм деж зауэ промышленностми гулъытэ нэхъыбэ хуащIу щыхуежьахэм. Абдежхэращ зыхуэзэр «Клим Ворошилов» танк хьэлъэри Т-34-рэ танк цIэрыIуэри къыщIэгъэкIын щыщIадзар. Иужьрей танкым пэпщI хъун зэрыщымыIэм щыхьэт техъуэрт ди къэралми хамэ къэралхэми я зауэлI Iэзэхэр. Лагъымыдз топ лъэщхэуи, укъэзымыгъэщIэхъун кхъухьлъатэщIэхэуи, псы щIагъым щызекIуэ кхъухьхэуи къыщIагъэкIхэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъыбэ хъуат.

Совет Союзым и Дзэ Плъыжьым къулыкъу щызыщIэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэным ехьэлIауэ 1939 гъэм сентябрым и 1-м къащта унафэм ипкъ иткIэ, а Iуэхуми зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьауэ щыташ: нэхъапэхэм щыгъуэ дзэ къулыкъум ираджэр зи ныбжьыр илъэс 21-м нэсахэрти, иджы ар илъэси 3-кIэ нэхъ мащIэ ящIат. Къулыкъу зэращIэ илъэс бжыгъэми хагъэхъуат. Къэбгъэлъагъуэмэ, 1939 гъэм и пэщIэдзэхэм IэщэкIэ зэщIэузэда советыдзэхэм хэтар цIыху мелуани 2-рэ мин 485-рэ фIэкIа мыхъуу щытамэ, 1941 гъэм июным и 22-м ирихьэлIэу а бжыгъэр мелуани 5-рэ мин 774-м нэсат. Ауэ, зэдгъапщэу дызэхуеплъу щIэддзэмэ, а лъэныкъуэмкIи нэмыцэ фашистхэр къыдэфIэкIырт: абыхэм я дзэхэм 1941 гъэм июным и 22-м ирихьэлIэу зауэлI мелуани 7-рэ мин 329-рэ хэташ.

Дзэ Плъыжьым и унафэщIхэр хъуэжыным зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьат. ЗыхъумэжыныгъэмкIэ наркому щыта Ворошилов Климент и пIэкIэ Тимошенкэ Семен ягъэуват. Дзэзешэ цIэрыIуэ Жуков Георгий, къыдрагъэкIуэтейм-къыдрагъэкIуэтейуэрэ, СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и наркомым и къуэдзэ, Генштабым и унафэщI хъуат.

ЩIалэгъуалэри офицерхэри зауэ хуэIухуэщIэ Iуэхухэм хуэгъэсэным, хуегъэджэным ехьэлIа лэжьыгъэхэми къэралым хуабжьу зыкъыщаIэтат. 1937-1940 гъэхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ, курыт щIэныгъэ хэха зиIэ офицерхэм я бжыгъэр мин 385-м нэсат. АрщхьэкIэ, 1941 гъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, зи къалэным хуэхьэзыр офицерхэмкIэ советыдзэхэр нэсу къызэгъэпэща мыхъуауэ къыщIэкIащ. Лъэсыдзэхэр апхуэдэ зауэлIу мин 66,9-м хуэчэмт. Зауэ-Хьэуа Къарур къызэрызэгъэпэщар процент 32,3-рэ къудейкIэт. Дзэхэм я унафэщIхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэу яхэтыр зэрыхъур проценти 7,1-рэ къудейт.

СССР-м и щIыналъэхэм щыщу фашистхэм япэ тхьэмахуитI-щым яубыда щIыпIэхэрат экономикэ и лъэныкъуэкIэ нэхъ къулейуэ щытахэр. Ахэрат нэхъыбэу зыщиужьар промышленностым. Къэралым продукцэу къыщIигъэкIым и процент 33-р къыщалэжь щIыпIэхэр зэрыпхъуакIуэхэм яIэрыхьат. Ар къызыхэкIарат; нэхъ ищхьэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, нэмыцэхэр къыттеуэным и пэкIэ СССР-м и промышленностыр нэхъыбэу икIи нэхъыфIу къыщызэгъэпэщауэ щытар Германием нэхъ и гъунэгъу, ауэ щыхъукIэ, бийм нэхъ псынщIэу Iэрыхьа щIыпIэхэрат. Арати, дэ промышленностыншэу дыкъэнауэ къэплъытэ е ар икъусыкъужкIэ къыдэмэщIэкI хъуауэ жыпIэ хъунут. Зауэм щыщIидза япэ илъэс закъуэм къриубыдэу процент 28-кIэ нэхъ мащIэ хъуат ди промышленностым и предприятэхэм къыщIагъэкI продукцэр.

Iуэхур щынэхъ щIагъуэтэкъым къэралым и мэкъумэш хозяйствэми: абы фIэкIуэдат гъавэу къетхьэлIэм и процент 50-р къызытетх, фошыгъу жэгундэ щытщIэ щIыхэм я процент 87-р. Фашистхэм яIэрыхьат гъавэ бэв, гъэш, лы куэду къыщалэжь щIыпIэ куэд… ГъущI гъуэгухэу, кхъухьхэм я зекIуапIэ псыуэ дэ тфIэкIуэдам гъуни нэзи ямыIэ хуэдэт.

Фи пащхьэ итлъхьэ мы бжыгъэхэр, щапхъэхэр къыщIэтхьращ: зауэм щыщIидза япэ лъэхъэнэхэм апхуэдиз хэщIыныгъэ зыгъуэта хэкум зыкъиIэтыжыфыну зи фIэщ мыхъур фашистхэм я закъуэтэкъым - СССР-м, коммунист зэхэтыкIэм кIэ зэрагъуэтым шэч къытезымыхьэ къэралхэри щыIэт. СССР-м и щIыпIэ куэд зыIэрызыгъэхьа, ди зауэлIрэ къызэрыгуэкI цIыхуу мелуан бжыгъэхэр гъэрыпIэм изыгъэувэфа нэмыцэдзэхэр къэзыгъэувыIэфын къару ди къэралым къылъыкъуэкIыну зи мыгугъахэр щыуауэ къыщIэкIащ: апхуэдэ къару лъэщу зэкъуэуващ СССР-м щыпсэуа лъэпкъыбэхэр. Ди псэр нэхъыфIщ жамыIэу, ахэр япэуващ бийм и хьэщхьэрыIуэдзэхэм. Я ныбэ ягъэныкъуэу, жэщ, махуэ ямыIэу, хьэзабищэр ятелъу советыдзэхэм зыщIагъакъуэу лэжьащ зи ныбжь хэкIуэтахэри, зи армэкIуэгъуэ мыхъуа ныбжьыщIэхэри. Я псэм еблэжакъым ди бзылъхугъэ хахуэхэри. Мис а псоми я фIыгъэщ фашистхэр къызэбгъэрыкIуэ къалэхэм щылажьэ предприятэхэр зауэ IэнатIэхэм пэжыжьэ щIыпIэхэм псынщIэу зэрагъэIэпхъуэфар, ахэр къызэфIагъэувэжурэ Iэщэхэр, зауэ хуэIухуэщIэхэр, хьэпшыпхэр къыщIагъэкIыу лажьэу зэрыщIадзар. Мис абыхэм я пщIэнтIэпсрэ я псэ къабзэкIэ зэфIагъэува, япсыхьа Iэщэ лъэщхэр зыIэщIэлъу зи хэкум, зи унагъуэхэм папщIэ зыми емыблэжу мафIэшхуэм хэта советскэ сэлэтхэращ дэ ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьар. Мис ахэращ ди къэралри, Европэри, дуней псори фашистхэм я тепщэныгъэм къезыгъэлар. Iуэхур апхуэдэу зэрыщытыр ябзыщIу щытакъым Рузвельти, Черчилли, Де Голли, нэгъуэщI цIыхушхуэ куэдми.

Мис иджы догъэлъапIэ, псэ мелуанхэр щIэттами, ди Хэкум и щхьэхуитыныгъэр, и пщIэр, и нэмысыр, и цIыхухэм я насыпыр хъума хъуным щIэзэуа советскэ сэлэтхэм къытхуахьа ТекIуэныгъэшхуэм и махуэр илъэс 65-рэ зэрырикъур.

Зауэ-банэхэм пэIэщIэу, апхуэдэ текIуэныгъэхэр мамырыгъэ гъащIэм, лэжьыгъэм къыщахьу, я псэукIэр ефIакIуэу ирепсэу ди къэралым и цIыхухэр. Ирахъумэ абыхэм ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэм я фэеплъыр, я пщIэр, яхэлъа лIыгъэр.

**ЧЫМ Юрэ,** *КъБКъУ-м и*
*ветеранхэм я советым и тхьэмадэ*

# ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ ХЭТА АДЫГЭ ТХАКӀУЭХЭР

## *Къэжэр Индрис*



Усакӏуэ, уэрэдус, пшынауэ, уэрэджыӏакӏуэ Ӏэзэ Къэжэр Индрис 1895 гъэм Алътуд къуажэм къыщалъхуащ.

Индрис еджэну Ӏэмал игъуэтакъым, ауэ адыгэ уэрэдыжьхэр, къафэхэр фӏыуэ илъагъурти, пасэу пшынауэ Ӏэщӏагъэм дихьэхащ. Ӏэзэу пшынэ еуэ, дахэу уэрэд жызыӏэ щӏалэр псоми фӏыуэ ялъэгъуат. Щӏэхщӏэхыурэ радиокӏэ къэтырт абы и уэрэд гуакӏуэхэр. Абыхэм нэмыщӏ Индрис езым я къуажэм къыщызэригъэпэща ансамблым хэту здэщымыӏа къуажэ, и пшыналъэр щимыгъэӏуа къэгъуэтыгъуейт. Еджапӏэ лъэпкъ зэи щемыджа Индрис талант ин зэрыбгъэдэлъым щыхьэт техъуэрт абы зэхилъхьа макъамэхэмрэ уэрэдхэмрэ цӏыхухэм гунэс зэращыхъур. Псом хуэмыдэу цӏэрыӏуэ хъуат зауэм и пэ къыхуэу иуса «Таужан», «Рэмэзан», «Гухэлъ жыдгъэӏэ», «Зэгуакӏуэр дахэщ» жыхуиӏэ уэрэдхэр.

Адыгэ лъэпкъ искусствэм хуищӏа хэлъхьэныгъэфӏхэм папщӏэ Къэжэрым 1936 гъэм къратащ «Знак Почета» орденыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м культурэмкӏэ щӏыхь зиӏэ и лэжьакӏуэ» цӏэ лъапӏэр 1939 гъэм къыфӏащащ.

Къэжэр Индрис 1941 гъэм сентябрым и 3-м ансамблым хэкӏри зауэм кӏуащ, мазитӏ нэхъ дэмыкӏыуи Бобруйск нэмыцэ гъэрэщым илӏыхьащ.

## *ЩоджэнцӀыкӀу Алий*



Щоджэнцӏыкӏу Алий 1900 гъэм къыщалъхуащ Бахъсэн районым щыщ Кушмэзыкъуей къуажэм. Я унагъуэр хуэщӏауэ псэухэм ящыщтэкъыми, и адэ къуэшым и фӏыгъэкӏэ, Кушмэзыкъуей къыщызэӏуаха школым 1908 гъэм щӏэтӏысхьащ. Ар къеухри Алий щӏотӏысхьэ а зэманым Бахъсэн дэта семинарым. Щӏалэ гурыхуэмрэ егъэджакӏуэ Цагъуэ Нурийрэ абы ныбжьэгъу щызэхуохъу. Нэхъ иужьыӏуэкӏэ Алий щоджэ Дагъыстаным, итӏанэ – Кърымым. Аурэ Тыркум къыщыщӏедз. Гугъуехьымрэ хьэзабымрэ ябжь хьэлъэр пасэ дыдэу зыгъэунэхуа щӏалэм а лъэхъэнэм етх цӏэрыӏуэ хъуа «Нанэ» усэр. Абы къыкӏэлъокӏуэ ди литературэм налкъутналмэсу щылыда адрей и тхыгъэ телъыджэхэр.

Щоджэнцӏыкӏу Алий и тхыгъэхэм кӏуэцӏрыкӏыу къыхоӏукӏ лъэпкъ псом

къыпкърыкI лIыхъужь макъамэ. ЖыпIэ хъунущ езы усакIуэ уахътыншэм и гъащIэри апхуэдэ макъамэу. Сыту жыпIэмэ, абы хамэ щIыпIэм сабийуэ щигъэва гугъуехь псор пшэчын щхьэкIэ лIыгъэ нэс уиIэн хуейщ. Езым хэлъа лIыгъэрщ абы и лIыхъужьхэм яхилъхьэжари.

УсакIуэм игу пщтырагъыр хилъхьащ и иужьрей дыдэ тхыгъэхэм ящыщ «Нырес си псалъэр уи дей» поэмэми. Мыбы цIыхубэм къикIуа гъуэгуанэр, игъэва бэлыхьыр Iупщу къыхощыж. УсакIуэр щогуфIыкI езым и зэманым къэхъу зэхъуэкIыныгъэфIхэм. АрщхьэкIэ а дахагъэ псори хэутэн ищIын мурадкIэ бий зэрыпхъуакIуэр Хэкум къохьэ. А махуэ хьэлъэхэм, цIыхухэм фIэщхъуныгъэ ин яхилъхьэу, усакIуэм жеIэ:

***Фашистым я лъэр ди щIыпIэм***
***Хуэшэчыххэнукъым – пхыхунщ.***
***Захуэм и Iэщэр дзэгуэнкъым,***
***Къуаншэр щхьэжагъуэу кIуэдынщ***.

УсакIуэм и псалъэ Iущхэр наIуэ хъуащ. Ауэ ар Алий илъагъужакъым. УсакIуэшхуэр 1941 гъэм Бобруйск гъэрэщым гуузу илIыхьащ.

## *Къуэныкъуей Мухьэж*



Къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм жыджэру яхэта Къуэныкъуей Мухьэж 1909 гъэм Тохъутэмыщей (иджы Лашынкъей) къуажэм къыщалъхуащ. Ар щеджащ Ленинскэ учебнэ городокым. ЕджапIэр къиуха нэужь, къыщалъхуа къуажэм игъэзэжри, Мухьэж зыкъомрэ егъэджакIуэу лэжьащ. АрщхьэкIэ зэфIэкI зиIэ щIалэр къуажэм куэдрэ щамыгъэIэу Налшык къалэ къашэри музейм и директору ягъэув. А зэманым Мухьэж етх фIыуэ илъагъу и къуажэгъухэм я гъащIэм, абыхэм я гурыгъу-гурыщIэхэм, я хъуэпсапIэхэмрэ мурадхэмрэ теухуауэ усэ куэд. Абыхэм нэмыщI Къуэныкъуейм и къалэмыпэм къыщIокI сабийхэм папщIэ рассказ цIыкIухэр. Документальнэ лъабжьэ зиIэ рассказхэмкIи утыку къохьэ. Къуэныкъуейращ адыгэ тхакIуэхэм ящыщу япэ дыдэу роман тхыным зезыпщытар. Абы еух илъэс зыбжанэкIэ зэлэжьа «Андемыркъан» романри, тхылъ тедзапIэм ирет. Ар къащыпын щIадзауэ зауэр къохъейри, Къуэныкъуейр 1941 гъэм июлым и 31-м Дзэ Плъыжьым ираджэ. Топгъауэ ротэм и командиру ар хэтащ зауэ гуащIэ куэдым. ЛIыгъэ ин къигъэлъагъуэу адыгэ щIалэр 1941 гъэм и октябрым зауэм хэкIуэдащ. ТхакIуэм и романым и Iэрытхри зауэм и мафIэ лыгъэм хисхьащ.



## *Гъубж Мухьэдин*

Гъубж Мухьэдин Иналхьэблэ (Къэрэгъэш) адыгэ къуажэжьым 1913 гъэм къыщалъхуащ. Абы 1939 гъэм къиухащ Псыхуабэ дэт педучилищэр, иужькIэ Налшык мэкъумэш техникумым щеджащ. Ауэ Мухьэдин и IэщIагъэм куэдрэ ирилэжьакъым. Ар «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым щылэжьэну яшэ. А зэманым Гъубжым литературэм зрет, усэхэмрэ рассказхэмрэ итхыу щIедзэ. Ауэ щIалэм и мурад дахэхэр зауэм къызэпеуд. Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ, 1941 гъэм июным и 24-м Мухьэдин зауэм кIуащ. Ар 121-нэ фочауэ дивизэм и 191-нэ фочауэ полкым хохуэ. Абы хэту Мухьэдин щызэуащ Ельня, Оршэ, Ярцевэ, Смоленск, Вяльнэ къалэхэм. 1941 гъэм и бжьыхьэм Полтавскэ областым щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм ящыщ зым миномет отделенэм и командир, сержант нэхъыжь Гъубж Мухьэдин уIэгъэ хьэлъэ щохъури, Ульяновск къалэм дэт госпиталым щIохуэ, абы иужькIэ, и узыншагъэр зэрымыщIагъуэжыр къалъытэри, зауэм Iуамыгъэхьэжу и унэ къаутIыпщыж.

1943 гъэм щалъхуа къуажэм къегъэзэжри, ар колхоз тхьэмадэу ягъэув. АрщхьэкIэ, и узыншагъэр абы пэмылъэщу, Налшык къоIэпхъуэри, зыпэрыкIауэ щыта журналист лэжьыгъэм пэроувэж. Мухьэдин щылэжьащ радиом, «Советская молодежь» газетым. Абы къыдэкIуэу и литературэ творчествэми пищэжащ. Усэхэм, рассказхэм нэмыщI, абы и прозэ тхыгъэхэр зэрыт тхылъхэр Налшыки Мэзкууи къыщыдэкIащ.

Хэку зауэшхуэм зи узыншагъэр хэзылъхьа адыгэ тхакIуэ, журналист Гъубж Мухьэдин «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащауэ щытащ.



## *КIыщокъуэ Алим*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Горькэм и цIэкIэ щыIэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим 1914 гъэм Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Осетие Ищхъэрэм. ИужькIэ Мэзкуу аспирантурэри къыщиухри, Хэку зауэшхуэр къэхъеиху Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу лэжьащ.

Алим зауэ гъуэгуанэм сэлэт къызэрыгуэкIыу техьащ. Ауэ куэд дэмыкIыу офицер мэхъури, миномет взводым и командиру

ягъэув, иужькІэ «Хэкум и къуэ» армэ газетым и корреспондент мэхъу. Ар щІэх-щІэхыурэ зауэм и Іэнатlэ нэхъ шынагъуэ дыдэхэм макІуэ, и нэгу щІэкІхэр етхыж. Ди сэлэтхэм зэрахьэ лІыгъэр, фашистхэм ялэжь бзаджэнаджагъэр къегъэлъагъуэ.

Зауэ лъэхъэнэм КІыщокъуэм и къалэмыпэм къыщІэкІащ усэ 50-м щІигъу, «Адэ» поэмэр, очеркрэ рассказу куэд. Дон Іуфэ деж сэлэту щежьэри, Алим Балт тенджызым нэсащ майор хъуауэ. ЛІыгъэ къигъэлъагъуэу зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэхэр зэпызыча, Хэкум и дамыгъэ лъапІэхэр и бгъэм хэлъу къэзыгъэзэжа КІыщокъуэ Алим къэралми дунейми къыщацІыху усакІуэшхуэу, общественнэ лэжьакІуэ цІэрыІуэу дунейм тетащ.

## *ЩоджэнцІыкІу Іэдэм*



Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ ЩоджэнцІыкІу Іэдэм Бахъсэн районым хыхьэ Кушмэзыкъуей къуажэм 1916 гъэм къыщалъхуащ. Абы дэт пэщІэдзэ еджапІэр къиуха нэужь, педагогическэ техникумым, итІанэ пединститутым щеджащ.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям ЩоджэнцІыкІур Дыгулыбгъуей дэт курыт еджапІэм и унафэщІу лажьэрт. 1941 гъэм и октябрым езым и лъэІукІэ зауэм кІуащ. Ар щІагъэтІысхьэ Новочеркасск дэт военнэ училищэм.

1942 гъэм и августым Іэдэм зыхэт шууей зауэлІхэр Ставрополь щІыналъэм ягъакІуэ. ЩоджэнцІыкІум абы лІыгъэшхуэ, тегушхуэныгъэ ин хэлъу зыкъыщегъэлъагъуэ.

ИужькІэ сэлэт хахуэр щозауэ Ростов, Къырымым, Миус псым деж. Ар яхэтащ Николь, Херсон, Николаев, Прагэ, нэгъуэщІ къалэхэри бийм къаІэщІэзыгъэкІыжахэм.

Автоматым щІыгъуу къалэмри ІэщІэлъащ ЩоджэнцІыкІу Іэдэм. УсакІуэ-сэлэтым и рассказхэр, тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щІэх-щІэхыурэ къытехуэу щытащ шуудзэ корпусым къыдигъэкІ «Казак-гвардеец» газетым. Абы и тхыгъэхэм щигъэлъапІэрт совет зауэлІым и щІыхьыр, и лІыгъэр. Апхуэдэ лІыгъэ езыми къигъэлъагъуэу зэрыщытаращ абы къэралым и дамыгъэ лъапІэхэр къыщІыхуагъэфэщар.

Зауэ нэужь илъэсхэм ЩоджэнцІыкІу Іэдэм щытащ республикэм и ТхакІуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэу, Къэбэрдей АССР-м культурэмкІэ и министру, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактору лэжьащ. Мызэ-мытІэу хахащ КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату.

## *Шортэн Аскэрбий*

Адыгэ тхакІуэшхуэ, драматург цІэрыІуэ, щІэныгъэлІ Іэзэ Шортэн Аскэрбий 1916 гъэм Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм къыщалъхуащ. Зи адэр пасэу зыфІэкІуэда щІалэ цІыкІур Налшык Сабий унэм къашэ, итІанэ щІотІысхьэ Псыхуабэ дэт фабрико-заводской училищэм. ИужькІэ Аскэрбий щеджащ Налшык педагогическэ техникумым, итІанэ – Луначарскэм



и цIэр зезыхьэу Мэзкуу дэт ГИТИС-м и режиссер отделенэм. Абы щыщIэса илъэсхэм Шортэным и япэ пьесэхэр тхын щIедзэ. Ауэ абы и зэфIэкIыр нэсу игъэлъэгъуэну Iэмал щигъуэтар зауэ нэужь зэманхэращ.

37-нэ армэм и связисту щыта Шортэныр зауэ гуащIэ куэдым хэтащ. Зауэр майору зыуха тхакIуэр фронтым и сыт хуэдэ IэнатIэ пэрамыгъэувами, лIыхъужьыгъэ, жэрдэмышхуэ хэлъу зыкъигъэлъэгъуащ. Абы и щыхьэту Аскэрбий къыхуагъэфэщащ Краснэ Знамя, Краснэ Звезда орденхэр, Хэку зауэшхуэм и орденым и етIуанэ степеныр, медалуи зыбжанэ.

Зауэ нэужьым Шортэныр щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым. Абы къыфIащауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысейми искусствэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр.

Шортэн Аскэрбий куэд хищIыхьащ ди лъэпкъ театральнэ искусствэм зегъэужьыным, IуэрыIуатэр джыным. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ тхылъ зыбжанэ хъу «Бгырысхэр» роман-эпопеер, адыгэ фольклорым, культурэм, искусствэм теухуа лэжьыгъэ куэд дыдэ.

## *Къардэн Бубэ*



Къардэн Бубэ Бахъсэн районым щыщ Дыгулыбгъуей къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ. Зауэр къыщыхъеям абы пединститутым щитырт иужьрей экзаменхэр. Бубэ езыр щIэлъэIури дзэм кIуащ. Япэ щIыкIэ ар щIагъэтIысхьэ военнэ училищэм. 1941 гъэм и ноябрым 12-нэ армэм и 404-нэ фочауэ полкыр щызауэ Донбасс яшэ. ИужькIэ фочауэ ротэм и командир мэхъу.

Къардэным зауэ IэнатIэхэм мызэ-мытIэу лIыхъужьыгъэшхуэ къыщигъэлъэгъуащ. Молдавием и къалащхьэр хуит къыщащIыжым псом япэ Кишинев дыхьар Бубэ зи командир батальонырщ.

Майор Къардэн Бубэ и зауэ гъуэгуанэр Берлин щиухащ. Зауэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэ инхэм папщIэ абы кърataщ Краснэ Знамя, Краснэ Звезда орденхэр, Хэку зауэшхуэм и орденым и етIуанэ степеныр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ.

1945 гъэм и кIэхэм республикэм къигъэзэжри, Къардэныр пединститутым, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмкIэ и кафедрэм щылэжьащ. 1954 гъэм ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщIу хахащ. ИлъэситIкIэ а къалэныр ирихьэкIа нэужь, егъэджакIуэ IэнатIэм пэрыувэжри, щIэныгъэлI цIэрыIуэм бзэм, грамматикэм ехьэлIауэ лэжьыгъэшхуэ ищIащ.

Къардэн Бубэ къыдигъэкIащ и зауэ гъуэгуанэр къыщыгъэлъэгъуэжа тхылъ куэд. Ар зэдзэкIакIуэ Iэзэуи щытащ.

## *Тау Борис*



Тау Борис 1917 гъэм Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр къиуха нэужь, егъэджакIуэу лэжьащ. Хэку зауэшхуэм щIидзэным куэд имыIэжу дзэм ираджэри, офицерхэр щагъэхьэзыр еджапIэм ягъэкIуащ. Ар къиухри, зауэм Iухьащ. 1942 гъэм и кIэхэм Таур уIэгъэ хьэлъэ хъуащ, госпиталым яша щхьэкIэ, ар яхуэгъэхъужакъым. ЛIыхъужьыгъэ хэлъу зэрызэуам папщIэ, лIа нэужь абы къыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь орденыр.

Тау Борис и япэ усэхэр республикэм къыщыдэкI газетхэм къытехуащ. Нэхъ зэхуэхьэсауэ ахэр 1939 гъэм къыдэкIауэ щытащ «Догъагъэ» тхылъым иту.

## *КъардэнгъущI Зырамыку*



ТхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ КъардэнгъущI Зырамыку 1918 гъэм Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. Ди театрым япэу игъэува адыгэ пьесэр («Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ») зытхар зауэм и пэ къихуэу ГИТИС-р къэзыуха КъардэнгъущIырщ. Адыгэ IуэрыIуатэр джыным, ар зэхуэхьэсыжыным Зырамыку и гуащIэшхуэ хилъхьащ. Псом хуэмыдэу уэрэдыжьхэм. Ахэр зэхуэхьэсыжыным и мызакъуэу, КъардэнгъущIым а уэрэдыжьхэр псэм хыхьэу, гум дыхьэу жиIэрт.

IэщIагъэ нэхъ мамыр дыдэу дунейм тетыр – джэгуакIуэр къыхэзыха щIалэр 1940 гъэм дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ. Абы щыIэу къохъей зауэр. Зауэ мафIэ лыгъейм и гъуэгуанэ хьэлъэм ар псэзэпылъхьэпIэ Iэджэм ирешэ, иужьым фашистыIуэм къохутэ. Гъэру зэрыщытам езым и лажьэ халъагъуэу IейкIэ къыхузэпещахэр щыIами, пэжыр пэжти, зауэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Зырамыку Хэку зауэшхуэм и орденри нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри кърататщ.

Адыгэ уэрэдыжьхэр зэхуэхьэсыжынымкIэ, ахэр цIыхухэм деж нэхьэсынымкIэ зэфIигъэкIа лэжьыгъэшхуэхэр къалъытэри, КъардэнгъущI Зырамыку къыфIащащ «КъБАССР-м искусствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.



## *Тубай Мухьэмэд*

Драматург, джэгуакIуэ цIэрыIуэ Тубай Мухьэмэд Тэрч районым хиубыдэ Курп Ищхъэрэ къуажэм 1919 гъэм къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь, Тубайр щIотIысхьэ Налшык дэта театральнэ студием.

Тубайр дзэм ираджэ 1941 гъэм. Ар хэтащ ноябрым и 7-м Москва и Краснэ Площадым щекIуэкIа парад цIэрыIуэм.

1941 гъэм и щIымахуэм Тубайр Москва деж уIэгъэ щохъу. Хъужа нэужь Мухьэмэд зэпичащ зауэм и гъуэгуанэшхуэ. Ар нэсащ Эльбэ псым, Берлин; Харбин, Порт-Артур къэзыщтахэм яхэтащ.

Хэкум и орденхэмрэ медалхэмрэ и бгъэм хэлъу Тубайм 1946 гъэм и лъахэм къигъэзэжащ. Абы зауэм и пэкIэ итхат «Мэжидрэ Мэрятрэ» пьесэр. Ар ягъэуvауи щытащ. Пьесэхэр тхыным къыдэкIуэу, Мухьэмэд екIуу куэдрэ щыджэгуащ адыгэ театрым и сценэми. Ар театрым и унафэщIуи щытащ.

Тубай Мухьэмэд къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист цIэ лъапIэхэр.



## *КIуащ БетIал*

Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ КIуащ БетIал 1920 гъэм Старэ Шэрэдж къуажэм къыщалъхуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр къиуха нэужь, КIуащыр Приморскэ крайм ягъакIуэ урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу. Абы щыIэу Хэку зауэшхуэр къохъейри, КIуащ БетIал 1941 гъэм и августым езым и лъэIукIэ зауэм макIуэ. Сэлэт къызэрыгуэкIыу щIедзэри, абы зауэр еух майору, фочауэ батальоным и командиру.

КIуащыр яхэтащ фельдмаршал Паулюс и дзэр зэхэзыкъутэу бий куэд гъэр къэзыщIахэм. Зауэм щызэрихьа лIыгъэхэм папщIэ БетIал къыхуагъэфэщащ Краснэ Звезда, Краснэ Знамя орденхэр, Хэку зауэшхуэм и орденым и етIуанэ степеныр, Александр Невскэм и орденыр, медалу зыбжанэ.

1957 гъэм, илъэс 37-рэ фIэкI мыхъуауэ, зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэхэр зэпызыча, гъащIэм гу щызымыхуа усакIуэшхуэр дунейм ехыжащ.

# *Нало Ахьмэдхъан*



Адыгэ литературэр лъэ быдэкIэ зыгъэувахэм ящыщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Нало Ахьмэдхъан Старэ Урыху (Хьэтуей) къуажэм 1921 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр педрабфакыр къызэриухыу, ар дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ. Куэд дэмыкIыу зауэр къохъейри, япэ махуэхэм щыщIэдзауэ Налор зауэм Iуохьэ.

Зауэ гуащIэ куэдым хэтащ Ахьмэдхъан. Ленинград дэт Военно-инженер училищэр къиуха нэужь, офицер ящIа лейтенант щIалэщIэр шынэ, къикIуэт зымыщIэ зауэлIу щытащ. Налом зэрихьа лIыгъэхэм папщIэ къратащ Александр Невскэм и орденыр, Хэку зауэшхуэм и орденым и япэ, етIуанэ степенхэр, Краснэ Звезда орденыр, медалу 14, Польшэм и медали хэту.

«Нэхущ шу», «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу» романхэр, повестхэр, рассказхэр зэрыт тхылъ зыбгъупщI зи Iэдакъэм къыщIэкIа тхакIуэ цIэрыIуэр илъэс куэдкIэ КъБКъУ-м егъэджакIуэу щылэжьащ.

# Хэку зауэшхуэм теухуа тхыгъэхэр

ШОРТЭН Аскэрбий

# Зауэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым

***(«Офицерым и гъуэгуанэ» тхылъым щыщ пычыгъуэхэр)***

Ди дзэхэр Урыху лъагапIэм ныбафэкIэ хопщ. 37-нэ армэм и унафэщI генерал Козлов ди плъапIэм къыIуолъадэри нэрыплъэр зыIуедзэ, унафэ ещI 56-нэ танк бригадэм полкыр дэщIыгъуу Урыху Iуащхьэ фэкъум еуэну. Танк бригадэмрэ полкымрэ зрач...

Зауэр нэхъ гуащIэ мэхъу. Нэмыцэми къеутIыпщ и танкхэр, мыувыIэу мэпщIэу миномет зэгуэтхэр. Ди 351-нэ дивизэм, къаруиэ иIэр къегъэбатэ. НыбафэкIэ щIым хэгъуэлъхьа танк къутахэр, лъэныкъуабэу укIурия топыжь зэгуэудахэр, шыгу, ашыч зэхэкъутахэр, шы укIа бэгыжахэр, нэмыцэ хьэдэхэу Iуамыхыжахэр, топхэмрэ бомбэхэмрэ къраудa мащэхэр, мафIэр, Iугъуэр, аргуэру мащэхэр, аргуэру хьэдэхэр щыкуэдт а махуэм Урыху лъапэм. Пщыхьэщхьэм ди лIыхъужьхэм Урыху лъагапIэхэр къащташ. Декабрым и 30 махуэм ди дзэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм ихьащ.

Аксэрисар и щхьэжкIэ къыщежьэрти, Урыху сэнтхыпэхэм еуалIэрт 37-нэ армэм и фронтыр, абы адэкIэ Мэлгъэбэг бгыхэм нытехьэрт Восток гупым и дзэхэр. Иджы а къару къомыр зэщIэхъеяуэ нэмыцэхэм дебгъэрыкIуэрт.

Сталинград лIыхъужьхэм щапхъэ трахыу, ди дзэхэр зауэрт. Гъуэгушхуи гъуэгу нэфи къамыгъанэу, лъагъуэхэри къыдагъакIуэу зыубгъуауэ, гъазэ имыIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм дахуокIуэ. Ерокъуэ мэзышхуэр щIыдощыкI. Бийр шынауэ икIуэт зэпытт. Зэзэмызэ лъагапIэхэм деж къыщоувыIэри къызоуэкI, ауэ зауэшхуэ къыдищIылIэну дзыхь ищIыркъым.

Ди штабым хъыбар къос Мэлгъэбэгыдзэр Тэрч екIуэлIауэ. Дэри допIащIэ. Ди дзэхэр апхуэдизкIэ псынщIэу макIуэхэри телефон кIапсэр якIэщIыхьэркъым, дзэхэр зэрызэлъэIэсыр радиощ. Лэскэн аузым иджыри дэсщ нэмыцэхэр, ауэ ди тIасхъэрыщIэххэр Аргудан бгыпэм тесхэу радиокIэ къат мэл щтагъэ хабзэу нэмыцэр зэрикIуэтыр. Майор Калиниченкэ и тIасхъэрыщIэххэр нэмыцэхэм ятоуэ. Аргудан мэз лъапэм бий гупышхуэ щаубыд. Абыхэм къыдагъащIэ Налшык деж зауэшхуэ зэрыщыIэнур. 37-нэ армэм и унафэщI генерал Козлов дегъэпIащIэ: нэмыцэм гъуэгу етын хуейкъым, зэманыр къыIэщIэтхъыныр нэхъ къалэн ищхьэщ. ИкIэщIыпIэкIэ, дымыгъэбауэу бийм и ужьыр тхун папщIэ пулемёт батальон машинэхэм ирагъэтIысхьэри яутIыпщ.

Хьэлэбэлыкъышхуэ дыхэмыту къыдощтэж адыгэ къуажэхэр: Аргудан, Жэмтхьэлэ, Зэрэгъыж, Псыгуэнсу, Къуэжьыкъуей жылэхэр. Нэмыцэм Шэрэдж лъэмыжыр екъутэ хьэбэсабэу. Аруан ныджэм топ зыкъомрэ танк гупрэ къыденэ. Шэрэдж дызэпримыгъэкIын и гугъэу, кхъухьлъатэхэри къыдеутIыпщ, арщхьэкIэ ди ястребокхэм уафэр зэщIаубыдащи, нэмыцэхэм бэуапIэ иратыркъым.

Сэлэтхэр къэмыувыIэу Шэрэдж дохьэ. ЗэпрокI. Ст. Шэрэдж дыдэту долъагъу: Дохъушыкъуей станцым нэмыцэхэм зыгуэр щакъутэ, щагъэс. Шэрэдж икIыпIэ къыдогъуэтри, топхэр зэпрыдош, машинэхэр зэпхры-

долъэф, докIуатэ. Ауэ ди танкхэр къытфIонэ - ахэр никIыфыркъым, зытIущ хыхьат псыми, я моторхэр ункIыфIащ. Абыхэм лъэмыж хуейщ. Саперхэм лъэмыж телъхьэным щIадзэ, дэ Аруан дыхуокIуэ, нэмыцэхэмрэ румынхэмрэ къызоуэкI, ауэ мыхьэнэншэу шэр ягъэс, - къыттехуэркъым, жыжьэу блоукIхэр.

Январым и етIуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм ди дивизэм и пэрыт полкыр - 1159-нэр, - Нартан къуажэм щыбгъэдыхьэм, нэмыцэм зыкъигъэгуащIэу щIидзащ. Абы и мурадщ Налшык Iуфэ дыкъыщигъэувыIэну, хыуэ зэгуэт минометхэмкIэ мыувыIэу къоуэ. Нартан къуажэ гупэм ит Iуащхьэхэр, Аруан сэнтхыр къегъэсэбэп, ахэр быдапIэ ищIауэ къытпоплъэ. Нэмыцэм и гугъэт къаруууэ диIэм и нэхъыбэр а лъэныкъуэмкIэ къыкIуэцIрыкIыу, арщхьэкIэ ар къапцIэрт.

Генерал Сергацкэм унафэ ещI АушыджэркIэ къыкIуэцIрыкI Корчагин и полкыр мэз защIэкIэрэ дригъэкIуэтейуэ Долинск щIыбагъым къыдыхьэну, Кэнжэрэ Щхьэлыкъуэрэ а полкым иубыду, НалшыкрэПсыхуабэрэ зэпызыщIэ гъуэгушхуэр Шэджэм деж къыщищтэну.

Январым и 3 махуэм и нэхущым Долинск къэтщтащ. Нэмыцэхэмрэ румынхэмрэ зэрызохьэ. Корчагиным и полкыр Кэнжэ хуокIуэ. Мураду худиIэм нэмыцэм гу лъитащ: самоходкэхэмрэ бронетранспортерхэмкIэ къызэуэкIыурэ, автоматчикхэр къытпэщIидзэурэ йокIуэт. АрщхьэкIэ Налшык къыдэзымытыну зи мурадахэр къыкIэрыхуат - НартанкIэ кIуэцIрыкI ди дзэхэм жэщу Чернореченскэ къуажэбгъур зэпаупщIри, Шэджэм бгъэдыхьащ. Абдежым нэмыцэм и топ зытIущи, машинэ зыхыбли, миномету хыуэ зэгуэтхэм ящыщу блыи, танкитIи хыфIыдогъадзэ...

Январым и 3 махуэм Налшык хуит мэхъуж! Налшык къалэр узижагъуэну зэтрикъутат нэмыцэм. Сэлэтхэм, гуауэм ихузу, къалэ уэрамхэр зэхакIухь. Мес, Ленин и щыхьэру дыщеджэу щыта унэхэм къыхэнэжа щыIэкъым. КIэгъуасэмрэ сэхумрэ куэду ди щхьэгум щохуарзэ. Сэ сыщылажьэу щыта театрым зы чырбыш къыханакъым, мафIэр щIадзэри, ар яфIэмащIэу – лагъымкIэ драпхъеижащ.

Унэ зэтекъутахэр апхуэдизкIэ куэд мэхъури, къалэ уэрамхэм хуиту машинэхэр щызекIуэфыркъым. Кино гъэлъэгъуапIэ театрышхуэр ягъэсащ. Театрым и щхьэм тета къэфакIуэ хъыджэбзымрэ щIалэмрэ кърадзыхауэ уэрамышхуэм телъщ. А сынышхуэхэр, мывэм къыхащIыкIами, зэхэкъутауэ щылъщ.

Театрым къыпэщыт унэ зэтетми, мэкъумэшыщIэ къулыкъущIапIэхэр зыщIэсу щытами мафIэр щхьэщытщ, и щIыхьэпIэм нэмыцэбзэкIэ ятхауэ тетт: «Мыбдежым щатх хэт нэмыцэ жэнэтым кIуэну фIэфIми. ФынакIуэ ди Германым!» - жиIэу.

АрщхьэкIэ я фIэщ хъуакъым а хьэрфышхуэхэм я тхьэгъэпцIыкIэр ди цIыхухэм. Зыри «нэмыцэ жэнэтым» щымыкIуэм, фочпэбжкIэ кърахулIэу хуежьахэщ мы унэм. Мыбы и пщантIэшхуэм ди щIалэхэри дахуэрти дагъэлIыхьу дагъэтт, жэщым машинэхэм иракIутэрти дашырт, тыншу къыщамыгъэзэж «жэнэтым» яшэхэрт.

Унэ зэтетхэм ящыщ зы–тIу фIэкIа къэмынэу ягъэсащ. Зы заводи фабрики дэтыжтэкъым зэтрамыкъутауэ. Козлов и сэлэтхэр мэпIащIэ Налшык къалэр Iисраф зэращIар ямыгъэгъуну!

* * *

Бахъсэн дытеуэу къэтщта нэужь, джэд совхозым дыщынэсым, шэр къыттрикIутэу щIидзащ нэмыцэм. Ныбафэ защIэкIэрэ совхозым ды-

Iуопщхьэ, мывэ унэ къуагъхэм дыкъуолъадэ, - доплъэри, бжэIупэм Iутщ машинэ. Дэ абы зыщыхуэддзым, машинэм автоматкIэ къоукIхэр. Арыххэу, унэм нэмыцэ къыщIэжри машинэм зыщридзэм, дызэдеуэри едгъэщэтэхащ. Машинэри къызэуэкIыурэ щIопхъуэ. Едгъэщэтэхам дыбгъэдолъадэри – офицерт. Дызыхуей дыдэу къэдгъуэтат. Ар псэут, дэри «бзэ» дыхуейщи – унэм щIыдолъафэ.

А зи лъакъуэхэр щIэдуда офицерым къыпкърыдох: нэмыцэхэм я командованэм унафэ гуащIэ къыдигъэкIащ Балъкъ дызэпрамыгъэкIыну, лIэн фIэкIа, ахэр икIуэтыну хуимыту.

А офицерым зэрыжиIэмкIэ, Балъкъ псом я нэхъыщхьэж быдапIэт мы щIыпIэр. Езы къуажэр зыхъумэхэр нэмыцэ защIэхэт, ари «СС» сэлэтхэт, къуажэ зэхуакухэм дагъэувахэр румынхэт, ауэ ахэри имыкIуэтын папщIэ, абыхэм я щIыбагъми нэмыцэ пулеметгъауэхэр къыдэуват. ИкIуэтхэрэ – зэтраукIэнущ румынхэр. Дзыхь хуащIыжыркъым.

Джэд совхозыр генерал Сергацкэм НП плъапIэу еухуэ. ЩIэхыу зыкъыдагъэщIащ нэмыцэхэм: офицерым жиIэхэр пэжт. Езы Балъкъ лъагапIэхэм къыпэщылъ гъуэгухэр, къуэхэр, Iуащхьэхэр, къуажэхэр топкIэ къаухьати, иджы, дэтхэнэ батарейми чэщанэ иIэщ, щыхуейм деж а батарей къомым я мафIэр зы щIыпIэм псынщIэу ирагъэпщэф. ДакъикъипщI нэсыхункIэ Балъкъ къыдэукIыу Бахъсэн лъэмыж икIыпIэм еуэу топышхуэ мауэ. Абы нэмыщIкIэ, хьэIуцыдзым ещхьу «Ванюшэ» къокъугъри, Къулъкъужын жылэ кIыхьхэр зэтрегъасхьэ. А псом къагъэлъагъуэр мы щIыпIэр нэмыцэхэм зэрагъэбыдар. Балъкъ аузым дэс жылэхэр тыншу къыдатынукъым.

IупщI хъуащ зэ уэгъуэкIэ Балъкъ куейр къызэрыдмыщтэфынур. Зыдгъэхьэзырын хуейщ. Ауэ, дэ зыдгъэхьэзырыхукIэ нэмыцэри бэлэрыгъыну къыщIэкIынкъым, ди кIуэтэныгъэри мэувыIэ.

Генерал Козловрэ Сергацкэмрэ унафэ ящIащ зы махуэрэ зы жэщкIэ дыкъызыхуэт псомкIи зызэдгъэпэщыну. Нэхущыр атакэщ.

Подполковник Хаботин и полкыр Къулъкъужын гупэм щызэхуос, аращ Балъкъ япэ дыхьэн хуейр. Корчагиным и полкыр Сэрмакъpэ Малкэрэ я зэхуакум дэуэу Iэщ совхозыр къищтэну и къалэнщ. Полковник Бобраков и дзэр Каменномост поув. Ди ищхъэрэкIэ Козлов и дзэхэр къотIыс. А псори зы жэщым зэфIагъэувэ. Нэмыцэм бэуапIэ едмытын папщIэ, майор Калиниченкэрэ лейтенант Чухленкэрэ я автоматчикхэр нэмыцэхэм яжьэхопщхьэри ягъэжейхэркъым, зыгуагъэпхэ, ятоуэ. Чухленкэ и автоматчикхэр и гъусэу Малкэ щэхуу яфIыдохьэри, школыр нэмыцэхэм фIаубыд, цIыхуих фIэкIа мыхъухэу.

А зы жэщым топ хэтIахэр шэуэ зыхуейм хуэдизыр къыIуашэ, сэлэтхэм загъэхьэзыр, псоми зауэшхуэм зыхуащI, нэху мэщ. Позицэм Iулъхэр мэдийхэр. Джэд совхозым хьэрэкIытIэхэр зэщыщIолыдэри, къыхадзэ «Катюшэхэм», щIожьууэхэр топ лъэщхэр. Къуршхэр зэунтIэIуауэ зэтощащэ, зэтокъутэ жыпIэным хуэдизу, дунейр зэщIоIэуэлъауэ. Сыхьэт никъуэ докI. Топхэр мэдым. Балъкъ аузым кхъухьлъатэхэм зытраубгъуэ.

Ди зы ястребокым нэмыцэ кхъухьлъатэ Iэрамэм захидзауэ зэкIэщIеху. «Юнкерсхэр» ди дзэхэм къpагъэкIуалIэркъым, къpаудых, я бомбэзехьэхэм ялъэмыкIыу бомбэхэр езыхэм я дзэхэм тракIутэ. Мес, нэгъуэщI ди зы кхъухьлъатэми «Мессерхэм» зрадзауэ яфыщI. «Як» цIыкIум Iугъуэр и кIэм къыпыщу зыкъpедзыхри, щIым къыщыс дыдэм, и пэнцIывыр

дэгъэзеярэ пцӀащхъуэм ещхьу уафэм йохьэж, бэлэрыгъа нэмыцэ «Мессерым» жьэхолъэри къреудых, и дамэхэр игъэуфафэу, - сэлам къыдихыу, лъахъшэу тхьэщолъэт. Хурикъунщ ар нэмыцэм! Сэлэтхэр мэгуфӀэ!

Нэхущым ирихьэлӀэу ди танкхэр къос. Ахэр доувэ джэд совхозым и щӀыбагъым.

Дакъикъитху хуэдизкӀэ топ гуэрхэм зрач. Дунейр мэзджыздж, мэгъуахъуэ. ЩӀыр хьэлъэу мэгурым, мэщатэ... Ди пехотэм зеӀэт! КӀуэ пэтми Малкэ хуоблагъэр сэлэтхэр, цеп-цепурэ мажэхэр, мэгъуэлъхэр, щылъу йозэукӀхэр, аргуэру щолъэтхэр, мажэхэр. Яужь итхэр япэ ит гъуэлъахэм щхьэпрокӀхэр. Нэмыцэ окопэхэр къоблагъэ, ди танкхэр бий траншейхэм нос... Заущэхуащ!

Зы гранатэдзыгъуэ хуэдизкӀэ ди сэлэтхэр хунос нэмыцэхэм. Абы дежым къохъу мыбы хуэдэ дакъикъэ: зэуэ къыздиууэ зауэлӀхэм заӀэтри, зы къару бащэ инкӀэ зэдолъ, псэмрэ ажалымрэ ящогъупщэжхэри псэемыблэжхэу, лӀэхэр ямыбжу, нэхэм лъыр щӀэжу. Абы хуэдэ дакъикъэхэм деж атакэм хоукӀуриикӀри и щхьэр япэкӀэ гъэзауэ мэджалэ. ЩыӀэкъым къару, апхуэдэу къэбэта атакэр зэтезыгъэувыӀэфын! Абы хуэдэ атакэм пэлъэщыфын!

Нэмыцэ траншейхэм гранатэхэр дыдоутӀыпщхьэ. МыжурэпэкӀэ Малкэ нэмыцэхэм дащыхохьэ. Бгым дыщехым, зы адыгэ лӀыжь, пыӀэр къытхуищӀурэ къытпожьэ. Къытхолъадэри, ӀэплӀэ къытхуещӀ, ар гуфӀэщащи, магъ.

Ди лӀыхъужь лейтенант Чухленкэ сымэ зыщызэуа еджапӀэм дыӀуолъадэр: еджапӀэ пщӀантӀэм мымащӀэу дэлъщ нэмыцэ хьэдэхэр, шинель удзыфэхэр ящыгъыу, яжьафэ къэпталхэр ящыгуауэ. Чухленкэ щӀалэ хахуэм и лӀыхъужьыфӀхэм нэмыцэхэм я псэхэр мыбдежым щыӀуахащ. Малкэ псынщӀэу псэр къыхохьэж. Ди сэлэтхэр ирагъэблагъэхэ. Тэлай докӀри, пшынэ макъи къоӀу. Пшагъуэр мэкӀуэдыжыпэри, январь дыгъэр къыщӀощ. Дыгъэм зеӀэт.

Дэ, дыкъэмыувыӀэу, нэмыцэ бзаджаем и лъэужьыр доху.

Январым и ебгъуанэ махуэм Псыхуабэри къыдощтэр.

*1943 гъэ*

КЪАРДЭН Бубэ

# Бжьыхьэ жэщым

*Рассказ*

Къихьащ 1942 гъэм и бжьыхьэри. А гъэм, ди цӀыхухэм я дежкӀэ, къыдэкӀуащ гухэщӀ мымащӀэ, бийми и мурадыр къехъулӀакъым...

Зауэшхуэр къызэриублэ лъандэрэ етӀуанэ кавкорпусыр мафӀэм хэтщ; цӀыху куэди, шы куэди фӀэкӀуэдащ абы, ауэ езы зэрыпхъуакӀуэхэми къацӀыхуащ кавалерист лӀыхъужьхэм я къарур зыхуэдэр.

ИхъуреягъкӀэ нэм къиубыдыр плъыжь-гъуэжьыфэ хъужа щӀыр арщ; щӀыпӀэ-щӀыпӀэхэм жыгхэм къапынащ пщӀащэ гъуэжь-фӀыцӀафэхэр. МахуэкӀэ иджыри хуабэщ, дыгъэр, уеблэмэ, мэдзакъэ, ауэ жэщым нэхъыбэм щӀыӀэтыӀэ къохъу; жьыри, сыт щыгъуи хуэдэу, КаспиемкӀэ къреху. Ныщхьэбэ абы и къеуапӀэм занщӀэу зихъуэжащ: иджы ар ИщхъэрэкӀэ къиури, пшэ фӀыцӀэжь чэтхъахэр къихуу щӀидзащ; абыхэм я зэхуакухэм

уафэ къащхъуэ Iыхьэхэр къыдэлыдыкIырти аргуэру кIуэдыжырт – ахэр пшэм щIахъумэжырт; иужьым жьыр нэхъ мамырыжащ; пшэ гуэрэныжьхэр, зыгуэрым зэщIикъуэу зэхипщэжа хуэдэ, зы хъужри лъахъшэу щIым къытегъуэлъхьащи, зыгуэри къыпеху, мащIэу псыIэ укъуищIу.

– Ваня, дыгъуасэжэщ фрицхэм фIыуэ дахэIэбаи, – жеIэ Староверовым.

– Эх, Старовер, Старовер (арат абы псори зэреджэр), ар жыпIэурэ нэмыцэр Кавказ къэбгъэсащ, – жэуап къретыж абы Иван Шарабов. – Сэ госпиталым сыщIэлъыху фыкъахуащ чачэу...

– Саратов «ущызэуащ»... къэгъани нэхъыфIщ, Иван... Жэщ кIуам Шарабовымрэ Староверовымрэ зыхэт эскадроныр рейдым щыIащ, езыхэми хэщIыныгъэ гуэр яIа щхьэкIэ, фIыуэ зэхэзехуэн ящIащ абыхэм къапэщыт нэмыцэ часть гуэр... Шухэр, ямыщIэххэу, танкхэмрэ самоходкэхэмрэ я щытыпIэм Iууащ. ИкIэщIыпIэкIэ хъыбар ирагъэщIащ комдивым. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэ хъыбарт – штаб нэхъыщхьэхэм ящIэртэкъым нэмыцэм танкхэр мы щIыпIэм къызэрыришэлIар. ИужькIэ, махуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу, зы пщыхьэщхьэ гуэрым Барсыкъуэ Хъусен ираджащ штабым, ари езы комдив дыдэм деж.

Хъусен разведвзводым и командирщ. «Мыр дауэ, сэ начальник сиIэщ. Абы къыщхьэпрыIэбыкIыу щхьэ къысхуей хъуа генералыр», – мэгупсысэ Барсыкъуэр, штабым кIуэну зигъэхьэзыру. Ар здэкIуэнур жыжьэтэкъыми, дакъикъэ бжыгъэм щIалэр нэсащ.

Махуэр ичындыхуэкIуэу арати, иджыри нэхут. Комдивым и КП-м и хъуреягъкIэ жыг зытхух щытщ, ари фэншэхэу, хэт нэхъ лъагэу, хэти нэхъ лъахъшэу. Жьы бзаджэм, ар мыин дыдэ щхьэкIэ, жыгхэм къапына пщIащэхэр щысхьыншэу къапеудыж. Абыхэм щаIуплъэм, Хъусен игу къэкIащ: «Дэнэми фIыуэ ямыгъэпщкIунрэ мы жыгхэм комдивым и блиндажыр... Хьэуэ, нэгъуэщI Iэмал ягъуэта хъункъым дивизионнэ саперхэм: нэм къиплъыхьхэр губгъуэ нэщIщ...». Пэжщ, ихъуреягъкIэ укъэзыгъэнэжэгужэн зыри плъагъуртэкъым – дуней псор улъийа фIэкIа пщIэнкъым.

Хъусен здыщIыхьа щIыунэр Iэхуитлъэхуитт, ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ пхъэ гъуэлъыпIэ къыщытщ, адэкIэ плIанэпэм дэт стIолым генералыр бгъэдэсщ, зы тхылъымпIэ гуэрхэм хоплъэри.

– Ныбжьэгъу генерал, уи унафэкIэ лейтенант Барсыкъуэр....

– Къыдыхьи мыбдеж къэтIыс, – Iэпиудащ абы лейтенантым и докладыр. – Фи эскадроныр рейд щыкIуам ялъэгъуа танкхэр Африкэм кърашри мыбдеж къытпагъэуващ арэ аращ дэ къытIэрыхьа хъыбарым зэрыжиIэр, – генералым кърегъэлъагъу а щIыпIэр, картэм тоIэбэри. – Ауэ, лейтенант, ар мотомехкорпус хъурэ нэхъ мащIэрэ дэ тщIэркъым. Мис ар махуитIым къриубыдэу зэхэгъэкIын хуейуэ къалэн къытщащIащ.

– ГурыIуэгъуэщ, ныбжьэгъу генерал.

– Зэ увыIэ. Иджыри зыри гурыIуэгъуэкъым. АтIэ, аращи, Барсыкъуэ, «язык» дыхуейщ. Мэуэ-щэ псори фIыуэ къыжедгъэIэфын хуэдэу. – Мыбдежым генералым и псалъэр зэпигъэущ, и щхьэр къиIэтри, щIалэм къеплъащ зыри жимыIэу, итIанэ къеупщIащ:

– Илъэс дапщэ ухъурэ?

– Илъэс тIощI мы мазэм срикъунущ, ныбжьэгъу генерал... «Сыту пIэрэ мы си илъэс бжыгъэмкIэ ищIэнур?» – игукIэ гъуматIымащ щIалэр.

Мыбдеж лIы хэкIуэтар щатэри адэкIэ къыпищащ: – зы гуп цIыкIу зэгъэпэщ – цIыхуипщI нэхъыбэ мыхъуу. Уэ узыхуей дыдэхэр къыхыуагъэхыну унафэ яIэщ.

Барсыкъуэр еупщIыным хунэмыс щIыкIэ, абы и гум илъыр къищIа хуэдэ, генералым адэкIэ къыщIигъуащ:

– Топрэ миномет хьэлъэу тIощIрэ плIырэ нэмыцэм и хэщIапIэм дакъикъищкIэ теухьынущ: мис ар къызэрыщIидзэу, фэри боевой охранением деж зыщифчмэ – нэхъыфI хъунщ. Нэмыцэхэм я окопэ гупэхэм деж халъхьа минэхэри ди топышэхэм къагъэуэн хуейщ, фэри ар дэкIыпIэ фхуэхъунщ. А зэман дыдэм къриубыдэу ди гъунэгъухэри я топхэмкIэ бийм тегуплIэнущ, ди мурадыр нэмыцэхэм къамыщIэн папщIэ.

– УзыщIэупщIэн щыIэ, Барсыкъуэ?

– Хьэуэ, ныбжьэгъу генерал!

– АтIэ, ехъулIэныгъэ уиIэну, лейтенант, – мащIэу къыпыгуфIыкIри, комдивыр вындым хуэдэу фIыцIэ шей упщIыIужар зэрыт стэканымкIэ Iэбащ.

Дауи, разведкэм и начальник майор Ковалеви Барсыкъуэр жэщ заданэм игъэкIуами хъунут. Махуищ и пэкIэ зы гуп кIуат а «язык» мыгъуэр къахьыну, ауэ ди дежкIэ ар фIырыфIкIэ иухакъым – цIыху пщыкIутIым щыщу тIу къаукIащ, щы къыздахьыжащ уIэгъэ хьэлъэу. ИкIи сыт хуэдэ щIалэхэт хэкIуэдахэри! Ахэр куэд щIат зауэм зэрыхэтрэ, нэсу зауэлIхэт; жэщ бзаджэм къигъэнэщхъеят дивизионнэ разведчикхэр, уеблэмэ куэдым я гур цIыкIу ищIагъэнкIи хъунт. Арауэ къыщIэкIынщ езы комдивыр иджы разведкэм кIуэнухэм я Iэтащхьэм епсэлъылIэмэ нэхъ тэмэму къыщIилъытар. Абы нэмыщIауэ генералым сыт щыгъуи и хьэлт заданэ хьэлъэ зыгъэзэщIэнум езыр и щхьэкIэ епсэлъылIэу, ари къыбгъэдэсу, нэгъуэщI зыри щымыту е щымысу. Апхуэдэм деж къраджар генералым зыбгъэдигъэтIысхьэрт, пщафIэм шей стэканитI къихьырти къытригъэувэрт. ЩызэпсалъэкIи, командирыр а зэпсалъэм и нэгу иплъэну фIэфIт, псом хуэмыдэу абы и нэм еплъырт. Апхуэдэм деж цIыхум и нэгур гъуджэм хуэдэщ, жиIэрт комдивым. Абы къощ а уи псэлъэгъур зищIысыр...

Жэщ лъыхъуакIуэкIэ зэджэм къалэну иIэр зыщ – бийм и сэлэт е офицер къэлъэфын хуейщ, ари псэууэ. Зэзэмызэщ апхуэдэ «хьэщIапIэм» бэIутIэIуншэу къыщикIыжхэр. Апхуэдэщ разведчикым и лэжьыгъэр. Зауэр ар езыр лэжьыгъэ хьэлъэкъэ!.. Разведкэм, зэрыхабзэщи, лъэщыгъэкIэ яхуркъым, ауэ гуфIэжуи абы зыри жэркъым – хэт зи псэ зыфIэмыIэфIыжыр, абы, а псэр зейм, и акъылыр зэмыкIуэкIамэ?!

ЛIыгъэ, акъыл жан, уеблэмэ цIыхугъэ бэлыхь хэлъын хуейщ жэщ разведкэм кIуэм: зыми ищIэркъым ар зыIууэнкIэ хъунур, сыт хуэдизкIэ а къыппэщыт бийм укIэлъымыплъами, хэт къыбжиIэфын, дауи къэпхутэн а уздэкIуэм и пулеметхэр, и минометхэр здэщытыр? КIэщIу жыпIэмэ, разведкэ укIуэнри езы ажал дыдэм деж хьэщIапIэ укIуэнри зыщ. Разведчикхэм сыт щыгъуи нэгъуэщI нэ лейкIэ йоплъхэр, абы къыхэкIыуи абыхэм я еIуящIэныгъэ гуэрхэри къахуогъу... Хэт лъэсыдзэм хэт стрелокым нэхърэ нэхъыбэу зауэм и хьэлъагъэр зи фэм дэкIыр? Хэт абы нэхъ нэхъыбэрэ ажалым и нэгум иплъэр? Уеблэмэ ар дыдэхэр, стрелокхэр, нэхъ нэ лейкIэ йоплъ разведчикым. Псалъэм папщIэ, разведчикхэр бийм и хэщIапIэм щыкIуэкIэ ди лъэсыдзэм и хэщIапIэм зэпрокI... Мис абы щыгъуэ уолъагъу боевой охранением ис сэлэтыр – ар лIы тIорыси ирехъу, зи пащIэ цы сырыху къудей темыти ирехъу – а разведчикым къызэрыIущIэр щыплъагъукIэ...

Барсыкъуэр, езыр щIалэщIэ дыдэ щхьэкIэ, куэд зи нэгу щIэкIа разведчикти, здэкIуэну щIыпIэр фIыуэ ицIыхуну хуейт. Абы и хэщIапIэм

къигъэзэжри, дивизионнэ разведкэм и начальник майор Ковалев деж занщIэу кIуащ.

– Барсыкъуэ, комдивым деж ущыIа?

– СыщыIащ.

– СлIожь, сыту узэIууа хуэдэ.

– ЗэIууа хэлъкъым абы... ДыздэкIуэнум теухуауэ сыт къызжепIэфыну?

Майорым зыри жимыIэу тетрадь къыхуишиящ. Мы зы тхьэмахуэ кIуам къриубыдэу бийм далъэгъуар, кIэлъыплъакIуэ разведчикым гу зылъитар иту арат а тетрадь фэншэм. Барсыкъуэм къызэгуихри къеджащ:

«Бийм траншей куухэр къитIащи, абы щызекIуэр плъагъуркъым. Уеблэмэ езы щIытIхэри иджы плъагъужыркъым – абы сеткэ траубгъуэжа хъунщ. Ачикулак и щIыбкIэ миномет батарее хьэлъэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ къыдоукI. А къуажэжь цIыкIум и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ хэпщIыкI къудейуэ къыщыт лъагапIэм пулемет къытетщ...»

– Мыбы итхэм разведкэр тепщIыхьмэ, Iуэхур зэфIэкIауэ къэплъытэ хъунущ, – жиIащ Барсыкъуэм, ауан хэлъу.

– АтIэ, Барсыкъуэ, къэпхьыну «языкыр» жейуэ здэщылъ щIыпIэр мы тетрадым къипхыну уи гугъа? НэгъуэщIхэм ящIар уигу иримыхьмэ, уэ суткэ псокIэ укIэлъыплъын хуейщ нэмыцэми, кIуэи нэхъыбэ зэгъэлъагъу. «Иджы зыгуэр къызжьэдэкIмэ, къитIэтIынущ мы слъагъур», – жиIэри Хъусеныр къыщIэкIыжри Iуэху хьэлъэ къыпэщытым иужь ихьащ.

Барсыкъуэ Хъусен нейтралкэм – дыдейхэмрэ биймрэ я зэхуаку дэлъ щIым – исащ махуитI енкIэ, адэкIэ къыщыс бийм и хэщIапIэр нэкIэ зэIипщIыкIыу. Сыт абы къилъагъуфар? ТхьэмахуитIи ирикъуакъым мыбдежым оборонэ зэрыщаIыгърэ, ауэ итIаникI мес блиндаж быдэхэр, уеблэмэ дзотхэри ящIын хунэсащ нэмыцэхэм. «Мы окопэхэр, дауи, боевой охранениещ зейр, – йогупсыс Хъусен. – Мыр дауэ?! Мы слъагъур топ хьэмэрэ къысфIэщIрэ?»

СыхьэтитI дэкIа нэужьщ абы щызэхигъэкIыфар: пэжу, боевой охранением адэкIэ метр щитI хуэдиз топ къыщытщ... щIым ещхьыфэ сеткэ гуэри теубгъуэжаи хуэдэщ. А топ закъуэр нэмыцэхэм я пащхьэм щхьэ ит... «жаIэуи яIуатэуи апхуэдэ зэхэсхакъым!» – егъэщIагъуэ лейтенантым.

Пшапэр зэрызэхэуэу, Барсыкъуэм къигъэзэжащ, иныкъуэми къэпщын хуей хъууэ, нэмыцэм и пщыхьэщхьэ къауэр щIидзати, дунейр мафIэ лыгъейт.

Иришэжьащ Хъусен и гуп цIыкIур – езыр ебгъуанэу. Мы щIыпIэм разведдивизионыр къызэрыщыувыIэрэ махуипщIым щIигъуат, ауэ иджыри зы ткIуэпс уафэм къехатэкъым; ныщхьэбэ бжьыхьэ пшагъуэ псыфыр къытрихуащи, мащIэу къопсэпсауэ. «Мыр зыкIи Iейкъым, ауэ дыздэкIуэ щIыпIэр си закъуэщ фIыуэ зыцIыхур... Зыдгуэшмэ, ахэр гъуэщэнкIэ хъунущ. Хъуакъым ар... Си гъусэу Староверыр щызгъэсын хуеят...» Ешэ лейтенантым и гуп цIыкIур... Куэд мыщIэу, абы и сигналкIэ, псоми щIым зыхадзэри, пщыуэ щIадзэ: иджы бийм нейтралкэр ракетэкIэ къегъэнэху. Уеблэмэ ракетэхэри сэбэпышхуэ хъуркъым; уи пэкIэ къыщылъи къыщыси щIым теплъагъукIыркъым, пшагъуэ Iувыр нэхъри къегъуэлъэхащи.

Гуп цIыкIур къызэтоувыIэ: иджыпсту, щIадзэнущ ди топхэм. Дакъикъищ-плIы дэкIмэ, разведчикхэр япэкIэ илъын хуейщ... НапIэзыпIэм зэщIэлыдащ, зэщIэвууащ дунейр; зэуэ топышэ щэщIым щIигъу техуащ нейтральнэ зонэм... Аргуэру, аргуэру... ПIалъэр къосри, разведчикхэм зрач.

– Старовер, уэрэ Шарабовымрэ япэ фищи, метр щищ хуэдиз фкIумэ, фыкъэувыIи, уи гъусэм хъыбар кърехь, Iуэхур зэрыщытымкIэ. КIакхъу щIэфчынкIэ Iэмал зимыIэщ!

– ГурыIуэгъуэщ, ныбжьэгъу лейтенант.

Дакъикъитхуи, хыи, пщIыи дэкIащ, ауэ тIури бзэхащ. «Гъуащэри, нэгъуэщI щIыпIэкIэ блатхъуащ... Нэмыцэхэм яIуууэрэ Iэуэлъауэ къэхъумэ – зэIыхьащ», – щIыIэу игу къэкIащ Барсыкъуэм. АдэкIэ пэмыплъэу абы иришэжьащ и гупыр. Куэд дэмыкIыу аргуэру къызэтеувыIащ. Хъусен зы гъусэ ищIри ежьащ. Мыдрейхэр хьэзыру щысыну унафэ къахуищIри. А тIур епщылIэпащ нэмыцэ окопэми, зыщIодэIукI – ахъи быхъи щыIэкъым. «Мыр дауэ?» – мэгузавэ лейтенантыр. АрщхьэкIэ мыбдежым куэдрэ ущылъкIэ мыхьэнэ иIэтэкъыми, абы щэхуу жеIэ – «Вперед». ТIуми окопэ куум зрагъэщэтэхащ... Зыри дэскъым.

– Гъэзэжи, адрейхэр мыбы къашэ, сэ мыбдеж сыщывэжьэнщ, – унафэ ещI Барсыкъуэм. «Топри бзэхамэ, Хъусен, ухэуваур аращ адрейм...» Дакъикъэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу цIыхуихри окопэ куум къыдэщэтащ.

– Мыдэ фыкъэдаIуэ. Метр щитI-щищ хуэдизкIэ ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ топ щытщ, ари мыбзэхамэ... Иджыпсту а расчетым дытеуэу зы «язык» дымыхьмэ, ди заданэр исыкIащ... Фэ фыразведчикхэщ псори, ар зищIысыр фIыуэ къывгуроIуэ.

– Вперед! – щэхуу къоIури, езы лейтенантыр окопэм къыдолъ... Ар япэ йощ зы сэлэт и гъусэу... Ари къегъэувыIэри, езыр мэпщ, къызэщIоувыIыкIри мэдаIуэ, щIым хэIубауэ... Зэхех псалъэмакъ щэху... «А-а, фриц...» – игукIэ къогуфIыкI лейтенантыр, заданэр гъэзэщIа хъуа хуэдэ. ИкIэщIыпIэкIэ адрейхэри къепщылIащ. Аргуэру тIум пщыуэ щIадзащ, мыдрейхэр къонэ. Метр зытIощIырыпщI фIэкI ямыкIуауэ, щIым къыщIэпща хуэдэ, абыхэм я пащхьэм зыгуэр къохутэ. Барсыкъуэм и гъусэм и шыIэныгъэр хуримыкъуарэ е щта – сытми йоуэ... Зэхэуэ къохъу... Топым и расчетыр яукIащ (ахэр щыт зэрыхъур), езыхэм ящыщ зыи уIэгъэ псынщIэ хъуащ.

– Я жыпхэм фиIэби документхэр къифх! – фIыуэ зэхэпхын хуэдэу унафэ ещI лейтенантым. – ФынеIэ иджы топым!

– Сыт топ?! – фIэгъэщIэгъуэнщ зыгуэрым.

– Къыдэфш ровикым вжесIакъэ!.. – АдэкIэ Барсыкъуэм къыщIигъуащ хъуанэ псалъэ зытIущ... Танкым зэреуэ топыр къыдалъэф ровикми кърагъэжажьэ... Зэхэуэр щIохуабжьэ лъэныкъуэ псомкIи...

– Ныбжьэгъу майор, «языкыр» къытхуэхьакъым, – докладыр ет Барсыкъуэм.

– Солъагъу, мыри сыт? – егъэщIагъуэ разведротэм и командирым.

– Мыр топщ, ныбжьэгъу майор...

– Шыд си гугъати, – ауан хэлъу жеIэ и командирым. – КъыздикIар дэнэ бжызоIэ!

– Расчетыр зэтедукIэн хуей хъуащ... Топыр къэтлъэфащ.

Майорыр бгъэдыхьэри топыр зэпиплъыхьащ.

«Ухуеймэ, иджыпсту гъауэ, топыши илъщ», – игукIэ егъэщIагъуэ абы щIалихым топыр километрищ нэскIэ къызэралъэфыфар. АрщхьэкIэ адэкIэ къыщIегъу: – Си гугъэщ комдивыр зыхуей сведениехэр мы топым къимыIуэтэну... Адрей тIур дэнэ щыIэ?

– Староверовымрэ Шарабовымрэ кIуэдащ. Пшагъуэм хэгъуэщыхьауэ къыщIэкIынщ, – къыжьэдоIукI Барсыкъуэм.

– Эх, Барсыкъуэ, Барсыкъуэ, зэIыбгъэхьащ. Иджы комдивым дигъэлъэнщ, уэри особистхэм узэралъэфэнщ.

– Ныбжьэгъу майор, дэ зыри тщIакъым, особистхэм дыкърахуэкIын хуэдэу.

– Тхьэм жиIащэрэт...

ЕтIуанэ пщыхьэщхьэм, пшапэри фIыуэ зэхэуауэ, Староверовымрэ и гъусэмрэ подразделенэм къызэрысыжу, особэ отделым я унафэкIэ тIури ягъэтIысащ. Блиндаж гуэрым щIадзэри, часовойри Iуагъэувэжащ.

Староверовыр зымыцIыху дивизионым хэттэкъым, нэхъ разведчик хахуэхэм ящыщт ар. Уеблэмэ езы комдив дыдэм къицIыхурт а щIалэр. Сытуи къимыцIыхунрэт – иджыблагъэт абы Краснэ Звезда орденыр къыщратар. 1942 гъэм орден къэпхьын жыхуэпIэр езыр ауэ сытми Iуэху къызэрыгуэкIтэкъым... Дауи ирехъуи, щIагуащ.

– Ныбжьэгъу майор, ар мыхъункIэ Iэмал зимыIэщ! – жиIащ Барсыкъуэм, командирым деж щIэлъадэри. – Староверовым хуэдэм дзыхь хуумыщIмэ, хэт итIанэ бгъэзэуэнур?

– АбыкIэ особистхэм псори зэхагъэкIынщ. Щхьэж и къалэн егъэзэщIэж.

– Уэлэхьи, гъэзэщIэкIэ мыхъуа ар!

– КIуэи уи Iуэху зехуэж, лейтенант Барсыкъуэ! – къыщIэкIиящ майорыр. – Умыгузавэ, уэри къоупщIынущ ахэр!

– НэхъыфIыжщ! Сэ къэзгъуэтынщ абы яжесIэн! – щIэжыжащ щIалэщIэр, мафIэм хуэдэу къызэщIэнауэ.. НапIэзыпIэм ар подразделенэм и хэщIапIэм нэсыжащ.

– Хэт часовойуэ блиндажым Iутыр? – йоупщI ар адрей разведвзводым и командир старшэ лейтенантым.

– Уи хэкуэгъу Кудаевыращ. Сыт зэрыпщIынур?

– ЗикI, ауэ...

– Хъусен, ухуеймэ щIалэхэм уахуэзгъэзэнщ.

– Хьэуэ, ауэ сытми сыноупщIауэ аращ. Ягъэшха ахэр?

– АтIэ. Умыгузавэ, зэхагъэкIынщи къаутIыпщыжынщ.

– Абыхэм джэдыкIэм цы къыхахыу дунейр яхь.

– Хэт зи гугъу пщIыр, Хъусен?

– Хэтын... Ахэр зыгъэтIысахэм.

– Сыт пщIэн, щхьэж и IэнатIэ Iутыжын хуейщ. «ХъункIэ Iэмал зимыIэщ. Зыгуэр къэгупсысын хуейщ. Ахэр пщэдей зыщIыпIэ яшэмэ, итIанэ зэIыхьэпащ... Кудаев Ахъмэт. Ар езыр щIалэ бэлыхьыжьщ...» Пэжу, нэгъуэщI взводым хэт Кудаевыр фIы дыдэу ицIыхурт Барсыкъуэм. Ахъмэт Гундэлэн щыщт, мазэм щIигъуауэ а тIур зы эскадроным зэдыхэтакIэт.

– Хэт къакIуэр?! – быдэу къыхоIукI жэщ кIыфIым часовойм и макъыр.

– Сэращ, Ахъмэт... Хъусен. Сыпхуейт...

– КъакIуэ, Хъусен... Сыт къэхъуар? А-а, уи щIалэхэм я деж укъэкIуауэ ара хъунщ. Си дежкIэ къалэн псынщIэкъым апхуэдэ зауэлIхэр схъумэу мыбдеж сыщытыну...

– Аракъэ атIэ сэри сызезыхуэр. СызэрынолъэIунур трибунал Iуэхущ, Ахъмэт. Сэ уэ фIыуэ узмыцIыхуу щытамэ, апхуэдэ IуэхукIи сыкъыббгъэдыхьэнтэкъым.

– ЖыIэ, Хъусен. Сэ зыкIи къикIуэт сиIэнкъым. СхузэфIэкIыну щытмэ...

– Дапщэщ постым ущыувар?

– Дакъикъэ пщыкIутху хъуами аращ, – жэуап къет балъкъэр щIалэм, зыхуигъэкIуэнур имыщIэу игъэщIагъуэу.

– Си планыр мыращи, фIыуэ къыщIэдэIу, егупсыси уи жэуапыр зэхэзгъэх. КъысхуумыщIэнуми, зыкIи гукъанэ пхуэсщIынукъым, сыту жыпIэмэ къэзгъэхъеину Iуэхур Iуэху джэгукъым.

– ЖыIэ, Хъусен. Сэ уэ фIыуэ сыкъоцIыху...

– Иджыпсту дэ щыр, мыбы щIэс щIалитIымрэ сэрэ, «язык» къэтхьыну докIуэ... ахэр къэбутIыпщмэ...

– Ар дауэ?! – егъэщIагъуэ Кудаевым. – Ари хъунщ... Фэ фыкъэсыжыху сэ сыт сщIэнур? Штрафнойр си Iэрылъхьэу ара, Хъусен?

– Уэлэхьи, Ахъмэт, мис абы фIыуэ семыгупсыса.

– АтIэ, Хъусен, мыращ абы хэкIыпIэу иIэр, – жеIэ Кудаевым. – ПлIыри зэгъусэу дыкIуэнщ. Си гугъэщ, сэ зэран сыфхуэмыхъуну...

– Уи къаруми уи лIыгъэми сэ хуабжьу сыщыгъуазэщ, Ахъмэт, ауэ сэр щхьэкIэ апхуэдэ бэлыхь зыхэбдзэжу...

– Урысхэми зэрыжаIащи: или грудь в крестах, или голова в кустах!

АдэкIэ зыри жамыIэу, Ахъмэт щIалитIыр къыщIишри, Хъусен абыхэм ягуригъэIуащ и планыр.

– Уи планыр гениальнэщ, ныбжьэгъу лейтенант! – къыжьэдэлъэташ Староверовым.

– Хъунщ, хъунщ, Старовер. Зэманыр мащIэщ. Iэщэфащэри къэгъуэтын хуейщ... ИкIэщIыпIэкIэ ежьэн хуейщ, зыгуэрхэм даIумыуэ щIыкIэ. Адэ зэ передовойм дынэсмэ – Iуэхуужкъым: сэ дыдейхэм фIыуэ сыкъацIыху.

ЩIалиплIым напIэзыпIэм зызэщIакъуэри ежьащ. Ди лъэсыдзэхэр зэрыс окопэхэм фIэкIыу нейтральнэ зонэм ихьа къудейуэ, Хъусеным и гуп цIыкIур къигъэувыIэри, егъуэлъэхащ псори. ИтIанэ яжриIащ:

– Иджы, ныбжьэгъухэ, мыращ си планыр – махуитI и пэкIэ ди Iуэхур къыщыдэмыхъулIа щIыпIэ дыдэм дизэрыгуэу зы фриц къэтхьыну аращ.

– Просто и гениально! – хуэмышэчу жеIэ аргуэру Староверовым.

– Гениальнэри сыт, ауэ ныжэбэ а щIыпIэ дыдэм деж нэмыцэхэр къыщытпэплъэну си гугъэкъым...

– ФынакIуэ атIэ, – жиIэри пщыуэ щIидзащ Барсыкъуэм. «Вперед, мушкетеры!» – щэху цIыкIуу, зыми зэхимыхын хуэдэу, къыжьэдэIукIащ Староверовым.

Разведкэм кIуахэри къэтщ, сыхьэтитIми щIигъуащ. Кудаевым и пIэкIэ увыну къэкIуа часовойм псынщIэу игъэзэжри и взводнэм жриIащ, часовойр имыгъуэтауэ, блиндажым щIадзахэри щIэмысыжу.

– Ныбжьэгъу майор, ЧП къэхъуащ! – телефонкIэ жреIэ взводнэм и командирым.

– Сыт ЧП?

Iуэхур зыIутыр тэмэму щыжриIэм, дивизием и штабым и начальникми, особэ отделми хъыбар яримыгъащIэу хъуакъым.

– Ковалев, бжесIар сытыт?! А уи Барсыкъуэри адрей тIум я гъусэу гъэтIысын хуеящ. Нэмыцэм я дежкIэ емыIамэ, берычэт бесын жыпIэ хъунущ! – жеIэ особэ отделым и начальникым.

– Делагъэ жумыIэ! Абы ящIар хабзэншагъэщ, ауэ бийм я дежкIэ щIэпхъуэжхэм ящыщкъым ахэр.

– Плъагъункъэ! Сыщыуэмэ – нэхъыфIыжщ. Ауэ иджыпсту генералым жесIэнущ. АбыикI къысхуидатэкъым, Барсыкъуэм щхьэкIэ щыжесIам...

А тIум я зэпсэлъэныр абдежым щызэпыуащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, хьэлэбэлыкъ цIыкIуфэкIу къикIакъым а ЧП-м.

Пщэдджыжь пшэкIэхур къищIу хуежьауэ, ди боевой охранениер зэрыс

окопэхэм «языкыр» къагъэсащ. Куэд дэмыкIыу, пщэдджыжь нэмэзым деж, нэмыцэ фельдфебелыр комдивым и пащхьэ кърагъэуващ.

– Сыт уи къулыкъуу щыта?

– Танкым и командиру сыщытащ.

– Сыт хуэдэ танк?

– Танк хьэлъэ.

– Полк, дивизие, корпус?

– ???

– Зэхэпхыркъэ? – йоупщI тэрмэшыр.

– Сэ ар жысIэну сыхуиткъым – присягэ къэсщтащ...

– ТIум щыгъуэми жыуагъэIэнущ, ауэ фIырыфIкIэ жыпIэмэ, уи дежкIэ нэхъ сэбэпщ.

– Африканскэ етIуанэ механизированнэ корпус, 108-нэ танк полк хьэлъэ...

Мыбдежым комдивымрэ штабым и начальникымрэ зэплъыжащ.

Куэд дэмыкIыу особэ отделым и начальникыр генералым деж къэсащ.

– Ныбжьэгъу генерал, военнэ присягэр зыкъутахэр икIэщIыпIэкIэ зыхуей хуэгъэзэн хуейщ!

– Сыт къэхъуар? – зыри имыщIэ хуэдэу щIоупщIэ комдивыр.

– Къаджэдыхьри къэкIуэжахэщ. Староверовымрэ Шарабовымрэ блиндажым кIуэри щIэтIысхьэжащ, Кудаеври часовойуэ Iуувэжати, сыкIуэри часовоищIэ згъэуващ, езы Кудаеври и ныбжьэгъухэм яхэзгъэтIысхьэжащ.

– Тэмэм дыдэу Iуэхур зепхьэнумэ, уэ зэрыпщIар захуэщ ауэ, майор, псори зытещIыхьын хуейр результаткIэ зэджэращ. ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ сведение къитащ а щIалэ еIуящIэхэм къалъэфа мы фрицым. Абы ищIыIужкIи бийм и топи къалъэфащ километрищкIэ... Уи фIэщ зэрыхъун, майор, уеблэмэ мыпхуэдэ зауэ бзаджэми апхуэдэ куэдрэ къыщымыхъукIэ. Аращи, сэ сызэреплъымкIэ, ахэр къэутIыпщыжауэ я подразделенэхэм гъэкIуэжын хуейщ.

– Уэ узэреплъщ, ныбжьэгъу генерал.

– Мыдэ унафэ сщIынщ командирхэм абыхэм дисциплинарнэ тезыр тралъхьэну.

– Псоми хуэмыдэжу сэ згъэкъуаншэр Барсыкъуэращ, ныбжьэгъу генерал.

– Ар пэжщ, ауэ ари, плъагъурэ, илъэс 20-м нэса къудейщ. Абы, сэ къызэрысфIэщIымкIэ, командирыфI къыхэкIынущ...

НАЛО Ахьмэдхъан

# Рейхстагым адыгэбзи тетщ

***Рассказым щыщ пычыгъуэ***

Къалэжь щIалэ танэхэм зауэр къазэрыгурыIуэу щытамрэ Хьэгъундокъуэ Барэ иджы и нэгу щIэкIымрэ зэхуэдэкъым: «Ур-р-р-а-а! Еуэ, УпщIатэ! ПIытI! УкI!» – Шуудзэ лъэтам бийр ирахужьэри зэхаупщIатэ, токIуэ, къалэр яубыд. Къалэдэсхэр гуфIэу къапожажьэри, шу сатырхэр

ерагъыу пхыкIыф къудейщ бжьэ къэпщIам хуэдэу зэрызехьэ цIыхум. Хъыджэбзхэм удз гъэгъа къахь, фызыжьхэр магъ, сабийхэр шыпщэм къыдопщей – псори мэгуфIэ: цIыхур хуит хъужащ...»

Аращ Барэ Къалэжьым зауэр зэрыщицIыхуу щытар. Зауэм хэт сержант Хьэгъундокъуэм иджы къыгурыIуащ зауэм зауэр зэрыщымыдахэр.

Зауэр ажалу Iейщ. Ауэ, пэжщ, зауэм хэтыкIэ Iэджи иIэщ. Зауэм хэт щыIэщ фоч имыгъауэу, дивизэхэр шахмат кIэну игъэIэпхъуэу, дэнэ сыт къыщыхъуми ищIэу (ищIэн хуейуэ, ищIэ и гугъэжу). НэгъуэщI хэтыкIи щыIэщ: лъабжьэмкIэ щагъахъэм и хъыбарыр кIэн зыгъэIэпхъуэм худрихьейурэ кIэн зыгъэIэпхъуэм и унафэри лъабжьэм кърихьэхыжу, кIэщIу жыпIэмэ, хъыбарзехьэ. А шахмат кIэну ягъэIэпхъуэр нэхъыбэщ, зыгъэIэпхъуэм нэхърэ. ЗыгъэIэпхъуэм куэд елъытащ, куэд и пщэ дэлъщ, куэдым я Iуэху зэрехуэ. ЯгъэIэпхъуэр а псо дыдэми щымыгъуэзэнкIэ мэхъу, егупсысыну къылъысыркъыми, хущIыхьэркъым. Ауэ абы куэд елъагъу, куэд и фэ докI. Абы елъагъу зыми имылъагъу, зэхех зыми зэхимых, ешэч зыми имышэч, щIишэчыр ищIэжмэ и насыпщ. ЯтIэр, шэдыр, уэсыр и унапIэщ. Iэщэу зэрахьэмкIэ яукIыну къалъыхъуэ. Езыми иукIыну къелъыхъуэ. Къигъуэтын – зыкъримыгъэгъуэтын, иукIын – зримыгъэукIын – аращ сэлэтым и къалэныр. Ауэ ар къалэнышхуэщ, акъылышхуэщ, лIыгъэшхуэщ! Дэнэ а къалэныр къыздикIар? Унафэщ, хабзэщ. Хабзэщи, анэм и лъэпагъым къуэр хегъэкIри, шынелым кIуэцIешыхьри окопэ шэдым хедзэ, абы щыпсэуну, щызэуэну, щылIэжыну. НысащIэр къыщIенэри щауэщIэр окопэ щIыIэм щодыкъ, и физ и гупэ хамэ имыгъэгъуэлъыну. Сабий быныр къызэхенэри адэр Iуохьэ зэуапIэм – бынунэр унэIут имыщIыну. Хабзэщ. ЦIыхухэм я унафэщ, я хабзэщ. Псыр ипщэкIэ дэжейркъым, атIэ ищхъэрэкIэ йожэх, аращ хабзэр. Хабзэщ дыгъэр къыкъуэкIрэ къухьэжу, цIыхуми я хабзэщ я Хэку, я жылэ, я анэ, я унэ, бийм ирамыту, яхъумэжу... Дунейр иуфIыцIауэ бийр къокIуэ – къоуэ, къопщ – къоуэ. Уаещ, ятIэщ, лъыщ, щIыIэщ, фIейщ, цIэщ, ажалщ. Къопщ – къоуэ, къотэдж – къоуэ, мэгъуэлъ – къоуэ, къоуэ, къоуэ, къыкIэрыхуахэм хьэдэр зэхуалъэфэсыжурэ щIатIэж. А псоми зыкъыкIэригъэхури зигъэпщкIуауэ, мес, сэлэт гуэри къуацэм хэсщ. И хъуржынитIыр игъэтIылъри мафIэ ищIауэ зегъэхуабэ, лулэ щIоф, и нэпспэпс елъэщI, Iугъуэр IэкIэ Iуихуурэ мэтэджри зеплъыхь, мэтIысыжри хъуржынызхьэр етIатэ, зыгуэрхэр кърихыурэ мафIэм иреггъэу, ишытIэрэ зэпичурэ жыжьэу Iуедзыж. Сыт мыр зэлэжьыр? А-а-а! Мыр сэлэт кIуэрыкIуэсэж хьэдэфыщIщ: Iэпхъуамбэ дия къыпищIыкIахэр иджы къигъэвыжурэ Iэлъын къаIэрех, хуит хъужа Iэпхъуамбэхэр хыфIедзэж. Аращ мыбы зи Iуэху зэрихуэр. Ари зауэм и анэлщ...

Бийр къалэм къыдохьэ.

Къалэм и уэрам къэс дзэ сатыр фIей кIыхь дохьэ, допщхьэ, псыхьэлыгъуэ фIейуэ долъадэ, къалэ зыгъуэтам, щIым зыщIиф шэдыпсу, унэм зытрагуашэ, унэм зыщIаф. УвыIэ имыIэу уэрам къэс къыдэлъадэ дзэ псыпэхэр къалэ унэм чэзу-чэзуурэ зыщIаф. Псыпэм псыкIэ кърожэ, увыIэркъым. Унэхэми зыщIаф. ЗыщIамыфынкIи Iэмал иIэкъым – унэхэр нэщIщ: цIыхур хэт дэкIащ ди дзэм щIыгъуу, хэти щIэжри къалэку утыкум итIысхьащ, къыщIэна закъуэтIакъуэри подвалым Iэпхъуащ – сытми унэхэр нэщIщ, хамэдзэри зыщIаф. Къалэ утыкум щызэхуэса цIыхубзхэр сатыр-сатыру зэбгъурысхэщ, уэс къесара, е сэлэт гъэблэгунэра – сытми зыгуэрым зыщахъумэу я щхьэм тепхъуэ тепхъуащ, а тепхъуэм щIэсыр хэтми ящIэркъым, ямыIэтауэ. Хьэлэмэту къагупсысащ мы къалэку итIысхьэр! ЦIыхубзым сэлэтым зыщихъумэну IэмалыфIщ. IэмалыфIщ, ауэ сэлэт

губжьам а Iэмалыр щыпэмылъэщыр нэхъыбэщ: сатыр зэхуаку къэс сэлэт сатыри ирокIуэ, щхьэтепхъуэр яIэтрэ и щIагъ щIэсыр зрагъащIэу. Тепхъуэ щIагъым цIыхухъу щIагъуатэркъым, ауэ фызыжь щыгъын щыгъыу хъыджэбз тхьэIухуд гъунэжу къыщIокI. КъыщIокI, я унэхъугъуэ къэсащи. Зи унэхъугъуэ къэсар зыIэрыхьа сэлэтым, ар хэтми, и кIэн къикIащи, и гъэрыр кърешажьэ. Зэрыпэмылъэщынур ещIэри, адрейри ныкъуакъуэркъым. Ныкъуакъуэркъым, ауэ мэкIий, блэм зыщIишэ хьэндыркъуакъуэу. Магъ, мэкIий, мэкIэзыз. Тепхъуэ щIагъым щIэс сатырхэр абы дожьу. Зи Iэпэ яубыдыр куэд щыхъукIэ, абы дэкIийр нэхъыбэжщи, утыку иным гъуахъуэ макъыр толъкъуну щхьэщытщ. А макъым щхьэкIэ цIыхубз хашынри увыIэркъым. УвыIэркъым махуэми, «нэхущ, емыкIущ» жаIэу. Жэщми фонариккIэ тепхъуэ щIагъым щIоплъэ. Унэхэм зыщIамыфыжыфхэу, шэд инауэ, сэлэт сатырхэр уэрамхэм дэдиихьащ. Чэф хъуа зырызи уолъагъу. Сэлэт хэкIуэта гуэр, и пащIэ къыщIэгуфIыкIыу, зишэгъуэ нэмыса хъыджэбз дахэ цIыкIу подвалым ирешэх, сатырым хэдиихьам ар трагъэгушхуэ: – Екъу адэ, хэт и былым!

И фыз хэкIуэтамрэ ипхъу ишэгъуэмрэ еханэ къатым къридзыхри езыри къакIэлъелъэжауэ кIэнауэ куум щы дэлъщ. ЛIы хэкIуэтам зыгуэр лъэкIыу зэрыщытам и щыхьэтщ и бгъэм хэлъ дамыгъэ къомыр. ЛIыри фызри псэужкъым, ауэ я пхъур иджыри къотIыс, зыгуэрым гущIэгъукIэ хуигъэува псы птулъкIэм и Iэ къутар хуеший. И IитIри и лъакъуитIри зэфIэщIыкIащ, нэгъуэщI къутами пщIэркъым, ауэ псэущ. КIэнауэр куущ, хэт пхуипщхьэн? Сэлэт «гущIэгъулы» гуэрым автоматкIэ нещIысыж хъыджэбзым и адэм нимыгъэсар. Псыпэу къалэм щызэбгрыжа сэлэтхэм ящыщ зы унэ кIыхьыжьышхуэм и бжэм Iуолъадэ. Ар унэм щIопкIэри гуфIэгъуэр иIэу мэкIий:

– Ур-а-а-а! Мис мыр унэщ!

Пэжщ, унэр нэхущ, хуитщ, хуабэщ, сэлэт казармэм ещхьу, гъуэлъыпIэ сатырхэр щыуэ ирокIуэ. Къалэр зыубыда сэлэтхэм хуамыгъэхьэзырауэ пIэрэ мыр? Ауэ мыр сыт? ГъуэлъыпIэ къэс цIыху илъщ. Ахэр щIэбгъэкIыу унэр уубыд хъунущ. Сыту щэху мыпхуэдиз цIыху зыщIэлъ унэр?! «Мэжейхэр! А гъуэгу мыгъуэ ежьэн къом, лIа мыхэр, топ уэ макъ къомми щхьэ къамыгъэушарэ?» – Сэлэтыр бгъэдолъадэ япэ гъуэлъыпIэм. ПIэ хужьым лIырэ фызрэ хэлъщ. ЛIыр еудыныщIэ – къэушыркъым. Йоплъыпэри, хьэдэщ. Фызри хьэдэщ. ЕтIуанэ гъуэлъыпIэри, ещанэри... – псори хьэдэщ. Сэлэт мышынэр мэшынэ, кIийуи къыщIожыжри сатырхэм холъэдэж...

АпщIондэху сэлэт зэрегъэфа гуп спирт яIыгъыу къыIуохьэжри ахэр къыздикIыжымкIэ нэхъыбэж зэрохь. Пэи кIэи зимыIэ подвалышхуэр, шагъыр гъэувыпIэр, хъумпIэцIэджыгъуэ ящIащи, гъуанэу иIэм дзэр епщIащ: хэт йохьэ, хэт къокIыж, адэ щIыхьауэ щызэрызехьэри мацIэм хуэдэщ. Унэ зэтет и лъагагъ хуэдиз зиIэ чеижьхэм я щхьэм дэмыкIуеифу автоматымкIэ пхаудахэу шагъыр къыпхеутхыкI гъуанэ куэдхэмкIэ, апхуэдэ зы къыпыж къэс сэлэтитI-щы бгъэдэтщ, зэрыбгъэахъуэ хъуну яIыгъыр щIаубыдэри. Апхуэдэ чейхэр куэдыщэ зэрыхъумрэ чей къэс гъуанэ куэд зэриIэмрэ зы къыпыжым цIыхуитI-щы зэрыбгъэдэтыжыр хэплъэхьэжмэ, подвал абрагъуэм цIыху мин бжыгъэ зэрыщIэтри къыбгурыIуэнущ. А къыпыж къомыр псори щIаубыдам зэримылъадэм къыхэкIкIэ, зи хьэлъэ ирикъуам къызэрыригъэжа гъуанэр имыгъэбыдэжу зэрежьэжам къыхэкIкIэ, подвалышхуэм увыIэгъуэ имыIэу шагъыр щIолъадэ, псым хуэдэу. Ар зытелъадэр цемент лъэгущи зыщIифыркъым, чейм къижыр подвалым щIолъадэри, сэлэтхэм я лъакъуащхьэм къэсу шагъырым хэтщ. А шагъыр-

ри сорт-сорту зэщхьэщокIри, чэф зыгъуэта сэлэтхэм хэплъыхь ящI: хэт езым нэхъ къищтэн лъыхъуэу къекIухь... Патруль гуп и гъусэу зы майор гуэрми нэхъ псынщIэу къежыхь, кIийуэ:

– ФыщIэкI! Зи псэ хуеижыр фыщIэкI! Мис, лагъым щIызолъхьэ подвалыр къэзгъэуэну! ФынышIэкI!

– Хьэ-хьэ-хьэ! Къэгъауэ, майор, къэгъауэ! Шагъырым дыхэлъу жэнэтым дыкIуэнщ.

– ФыщIэкI! ФыщIэкI! Жэщ хъуащ.

Унэм дзыхь хуамыщIу, вокзалым тет мафIэгур тIысыпIэ зыщIа офицер гуп къызэрызэщIэгъэплъауэ пщыхьэщхьэшхэ ящI.

– Шампанскэ телъыджэщ!

– Телъыджэт – духащ.

– Фриц!

– СынодаIуэ, зиусхьэн лейтенант!

– КIуэт, шампанскэ къэхьыт, къыдэмэщIэкIащ.

– Мыдэ щыIэщ птулъкIитI-щы.

– Къащтэ, укъэсыжыху дрикъунщ. Хэт щIэмыхъуэпсарэ мы къалэм щефэну.

– Къащтэ ари, кIуэ!

– Иджыпсту!

– Ивгъахъуэ. Ди текIуэныгъэм, ди фюрер и узыншагъэкIэ фефэ!..

Гупым я шагъырыр ямыухыпауэ шагъырыхьэ ягъэкIуа фрицыр къыщIолъэдэж и джанэ пщампIэр тIэтауэ, и дамэтелъ лъэныкъуэри къелэлэхыу.

– Зиусхьэн лейтенант, патрулым сыщIагъэхьэркъым. Майор гуэрым подвалым лагъым щIелъхьэ, къигъэуэну – си нитIкIэ слъэгъуащ.

– Сыт делагъэ жыпIэр! Апхуэдиз фIыгъуэр къэбгъауэ хъурэ? Фынажэ!

Гупыр зэрыджанэпцIанэу подвалым зэрохь. Ауэ пхъэрыр нэпцIу пхъауэ къыщIокI: подвалым бжэуэ иIэмрэ патрулым и мащIагъымрэ пэлъэщакъым ефэр ягъэувыIэну.

– Подвалыр къызогъауэ, фыкъыщIэкI! – жиIэурэ майорым и макъыр икIри «фи ан-н-нэм... пьяницэ къимылъхужкIэ!» жиIэри къахэхъуэныхьщ аби, патрулыр Iуишыжри IукIыжащ, унафэр имыгъэзащIэу. Пхъэр кIуа гупми я джанэ щIагъщIэлъхэм ярызу шампанскэ яхьри къаугъэншэу кIуэжащ. Офицер гупым я ефэр зэхаублэжри, чэфи зэрыгъэхъуащ.

– Сэ тхьэ селъэIуауэ щытащ, губгъуэм диту, мы къалэр мафIэм ису, унэ зэтетхэр къызэтещахэу, сэ абы я лъабжьэм сыщIэтрэ мафIэ нэхум сыхэту сефэу сыгъэлъагъу, жысIэри. Иджы мафIэсри къызэщIэблащ, мафIэм ис бгыкъухэри къехуэхауи слъэгъуащ, нетIэ дыкъыщыкIуэжым. Иджы дыщIэвгъэкIи...

– Куэдщ жыпIар! – пхъэмыфыр Iуечри шампанскэ иутхыр псалъэм и жьэм треубыдэ нэгъуэщI зым. Адрейхэм я птулъкIэ зырызыр Iуачащи, псыутхым хуэдэу, зым и жьэм адрейм жьэдаутхэ...

Къалэр къэзызыгъэна ди дзэр мэз лъапэм къыщыувыIащи, бийм поплъэ. Бийр увыIэри уэсым зыщIитIащ, атакэ къокIуэ, Iуахуж. ДзитIым зызэпэщIасащи, япэ икIуэтыжынур тхьэм ещIэ. ЗэуапIэм сэлэт къыIуопщхьэ, къыIупщхьэр яукI, абы и пIэ щIэ къопщ. Къопщ, увыIэ имыIэу. ЛъэныкъуитIри аращ.

Мэз лъапэм къыщIэпщауэ уэс траншеем ди саперищ иропщэ зэкIэлъхьэужьу. ЗэуапIэм зэрыIухьэу щыIэр а зы лъагъуэ закъуэр зэрыарар бийм

ещIэри, Iэщэу иIэмкIэ а лъагъуэм къоуэ, лъапэм къыщежьауэ зэуапIэм Iухьэу. ЗэуапIэм Iухьахэми я Iыхьэр нэгъуэщIхэм кърат. Уэс лъагъуэр белкIэ тегъэкъэбзыкIащи, лъагъуэм традза уэсыр бийр къыздиукI лъэныкъуэм тедзэжащ, къуэгъэпщкIуапIэ хъууэ. Саперищыр мэпщ, я лагъымхэр здалъэфу, сэлэт куэди а лъагъуэм иропщэ, нэхъыбэжи зы щIыпIэ мыпщыжу тедиихьащ. Лъагъуэр щхъуантIагъэ хъуащ. И кIэмкIэ уриплъэмэ, иджыри пщымрэ диямрэ пхузэхэгъэкIыркъым. ЗэхэбгъэкIынуи ухунигъэсыркъым бийм, а сыхьэтым пщыуэ плъэгъуар уеплъурэ мыхъеиж мэхъу, мэдий. Саперищыр мэпщ, дияхэм я къуагъым зыкъуагъапщкIуэри, бийм я пулеметышэр къалъэIэсыркъым, къуэгъэпщкIуапIэ уэсыр жьым щытриха нэхъ тафэ хуэзэмэ, дияхэм ящыщ ипэкIэ ягъажэри, къэуапIэм Iуалъхьэ, езыхэм абы зыкъуагъапщкIуэурэ блопщ, е гупэкIэ щыIэр мыжурэпэкIэ къалъэфри гъэпщкIупIэ зыхуащI, ауэ мэпщ. Умыпщуи хъунукъым – дзитI зэхуакум къыпхыкI гъуэгум лагъым телъхьэн хуейщ, нэхъ псынщIэу нэпщысауэ: танк къакIуэр тIэу-щэ IэщэкIэ Iуахужащ, иджы лагъымкIэ зэхуэщIын хуейщ гъуэгур. Аращ унафэр, ар ягъээзэщIэнуи сэлэтищыр мэпщ. Шынелыщхъуэхэрмастэпэмкъызэрыпачащ,цывакъэхэриаращ, пыIэ дыкъуакъуэхэри нэхъыщIэжщ, ауэ ар зыщыгъхэр лIыжь зэфэзэщщ. Дэнэ щызэхуашэса мы лIыжь къомыр. Нэхъ кумбыIуэм итIысхьауэ зы сэлэт лIыжь исщ, и фочыпэр бийм хуэшияуэ, сампалым йопэщэщ.

– Уа, къуэш, схуэузэдыт, тIу, мы фоч мыгъуэр! Мыбы и узэдыкIэ сщIэуэ щытат сэ, ауэ тхьэр игъэпцI, къысхуэгупсысыжым обоймэм дэлъу ар зэрыбузэдынур.

– Мис мыпхуэдэущ.

– Упсэу, си щIалэ!.. – Сэлэтищыр мэпщ адэкIэ.

Джабэ тIэкIум щхьэщыпщхьащ, бийм укъимылъагъуу абы уепщыхыфым, адэкIэ нэхъ тынш мэхъуж. Ауэ, абы епщыхыр зэрымащIэм щхьэкIэ, къэпщ куэд бгыщхьэм щызэтеувыIащ. Бийм илъагъури аращ: лагъым къахидзэу, топкIэ къауэу ирегъажьэ. Саперищым зы къиудыгъэ кумб цIыкIу зрашыхьри, жыр пыIищыр я щхьэм къытрапIэж. Дунейр щIымахуэми, сэлэтищыр «гъуэмбым» ипщIэнтIыхьащ, бийм и топри увыIэжыркъым. Куэдрэ къэуа, мащIэрэ къэуа, ар зэрыхъур а щыми ящIэжыртэкъым. Топыр мэувыIэжри, гъуэмбым сэлэтитI къопщыж. Ещанэр къинащ. Зым егъазэри къэнам и жыпыр къещ, илъыр кърехри къожьэж. Зыхадзэ-къыщылъэтыжурэ бгым жэрыжэкIэ йохри мэбэуэжхэр, адэкIи пщын щIадзэж. Нэпщысащ тIур. АдэкIэ дзитI зэхуакум дэпщхьэу лагъым щIэлъхьэн хуейщ, аращ нобэрей махуэм къыщIэпщхэри. Ауэ дауэ махуэ шэджагъуэм уэс тафэм утепщхьэу уи бийм зыкъызэребгъэукIынур? Жэщ хъуху пэплъэ хъунукъэ?

– ПсынщIэу, маржэ, псынщIэу! Аргуэру къыдэбгъэрыкIуэн щIимыдзэ щIыкIэ, фи лагъымхэр щIэфлъхьэ. Мыхъум, тхузэтеубыдэжынукъым! – мэтхьэусыхэ комбатыр.

«Дауэ зэрыхъунур. Утыкум уипщхьэнри зыгуэрщ, ауэ лагъым уузэдыжу уисыфын? Иджыпсту узэдарэ пщам щхьэ мыхъурэ? КъыпIэщIэуэм-щэ? Ухуэсакъынщ. Зым еузэд лагъымхэри мэпщ, адрейр ауэ мэпщ. Иджы зэбгъурыту мэпщ. А-а, биймикъалъэгъуащи, къытракIутэ! Ауэ мыхэр уэсыр кърахтхъуурэ мэпщри тегъэхуэгъуейщ, къытехуапэми, шэр мэлъеиж – жыр пыIэмрэ жыр бгъэIулъымрэ мыхьэнэ гуэр ямыIэу хьэлъэу ауэ зэралъафэркъым саперхэм. Щыгъын хужьри сэбэпщ. Бийри делэкъым –лагъым къидзу хуежьащ. Япэ лагъымхэм къехуэхын щыщIадзэм саперитIми уэсым зыхаIубащ. ЕтIуанэм и лагъым узэдар трикъузэжри нэхъ псынщIитI къыIэщIэуащи мэгъуэг: и Iэпхъуамбэхэр пихащ, и

нитIыр кърихуащ, и щхьэр уIэгъэщ. Саперхэм якIэлъыплъ сэлэтхэм щыщ зы кIэлъыпщри уIэгъэр къуэгъэнапIэм къуилъэфэжащи епхэ. Адрейм и лагъымхэр щIетIэ. Пшапэр зэхэуащ. Сапер закъуэ къэнэжам лагъымхэр щIилъхьэри игъэзэжащ. Комбатыр мэгуфIэ, сапер уIэгъэр япхащ. КIыфI хъуащ. УIэгъэр и гъусэм кърешэжьэж, мэзым щIэт я увыIэпIэм ишэжыну. КIыфIщ тIум я дежкIи: зыр нэфщи кIыфIщ, адрейм кIыфIщи аращ щIимылъагъуэр. Ракетэ щыдрадзейкIэ, нэф хъуар хигуэурэ, нобэ зэрыпща хьэдэ лъагъуэм кърокIуэж зи къалэн зыгъэзэщIа сэлэтитIыр. Мес, мэз лъапэм къэсыжащ.

– УвыIэ, хэт къакIуэр?

– Дэращ.

– Пароль.

– Гъуазэ!

– Ар жьыщ, щIэр жыIэ.

– Дэ дыгъуэпшыхьрейрщ тщIэр.

– Дэтхэнэ часть?

– Саперщ. Мыр уIэгъэщи сошэж...

– УIэгъэр къэгъани, уэ гъэзэж.

– Дэнэ здэзгъэзэжынур, гъуэгу мыгъуэм ежьэн, сэ си унафэр згъэзэщIауэ сокIуэж, си гъусэр уIэгъэ хъуауэ.

– Ей, хэт а лекцэ къеджэр? – нэгъуэщI макъ къыхоIукI мэзым.

– Мыдэ къекъу уIэгъэм, и гъусэм егъэгъазэ. Сэ сощIэ а уIэгъэм гъусэ захуэзыщI шу гъусэхэр!

– Хьэм укъилъхуащи уощIэ! Сыту умыщIэнрэ, уи мыст уриджэгуу мэз щIагъым ущIэсым!

– Ей! Укъэмывэ! ПщIэрэ уэ узэпсалъэр? Ар майор Сирклинскэрщ.

– Къекъу мыдэ а дизертирым. Ухэт уэ?

– Саперщ.

– А-а? Есипенкэ урисапер?

– НтIэ, сержант Хьэгъундокъуэрщ.

– Сыт-тIэ зыщIэпфыщIыжыр? Уэ пхуэдэ лIыхъужь куэдым къыщаджэдыхь мыбы. Обстановкэр дауэ щыт фыздэщыIам?

– ЩIагъуэкъым: танк атакэ тхуэ Iуахужащ. Лагъым тедгъэуващ гъуэгум... Си гъуситIым я зыр яукIащ, адрейри мис, уIэгъэщ, и IитIри и нитIри...

– КIуэ, фыкIуэ! А уи лекцэр нэхъ кIэщI щIы дяпэкIэ, уи хъуанэри абы щIыгъуу.

– Ерэхъу, ныбжьэгъу майор!

УIэгъэр санбатым ишэри, зи къалэн зыгъэзэщIа сэлэтыр и частым хыхьэжащ.

ТхьэмахуэкIэ зэхэуа нэужь, ди дзэр ежьащ, бийр йокIуэт: хуэму ежьэри, жэкIэ щIэпхъуащ. Лагъым къызэринэкIыурэ мажэ, къэухъуреихьыным щошынэ. Ди дзэри кIэлъокIуэ, кIэлъожэ, лъэщIыхьэркъым, цIыхур ешащ. Псом япэ саперхэр итщ. Сэлэтыр ешащ, ауэ макIуэ; сэлэтыр жей щхьэкIэ малIэ, ауэ макIуэ; сэлэтыр мэмэжалIэ, ауэ макIуэ. Жэщщ, кIыфIщ, щIыIэщ, ешащ, ауэ кIуэн хуейщи, сэлэтыр макIуэ. МакIуэ, макIуэ, макIуэ. Дэнэ?..

Нэхущщ.

– ФыкъэувыIэ, зывгъэпсэху!

Сатырхэр мэзым щIокIуадэри, щтаучкIэ мафIэ ящI, мафIэ куэд, куэдыщэ ящIащи, сатырхэр зэбгрыукIуриикIащ. МафIэ къэс плIырыплI-тхурытху пэрощхьэукъухь. Сухьар егъуу флягэм щIэф жыджэр зырызхэри

епэээзэхыжащи, дунейм псэ пыту къытенар мафIэ зэщIэгъэстахэрщ. ЦIыху Iурихам зэщIагъэста мафIэм псалъэр къылъысащи, и Iыхьэ къигъанэркъым: цIыхум къагупсыса псэлъэкIэм техьауэ иракъутэкI:

– ПIыв!

– Пыф!

– ПIыв.

– ЩIыч.

– ЦIыч.

Дэп къэпIэнкIахэм псэлъэгъуэ чэзууэ къалъысар ауэ цIыхум зыпащIыж макъ къудейуэ къагъанэркъым – дэп лъеям пхисыкIа шынелыр гъуанэшхуэщ, гъуэншэдж дытари зэпхисыкIри сэлэт ешам и лым нэсащи, къыщылъэтауэ къежыхь – уэсым зыхедзэ.

– Фытэдж, старшина! Командир ротэр къыводжэ.

– СынокIуэ.

Сапер ротэм командир нэхъыщIэу къыхэнэжахэр лейтенантым зэхуишэсащ. Топышэм кърииуда кумбым щхьэ тралъхьэри щIыунэ хъуауэ, аращ ротэм и штабыр – лейтенантым и сэлэтхэр зэхиплъыхьри, игъэзэжащ къызэхуишэсахэм я деж.

– Фытэдж! ЗанщIэу фыув! Ныбжьэгъу лейтенант, ротэм сержанту хэтыжыр фи унафэкIэ зэхуэсащ! КъывжезыIэр старшина Сапожниковырщ.

– Фыузыншэм, ныбжьэгъухэ!

– Узыншагъэ вгъуэтыну ди гуапэщ!

– ФытIысыж!...

Ротнэ командирым и щIыунэ мащэм старшина доклад зыщIар еханэу, командир нэхъыщIэу хы щызэхэст, лейтенант нэхъыщIэм и унафэкIэ зэхуэсауэ. ЩIалэхэр тIысыжащ. Нышэдибэ лейтенант нэхъыщIэу щIыунэм щIэкIар лейтенанту къыщIыхьэжащ, уеблэмэ чэф тIэкIуи иIэ хуэдэт. Лейтенантыр и «тахътэм» итIысхьэжащ.

– ФыщIызэхуэсшэсар мыращ, ныбжьэгъухэ. Ди ротэ щхьэхуэм офицеру хэтаиплIым щыщу къэнар сэ зырщ, абы къыхэкIкIи унафэр си пщэ ислъхьэжауэ щытащ. Нобэ комбригым сишэри лейтенант цIэр къысфIищащ, ротэм и командируи сигъэуващ.

– Дынывохъуэхъу, ныбжьэгъу лейтенант!

– Тхьэразы къыфхухъу! Старшина, къегъэхьыт пщыхьэщхьэшхэ!

– СынproblemводаIуэ, ныбжьэгъу командир ротэ! – Арыххэу, лейтенантыщIэмрэ командир нэхъыщIэхэмрэ пщыхьэщхьэшхэ зэдащIащ, «сто» зырызи щIыгъуу. Пщыхьэщхьэшхэм и кIэри Iей хъуакъым: сержантищыр я лейтенантым занщIэу игъэуври лейтенант нэхъыщIэ цIэр къафIищащ командир нэхъыжьым и цIэкIэ. КъафIищам къыщымынэу заригъэтIэщIри, я пщампIэм плIимэ зырыз, езым илъагъуу, хригъэдащ, я Iэр иубыдыжри къажриIащ:

– Нобэ щыщIэдзауэ фи отделенэхэр взводу флъытэ, фэри абы фракомандирхэщ. Фэ къэнаищыр военнэ училищэ фигъэкIуэну унафэ ищIащ полковникым. Фэри сынывохъуэхъу. Фи тхылъхэр штабым ягъэхьэзырыху, фи отделенэхэм фыщыIэж, ауэ фи къулыкъур взвод командиру флъытэж. ФыкIуэ, фи цIыхухэм я дей фыкIуэж!

Сержант гуфIахэр я щIыунэ зэбгрыкIыжащ, зауэр, уегупсысыжыпэмэ, мыхьэлъэ дыдэу ялъытэу...

- Тревогэ! Фытэдж! ПсынщIэу!

ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Алий

## ШАГЪДИЙ ГЪЭШХАХЭМ ТЕХУТЭ

*Пычыгъуэ*

**Совет хэку хуитым и бынхэу**
**ГъащІэм и дахэм еса,**
**Насып зэхэлъыр зыухуэу**
**Зи гъащІэр лъапІэу лъыта!**
**Щхьэхуитыныгъэр уи бийхэм**
**ГущІэгъу къыпхуащІу къуатакъым,**
**Лъыр иумыкІуту, цІыхугъэм**
**И гъуэгур нобэ бгъуэтакъым.**
**БлэкІа зауэшхуэхэм уи лІыгъэр**
**ЩІыгум и цІыхум ящІэж, —**
**Ди губгъуэ дахэхэр дэпагэу**
**ТекІуэ уэрэдхэр жаІэж.**
**Бийм ущытекІуэу есауэ**
**ЛІыгъэр къыщалъхур уи хэкущ,**
**Наполеонхэу щыкІахэр**
**Зыгъэпудахэр уи фочщ.**
**Еуэ, хэку лъэщым и щІалэ,**
**Адэжь и щІапІэр гъэпагэ,**
**И гъуэм ихуэжыркъым блэ бзаджэр,**
**Мес, ди щІы кІапэм къытопщхьэ!**
**Уи лъакъуэ лъэщыр тегъэуви**
**Езым и хэкум щылІыж,**
**Лъыр зыщІифауэ ди къуэшхэм**
**Хуиту цІыху гъащІэр ятыж.**

*1941 гъэ*

КІЫЩОКЪУЭ Алим

## СИ ФОЧЫМ ІЭПЛІЭ ЕСШЭКІАУЭ

**Си фочым ІэплІэ есшэкІауэ,**
**Окоп блын щІыІэм зызогъэщІ,**
**Гупсысэ хьэлъэр къыстеуауэ,**
**Абы сэ си гур ныхегъэщІ.**

**Мэгубжь сигу Іэлыр, зешхыхьыж, —**
**Ди адэжь и унэм бийр щІыхьащ.**

Лейзехьэр и щхьэм ныщотхъуж,
Си анэжьым гуауэр жьэхихьащ.

Нэмыцэр хуэму бжьэпэм докI,
Къурш щхъуантIэ дахэм щыту йоплъ,
ЩIыгу сыщапIами тетын лъокI,
Ар сыту хьэлъэ. Си гур къоплъ.

Ар бийм хуэздэнкъым, щIы уи фIэщ,
Абы и щIапIэм сынэсынщ,
Ди щIыгу къарукIэ сэ сылъэщщ,
А бийм сэ мащэр лъызгъэсынщ.

*1942*

## МАЙМ И 9-м 1945 ГЪЭМ

Духащ зэуэныр! ТекIуэныгъэр
Штык пцIанэм нуру толыдыкI!
Къихьащ гуфIэгъуэр ди цIыху лIыгъэм,
ФыкъикI окопхэм, фыкъыздикI!

ЗауэлIхэм, фIыгъуэм чэф ищIауэ,
КъикIын окопхэм шэчхэр ящI,
Я цейм ятIагъуэр кIэрыпщIауэ
ПIейтейу къажыхьыр, ба зэхуащI.

Окопым къокIри зы долъей,
И каскэ щIыхур щхьэрихауэ
ЩIы щIыIум щещIыр ислъэмей,
Iэгу йоуэ псори, къэгушхуауэ.

Фашист окопхэр хъуахэщ нэщI.
ЗауэлIхэр щохьэ бий зигу икIам:
«Урыс сэлэтым щхьэщэ хуэфщI,
Арщ къыфтекIуэныр зылъэкIар!»

КIУАЩ БетIал

## ЗАУЭР ЕУХ

Солъагъу, хэку псоми удзхэр къыщогъагъэр.
Си гуапэщ гъащIэм хуэблэр къыщыхьейр.
Сэ сфIэфIщ бэ псом я гуауэхэр зи ягъэр
Зыс нур уи гуащIэр лъэщу къыщыхьейр.
ЩIалэгъуэм гуфIкIэ - щапхъэм сыдихьэхыу —
Уи пхэнжым, гъащIэ, гу сэ лъызмытам

**Схуэгъэгъу - щIалэгъуэм, щтагъэм сыныблихыу**
**Уи гъуэгу нэхъ ифI си Iэпщэм къимыщтам.**
**Зэманыр екIущ, екIуныр зыхуэфащэ**
**Лъэпкъ пагэм сэ нэчыхькIэ сыхалъхуащ,**
**ХабзэфI и хейм си Iэгу кърилъхьа Iэщэ**
**Згъэзэшмэ, сэ зинэкIэ сыкъалъхуащ.**
**УцIыкIущ, упагэщ инхэм зайппщытыфуэ,**
**Хэку хей, мыгъуагъэм лейкIэ ихуэпа,**
**Уи бын и нэпсыр ухъумэ зыхэпщIэфуэ,**
**Си хэку, дапщэщ ар щызимыгуэпар?!**
**Iуэху ин си мардэу псыпцIэм сыщыблами,**
**Уигу пэж хьэлэлыр уи къуэм си хьэлащ,**
**Ажал и шабзэ куэдрэ сыкъелами,**
**Си хэку, уи нэпсым куэдрэ ситхьэлащ.**
**Мыбы - щIы щIагъым - мафIэр къыIурихыу**
**ЩызокIуэ дахэу метрополитен —**
**Шагъдийм гуакIуащэу уардэу зыкърихыу,**
**Си хэку, уи щыгум ар сэ пэслъытэн!**

*Берлин, 1945 гъэ*

БРАЙ Адэлбий

## УЭСЯТ

Зауэм хэкIуэда ди адэм и фэеплъу

**Ныбжьэгъу, сыкъонэр сэ мыбдеж,**
**Си гъуэгум пыщэ, пхузэфIэкIмэ,**
**Сэ сфIэфIт сынэсу бийм я деж,**
**Дэ хабзэу тхэлъыр щыпхызгъэкIмэ.**

**Ауэ мы щIышхуэр илъщи си плIэм,**
**СегъэшэхыщIэр, сщIех къэрур.**
**Уи текIуэныгъэм си псэ хуэлIэм**
**КъыщIех и нэгум дыгъэ нур.**

**Уэ къэбгъэзэжмэ, мы си кхъащхьэм**
**УкъеуIуакIэ, «жейр» степхункъым.**
**Мы сигу бэгауэ, ещхьыр Iуащхьэм,**
**Уи гуфIэ нэпскIэ фIэкI тIысынкъым.**

**Гъэгъа цIыкIу закъуэ кхъащхьэм течи**
**Хуэхьыж сипхъу цIыкIум, къащти Iыгъ,**
**ЖеIэж: уи папэ «дадий» къехьри**
**КъэсыжыхункIэ зэи умыгъ...**

БИЦУ Анатолэ

## СУРЭТ

**Куэд щIащ зауэ мафIэр зэрыужьыхыжрэ,**
**Ауэ сахуэ фIыцIэр ноби ди щIым телъщ…**
**Мес, щIэрыщIэу нанэ блыным къыфIехыжри,**
**Нэпсыр щIилъэщIыкIыу, сурэт гуэрым йоплъ.**

**А сурэтыр нанэм хуехь и Iупэм, и нэм,**
**И псэм химыхынур щIекъузэ и бгъэгу,**
**КъогуфIыкI сурэтым щIалэ щхьэц баринэр —**
**Пасэу, ар къигъанэу, техьар зауэ гъуэгу.**

**А зы сурэт закъуэрщ къытенар дунейми**
**И фэеплъу и къуэ зауэм хэкIуэдам —**
**Аращ зэплъыр анэр дыгъэр къыщIэкIами,**
**Аращ зэплъыр анэр жэщхэр хэкIуэтам…**

**Къызоплъыхь сэ фэбжькIэ гъэнщIа мы ди щIылъэр,**
**Нобэм и сурэтуи дэнкIи щызолъагъу:**
**Итщ и пащхьэм анэр блыным сурэт фIэлъым —**
**Сурэтыр нэщхъыфIэщ, анэр гукIэ магъ.**

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

* * *

**Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну,**
**ЩIым гуапэу къедэхэщIэну.**
**Зауэм и Iугъуэм щIиуфэм —**
**Дыгъэм и лажьэр сыт?**

**Хуейщ бзухэр уэгум итыну,**
**Хуиту уэрэд къэрашыну.**
**Шэм и фий макъым игъащтэм —**
**Бзухэм я лажьэр сыт?**

**Удз дахэр хуейщ къэгъэгъэну,**
**Еплъ псоми ягу хигъэхъуэну.**
**Ем къыщIэхутэм и лъэгум —**
**Гъэгъам и лажьэр сыт?**

**Хуейщ сабий цIыкIухэр джэгуну,**
**ЩIым гуфIэу къыщажыхьыну.**
**Балигъхэр зэгурымыIуэм,**
**Сабийм я лажьэр сыт?**

ЕЛГЪЭР Кашиф



# Фэеплъсын

*Си нэгу щIэкIа гуауэ*

Сэ езым си махуитI зэхуэмыдэж пэтми, пщыхьэщхьэр хэкIуэтауэ е пщэдджыжьым жьыуэ зыгуэр телефонкIэ къэпсэлъамэ хьэмэрэ куэбжэм къытеуIуамэ, сыкъощтэ: хэт мыгъуэу пIэрэ?.. Ар къызыхэкIыр гурыIуэгъуэщ: куэдыIуэ сяпэ зэрищаращ. Мыгъуэм уеджэныр зэрымыфIри сощIэ, ауэ сыт пщIэн? Гуауэ куэдыIуэ уи нэгу щIэкIамэ, гуфIэгъуэ хъыбар узэрыщыгугъышхуэ щымыIэж уохъури... Мис аргуэру – гур зэрыгъум мыгъуэр арижащ:

– Фэеплъсын щыIэжкъым. Пщэдей щIалъхьэ... – си къуэшым и къуэр къуажэм къопсэлъыкI. – Пщэдджыжь уэ укъэкIуэжыфын хьэмэрэ сынакIуэу укъэсшэжын? – къызоупщI мор. Си жьэр зэщIэнащ икIи сыжейбащхъуэщи, псалъэ схужыIэркъым: сыт фэеплъ сын? Хэт и фэеплъ сын?.. Сын щIалъхьэ хабзэ? ЩIалъхьам сын хуагъэуву аращ. ИтIанэ, къэхъуам си акъылыр хуокIуэри: еу-уей, тхьэмыщкIэжь мыгъуэ. УзэрымылIэм уритхьэусыхэурэ... Тхьэм уи гуэныхь къыпхуигъэгъуи, жэнэтыр увыIэпIэ пхухъу, – жызоIэ сигукIэ. – Бегъымбарым хуэдэу дунейм утетащ, гуэныхьи уиIэ мыгъуэ уэ? Ауэ...

Фэеплъсын... Ар зыфIэзыщыжар езы тхьэмыщкIэрат, армыхъу угъурлыуэ дунейм тета а бзылъхугъэ телъыджэм и цIэр Хъангуащэт. ГуащэкIи еджэхэрт. Зауэр къыщыхъея дыдэхэм абы иригъэджахэм сащыщт сэри. И адэцIи сыти хэмыту, сабийри балигъри абы дызэреджэр Гуащэт. АтIэми, ар ди унагъуэм дыдей дыдэу щIэдбжыр дызэригъунэгъу нысащIэрат. Езым и гъусэу еджа Мусэрэ абырэ гу зэщамыхуэу зауэр къэхъейри... Апхуэдэхэр щэрэ минрэщ. Сэри сахэту, апхуэдэхэм щхьэкIэ Iэджэми куэд ятхащ. ИкIи ятхыну хъунщ. Мыбдеж аргуэру къытезгъэзэжу зауэмрэ абы и кIэр хьэдагъэкIи гуфIэгъуэ нэпскIи зэриухар къезгъэкIуэкIыжын мурад сиIэкъым. Зауэмрэ гуауэхэмрэ я фэеплъ сын зыфIэзыщыжауэ ди хьэблэм нэхъыжь дыдэу къыдэнэжа Хъангуащэ – Гуащэ – Фэеплъсын дэслъэгъуауэ щыта зы теплъэгъуэ **цIыкIушхуэ** сигу къэкIыжу абы сызыхидза гупсысэхэм жэщ псом нэпскIэ къабзэу къахэстхьэщIыкIыжа Фэеплъсын къэуар си нэгу щIэкIын имыухауэ нэху сыкъокIри...

Нэхъапэхэм щыгъуэ Гуащэ зи фэеплъ сыныр дахагъымрэ гуапагъымрэт. А ди Гуащэ иригъаджэ псоми къытщыхъурт абы нэхъ цIыхуфIрэ нэхъ дахэрэ дунейм темыту. Шэч лъэпкъ къытетхьэртэкъым езым и къуэ дэ къытхэсыр фIыуэ зэрилъагъум хуэдабзэу дэри дыкъимылъагъуу. Ар дызэрыригъаджэ щIыкIэрауи, оценкэхэр зэрытхуигъэуврауи, къызэрытхущытрауи щIы – зыкIи зэхэгъэжи нэфI-неи зэримыхьэу, псори езым и Дин дыпищIырт. Дэри арат ди классэгъу Мухьэдини абы и анэ Гуащи фIыуэ щIэтлъагъур. А лъагъуныгъэр зымыгъэужьыххэм ящыщт аитIур тфIэгуэныхь зэрыхъури: Дин и адэ, Гуащэ и щхьэгъусэ Муси зауэм къикIыжатэкъым. Апхуэдэ гуауэр къызытепсыха куэд къытхэст дэ. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, зи адэ яукIахэми, езыхэм я щхьэм нэхърэ,

моитIур нэхъ яфIэтхьэмыщкIэт. Ар къызыхэкIыр Гуащэ егъэлеяуэ зэрыцIыхуфIымрэ мохэр тIу зэрыхъум щхьэкIэ гущIэгъу тIуащIэ яхуэфащэу къызэрытлъытэрагъэнт. Гуауэмрэ ныбэ гузэвэгъуэмрэ зытемыхьэлъэ, гукъыдэжышхуэ зиIэ къытхэмыт пэтми, зи нэгу гуфIэгъуэ зэи къимыщ зэанэзэкъуэм псоми дигу щIэгъурт. Урокыр иухауэ дызэрызехьэу дыкъыщызэрыщIэхкIи, дыджэгуу пщIантIэм дыщыдэткIи Мухьэдин гъусэ зыкъытхуищIыртэкъым – и псэр зыдэнэщхъей и анэм щIыгъуу классым къыщIэнэрт. АитIур зэгъусэуи къакIуэрт, зэгъусэуи дэкIыжырт школ пщIантIэм – зы гуауэр тIуми зэдаIэту арат...

Мис ахэри, нэгъуэщI Iэджи си нэгу къыщIыхьэжат зауэмрэ гуауэхэмрэ я Фэеплъсын хъуауэ зызыбжыжу дунейм тета Хъангуащэ, ди Гуащэ дыщэ, и лIэныгъэмкIэ къыщызэщхьэкIуа жэщым. Ауэ, зэрыжысIащи, а псоми щыщу зи гугъу сщIынур Фэеплъсын, – пэжщ, мобы щыгъуэ абы а цIэ жагъуэр къыкIэрыпщIа щIыкIэтэкъым, – и гъащIэм щыщ зы теплъэгъуэ цIыкIушхуэщ...

Зауэр зэриухрэ илъэситI дэкIауэ арат. Тхьэм и нейр тIуащIэу къытщыхуами ярейуэ, зауэм къелахэм я псэфылъэм гъейри къыщIэгъуэлъхьати, цIыху цIыкIум я лъэр ерагъыу зэщIахыжыф къудейт. Ауэ, щысурэ загъэлIэнт? Загъэхъейрт. Си псэр нэхъыфIщ жимыIэу, щхьэж хуэщIэр ищIэрт. Уи щхьэм фIэкIа, нэгъуэщI узыщыгугъын щыIэтэкъым: зауэм и пэкIэ бей хъуауэ щыта колхозыр иджы хьэщхьэрыIуэу, узыIурызыдзэн къудей благъуэу къыщIэкIыжати, гузэвэгъуитIым: гъеймрэ абыхэмрэ я кум дэхуа цIыхур щхьэлажьэу къэнат. Дэри абыхэм дащыщти, жьэгъуашхэу тлъагъухэм даIурыплъыхьырт. Унэ хадэм къитхар нэпсейуэ икIи зимыгъэнщIу къыддэзыщх колхозым пасэу тIэщIигъэкIырт.

Пэжыр щхьэ бзыщIын хуей, дэ ныбэ гузэвэгъуэм дыкъезыгъэлыр ди анэ дэлъхурат. И нэ лъэныкъуэр зыхилъхьа зауэм къызэрикIыжрэ, и IэщIагъэр къищтэжауэ, тракторым тест. Абыхэм я Iуэхур нэхъыфIыIуэт: жэщи махуи зэрыт губгъуэм щагъашхэрт, я трудоденхэми зыгуэр къыщыпэкIуэ щыIэт. КъимыдэкIэ, фо зезыхьэ и Iэпэ йобзеиж, жи. Фо дыджт, къыфIэбгъэкIмэ, бдзэжьей къупщхьэу уи тэмакъым тенэу, гузэвэгъуэшхуэм ухэзыдзэнкIэ хъун фот ар, ауэ щIымахуэ псом зэригъэпэщыжа и тракторымкIэ жыласэ маршынэхэр, комбайнхэр къезылъэфэкI Мэдэ (Ахьмэд) зыгуэр къыщыIэрыхьэ щыIэт, и анэ къилъхуамрэ абы и бынхэмрэ я Iуэху зыIутыр ищIэрти, дэри а «хэхъуэ» шынагъуэм дыхиныртэкъым.

Ахэр езыхэри зэрыбынышхуэт, матэщIэдзауэ зэрымыпсэухэми дыщыгъуазэт. Тхьэмахуэ япэкIэ ар сэри си нэгу щIэкIат. Пэж дыдэр жыпIэмэ, а гъатхэм нэхъыбэу ди анэш къуажэ Шэджэм сыщIэкIуар нэцIакIуэт: сэри зыгуэр къысIухуэнкIэ, къызату къыздэсхьынIакIи сыгугъэрти... Езыхэм зыхуагъалIэми, яIэм дыхэзымын и дыщым я деж сигъэкIуэну ди Амэ сыщелъэIум, шэми шхуми ис, и дзэри шы пэтми, къыспэрыуатэкъым. АрщхьэкIэ, гъатхэ унэ гъуанэщ, жи, сыздэкIуахэм я Iуэху мыщIагъуэу къыщIокI: я унагъуэ гъавэхэкI щызекIуэртэкъым. Жэм къашырти, шатэр ящэурэ налогхэм, заемхэм я бэлыхьыр абыкIэ зыщагъэпсынщIэрт. Езыхэми гъэшти, шыпсти, хьэцыбанэ шейти жаIэурэ... Ауэ, дэ дэлъытауэ, ахэр къулеижьу убж хъунут. АтIэми, нэгъуэщI мыхъуми, хьэлIамэрэ хьэлIамэпсрэ губгъуэм щыщамыгъащIэ Мэдэ и Iуэхур хьэлIамэпсымкIэ зэфIигъэкIырти, хьэлIамэр къыздихьурэ къэкIуэжырт. Ар быным щыхуагуэшкIэ, ди пхъурылъху хьэщIэ цIыкIущ жаIэрти, сэ нэхъ Iыхьэшхуэ къыслъагъэсырт. Абы сриукIытэр пцIытэкъым, ауэ, си щхьэр щIэсIурти, къызатар езгъэмэрэкIуэхырт. «ТIэкIу зыхуэвгъэшэчыж, тIасэ. Тхьэма-

хуэ, нэхъыбэ дыди махуэ зыбгъупщI нэхъ дэмыкIыу мырамысэ хуабэрэ шхукIэ фыдгъэтхъэжынщ», – жиIэурэ, Мэдэ дигу фIы тхуищIырт. Си анэш бынхэм нэхърэ тIэкIукIэ сынэхъыжьти, сабийхэм зэхыдимыгъэхыну, ар и щхьэгъусэ ТIатIэ (ТIатIэуэс) щеIущащэм сыкIэщIэдэIухьмэ, вэныр зэфIэкIащ, жылэр тесэным щIадзэнущи...

– Сэ апщIондэху сыщыIэ хъунукъым, – жысIэщ, я щэхур зэрызэхэсхар къэзгъащIэри, балигъитIыр зэзгъэплъыжащ. – Хадэр тIын дыухакъыми... ПцIы соупс, сэрыншауи, зи ныбэ изу зышхын зимыIэхэм садэгуашэу гуэныхьи емыкIуи къэзмыхьын щхьэкIэ.

Ди анэшым сыкъызэрикIыжрэ тхьэмахуэ дэкIами арагъэнт, пщыхьэщхьэ гуэрым Мэдэ шууэ ди пщIантIэм къыщыдыхьам. Сыбгъэдолъадэ, хабзэм тету, шхуэмылакIэмрэ лъэрыгъыпсымрэ соубыдри, хьэщIэр къызогъэпсых. Зыгуэр къызэрызгурыIуэм щхьэкIэ, мор къысщотхъу. Си щхьэм Iэ къыделъэ. Зауэм къыздрихауэ щыта и урыс цейр уанэ къуапэм къыкIэретIэтыкI. Ар зэрызэкIуэцIыпхауэ иIыгъыу, унэм дыщIохьэж. Амэ, дауи, и дэлъхум щогуфIыкI. Цейр къыIихыу игъэтIылъын мурадкIэ пхъуэмэ... Iэпоху. Ар, зэримыгугъауэ, хьэлъэу къыщIэкIауэ арати, «аIей!» – жи укIытэжауэ.

– Хуэсакъ! Абы бомбэ кIуэцIылъщ, – нэщхъей-нэщхъейуэ, Мэдэ и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI.

Пэж дыдэу, а лъэхъэнэм бомбэ пэлъытэт цейм къыкIуэцIыкIа нартыху хъуржыныр.

– А сымыгъуэт, дыбгъэунэхъу пэтаи! Мыр пIыгъыу уаубыда мыгъуэмэ...

– Саубыдамэ... Нартыхур гуэдзкъым. Ауэ, ди кIэм дыщыщтэжу дыкъэнащ, къыздисхари гурыIуэгъуэти, быдэ и анэ гъыркъым, жысIэри... ЗгъэпщкIуат. Ди хадэм къитхам щыщщ жысIэнти...

– ИтIани, дошынэ мыгъуэри... ФIыгъуэр Алыхьым зыхуищIэн си дэлъхушхуэ... Жылэр схуримыкъуу, щIыр ныкъуэхэсэу къэнати...

Нэху дыкъокIри, пэгун иримыкъупэ нартыхум зы фалъэ ныкъуэфI къыхех. Ар жылапхъэщ. Къэнар, школым сыкъикIыжмэ, щхьэлым схьыуэ езгъэхьэжыну дызэгуроIуэри...

– КхъыIэ, Амэ, пэгунымкIэ сумыгъэхьу, хъуржынкIэ е къэпкIэ... ПэгуныкъуМ уи Iэгур зэпех. Дамащхьэм тебгъэувэнущи, егъэуз, – жысIэу ди анэм селъэIуа щхьэкIэ:

– Хьэуэ, тIасэ. IитIымкIэ зэблэпхъуурэ хьы. Мыбы хьэжыгъэу пэгун щхьэIуудыфI къихьэжыкIынущи, ар нэрылъагъущ. КъэпкIэ е хъуржынкIэ пхьымэ, щхьэлтет нэпсеижьхэм ящIэнур сэ сыткIэ сщIэрэ?.. – жери хьэлъэу мэщатэ. – Еууей мыгъуэ, нэплъыснэIуси гурыщхъуэщIи дыхъуащи, гуэныхьи къыдохь... Ауэ, къызэдаIуи, пэгунымкIэ хьы, тIасэ, – щыжиIэм, сыт сщIэнт? Амэ куэбжэм нэс нысхуихьар къыщызитыжым: – ХьэжыпщIэр щыхахкIэ хуэсакъ, тIыкIуэ, – дзыхьыпцIэр къысхуимыщIу срегъэжьэ.

Пэж дыдэу, фIыуэ иубакъым жумыIэмэ, нартыхум хьэжыгъэ пэгун щхьэIууд къихьэжыкIат. Ар сIыгъыу еукIыпIэм сыкъыщекIуэкIыжым: «Уэхьэрэ! Уэхьэрэ! Укъэслъэгъуащ!» – зэхызох ди къуажэ гупэм хьэрэмолэ щыджэгухэм я кIий макъыр. Нэхъ хуабжь зызощIри, сыдолъэдэж. Пэгуныр згъэуварэ сыщIэпхъуэжыну сыщыхуежьэм:

– Сыту фIыт, тIасэ, укъызэрыкIуэжар. КIыфI мэхъу жысIэурэ сыгузавэрти... БжесIатэкъэ? Мис, хъарзынэу къихьэжыкIащ... ФIыгъуэр Алыхьым зыхуищIэн Ахьмэд, дебгъэхъулIащ. Дыбгъэунащ... – и дэлъхум хужиIэ щытхъур кIыхь ищIырти, сыщIэжыну зызоч:

– Зэ умыпIащIэт, тIасэ.

– Хьэрэмолэ джэгухэм сакъыкIэроху, Амэ!

– Жэщ кIыфIым сыт хьэрэмолэ, н-на?!

– ЩыкIыфIым дежщ, ей, хьэрэмолэ щыджэгур... – сыкъытреч сэ.

– Уи хьэрэмолэр зыщIыпIи кIуэжынкъым, си тIасэ цIыкIу. Нобэ мэрем пщыхьэщхьэщ. Алыхьым и махуэ лъапIэщ. Псапэр тIуащIэ щыхъу пшыхьщ. Нартыху хьэжыгъэ пэгунышхуэр ди закъуэ тшхыжкIэ ныбэрылъ тхуэхъункъым... Уи адэ къэтым, псэумэ, къэрэгъул бжыхь хуэхъунщ... Ар Алыхьым жимыIэкIэ, мыпсэуж мыгъуэми, жэнэт шхыну Тхьэм хуигъэбэгъуэнщ... Хъангуащэхэ зы хьэжыгъэ фалъэ яхуэпхьмэ... – жери сырэ зэтетым бгъэдохьэ. Зы шынакъ къыдехри, фIэиныIуэ къыщIэкIынщи, йоплъ-йоплъри, егъэувыж. НэгъуэщI зы къещтэри... фIэщIыкIущэ хъуа? Дегъэувэж. Сэ сыкъытреч. Солъ-сопкI, ауэ сыщытщ. Ещанэ фалъэр къещтэри... Ар курытщи, хьэжыгъэр ирекIутэ. Ириубэркъым, ауэ икIи иригъэщащэ къудейкъым – игъэсысмэ, тIэкIу щхьэщигъэщэщэжурэ, из ещI. СыпIащIэу ар къыщыщIэсхым:

– Зэ умыпIащIэт, тIасэ. Кхъуей хэмылъыжми, дыдейхэм къытхуахьауэ щыта банкIым шыпс тIэкIу итыжщи, мырамысэр хагъапщIэмэ, шыугъэм я гур къыщIиубыдэнщ, – жиIэу шейщIэт къещтэ. ЗыщIогупсысыж. Ар егъэувыжри, стэчаным кхъуей шыпсыр ирегъахъуэ. СигукIэ «уэху!» жызоIэ: зы унэ фIэкIа дяку дэмытми, кхъуей шыпсыр шейщIэтым къриутхыкIыу дауэт зэрысхьынур? Ами абыи егупсысагъэнт.

– Жэ, тIасэ, иджы. Ауэ умыпIащIэ. ИпкIутынщи... УкъэсыжыхукIэ сэ мырамысэ хуабэ сщIынщи, дэри зыдгъэтхъэжынщ. Зы выр шхэмэ, адрейр мэгурым, жи. Мо тхьэмыщкIитIыр хэдну тшхар Алыхьым хьэлэл тхуищIынтэкъыми. Уи ныбжьэгъу цIыкIур зэрыгуфIэнур слъагъу хуэдэщ...

– Дин щыIэххэкъым. И анэ шыпхъур сымаджэти, и тхылъхэр сэ къызигъэхьыжри, езыр абы щIэупщIэну тIуащIэ гъуэгумкIэ ежэхри, Пырсыленцым кIуащ, – а псалъэм «переселенцы» жиIэу къызэрикIри дымыщIэу, арат дызэреджэр зэгуэрым ди жылэм тепщIыкIыу ТIуащIэкIэм къыщыунэхуа Джэрмэншык къуажэм.

– Сыт мыгъуэу пIэрэ тхьэмыщкIэм къеузыр? Алыхьым гущIэгъу къыхуищI. Сэри сынакIуэу Гуащэ сыхуэгузэвэн-тIэ? – куэбжэм нэс къыздэкIуэта Амэ хьэжыгъэ фалъэр къыIэщIызочри:

– Ей зо! ЖыпIэр сыт? ЦIыхум щыхуэгузавэр лIа щиIэм дежщ, – зызгъэгубзыгъэшхуэу, ди анэр согъэIущри, хуэмурэ сыщIопхъуэ.

Гуащэхэ я куэбжэпэм сыIулъадэмэ, кIий макъышхуэ зэхызох. Сыкъэщтарэ, нэхъ хуэм зысщIауэ, пщIантIэм сыщыдыхьэм, бригадир Суфэ Iэшэ (и нэщIыбагъкIэ псори абы зэреджэр арат) шым дэфыщIейуэ, ауэ мышэсыжыфу, хъуанэцIанэу щытщ. И бампIэр сэ къыстрикъутэнкIэ сышынэу къыщыпэскIухьым:

– Усшхын уи гугъэ, пыIэжьынэ Iей?! Фызыгъэсахэм фещхьщи, хабзи-бзыпхъи фщIэркъым! Нэхъыжь шым зэрагъэшэсыж умылъэгъуауэ ара?.. – хьэм и губжь кхъуэм щехьэ жыхуаIэу, фадэмэр къызыжьэдих и жьэ фIейр сэ къыстритIащIэу бзаджэ къызепэс. «Уэй, хабзи-бзыпхъи зымыщIэр уэрам! Сэ... сэ... хабзэ сщIэрэ-сымыщIэрэ къэпщIэнт, ди Мэдэ уеупщIамэ», – жызоIэ сигукIэ, си анэ дэлъхур дыгъуэпшыхь къызэрезгъэблэгъари ар шым зэрызгъэшэсыжари есIуэкIыу.

Уанэгум щимыпщхьэжыфым, шыр Iэдэжу иIыгъыу, бригадир Iэшэр докIыж. Сэ абыи сыкIэлъыплъу, щIыбкIи сикIуэтурэ, унэм сыхуокIуэ. Гуащэ и гыбзэхэр, и кIий макъыр зэхэсхыурэ, бжэIупэм сынэсмэ, слъа-

гъур гъэщIэгъуэныщэщ: дэкIуеипIэ мывэхэм тету кърикIутэхауэ арагъэнщ, бжэIупэ дыдэм деж щикъухьа нартыхур лъакъуащхьэкIэ зэхиутэу, джыдэшхуи иIыгъыу къофэ, ину магъ-мабжэ. ИтIанэ, ешауэ ара хьэмэрэ «концертыр» зрищIэкIар зэримылъагъужра, е сэ къысщыукIыта, – нартыхум хэтIысхьауэ, IэщIэлъ джыдэри и куэщIым илъу, зэщоджэ. ИкIи къыхогъыкI. Ди гъунэгъур мэдыхьэшхри, содыхьэшх жызыIам нэхъей, сIыгъхэри зэрысIыгъыу, сыкъыщиудауэ сэри сыгъыу Гуащэ сыщхьэщытщ. Мобы къыщыщIари щIэгъри сщIэркъым. ИкIи зыкIи сеупщIыркъым – щIэгъын щхьэусыгъуэ иIэщи, макъ. Гъыр пфIэгуэныхь хъун хуейщ. Ауэ щыхъукIи ди Гуащэ щыгъкIэ, атIэми, и Дин щымыIэу... Дауи, мо дэджэдыжа Iеижьрагъэнщ зыгъэгъар... Нартыхури дэнэ къикIа-тIэ?.. Яшхын зэрамыIэм щхьэкIэ, фIэгуэныхь хъури, Амэ ди хьэжыгъэ тIэкIум щыщ къахузигъэхьащ... Езым нартыхур лъакъуэкIэ зэхеутэри... Дэнэ кърахауэ пIэрэт? Мо Iеижьым къахуихьауэ пIэрэт? ЫIы! Щыгугъ жи! Абы нартыху зыхуихьыр цырибон зригъэщIхэращ. Ар цIыхум ямыщIэ и гугъэу... Уэй, Гуащэ цырибон зыщIхэм ящымыщ... НтIэ... – дунейм тетыр зэзогъэзахуэ. ИкIи макъыншэу сызэщоджэ.

И щхьэр и куэщIым ирилъхьэжа щIыкIэу, и гъынри щIичауэ, Гуащэ сабырыбзэу щысщ. Стэчаныр зэрысIыгъ IэмкIэ хуэм цIыкIуурэ сытоIэбэ абы и дамащхьэм – сигу зэрыщIэгъур къезгъащIэу аращ. Езыри къысхудоплъей. И нэгур Iэ фIеитIымкIэ щIелъэщIыкI. КъоIэбэри, си Iэблэр къеубыд. Адрей Iэр зыщIигъакъуэурэ, зыкъеIэтыж. Зэхиутэ гъавэм занщIэу къызэрыхэбэкъукIыным пымылъу, нартыхум зэрыхэтурэ зызэпелъэщIыхьыж. Зэхэтхъуа и бостеиплIэри зыгуэрурэ зэрегъэзэхуэж. Сэ, нартыхум сыхэмыувэн хьисэпкIэ, алъандэм сызэрысакъам сытету, хьэжыгъэ фалъэр Гуащэ хузоший:

– Ари мыри ди Амэ къыфхузигъэхьащ, – жызоIэ хуэм цIыкIуу. Псалъэ къыжьэдэмыкIыу, и щхьэр ещI, Iэ лъэныкъуэ хуитымкIэ си щхьэм Iэ къыщыдилъэм, зэрыхъуар сымыщIэу, ину сыкъыщеудри, Гуащэ зызошэкI – мобы дэслъэгъуар къеблыжауэ зысхуэмыубыдыжу аращ. Иджы езыр къызодэхащIэ. Iэ къызделъэ. А гуапагъым нэхъри сыкъигъэдзыхащи, стэчанри зэрысIыгъыу, сыгъуэгыу сыкъыщIопхъуэж.

«Уэхьэрэ! Уэхьэрэ! Укъэслъэгъуащ!» – къокIий зыгуэрхэр. Ауэ сэ хьэрэмолэ си Iуэхужт? А сызэрыгъым хуэдэу, пщэфIапIэм сыщIолъэдэжри, Амэ согъэгужьей. КъысщыщIари кхъуей шыпс стэчаныр къыщIэсхьыжари зыхуихьынур ищIэркъым. Сэри «Гуа-гуа-ащэ, Гу-гуа-ащэ...» фIэкIа спихIакъым, бэлагъыщхьэурэ тепщэчым ирилъхьэ мырамысэр жьэгум къыденэри щIож...

Мо пщыхьэщхьэм къэхъуа псор сыщысабийхэм щыгъуэ къызжамыIами, мыдэ дыкъэса, си ныбжьэгъу Мухьэдин маршынэ зэжьэхэуэм гуузу хэкIуадэу зауэмрэ гуауэхэмрэ я Фэеплъсын зыфIэзыщыжарэ зи щхьэ закъуэ-зи лъакъуитIу псэу Гуащэ и губампIэр езы тхьэмыщкIэм къезгъэIуэтэжауэ щытащ. Ар щIыжезгъэIэжам щхьэусыгъуитI иIэт: сызрихьэлIэгъар къызыхэкIар зыхуэсхьынур сымыщIэу абы лъандэрэ си псэр тыншыртэкъым. Мыдрейуэ, нанэм и губампIэр хьэдрыхэ здимыхьмэ нэхъ сфIэзахуэти...

– ЗэрыпщIэжщи, а махуэм си Дин цIыкIу мыгъуэр Джэрмэншыч щIэупщIакIуэ згъэкIуат. Ар ТIуащIэ гъуэгумкIэ щежэхым, губгъуэм къикIыж мо кхъуэ Iэшэжьыр къыхуозэри... А хьэ фIейм илъэситI-щы хъуауэ си Iуфэлъафэр къиуфэрэзыхьырт. ЦIыхум, къыфIэбгъэкIмэ, фи Зырум дыди закъезгъэщIэн си щхьэ хуэзгъэфащэртэкъым – дыгъужьым мэл зыфIихьы-

фыну мэлыхъуэр и пыIэ щыгумкIэ къецIыху, жи, бригадир Iэшэм зрикунур ещIэ къысхужаIэнкIэ сышынэ мыгъуэрти... Езы бзаджэнаджэм езмыпэсрэ езмыхъуэнрэ щыIэтэкъым. Сызыпэплъэ Мусэ и лъэхъуамбэжьакIэм къыкIэрыхуну ятIэм (ар мыпсэужу, къысхуэмыкIуэжыну си фIэщ зыщIын мы дунеишхуэм тет мыгъуэтэкъым) зэрыпэзмыщIынур и нэм щIэсIуу жесIэрт. Iэшэри, лъагъугъуейри, псэжьри къыхуэзгъанэртэкъым. АрщхьэкIэ мо инат бзаджэр, сеуэу сымыукIынумэ, си ужь икIыртэкъым. Ар сэкIи, джыдэкIи, лэныстэкIи щысхуэукIын куэдрэ сихуат. Здэсхьын сымыщIэр си Мусэрэ сэрэ ди сабий закъуэрат: мо кхъуэр сыукIрэ абы сытекIуадэмэ, и адэр къэкIуэжыхукIэ Дин цIыкIу зэрыхъунум сегупсысырти...

Ар хъыбар кIыхь мыгъуэщ. Сызэризакъуэр къыщищIэм, фIыуэ ефэщ, «лIыхъужь зищIри»... Дызэрыерыскъыншэри ищIэрти, абыкIэ сыкъигъэIэсэн мурад иIагъэнщ, плъэгъуауэ щыта а нартыхури къыздищтэри къысхуеблэгъауэ арати... ЕкIи фIыкIи сыгурымыIуэу, здэкIуам Алыхьым кхъуэ щIищIыхьын, абы си псэм гузэвэгъуэу къытрилъхьауэ щытар!.. Бадзэ спIытIауэ къысщымыхъуу, схуэукIынут ар. Ауэ, зэрыжысIащи, сабийм сытегузэвыхьырти... КъимыдэкIэ, цIыху псом я гур щумыгъэныщкIуакIэ, Хъангуащэ и щIасэлIыр щIиукIыжар Тхьэм ещIэ къысхужаIэнми сришына мыгъуэт... ЩIасэлIу дэнэ къэна, хьэдрыхэегъу сыхухъут а хьэбыршыбырым... Тобэ ярэби, Тхьэм гуэныхь сщимыщI, ауэ а бзаджэнаджэм Мусэ мыгъуэм триIуэу, абы хужиIэу щытахэр Алыхьым щхьэ иштауэ пIэрэт, жызоIэри нобэми сызэгуоп.

– ЛIот, Гуащэ, жиIэр?

– ЛIар къэхъужу плъэгъуа? УпыкIащ абы! Узыщымыгугъын ущыгугъыу ущысурэ, уи щIалэгъуэр умыгъакIуэу, уи Iыхьэр къыхэх гъащIэм... Уэ щIасэ ухъумэ, сэ щIасэлI сыпхуэхъунщ... – Иу, напэншэ! Абы и жьэм къекIуэу щытахэр!.. Ар цIыхут? ХьэкIэкхъуэкIэт!.. Ауэ езым зигъэлIыхъужьт. И бгъэм хэлъ дамыгъэхэр къысхуигъэпIийуэрэ си къэжьын къигъакIуэу къысхуэвэрт. «Мыхэр къыздисха зауэм сыхэтурэ езы Берлин дыдэ дыщынэсам, дэ лIыгъэу зетхьамрэ ди текIуэныгъэр къызэрытхьа щIыкIэмрэ щай и уасэ хэпщIыкIыркъым уэ, си къупщхьэ Гуащэшхуэ... Зауэр и кIэм нэсами, ди зауэлI куэдыIуэми кIэ ягъуэтырти... – щыжиIэкIэ: «Алыхь щыIэр пэжмэ, кIэ зыгъуэта а тхьэмыщкIэ къомым уэ щхьэ уахимыгъэхуа мыгъуэрэт?» – жысIэу сыщещкIэ: «Алыхь щыIэр пэжмэ, жыпIэу Алыхьым и деж нэмысин къыумыпсэлъ, Шыбэхэ я нысэ! Алыхь зэрыщыIэр сэ хьэкъыу спхыкIащ. А сызыхэта мафIэм сыкъыхэзыхар, Ахъмэт и фо изщ жыхуаIэу, сыплъэмыIэсу, ауэ сызыIурыбзаерэ зызгъэцIыкIуу, зызгъэпуду, итIани си гугъэр хэзмыхыжу, уи пащхьэм сизыгъэтыр Алыхьыращ»... «Уи гурыгъыр икIэщIыпIэкIэ иригъэжыну солъэIу-тIэ Абы!» «Умыинат, Шыбэхэ я нысэ насыпыншэ! ЛIыр хущхъуэхэлъхьэ щыхъуа нобэ хуэдэ махуэкъым сэ схуэдэлIым щелъэпауэр... Сабий закъуэр, щынэ IэрыпI нэхъей, уи ужь иту къэпкIухькIэ псэуа ухъунукъым... Минрэ егъэджакIуэу зубжыжми, къэрал политикэм щай фIыцIэжь и уасэ хэпщIыкIыркъым... – жери Iэджэ къысхуиву щIидзэрт. – Зауэм хэщIыныгъэшхуэ къыдитащ дэ. ХэпщIыкIыу къэралыр нэхъ цIырхъ хъуащ. Псом хуэмыдэу хэщIыныгъэ зыгъуэтар цIыхухъухэращ. ЦIыху щхьэ бжыгъэр гъэбэгъуэжын хуейщ. Бзылъхугъэхэр езыр-езыру щымылъхуэкIэ, яукIа лIыхэр къыщымытэджыжынукIэ... Ди командирышхуэ гуэрым жиIэу щытар пщIэрэ уэ, си тIасэ цIыкIу? – жиIэу къызокIуэтэлIапэ а пщыхьэщхьэм. ПцIыи пэжи, езыр зыхуейр и пшынэм къригъэкIыу щIедзэ. – ТекIуэныгъэм псэ куэдыIуэ

щIыдот щыжраIэм: «Ягъэ кIынкъым! Зауэр ди текIуэныгъэкIэ еухри, лъхуэнпIэным къыхуигъэщIа ди цIыхубзхэм дагъэбэгъуэжынщ», - жи.

А командирышхуэр захуэт икIи жыжьэрыплъэт. Ауэ зы IэщIэгъупщыкIат е ибзыщIат. Зи гугъу сщIыр... ЦIыхухъу щымыIэжмэ, цIыхубзхэм дауэт узэрагъэбэгъуэжынур? Нобэ ауэрэ езыр-езырурэ согупсысыжри, и щхьэр течауэ къыджимыIэми, Iуэхум тэмэму еплъ а зауэлI цIэрыIуэр мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыхэкIат. Iэщыр, джэдкъазыр зэрызэрыгъэбагъуэ щIыкIэм щыгъуазэт. Псалъэм папщIэ, шыбз гуартэм зы хакIуэр яхурокъу. Былым хъушэми зы гуу хаутIыпщхьэри... ТIыри, адакъэри...» – жиIэу и жьэ фIейр къитIэщIурэ, къызэIэпщакIуэу щыщIидзэм...

- Къобэнынуи хуежьат, Гуащэ?

- Хуежьа къудейт?! Си щыгъыныр сщитхъыу къызэныкъуэкъу щыхъум, IэлфIыцIэу сыкъызокIуэкI, зысхуэмыубыдыжу сыкъыщолъэтри... Псэ мышынэ щыIэ? Си закъуэщ, хэт ищIэрэ, жысIэри, джыдэр къэзгъэIэгъуауэ щылъти, си нэм лъы къытелъэдауэ ар къызопхъуатэри... Зи IитIри фIэгъукIын мо хьэбыршыбырыр, Алыхьым и шыкуркIэ, Iэшэт, армыхъу лIышхуэм сыпэлъэщын мыгъуэт сэ? Ауэ, Алыхьым гущIэгъу къысхуищIри, гуу бжьэншэм и щхьэр а сIыгъа джыдэмкIэ пызмыупщIу къызэлат. «ЛIыхъужьыр», хьэфэ топу, къыщIэмылъеикIамэ, и пIэм изукIыхьри... Зауэмрэ гуауэхэмрэ я Фэеплъсын цIэри зыфIэзмыщыжауэ, щхьэ закъуэжь сынуи сыпIийуэ дунейм сыкъытемынэу, сэри пасэу кIэ згъуэтри сащыгъупщэжат. АрщхьэкIэ языныкъуэкIэрэ губгъэн зыхуэсщIа Алыхьым къысхуигъэгъу жысIэнути – къысхуигъэгъуакъым: мылIэ-мыкIуэд щхьэдзасэжьу нобэм сыкъигъэсащ, - жиIэурэ тхьэусыхэу и дуней гъащIэр ихьырти... Мис иджы, си жьэм къысхуемыгъэкIуами, мо жэщым сигукIэ жысIар сэри Тхьэм къысхуигъэгъу: пIуэтэжа мыгъуэщ, Фэеплъсын.

ХЬЭIУПЩЫ МуIэед

# Хъаджэт и къафэ

*Новеллэ*



Уэзджэрий жэщыбгым къызэщыуащ. И нэр къызэтримыхыу, абы блынымкIэ зигъэзащ жеижын и гугъэу, ауэ, щымыгугъауэ, жейр псынщIэу щхьэщыкIри, бгъукIэ зэрытегъуэлъхьам хуэдэу къэнащ. Зыкъомрэ апхуэдэу хэлъащ, зэгупсысынури ищIэнури имыщIэу. Сыт ищIэнт жэщыбгым? Сытми егупсысын илъэс тIощI ныбжьым щимытыжкIэ. Ебгъуанэ илъэсипщIыр зэхуэдитI ирищIыкIауэ ирелъэфэкI зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэр нэхъ къытехьэлъэу. Тхьэм и шыкуркIэ, и лъэм зэрехьэ. И Iуэху Iыхьэ тIэкIуи ещIэф: жэмыр Iэхъуэм деху, бом хуэмурэ щоулъэпхъащэ, мэкъуэщым йопэщэщыхь, шыгъуэгу хадэм ит бжьэ матэ зытIущым кIэлъоплъ. Алыхьырщ, Алыхьым нэмыщI, абыхэмрэ и нысэмрэщ гурыфIыгъуэу иIэр. И нысэ жиIэ щхьэкIэ, зэи ар нысэу ибжакъым, и быну фIэкIа.

Уэзджэрий и гущIэр къиузыкIащ. Щхьэхынэу икIи хьэлъэ-хьэлъэу зыкъигъэзэжри, тхыцIэкIэ тегъуэлъхьащ. И Iэ гъур кIыхьитIыр хуэму дрихьейри и щхьэм щIилъхьащ. Иджы ар апхуэдэу нэху щыху щылъыфынут. МащIэрэ зыкъыхуигъэгусэу щыта и щхьэгъусэ Табыхъан мыгъуэм абы щхьэкIэ.

– Сыт, на-а-а, апхуэдизу узэгупсысыр, – шхыдэрт Уэзджэрий зыри щыпимыдзыжым деж, ар зэплъ унащхьэмкIэ зыкъомрэ плъэрти, дыщIигъужырт: «КъибджыкIIауэ пIэрэ-тIэ сэ сымыщIэу а унащхьэм хьэмэрэ укъыздикIыжам зыгуэр...». АдэкIэ, Уэзджэрий жиIэнум пэмыплъэу, и щIыб къигъазэрти, зиущэхурт.

Уэзджэрий унащхьэм зыри къриджыкIыртэкъым. КъриджыкIынуи хьилымышхуэ бгъэдэлътэкъым. Мэл щхьэ бжыгъэр зэрыхъур ищIэ, щымыуэу ар ибжыф къудейт. КъыздикIыжа Къущхьэхъум къыщигъэнар зыпэрыта хъушэрт. Ауэ зэрыцIыкIу лъандэрэ жэщкIэ и адэм и гъусэу мэл гъунэм щылъу уафэм дэплъейуэ есати, хъупIэм къыщехыжахэм дежи нэхъыбэм апхуэдэу щылът. Уэздыгъэр ягъэункIыфIу, пэшыр кIыфI хъуа нэужь, жейм емызэгъмэ Табыхъан зэрыIурихыу, хуэм цIыкIуу кIэщIэкIуэсыкIырти, шыгъуэгу хадэм кIуэрт. Уафэ хуитым и нэгу фIыцIэ вагъуэхэр къызэрылыдыкIым зэриплъэу, и гур псэхужырт. МащIэрэ епсэлъакъым, мащIэрэ и щэхухэмрэ и хъуэпсапIэхэмрэ ирихьэлIакъым вагъуэхэм Уэзджэрий, Табыхъан гухэлъ щыхуищIами япэ дыдэ и щэхур зыхуиIуэтар ахэрат. Къишэу унагъуэу тIысыжа нэужьи, и псэлъэгъури и чэнджэщэгъури вагъуэхэрат, псом хуэмыдэу нысащIэм щыхуэзэшым деж.

Вагъуэхэр Уэзджэрий джэджьейхэм, мазэр джэдкъурт анэм иригъэщхьырт. Езыри щIэхъуэпсырт мазэр вагъуэхэм къызэраухъуреихьам хуэдэу Табыхъан и бын цIыкIухэм яхэсу дыхьэжыну. Ауэ илъэсхэр зыр зым я ужь иту къахуемыплъэкIыу кIуэрт, я нэ къызыхуикI бынхэр ямыгъуэту. Япэ къомым Табыхъан и гугъащ Уэзджэрий апхуэдэу гупсысэу унащхьэм щIыдэплъейр арауэ. Иныкъуэхэм деж и лIым псалъэ IэфIу щыIэр жриIэу едэхащIэрт, и Iэпкълъэпкъ псомкIи абы зрикъузылIэрти, еIущащэрт: «ДиIэнщ, Алыхьым къыдитынщ быни, апхуэдизу уи гур умыухыж. Зэхэпхрэ, Нэху, диIэнщ...»

Уэзджэрий и щхьэгъусэм и псалъэхэр и фIэщ хъурти, абы и гурыщIэ IэфIымрэ и хъуэпсапIэхэмрэ гухэлъ пщтыркIэ пэджэжырт. Щысыгъуэ зэманыр псынщIэу кIуэрти, Уэзджэрий Къущхьэхъум дэкIыжырт. ЖэщкIэ мэл гъунэм щылъу вагъуэхэм щахэплъэкIэ, абы игу къэкIыжырт Табыхъан и псалъэхэр: «ДиIэнщ, Алыхьым къыдитынщ быни, апхуэдизу уи гур умыухыж. Зэхэпхрэ, Нэху, диIэнщ...» А псалъэхэм апхуэдиз фIэщхъуныгъэ хэлъти, уи фIэщ мыхъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Ауэ сыту пIэрэ Табыхъан хьэкъыу и псэм пхыкIауэ ар и фIэщу щIыжиIэр? Дэнэ щищIэрэ? Ар къыгурыIуэртэкъыми, Уэзджэрий гугъу ехьырт, шэч тIэкIуи къыщытрихьэ щыIэт, ауэ Табыхъан зыкъригъащIэртэкъым.

ЗэрызыкъримыгъэщIари нэхъыфIщ. ЩхьэкIуэ зышэч щхьэ шхыгъуэ йохуэ, жыхуаIэращ, Уэзджэрий икIэм-икIэжым зэхихащ апхуэдизрэ зыпэплъа псалъэр. Ар щIымахуэм и кIэрат. Мэл лъхуэнпIэнхэр къыхадзырт, щIэжьей нэхъ пасэу къызыщIэхъуэнухэр щхьэхуэ ящIырт, Iуэхур и кIэм нэблагъэри жьэIурыхьэгъуэ тIэкIу ягъуэтати, Уэзджэрий унагъуэм зэ яхэплъэну къехыжащ. Зэрихабзэу, гувауэ къэсыжати, лIыжь-фызыжьыр къимыгъэушын папщIэ абыхэм я деж щIэмыхьэу лэгъунэмкIэ занщIэу игъэзащ. Табыхъан пырхъуэм тету къыпэплъэрт. Зэрыхъуари имыщIэу, къаплъэIамэ сыкъалъагъунщ жимыIэу, и щхьэгъусэр уащхъуэдэмыщхъуэу

къипхъуатэри унэм щIихьэжащ. ЩIым имыгъэуву зрекъузылIэ, йодэхащIэ, нысащIэм и Iу бахъэ пщтырым и щхьэр игъэунэзащи, зыхуэубыдыжыркъым.

– Хуэму, – лъэIуащ и бгъэм щIикъузэр. Ауэ Уэзджэрий абы едаIуэртэкъым. Щымыхъужым, Табыхъан и лIым щабэу зыкъыIэщIихыжри, сакъыу лъэгум теуващ. Зыри къыгурымыIуэу къеплъ и лIым и нэгум гуапэу иплъэри, дэрэжэгъуэ хэлъу жиIащ: «ДяпэкIэ апхуэдэу пхъашэу укъысхущыт хъужынукъым...». Зыри Уэзджэрий къыгурымыIуэу, Табыхъан йоплъ.

– Пэжщ, Нэху, ар, – мэIущащэ унэгуащэр.

– СщIакъым, Хъан, – мэгуфIэ лIыр.

– Иджы, уощIэри, сакъ.

– Хъунщ...

Уэзджэрийрэ Табыхъанрэ нэху щыху жеятэкъым. Сабийм фIащыну цIэр къыхахащ: цIыхухъуцIэу ищIэр кърибжэкIри, Уэзджэрий Бэтмырзэм къытеувыIащ. Табыхъан щэхуу цIыхубзыцIэхэм хэщыпыхьащ. Линэр нэхъ игу ирихьащ. Ауэ Уэзджэрий зыкъригъэщIакъым.

Зэманыр псынщIэу кIуэрт. Мэл лъхуэныр зэфIэкIри щIэжьей хъарзыни къыщIагъэхъуащ, мэлхэри ящри, Къуищхьэхъум дэкIахэщ. Уэзджэрий и гур Табыхъан деж щыIэт. Иужьу щехыжам, ар нэхъ хьэлъэ хъуат. «Дауэ зэфIэкIыну пIэрэ?» Мычэму зэупщIыжырт. «Хъарзынэу, умыгузавэ», – къыхуэгуфIэрт вагъуэхэр... «... Пэжщ, пэж, Уэзджэрий», – къыхуэгуапэт дыгъэри. Алыхьым къызэлъэIу жиIащ. «СелъэIунщ», – мурад ещI. Зэчыр къэрегъажьэ. Ауэ, куэд ищIэртэкъыми, щегъэтыж. Мыдрисэм щIэтIысхьа къудейуэ революцэр къэхъейри ар зэхуащIыжащ. Ноби и нэгу щIэтщ езыгъэджа ефэндыр, зэчыр ину жиIэу, нэмэз щыгъэхэр и Iэпэ пшэр цIыкIухэмкIэ игъажэу шыгум и пхэм пысу, абы сэлэтитI шууэ и ужь иту, зэчыр жызыIэм ар щрагъэгъэтыну зытрашащIэу, модрейри абыхэм къемыдаIуэу, нэхъ ерыщ екIуауэ нэхъ иныжу и макъыр иутIыпщауэ жиIэу къуажэм зэрыдашар. Тхьэм ещIэ ар здашар. КъигъэзэжакъыМ. Абы и ужькIэ и щхьэгъусэ Цаци зэхэзехуэн ящIри, ари и дыщым кIуэжащ. Ахэр зыщIэса унэм къуажэ Советыр щIэтIысхьэри хадэр пщIантIэу яутIыпщыжащ. Иужьым тIууэ зэтет колхоз правленэр иращIыхьыжащ.

Уэзджэрий мыдрисэ нэужьым еджэн Iуэху зэрихуэжакъым. И адэм дишри мэлым пэригъэуващ. Лэжьыгъэм дихьэхри, иужькIэ школым яхуэкIуэжакъым. И адэми ар хигъэзыхьакъым. Арати, а щIыкIэм тету, мэлыхъуэ хъуащ, иужьым, и адэр щытIысыжым, лэгъупэжь ящIащ. Псори хъарзынэу къехъулIэрт. Ауэ зытегузэвыхьыр Табыхъант. ЖэщкIи мыжейуэ абы егупсысырт. Апхуэдэу гупсысэу вагъуэхэм яхэплъэу, абыхэм я гур фIы къыхуащIу зы жэщ гуэрым здэщылъым, шы лъэ макъ зэхихащ. И адэм къущхьэхэм деж мэлкIэ къыщихъуэжауэ щытауэ и бгъумкIэ щылъ хьэ къуэлэн пIащэр макъыр къыздэIуамкIэ щIэпхъуащ. Куэд мыщIэу абы къегъэзэж, шыр Iэдэжу иIыгъыу лIы гуэр и ужь иту.

– Бохъу апщий! – къыIуохьэ хьэр зыгъэпхъэра хьэщIэр.

– Упсэу апщий! – къызэфIотIысхьэ Уэзджэрий, гувауэ къыхуэкIуа хьэщIэр къицIыхуауэ. Ар и гъунэгъу пщыIэм и лэгъупэжь ЛIыхасэ Бэчкъант.

– КъэтIыси тIэкIу зыгъэпсэху, Бэчкъан, итIанэ пщыIэмкIэ дыкIуэнщ.

– Уэлэхьи, Уэзджэрий, икIи сыкъэтIысынумэ, икIи узгъэгуфIэнумэ, абы иужькIэ пщыIэмкIи сынэкIуэнумэ.

Уэзджэрий зыри жимыIэу Бэчкъан хуеплъэкIащ. Сыт мыбы ныжэбэ къыщыщIар? ЛIы тIыгур цIыкIу псэлъэгъуейр апхуэдэу къызэрыкIауэ зэи илъэгъуакъым. Абы и щхьэусыгъуэри щIэх дыдэ наIуэ хъуащ.

– Псэ быдэ, къуэпынцыпын, къупщхьэ Тхьэм пхуищI.

Уэзджэрий псынщIэу къызэфIэуващ. ТIысыну зызыгъэщхъа Бэчкъан и Iэблэр иубыдри къызэфIигъэувэжащ. КърагъэзэкIри IэплIэ хуищIащ.

– Алыхьым фIыкIэ уигъэгуфIэ, Бэчкъан, хуабжьу хъыбар гуфIэгъуэ къысхуэпхьащ. ГуфIапщIэу си шы-уанэ зэтелъ узэхъуапсэр уэстынти, уи анэ узригъэфа быдзышэу хьэлэл пхуэсщIынт, ауэ...

– Уи шы-уанэ зэтелъми и хъер улъагъу. Лы уимыIэмэ, зы ныш укI. Сэри Iэгу IэщI-IэщIджафэу сыкъыпхуэкIуакъым, си ныбжьэгъужь.

– Упсэу, Бэчкъан, уэлэхьи, лыи сиIэм, ауэ... щIалэм и цIэкIэ зы хьэщIэныш пхуэзмыукIауэ дауэ узутIыпщын?

Уэзджэрий хъушэмкIэ иунэтIащ. Абы мэлыр зэIихыху, Бэчкъан мафIэ ищIри, шыуаныр лъахъшым фIидзащ. И шым кIэрылъ гъуэмылалъэр къыкIэритIэтыкIри, абы фадэр кърихащ, абджхэр Iэнэ папщIэу иукъуэдия щIакIуэм и щIагъым щIилъхьащ...

ЦIыхухъум дежкIэ гъащIэм нэхъ IэфI дыдэу хэлъыр адэ хъуауэ къыщищIэ дакъикъэрщ. Мис абдежым къыщегъэжьауэ ар и быным и гъащIэрэ хъуэпсапIэкIэ мэпсэу. А жэщым къыщыщIэдзауэ Уэзджэрий псэуащ и къуэм и насыпыр зы махуэм нэхърэ адрейм нэхъ ин зэрищIыным хущIэкъуу. Хэт ищIэн, ар абы къехъулIэнкIи хъунт, зауэр мыхъуатэм...

... Уэзджэрий ину хэщэтыкIащ. Хуейтэкъым а псор аргуэру игу къигъэкIыжыну. Ауэ гукъэкIыж хьэлъэхэр, зыр зым и ужь иту, хуэмурэ жэщ кIыфIым къыхэкIырти, и пIэ лъапэм къыщызэхуэсырт. Дэнэ укIуэн абыхэм уаIэщIэкIыу? Табыхъан мыгъуэр псэужатэмэ, еджэнти къигъэушынт. Абыи къэгубжь хуэдэу зищIынти, ауанышIу тIэкIу гъумэтIымэнт:

– Сыт, вагъуэхэр къоджэу ара?

– Хьэуэ, Хъан, щIалэм и гугъу пхуэсщIыну арат.

– Арамэ хъунщ, Нэху, жыIэ, сынодаIуэ.

Табыхъан и лIым гъунэгъу зыкъыхуещI. Псэуху абы Уэзджэрий и цIэр жиIакъым. Къызэреджэр Нэхут. Уэзджэрий абы зэреджэжыр Хъант.

– ПщIэрэ, Хъан, ди щIалэр...

– СощIэ, Нэху, щхьэ сымыщIэу...

Хъыбар кIыхьт ар. ЩIалэм япэ лъэбакъуэр щичам къыщIадзэнти, зауэм кIуэну щежьа махуэм нэсыху гъуэгуу зэпичар дзыгъуэ гъуанэ зыдихьа къамыгъанэу зэхуаIуэтэжынт. ИтIанэ письмо къызэримытхымрэ абы и щхьэусыгъуэу къалъытэмрэ тепсэлъыхьынти, я нысэ цIыкIум дежкIэ екIуэкIыжынт. Абыи и щхьэцым налъэу хэтым хуэдиз псалъэ дахэ хужаIэнти, жеижынт. Е ар ямыухыу нэху къатещхьэнти, щхьэж и Iуэху пэрыхьэжынт.

УэзджэрийрэТабыхъанрэ бын куэд яIэну я нэ къикIа щхьэкIэ, а зы къуэм фIэкI ягъуэтакъым. Сыт ящIэнт, зызэтраубыдэжри, я гур ягъэбыдащ. Ауэ, зым адрейм зыкъримыгъащIэу, иджы ахэр зыщIэхъуэпсыр я къуэм къишэу бынунагъуэшхуэ хъужынырт. ЩIалэр къызэрыдэкIуэтейуэ, Табыхъан хъыджэбзхэм хэплъэу щIидзащ. И къуэр щIалэ щхьэпэлъагэ зэкIужт – и адэм дежкIэ кIуэжат. Уэзджэрий и щIалэгъуэм ауэ сытми дахэу щыта. ЩIалэ гъур кIыхьрэ пкъыфIэу, уардэу, и нэ фIыцIэ пIащитIыр лыдрэ гуфIэ зэпыту.

И щхьэц хъурыфэ фIыцIэм уи Iэр хэбгъэлъадэу зэIыпщIэну уехъуап-

сэрт. Ар джэгум кIуамэ, хъыджэбзхэм афIэкIа Iуэху яIэтэкъым. Ахэр щIалэм хуэгуфIэрт, нэкIэ едэхащIэрт, я гурылъыр ямыбзыщIу хуаIуатэу. Табыхъани, адрей хъыджэбзхэм хуэдэу, Уэзджэрий телIэрт, ауэ зыкърригъащIэртэкъым. КъыфIэмыIуэхуу фэ зытригъауэрт.

Хъыджэбз къамылыфэ гъур цIыкIум къызэрыфIэмыIуэхум, ар къызэрыхуэгущIыIэм щхьэкIэ, Уэзджэрий зэгуэпырти щIэх-щIэхыурэ абы зыбгъэдигъахуэрт, зыгуэрхэр жриIэрт. Адрейми къыпидзыжышхуэ щыIэтэкъым, нэхъыбэм IукIырти ежьэжырт. Табыхъан ар пагагъым къыхихыртэкъым. ЩIалэр фIыуэ зэрилъагъур сэтей къыфIэхъункIэ шынэрти арат апхуэдэу щIищIыр. Хуейтэкъым ар къыщцыдыхьэшхыну. Арыншами абы игъэвыр езым ещIэж.

Уэзджэрий Табыхъан фIыуэ зэрилъагъур щIэх дыдэ къуажэм дэз хъуащ. Мо щIалэ дахэшхуэм хъыджэбз къамылыфэ нэ фIыцIэ IэпцIупцI цIыкIур хуагъэфащэртэкъым. Ар Уэзджэрий ириубыдылIэу жезыIаи къыхэкIащ. АрщхьэкIэ абы зыри зытригъэхьакъым. «Дагъуэ гуэр зимыIэ щыIэкъым. Мазэ пэтрэ дыркъуэ телъщ. Табыхъан и псэр дахэщ. Ар щхьэнтэ тыку джэгуалъэ, натIэ Iупэ гъэджыдэ хъунукъым...

... Уэзджэрий Iэдэгъуэмылъэ зэрызэригъэуам хуэдэу щылът. Пэшыр пхъуантэ кIуэцIым хуэдэу кIыфIт, жьыи псыи щIэттэкъым. Нэхуи щIэх щыныфэтэкъым. Мазэм и нур фагъуэ щхьэгъубжэм къыдидзым пэшыр мащIэу игъэнэхут, Уэзджэрий зэрылъ тахътэбаным къыбгъурыт шэнт щхьэгуэм дахэу зэкIуэцIылъхьауэ телъ щыгъынхэр, пIэ лъапэм едзэкIа дыжь джэдыгу IэгупIэ-IэгупIэурэ дыжар фагъуэу къыхощ.

МащIэ щIа ар Табыхъан мыгъуэм зэрыхуидыжрэ. Сыту куэд къигъэщIа Уэзджэрий. Дунейр къызэриухуэрэ псэу къыфIощI. Табыхъан... ЩыIэу къыщIэкIынтэкъым абы нэхърэ нэхъ гу къабзэ зиIэрэ нэхъ псэ хьэлэлрэ. Щыуатэкъым Уэзджэрий ар псэуэгъу щищIам. Зэрыгугъауэ къыщIэкIат. Ауэ абы и ныбжьэгъуу щыта Фаризэ дахи, Хъузимэт зэкIужи ялIхэр ящхьэщыукIуриикIа нэужь шыгурыхъу Iэпхъуалъэншэу къуажэм къыдэнат. Абыхэм Iуплъэху Уэзджэрий Тхьэм фIыщIэ хуищIырт ахэр пэшэгъу къызэрыхуимыщIам щхьэкIэ. ИтIани, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, мызэ-мытIэу телъэдат а тIум языхэз къишэу тIысыжыну. АрщхьэкIэ, къекIэрэхъуэкIри, и Iуэхур нэгъуэщIу хъуащ...

... Уэзджэрий ину хэщэтыкIащ. Сыту угъащIэмащIэт, тхьэмыщкIэ. Си закъуэ дыгъурыгъуууэ дунейм сыкъытебнэри уежьэжащ. Псэужкъым си гъунэгъужь си гукъеуэр къыздэзыгуэшу щыта Iумэтджэрии. Азэмэтхъани Хьэжкъасыми. Хьэжкъасым и бынхэр, щIапIэр ящэри къалэм Iэпхъуэжащ. Iумэтджэрий и щхьэгъусэ тхьэмыщкIэри дунейм ехыжащ. Азэмэтхъан и къуэ ди щIалэм къыдеджар депутату хахащ. Уэлэхьи, хуабжьу яIэтым. Мэзкуу нэгъунэ яшэри телевизоркIэ къагъэпсэлъащ. Бэтмырзэ ноби зэрыхъыбарыншэщ. Нысэ цIыкIури щысщ абы поплъэри. Уазэрэ бзууэ гъуащ. Дунейм теткъым ар жылэр зэрызыгъэукIа пшынауэ Iэзэ Хъаджэт дахэу зэрыпщIэжын.

ПщIэжрэ ар нысэу къыщыпхуашам уэ гуфIэгъуэу уиIар?! Сыноплъыху сэри си гур хэхъуэрт икIи щIэх-щIэхыурэ си нэгу къыщIэувэжырт Бэчкъан хъыбар гуфIэгъуэр ныщысхуихьа жэщыр. Сигу ихужыртэкъым Бэтмырзэ щедгъэжьа махуэри... Уэзджэрий фIэфIтэкъым ар игу къигъэкIыжыну. Ауэ лъэмыкIыу и нэгум къыфIыщIоувэж.

... МазитIым щIигъуауэ ар мэлым и закъуэ пэрытт. Муси Сэфарбии курс гуэрхэм ягъэкIуат. А щIалэ ахъырзэманхэм я пIэкIэ къагъэкIуа Хьэтызэ жьы хъуат, лъэрымыхьти, пщыIэм Iэпыдзлъэпыдзэу къытринэрт. Ма-

хуэ гуэрым, зэрихабзэу, Хьэтызэ пщыIэм къытринэри, Уэзджэрий мэлыр пщыIэм трихуащ. ХъупIэм псынщIэу нэсри, мэлхэм хъуакIуэу щIадзащ. Уэзджэрий мэлыхъуэ башыр зыщIигъакъуэри уващ мэлхэм яхэплъэу. Заулрэ апхуэдэу щытащ. Нэхъыбэжри щытынкIэ хъунт, пщыIэмкIэ къикIыу лъэ макъ зэхимыхатэмэ. Ар къэсри къэувыIащ. Шур Хьэтызэт. Уэзджэрий абы бгъэдыхьэри и лъэрыгъэпсыр иубыдащ. Хьэтызэ шым хуэм дыдэу къепсыхри, щIым къытеуващ.

– КъэхъуаIа, Хьэтызэ, щхьэ укъэкIуа? Мыдэ иджыпсту шыр сыутIыпщынщи... – Уэзджэрий шыныбэпхыр къигъэлэлэну Iэбащ.

– УмыпIащIэ, Уэзджэрий, умыутIыпщ шыр, уемыхыжу хъунукъым.

– Сыт къэхъуар?

– Уи щIалэ Бэтмырзэ докI.

– Дэнэ здыдэкIыр, сыт щIыдэкIыр, хэт дэзыгъэкIыр, ищIар сыт? – къызэщIоувыIыкI Уэзджэрий.

– Уэлэхьи, лыхьэзим, зыри имыщIа. Ауэ зыщIэн зымыщIэжыр нэмыцэу зи цыр укъуеиныращ.

– Сыт нэмыцэ, сытыц? Тхьэ сыгъыIэ, зыри къызгурымыIуэ, Хьэтызэ.

– Тхьэ пхуэсIуэнщ, сэри сымыщIэ абыхэм яхуэмыгъуэтыр.

Уэзджэрий, зыри къыгурымыIуэу, Хьэтызэ йоплъ. Абы и Iэ гъур къарууншэ цIыкIумкIэ и напIэр еIуэтри, зэхэпх къудейуэ жеIэ:

– Зауэ къэхъеящ, Уэзджэрий, германыжьыр аргуэру къежьауэ жаIэ. Уи щIалэр абы яшэ.

– Дапщэщ щежьэр?

– Пщэдейуэ жаIэ. Уэзджэрий хъыбар тхуегъащIэ, дэ допIащIэ, нэгъуэщI щIыпIэхэми дымыкIуэу хъунукъым, жари кIэмсомол секретарымрэ щIалэ мыцIыху гуэррэ пщыIэм къытехьащ.

Уэзджэрий, Хьэтызэ хъушэм къыпэринэри, къежьэжащ. Пшапэ зэхэуэгъуэм ар къуажэм къэсыжащ. Табыхъан къыпэплъэу куэбжэпэм щытт. Уэзджэрий шым къепсыхри, абы бгъэдыхьащ.

– Дауэ ущыт, Хъан?

– Хъарзынэщ, Нэху.

– ЩIалэр дэнэ щыIэ?

– Губгъуэм.

– Нысэр-щэ?

– Ари.

– Зэрежьэнур ищIэрэ?

– ЕщIэ. Езыр щIэлъэIуауэ жаIэ, – и нэпсыр и Iэлъэщ кIапэмкIэ елъэщI. «Хъунщ-хъун, къэгъанэ», – къызэфIозэрыхь Уэзджэрии игу. Ауэ гу зылъримыгъатэу жеIэ:

– Iумэтджэрий, Азэмэтхъан, Хьэжкъасым сымэ еджэ.

– КъэкIуауэ щысхэщ. Нобэ псом тетIысхьахэкъым.

Жэщыбг хъуху лIыжьхэр щысащ. Iэджи жаIащ, Iэджи ягу къагъэкIыжащ.

Пщэдджыжьым къуажэ щIэлъэныкъуэр къэкIуащ Бэтмырзэ ирагъэжьэну. Табыхъан нэщхъейт. Ар щIэх-щIэхыурэ и къуэмрэ и нысэмрэ дежкIэ плъэрт. Бэтмырзэ и ныбжьэгъухэм я гъусэт. Ахэр хуэму зыгуэрхэм тепсэлъыхьырт.

И нысэри, звеном хэтхэм къаувыхьауэ, зыри жимыIэу нэщхъейуэ щIым еплъыхыу щытт.

– Хъаджэт, пшынэ тхуеуэ, – къэджащ щIалэхэм ящыщ зы.

– Хьэуэ, – Хъаджэт и щхьэр ищIащ.

Хъаджэт пшынауэ Iэзэт. Зы хьэгъуэлIыгъуи, зы гуфIэгъуи къуажэм щекIуэкIыртэкъым ар хэмыту. Хъаджэт зыхэмыт гуфIэгъуэр гуфIэгъуэу ябжыртэкъым. Хъаджэт джэгум щыIащ, Хъаджэт дигъэджэгуащ, жаIэрт щIалэхэм гушхуэу. Абы къелъэIуа щигъэщIэхъу къэхъуртэкъым.

Хъаджэт пшынэм еуэн щIимыдар псоми къагурыIуащ.

– Зауэр зэрымыгуфIэгъуэр дощIэ, тIасэ. Ауэ нобэ, Алыхьым и шыкуркIэ, Бэтмырзэ узыншэу идогъажьэ. Тхьэм апхуэдэ дыдэу узыншэу гуфIэгъуэкIэ къыдигъэхьэж зыдэкI пщIантIэм. Еуэ, тIасэ, – къопсалъэ фызыжьхэм ящыщ зы. Хъаджэт зигъэхъеякъым.

– КхъыIэ, Хъаджэт, фIыуэ слъагъу къафэм иужь дыдэу зэ сегъэдэIуэж, – къыхыхьащ псалъэмакъым Бэтмырзи. Хъаджэт къэскIащ. ПсынщIэу и щхьэр къиIэтри, абы и дежкIэ плъащ. А тIум я плъэкIэр щилъагъум, Уэзджэрий и фэр шэхуу пыкIащ, IэфIыгъи гъащIэ лъэпкъи щIэлътэкъым и къуэм и плъэкIэм. Ар абы и иужьрей лъэIут...

... Уэзджэрий хьэлъэу щэтащ. И щхьэм щIэдза и IитIыр къыщIихыжри и бгъэм трилъхьащ. И гур, и бгъэр зэгуиудыным хуэдэу, ину къеуэрт. Жэщ гугъут, жэщ хьэлъэт ныжэбэрей жэщыр. Сытуи кIыхь. ЛIыжьым и щхьэр къиIэтри щхьэгъубжэмкIэ плъащ. Ар бэрэжьей жылэм хуэдэу щIыху-фIыцIафэ хъуат. Нэху щырт. Жэщыр щIылъэм хуэмурэ щхьэщыкIырт, Уэзджэрий гукъэкIыж хьэлъэхэр зэримыухар и гум къеуэ хуэдэ. Щхьэгъубжэ къэпщIэнтIам ткIуэпс щIыху фIыцIафэхэр ежэхыу щIидзащ. Уэзджэрий къыфIэщIащ ахэр и къуэр и нысэм щелъэIуам абы и напэ хужь фагъуэм къытелъэдэну зызыгъэхьэзыра нэпсхэр арауэ...

... – Хъунщ, Бэтмырзэ, сеуэнщ фIыуэ плъагъу къафэм. Ауэ абы и ужькIэ зыри къызремылъэIу, уэ укъэкIуэжыху си Iэпэр пшынэм хуэсхьынукъым.

– СыкъэмыкIуэжмэ-щэ!..

– УкъэмыкIуэжмэ – игъащIэкIэ!

– ПхуэмыгъэзащIэмэ, уукIытэжынщ, Хъаджэт, апхуэдэу жумыIэ.

– СхуэмыгъэзащIэмэ, си Iэпэр пыгъукI.

Хъаджэт, псынщIэу зигъазэри, лэгъунэм щIыхьэжащ. Куэд мыщIэу абы къыщIэIукIащ макъамэ.

*Къуажэ школымэ,*
*Уэзджынэ къоуэрэ,*
*Мы си лъагъуныгъэри*
*Къупщхъэ зауэм хуэдэурэ*
*Къызозауэ мыгъуэ,*
*Си нэ дахэ, зо-о-о!*

Хъаджэт пшынэм еуэу, абы дежьууэ унэм къыщIокIри, пщIантIэм къыдохьэ.

*Пшынэ фIыцIэри*
*Зэрызошэрэ,*
*ЗэпылъитI зэрышэрэ*
*ФIыуэ слъагъу симышэмэ,*
*Сыкъренэ мыгъуэ*
*Щхьэгъусэншэу сэ.*

Ауэ япэ лъэтэгъуэм дуней гуфIэгъуэр зыгъэв пцIащхъуэм ещхьтэкъым уэрэдыр. Ар жызыIэр фIыуэ илъагъум пыкIырт – гу зыщимыхуа и лъагъуныгъэр игъеижырт. Уэрэдыр къуажэм щхьэкIуэу дыхьат, зыхудыхьар псэууэ пщIантIэм дэту.

*Шыгъуэ цIыкIури*
*МэкIуэракIуэрэ,*
*Джэгум сэ сыщIэкIуэри,*
*ЦIыхум сащIыхыхьэри*
*Уэ зы закъуэрати,*
*УзиIэжкъым сэ.*

Уэзджэрий и тэмакъыр, гъущэ хъури, щиубыдыкIащ. И нэхэм къыщIэлъэлъыну къеIэ нэпсхэр къимыгъакIуэу дзапэкIэ зэтриIыгъэрт. Абыхэм яуIа Iупэм къызэпхиуда лъыр и жьэпкъым къытелъэдащ. И гъусэу щысхэм закъримыгъэщIэну: «Си дзэлыр уIэгъэщи, лъы къыдэкIыурэ сызэгуегъэп», – жери и къэптал IэщхьэмкIэ ар ирилъэщIэкIащ. ЩымыувыIэжыххэм, къызэжьэдимыгъэкIыу IукIэ иришэхыу щIедзэ. Ар гъущIэу гъущэ хъуа и тэмакъым хуабэу телъадэрт...

... Хуэмурэ нэху мэщ. Уэзджэрий къызэфIэтIысхьэри, зимыгъэхъейуэ заулрэ пIэкум исащ, итIанэ мыпIащIэу зихуапэу щIидзащ. Гъуэншэдж щIыху-фIыцIафэр щитIагъэри, къэпталыр и дамэм телъу щIэкIащ. ЩIыбыр щIыIэщ. ЩIы щхьэфэм нэр тепщIыпщIэу жэпыр телът.

– Пасэу жэп къехащ, бжьыхьэр уэфI хъунущ, – плъащ ар IуэмкIэ. Жэмыр Iуэбжэм къыIуувауэ щытт. Пэгун лари абы пэмыжыжьэу фIэлът.

– УмыпIащIэ, иджыпсту нысэр къыщIэкIмэ, псори тэмэм ищIынщ. НтIэ, тIысэ, иджыпсту, – жэмым и пэ къишиям гуапэу Iэ дилъэри, Уэзджэрий шыгъуэгу хадэм ихьащ, къэпталыр лъэрымывэм трилъхьэри, псынэм бгъэдыхьащ.

Уэзджэрий пIащIэртэкъым. Абы фIэфIт псы щIыIэр IэгукIэ икIыщтэн. И щхьэгъусэ Табыхъани ар ищIэрти, и лIым ежьэу куэдрэ щытт напэIэлъэщIыр иIыгъыу. Пэж жыпIэмэ, Табыхъан куэдрэ щигъэтыну арат Уэзджэрий апхуэдэу щIищIыр. Арати, Табыхъан зыри жиIэртэкъым. Уэзджэрий ар игъэщIагъуэрт. Апхуэдэу гушыIэурэ, езы дыдэм гу лъимытэжу, псыр IэгукIэ икIыщтэу къиублащ. Иужьым, ар хьэл мыгъуэжьу къыхуинэри, хузыхэнэжакъым. Табыхъан дунейм ехыжа нэужь, и нысэм напэIэлъэщI къыхуихьрэ къыщхьэщыту зригъэтхьэщIу щIидзащ. Япэ къомым Уэзджэрий хущIэкъуащ IэгукIэ псыр зэрикIыщтэр и нысэм иримыгъэлъагъуну. Абы ищIэртэкъым Табыхъан и нысэм ар жриIэжу тIури куэдрэ зэрыдыхьэшхар...

... Уэзджэрий зытхьэщIын иухащ. И нысэр щыттэкъыми, унэмкIэ плъащ. Лэгъунэм и бжэри щхьэгъубжэIупIэри хуэщIат. Iэуэлъауэ лъэпкъи къэIуртэкъым. Уэзджэрий мэкъуэщым ихьэри IэтитI итым я зым еупсея пхъэ гуахъуэр къищтащ, ар зыщIигъакъуэри, зыкъомрэ еплъыхыу щытащ, итIанэ пщIантIэмкIэ къэплъащ и нысэр IэщIэлъэгъуэн и гугъэу. ПщIантIэр нэщIт. Жэмыр бууащ, хъункъэ сызэрывэжьар, жыхуиIэу. Уэзджэрий, мэкъуэщым къикIыжри, Iуэм ихьащ. Еша хъунщ нысэр, зрегъэпсэху. Уэзджэрий и щыпэкъэштэкъым жэм. Гъэшри я нэхъ унэгуащэфIым пумыдзыхыну IэкIуэлъакIуэу зыхуей хуигъазэрт. Губгъуэм ущиткIэ,

ухуей-ухуэмейми, ахэр умыщIэу хъунутэкъым. МащIэрэ ита Уэзджэрий Къущхьэхъум? Иджыри и псэр абыкIэ йоIэ, ауэ еIэкIэ сыт, япэм и Iэр къызыпекIуэкIыу щытам иджы пэлъэщыжынукъым. Жыжьэ умыкIуэ, мы жэмыр ерагъыу къыхуэшыжыф къудейщ. Хъуакъым ар, Уэзджэрий! Хэт и гугъэнт апхуэдэ зэман къыпхуихуэну. Сыту жьауэшхуэу къыщхьэщыт нысэр. Алыхьыр арэзы къыхухъу. Дапщэрэ Уэзджэрий елъэIуат и нысэм и щхьэ ифI зэрихуэжыну. ЩIалэр хъыбарыншэу зэрыкIуэдар зэрыт тхылъ Табыхъан псэуху щигъэпщкIуари иригъэлъэгъуащ. «Сэ сыпсэуху Бэтмырзэ сыхущысынущ», – жери, идакъым. И адэ-анэри мызэмытIэу кърыгъэпсэлъащ. Ахэри зытригъэхьакъым. Щымыхъуххэм, зыми я Iуэху хэмылъ хуэдэу, Уэзджэрий лъыхъу къыхуагъакIуэу щIадзащ. Япэу Уэлджырхэ я къуэр къыщыщIэупщIам, Табыхъан тхьэмыщкIэ мыгъуэм къигъам ущIэмыупщIэ. Абы и ужькIэ куэд дэмыкIыу пIэм хэгъуалъхьэри, къэтэджыжакъым...

ЛIыжьыр хуейт и нысэр насыпыфIэ хъуну, дыгъэщыгъэу быныфIэу псэуну. Нэмэз уахъты ищIыху тхьэ елъэIурт. Зэманыр кIуэрт, Уэзджэрий нэхъ жьы, лъэрымыхь хъурт, нысэри гъатхэ уэсу щIэткIукI-щIэсыкIырт. Уэзджэрий и нысэм къыпигъаплъэ насыпыр къакIуэртэкъым. Апхуэдэурэ нобэм къэсащ. АтIэ, зыр лIэмэ, адрейм зилIэжрэ? ИтIанэ цIыху дунейм къытенэжынтэкъыми.

Уэзджэрий, и щхьэ хуэпсэлъэжурэ, шэр пщэфIапIэм ихьащ. Шхыдэурэ къигъэзэжащ, жэмыр Iуэм къригъэкIри, дихуащ. Уэрамыр нэщIт. Псом я жэмри дахуат. Уэзджэрий и закъуэ, жэмыр япэ иту, докIуей хъушэр пщэдджыжьым щызэхуахус щIыпIэм. Къэзылъагъухэм сыт къыхужаIэн? И жьыщхьэ щхьэхынэ хъужащ! Узыхэтым уалъэщIэмыхьэнрэ абыхэм уакъыхэщынрэ нэхъ Iей сыт щыIэ? Уэзджэрий и напэр мэс. Нэхъ псынщIэ зищIмэ, и башыр и ужь къонэ, башыр япэ ищмэ, езыр и ужь къонэ. Иныкъуэм деж гъуэгубгъум ит псы инам и щхьэфэ тещтыкIам башыр хуозэри, тоцIэфт, абы щыгъуэм къоувыIэпэ – жагъын зыщIа шыгушу.

Сыт жаIэну пIэрэт, иджыпсту Iумэтджэрий, Азэмэтхъан, Хьэжкъасым сымэ сыкъалъэгъуауэ щытамэ? Дауи, къысщыдыхьэшхынхэт. Къысщыдыхьэшхауи псэужащэрэт. Иджы, езым и ныбжь хьэблэм дэсыжкъыми, гугъу йохь. Сытым хуэдэу къехьэлъэкIрэ Уэзджэрий и ныбжьэгъуу щытахэм я куэбжэм блэкIын. Ахэр абдежым щыту е щысу щимылъагъужкIэ, и лъэр щIоху, нэщхъей мэхъу. Табыхъан зэримыIэжыр, и къуэ закъуэм зэи зэрыIумыплъэжынур, и нысэри насыпыфIэ хъужауэ зэримылъагъужынур и псэм абрэмывэу къытогъуалъхьэри, лъэмыкIыу егъэхыщIэ. Алыхьым иухам зыри пхуещIэнукъым. Уэзджэрий йожьэж.

Дыгъэм фIыуэ зиIэтат хъушэр щызэхуахус щIыпIэм Уэзджэрий щынэсам. Къуажэ лIыжьхэр уэршэру зэхэтт, нэхъ щIалэхэр, гуп зырыз зэрыгъэхъуауэ, псалъэхэрт. Iэхъуэм хъушэр иримыгъажьэу и хъуреягъыр къикIухьырт, хэкIыну ныкъуакъуэм япыуэу. Уэзджэрий, жыхьэрмэ мафIэм и курыкупсэм хыхьэ къыфIэщIу, гупым яхыхьащ.

– Сэлам уалейкум, Тхьэм и нэфI зыщыхуэнхэ!

– Уалейкум сэлам, Уэзджэрий! – пщIэ къыхуащIу, псоми я гупэр лIыжьым дежкIэ къагъэзащ.

– Къысхуэвгъэгъу, фызэзгъэжьащ.

– Ягъэ кIынкъым, апхуэдэуи къохъу.

Iэхъуэми, шым къелъэтэхри, Уэзджэрий сэлам кърихащ. Хуит хъуа

жэмхэр зэрехьэжьащ. Ахэр хъупIэм хуэпIащIэрт. Жэм къыдэзыхуахэми загъэгувэжакъым. Зырыз-тIурытIурэ зэбгрыкIыжащ. Уэзджэрий и башым тегъэщIауэ заулрэ щытащ, хъушэ зэрешэжьамрэ шым шэсыжу абы якIэлъежьа Iэхъуэмрэ якIэлъыплъу. Псори зыгуэрым хуэпIащIэрт, хуэпабгъэрт. Аращ гъащIэр. Уи лъэм уихьыху уишэнущ, псэху умыщIэу. Уэзджэрий хуэму, хьэлъэ-хьэлъэу зыкъигъэзэжри, къежьэжащ. Жэпыр дыгъэм игъэткIужри, щIыр псыф хъуат. Псы инам и щхьэфэ тещтыкIахэри псынщIэу къэлэлэжри ткIужу хуежьати, иджы башыр апхуэдэу тецIэфтыжыртэкъым. Уэзджэрий, тэлайрэ къэкIуа нэужь, пшынэ макъ зэхихащ. Ар зыхуихьынур имыщIэу, къэувыIэри зыпхыдэIукIащ. Пэж дыдэу, пшынэ макъ къэIурт. КъыздиIукIри я унэмкIэт. Уэзджэрий къэскIащ. Хъаджэт и къафэкъэ абы зэхихыр? Аращ! Ар зыми хэгъуэщэнукъым. Сыт къэхъуар? Бэтмырзэ къэкIуэжауэ пIэрэ? ФIэщ хъугъуейщ. АтIэ, Хъаджэт пшынэ щхьэ еуэрэ?!

Пшынэ макъым кIуэ пэтми зиIэтырт. ЦIыхухэр зырыз-тIурытIурэ уэрамым къытехьэрт, Уэзджэрийхэ дежкIэ плъэхэрти, щIэупщIэхэрт: «Бэтмырзэ къэкIуэжа?» Фызхэм я дамэр драшейрт, лIыжьхэм я щхьэр ягъэсысырт «сщIэкъым» кърагъэкIыу. Нэхъ щIалэхэр Уэзджэрийхэ дежкIэ кIуэрт.

Уэзджэрий и башыр иджы къылъэщIыхьэжыртэкъым. Япэхэм зытецIэфта псы ина къэткIужахэм иджы ар пхилъэфырт, зылъэфыр зэзэмызэ абыхэм хэпкIэрти, ткIуэпс щIыIэхэр кърииутхырт. Уэзджэрий бауэбапщэу пщIантIэм дэлъэдэжащ. Ар нэщIт. Зэпымыууэ абы щыджэрэзу дэта хьэ къарэ иныр, и лъакъуитIым и щхьэр трилъхьауэ, хьэгъуэм нэщхъейуэ къиплъу ист. Джэдэщыбжэри гъэбыдат. ШкIэр, Iуэбжэр зэрепха кIапсэр зэпишхыкIыу, щытт. НысащIэм и лэгъунэм и бжэри щхьэгъубжэри IугъэузэщIыкIат. АбыхэмкIэ макъамэ зэшар къыщIэкIырти, пщIантIэм дэз хъурт, ауэ ари къезэвэкIырти, къуажэм дыхьэрт. Уэзджэрий макъамэр къызыщIэIукI унэмкIэ нэщхъейуэ зыкъомрэ плъащ, итIанэ таучэлмыщIу абыкIэ иунэтIащ. Хъаджэт Бэтмырзэ щригъажьэм щыгъа лодан бостей плъыжьыр щыгъыу гъуэлъыпIэ зэлъыIухам и дзакIэм тест, пшынэ еуэу. Абы и нэпситIыр къежэхырт, ар и жьэпкъым пыткIурти, пшынэм теткIуэрт.

– Сыт къэхъуар, си хъыджэбз? – къэуIэбжьауэ щIоупщIэ Уэзджэрий.

– Си гур, сигу мыгъуэр мафIэм ес, – къыхопсэлъыкI нэпсым Хъаджэт.

– Исынкъэ-тIэ, тIасэ, апхуэдиз хьэзаб щишэчкIэ.

Пшынэ плIэпсыр нысащIэм и дамэм къыфIохури пшынэр и куэщIым къокIэрэхъукI, макъ ищIу унэ лъэгум йохуэри, макъамэр зэпоу.

– КхъыIэ, Нэху, пшынэм и плIэпсыр си дамэм къыфIэдзэжи, Бэтмырзэ фIыуэ илъагъу къафэр и кIэм нэзгъэгъэс.

– Хъунщ, си хъыджэбз, иджыпсту.

Уэзджэрий пшынэр къещтэжри, абы и куэщIым сакъыу ирегъэувэ, пшынэ плIэпсыр нысащIэм и дамэм щабэу фIедзэж. Ауэ ар зыфIидзэжа дамэр упщIыIужырт...

# Къалэмым Iэщэр къыдэщтэн хуей щыхъум



***Ди цIыхухэм Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лIыгъэр КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм къызэрыхэщыр***

Хэку зауэшхуэр гъэунэхуныгъэ ин дыдэу щытащ совет къэралыгъуэмрэ совет цIыхухэмрэ я дежкIэ. Ар зэриухынум елъытат къэралым и къэкIуэнури, цIыхухэм яIэну псэукIэри. Ар фIыуэ къызыгурыIуэ совет цIыхухэр а зауэм хэтащ я гуащIи я гъащIи щымысхьыжу. ТекIуэныгъэм мылъкурэ цIыху гъащIэу халъхьари жыпIэ пэтми пхуэмыIуэтэжыным хуэдиз мэхъу. Аращ совет къэралыгъуэм иса лъэпкъ псори зэкъуэувэу бийр щыхагъэщIа, хуэдэ къэмыхъуауэ гущIэгъуншэу щыта зауэ зэманми, абы кърикIуа псэукIэ хьэлъэми тхылъ мин бжыгъэхэр щIытраухуар. ЦIыху мелуанхэм я гум къинэжахэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, Симонов Константин и «Псэухэмрэ лIахэмрэ», Бондарев Юрий и «Уэс пщтыр», Чаковский Александр и «Блокада», Астафьев Виктор и «Iэхъуэ щIалэмрэ Iэхъуэ хъыджэбзымрэ», Быков Василий и «Обелиск» романхэр, нэгъуэщIхэри. Зауэмрэ абы къиша тхьэмыщкIагъэхэмрэ теухуауэ тхыгъэ мымащIэ я къалэмыпэм къыщIэкIащ адыгэ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмри. Ауэ псом хуэмыдэжу мы темэр нэхъ куууэ зи творчествэм щызэпкърыхар Хэку зауэшхуэм и япэ махуэхэм щыщIэдзауэ ар иухыхукIэ офицер хахуэу абы хэта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, М. Горькэм и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтми ди республикэм и Къэрал саугъэтми я лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алимщ. Абы и «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ» тхыгъэшхуэхэр адыгэ, кавказ ищхъэрэ литературэм къыщымынэу, совет литературэкIэ зэджэу щытам и фIыпIэ дыдэхэм ящыщ хъуат. И япэ тхылъхэми хуэдэу, мыбыхэми КIыщокъуэр зыкъомкIэ къыщытекIащ социалистическэ реализмэкIэ зэджэм къигъэув хабзэхэм ящыщ куэдым икIи гъащIэм и IэфIри и дыджри зэрыщыт дыдэу ди пащхьэ кърилъхьэжащ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм тхакIуэр игъэтыншауэ пхужыIэнукъым. Куэдым зэращIэжщи, псалъэмакъ ин къикIауэ щытащ «Нал къута» романым. Мыбы лъабжьэ хуэхъуар езы тхакIуэм и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэ гуузырщ – нэхъыфI защIэу къыхэщыпыкIауэ щIалэ минитхум щIигъу хэту къызэрагъэпэща ди шууей дивизэр губгъуэ джафэм танкхэм щыпэщIагъэувэу, лIыгъэм щIапIыкIа, Хэкум и пащхьэм щаIэ я къалэным хуэпэж, къикIуэт зымыщIэ шу щхьэмыгъазэхэр Iисраф къызэрырагъэщIарщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэ мыхъумыщIэми и лъабжьэм нэгъуэщI Iуэху мыхъумыщIагъэ гуэри щIэлъщ. Романыр щитхым апхуэдэ ныкъусаныгъэхэми зэрыблэмыкIарт КIыщокъуэм парт унафэщIхэм къыхуамыдар. Ауэ, хаутэну сыт хуэдизу яужь имытами, тхакIуэр къикIуэтыжу и нэкIэ илъэгъуа пэжым, зэуапIэ губгъуэм кърина и ныбжьэгъухэм я фэеплъым

епцIыжакъым. ЗауэлI хахуэу щыта тхакIуэм а зэманми къыкъуэкIащ и щхьэр, и пщIэр лъахъшэ зэримыщIын лIыгъэ.

«Нал къутар» зытеухуар 115-нэ шууей дивизэм зауэм щызэрихьа лIыгъэмрэ абы ехьэлIауэ щыIа щыуагъэхэмрэ я закъуэкъым. Уеблэмэ романым и лъабжьэ нэхъыщхьэу къэлъытапхъэр нэмыцэ фашистхэр зэхэкъутэным теухуауэ цIыхубэм иригъэкIуэкIа бэнэныгъэр арагъэнущ. А бэнэныгъэм пыщIэжащ романым къыщыхъу псори. КIыщокъуэм Iэзэу, гукъинэжу, пэжыр и лъабжьэу къигъэлъэгъуэфащ зауэм Iутхэр зэуэн, зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ фронтым ямыгъэкIуахэм зэрахьа лIыгъэм и инагъыр. Народым и образыр тхакIуэм IэкIуэлъакIуэу ди пащхьэ кърелъхьэ къуажэдэс къызэрыгуэкIхэу Бекъан, Хьэбибэ, Чока, Аслъэныкъуэ, КIурацэ сымэ хуэдэхэм я образхэм пкърилъхьа щытыкIэхэмрэ гупсысэхэмкIэ. КIыщокъуэм бгъэдэлъ тхакIуэ Iэзагъэ иным нэмыщIкIи мы тхыгъэр абы апхуэдэу гунэсу къыщIехъулIа щхьэусыгъуэхэм ящыщщ романым къыщыхъу псори езы тхакIуэм гурэ псэкIэ зэригъэвар. Алим и гукъэкIыжхэм къызэрыхэщыжщи, усакIуэм мурад ищIауэ щытащ псэууэ къанэмэ, шууей дивизэм и щхьэ кърикIуар зэгуэр тхылъу итхыжыну. Ар абы фIы дыдэу къызэрехъулIам романыр къызэрыдэкIрэ блэкIа зэманри щыхьэт техъуэжащ.

«Нал къутам» хуэдэу, «Кхъужьыфэ» романми щIыпIэшхуэ щеубыд зауэм Iумыт цIыху къызэрыгуэкIхэм я IуэхущIафэхэр, къуажэ гъащIэр, цIыхухэм я гупсысэкIэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэр къэгъэлъэгъуэным. Абы тэмэму гу лъитащ Москва щыщ критик цIэрыIуэ Огнев Владимир: «Нал къута» романым хэта лIыхъужьхэм ящыщ зыбжанэм, псалъэм папщIэ, колхозым и председатель Апчарэ, абы и анэ Хьэбибэ, Къуэшрокъуэм, зи унагъуэр полицайхэм ягъэса Наршу зеиншэм, чырбыш заводым и директор КIурацэ, нэгъуэщIхэми «Кхъужьыфэм» увыпIэ нэхъыщхьэхэр щаубыдамэ, адрейхэр – Локотош, партым и обкомым и секретарь Къулыр, НКВД-м и унафэщI Бахъуэр, республикэм и нарком Сосмакъыр – нэхъ лъэныкъуэкIэ тегъэкIуэта хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэр къыщысам абы щыIа щытыкIэм тхакIуэр зыубгъуауэ зэреплъу щытам зихъуэжащ, иджы ар лъэпкъ щхьэхуэ къэскIэ я лIыкIуэхэм пыухыкIауэ я гъащIэр къызэрекIуэкIам нэхъ хуэнабдзэгубдзаплъэщ. Ахэращ зауае илъэсхэм я гугъуехь псори зи фэм дэкIар.

Къуэшрокъуэм е Апчарэ я гукъэкIыжхэм я гугъу умыщIмэ, «Кхъужьыфэм» теплъэгъуэ зыубгъуахэр хэткъым. ТхакIуэм и гулъытэ псори зыхуиунэтIыр къуажэдэсхэм я псэукIэрщ, республикэ зэхэкъутар зэфIэгъэувэжыным ахэр зэрыхэлэжьыхьырщ.

Романым и зэхэлъыкIэм и джэлэсыр Къуэшрокъуэ Дотищ. Ар гукъэкIыфI псоми я узэщIакIуэщ, цIыхубэм насып къахуэзылъыхъуэну хуейхэм я щапхъэщ. Малъхъэдисым хуэдэу абы зыщIешэ нэхугъэр, лIыхъужьыгъэр. Къуэшрокъуэр къызыхэкIа лъэпкъым и къуэ пэжщ, цIыхубэ жыгым и къудамэ быдэщ».

КIыщокъуэм и творчествэм фIыуэ щыгъуазэхэм зэращIэщи, усакIуэр зауэм Iухьауэ щытащ япэу къыдигъэкIа и усэ тхылъыр иIыгъыу. Iэщэм щIыгъуу къалэмри зыгъэбзэн хуей хъуа усакIуэм зауэм здыIутми и творчествэм пищащ. ЗэуапIэ губгъуэм Алим щыIущIэжащ балъкъэр усакIуэ, и ныбжьэгъуфI Кулиев Къайсын. А зэманми иужькIи КIыщокъуэм дилъагъуу щыта цIыхугъэмрэ лIыгъэмрэ теухуауэ Кулиевым итхыжащ: «Дон губгъуэ диту Алим зы усэ къысхуеджауэ щытащ. ИгъащIэкIэ сщыгъупщэжынукъым сэ а усэр, апхуэдизкIэ гукъинэ сщыхъуащи. Зи

гугъу сщIы усэр цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ щытащ иужькIэ: уIэгъэ хьэлъэ хъуа и ныбжьэгъур зэуапIэм кърех зауэлIым; сэлэтыр абы къолъэIу: «Сэ укъызэлIалIэурэ, уэри уаукIынущ, сэр щхьэкIэ зумыгъэукI, уи щхьэр къегъэл – насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ». ЗауэлIым и ныбжьэгъур губгъуэм къринакъым, мафIэм къыхихащ, езыр хэкIуэдэнкIэ зэрыхъунуми еплъакъым...

Iэджэ щIащ а усэр Алим и къалэмыпэм къызэрыщIэкIрэ – зауэ гуащIэм щыхэта махуэ хьэлъэрщ щитхар. А усэ телъыджэм къиIуэтар Алим хэлъ лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ я закъуэкъым – ар усакIуэм и творчествэ псом щапхъэ хуэхъуащ.

Зауэ гуащIэхэм я курыкупсэм хэтащ Алим, абы и мафIэ лыгъейр къыжьэхэлыдэурэ, сэлэт хахуэм и гъуэгуанэр икIуащ, и усэри езыри а зауэ гуащIэм и мафIэм ипсыхьащ. Абы къыщыщIидзэри, Алим хъуащ къэрал псом къыщацIыху, зи цIэр жыжьэ щыIуа усакIуэшхуэ. ЦIыхугъэр, напэр, лIыгъэр, захуагъэр, щыпкъагъэр гъуазэ хуэхъуауэ, шу хахуэм и гъуэгур гъащIэми литературэми щызэпичащ.

ЛIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ и гъуазэмэ, усакIуэм и гъуэгур кIугъуафIэкъым. Ар зауэм щыгъуи, иужькIи Алим езым и щхьэкIэ Iэджэрэ игъэунэхуащ, ауэ зэ закъуэ нэхъ мыхъуми къызэфIэщIауэ, шум и гъуэгум текIуэтауэ ар зыми илъэгъуакъым, и псалъэм щытумыгъуэтэж, ныбжьэгъур щимыгъэпэжа, абы и гукъеуэмрэ и гузэвэгъуэмрэ щызэхимыщIыкIа къэхъуакъым. ИщхьэкIэ зи гугъу сщIа усэ телъыджэр зи гущIэм къиIукIынкIэ хъунур апхуэдэ цIыхущ.

Сэ дапщэщи згъэщIагъуэ зэпытщ Алим хэлъ гуащIэмрэ къарумрэ – ар зытемыгушхуэрэ зыпэмылъэщрэ щыIэтэкъым. Iуэхум, лэжьыгъэм къыхуалъхуа цIыхут Алим – дэни кърихрэт апхуэдиз къарурэ гуащIэрэ?! И усыгъэхэри гъэнщIащ апхуэдэ къарурэ гуащIэкIэ – а псор щызыхыбощIэ Алим и къалэмыпэм къыщIэкIа дэтхэнэ усэ сатырми.

Къэзылъхуа лъэпкъращ усакIуэр зыхуэлажьэр – абы нэгъуэщI плъапIэ иIэнкIэ хъунукъым. Алим апхуэдэ усакIуэщ – абы и гъащIэри и гуащIэри зи быдзышэ ефа лъэпкъым и щхьэузыхьщ.

ТхакIуэм и пщIэр щалъытэкIэ, псом япэ зэплъыр абы и лъэпкъым и литературэмрэ и щэнхабзэмрэ хилъхьа гуащIэрщ. Аращ зэлъытар абы лъэпкъ тхыдэм къыщылъыс увыпIэр. Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм пщIэшхуэ зиIэ увыпIэ къыщылъос Алим, ар абы езым и гуащIэдэкIкIэ къилэжьа пщIэщ».

Зауэм щыIута лъэхъэнэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, КIыщокъуэм итхар усэхэм я закъуэкъым. Ди зауэлI щхьэмыгъазэхэм ди хэкур фашистхэм ирамыгъэубыдын папщIэ абыхэм къагъэлъагъуэ хахуагъэ иным теухуа рассказу, очеркыу, репортажу Алим и къалэмыпэм къыщIэкIахэр пщIы бжыгъэ Iэджэ мэхъу. Ахэр щIэмычэу къытехуэрт фронтым къыщыдэкI газетхэм, езы КIыщокъуэр зи редактору щыта «Хэкум папщIэ!» дивизэ газетри абы яхэту. Алим и IэдакъэщIэкIхэм занщIэу гу лъыптэрт ахэр зи акъылыр жан, бзэ шэрыуэ зыIурылъ журналистым зэритхамкIэ.

ЛIыгъэ зэрыхэлъам и щыхьэту, дамыгъэ лъапIэхэр и бгъэм хэлъу, майору Хэку зауэшхуэм къикIыжа КIыщокъуэм и творческэ лэжьыгъэр зэи зэпигъэуакъым. «Шум и гъуэгу» фIищу 1946 гъэм абы къыдигъэкIа усэ тхылъым нэхъыбэу итыр зауэмрэ абы текIуэныгъэ къыщызыхьа ди зауэлIхэмрэ ятеухуа усэхэрт. ЦIыхухэм занщIэу япхъуатэри цIэрыIуэ хъуат «ТекIуэныгъэ», «Сэлэт сэлам», «Сэлэт шырыкъу», «Си фочым IэплIэ есшэкIауэ», «ЗэныбжьэгъуитI», «Жыр пыIэ», «Сэ сщIэркъым

зауэм никIыжу…», «Фэеплъ бэлътоку» усэ телъыджэхэр. Ахэри, зауэм, лIыгъэм, цIыхугъэм теухуауэ нэхъ иужьыIуэкIэ КIыщокъуэм итха нэгъуэщI усэ куэди ноби адыгэ тхылъеджэхэм яIурылъщ, цIыхугъэм хэлъын хуей лъапIэныгъэхэр яIэту. КIыщокъуэм быдэу и фIэщ хъурт, сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэ хуэмызами, и цIыхугъэр фIэмыкIуэду цIыхур абы къызэрикIыфынур, гъащIэр къэзыгъэувыфын къару зэрыщымыIар икIи зэрыщымыIэнур. А гупсысэр Iупщlу къыхощ «Жыр пыIэ» усэ цIэрыIуэм:

*Биишэ бзаджэр техуати,*
*ЗауэлIыр уэсым хэхуат.*
*Жэщ борэн щIыIэм щIилъхьати,*
*Теплъакъым хьэдэм нэгъуэщI.*

*ТекIыжри уэсыр зэуапIэм,*
*Хъуащ гъатхэм губгъуэр щхъуантIагъэ,*
*Мес улъияуэ жыр пыIэм*
*Иджы удзыщIэр щогъагъэ.*

**СРЫКЪУЭ Юлэ,**
*Адыгей къэрал университетым и*
*аспирант, егъэджакIуэ*

◈ ◈ ◈

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид

***Хъыбархэр***

# Адэм и уэсят

ЛIыжь Iущ гуэр, и лIэгъуэр къыщысым, и къуэр ириджэри, уэсят къищIыжащ:

– Сэ дунейм сохыж. ИгъащIэкIэ пхурикъун мылъку къыпхузогъанэ, къыпхуэзгъанэр си пщIэнтIэпскIэ къэзлэжьащ. Ныбжьэгъу ирипIыгъынуми цIыхугъэ иризепхьэнуми, узэрегуакIуэщ. Сыпхуэарэзыщ, сигу зэбгъэбгъакъым. Уэсят къыпхузогъанэри, укъызэдаIуэмэ, ущIегъуэжынкъым. Уэсятыр мыращ: япэрауэ, уипщ щIыхуэ иумыт, щIыхуи къыIыумых; етIуанэрауэ, зыхуэмыфащэм хуумыщIэIа: псыхэкIуадэ хъунщи, ухущIегъуэжынщ; ещанэраци, уи фыз уи щэху иумыхьэлIэ.

И къуэм апхуэдэ уэсят къыхуигъанэри, лIыжьым и псэр щинащ.

ЩIалэр куэдрэ егупсысащ адэм и псалъэм, гъэунэхупIэ имыхуэурэ, зыбжанэрэ екIуэкIащ.

И адэр лIэри зы илъэс хуэдэ дэкIауэ, щIалэм зэхихащ пщыр щIыхуэ къезытын зэрылъыхъуэр.

– Ди адэм и уэсятыр згъэунэхунщ, – жери щIалэр пщым деж кIуащ.

– Узэрыгузавэр зэхэсхати, сыкъэкIуащ, – жиIащ щIалэм. – Ди адэм къысхуигъэнауэ, мылъку сиIэщ, щIыхуэ ухуейуэ зэхэсхащи, уэстыфынущ.

– Дэгъуэкъэ, – жиIащ пщым, – мыпхуэдэ пIалъэм фIэзгъэкIынкъым, уэстыжынщ.

ПIалъэмкIэ зэгурыIуащ.

ПІалъэр къэсри, щІалэр пщым деж кІуащ, арщхьэкІэ щІыхуэр кърития жакъым, пІалъэм пІалъэ къыхигъэкІыжащ. Аргуэрыр къыщысым, щІалэм тригъэзащ, щхьэусыгъуэ ищІри, пщым абдежми кърития жакъым щІыхуэр. «ЩІыхуэр» жриІэху, пщым пІалъэ къыхигъэкІыурэ, зы илъэси илъэситІи кІуащ, ар щхьэусыгъуэ яхуэхъури, пщымрэ щІалэмрэ зыщыІеящ.

Іуэхур абы нэсауэ, щІалэм и адэм и ныбжьэгъу къыхуепсыхащ. И адэм и ныбжьэгъур игъэхьэщІащ щІалэм, хуэфащэ нэмыс хуищІащ, ар иригъэжьэжын ипэ бащлъыкъкІэ зызэщІиуфэри шууэ дэкІащ. КъуажэбгъумщыджэгущІалэцІыкІухэм ябгъэдыхьэри, щІопщыр зыІэпигъэхуащ. ЩІалэ цІыкІу къыбгъэдэлъадэри, щІопщыр къыхуишиижащ. ЩІопщыр къыІрихыж зищІри, щІалэ цІыкІур къипхъуэтащ. ЩІалэ цІыкІур мэзым щІихьэри, и хьэщІэм иритащ.

– Мыр анэмэт пхузощІ, – жриІащ и хьэщІэм. – Къаным зэрыхуэфащэнкІэ уи унэ игъэс, сыныщІэупщІэмэ, къысхуегъэшэж.

Пщым и къуэт щІалэ цІыкІур. Ар ихьри, хьэщІэр ежьэжащ.

И къуэр кІуэдамэ, пщым игу фІы щыщІэнт: игъэлъыхъуащ – дунейм яхутехакъым. ЩІалэм шэч къыхуащІагъэхххэкъым.

И адэм и етІуанэ уэсятри игъэунэхун мурад ищІащ щІалэм. Благъэ гуэр иІэт, и адэм мылъкуфІ къыхуигъэнауэ. Къыхуигъэна щхьэкІэ, зэригъэзэхуэфакъым, ІэщІэшхыхьыжри пщІантІэ нэщІым къыдэнащ. «Мыр си благъэщ, сыдэІэпыкъун хуейуэ къыстохуэ», – жери щІалэм и благъэм Іэщи гъави иритащ.

Пщым и къуэр зэрыкІуэдрэ зыбжанэ щІауэ, пщыхьэщхьэ гуэрым, жьэгум здыдэсым, щІалэр «хьы!» жери пыдыхьэшхыкІащ.

– Сыт ущІэдыхьэшхар? – жери и фызыр къыщыхьащ щІалэм.

– СыщІэдыхьэшхар бжесІэнщ, – жи щІалэм. – БжесІэнур пІуэтэжмэ, уэри сэри дытекІуэдэнущ.

– СІуэтэжынкъым, – щыжиІэм, щІалэм и щэхур фызым жриІащ.

Зэхихам егупсысурэ нэху щыху жейм езэгъакъым фызыр, нэхущым къыщылъэтри я гъунэгъум мафІэхьэ ежэкІащ. «Ди зэхуэдэ щэхущ, дыпІуатэ хъунукъым, унэм исым ІэщІэщІар мыращ», – жери и лІым и щэхур я гъунэгъу фызым хуиІуэтащ. Ар я гъунэгъум ежэкІри, пщым и къуэр зыдыгъуар жриІащ. Зы жьэм къыжьэдэкІар жьищэм жьэдохьэ, жи. ЩІалэм и щэхур жылэм хэз хъуащ. ЩІалэр яубыдри, пщым деж яшащ. «УкІын хуейщ!» – жаІащ пщым и пщІантІэм щызэхуэжэсахэм. Псом нэхъ ихъуилъыр щІалэм Іэщрэ гъавэрэ зрита и благъэрт.

– Ямыгъэпсалъэ яукІыркъым, – жиІэри щІалэм псори къиІуэтащ. – Пщым и къуэр зыдыгъуар сэращ, здыгъуа щхьэкІэ, згъэкІуэдакъым, ди адэм и ныбжьэгъум и къанщ, хъыбар щезгъащІэ пІалъэм зэрыхуэфащэнкІэ къишэжынущ.

Хъыбар иригъащІэри, пщым и къуэр къишэжащ щІалэм и адэм и ныбжьэгъум, къаным хуэфащэ хабзэ къыкІэлъызэрихьэри.

Абы и ужькІэ пщым щІалэм щІыхуэр кърития жащ. Жьы хъууэ дунейм ехыжыху, адэм къыхуигъэна псалъэм тетащ щІалэр, щыщІегъуэжаи къэхъуакъым.

# ШынэхъыщІэ

Зэшищ псэурти, я нэхъыщІэм ШыкъумцІийкІэ еджэрт. ШыкъумцІий яфІэделэти, зыхагъэкІын мурад ящІащ шынэхъыжьитІым: «Ди напэр трех, емыкІу къыдегъэхь, мыр афІэкІа къыддалъагъу хъунукъым», – жари. Мэл яІэти, мэл зытхух иратри, ШыкъумцІий зыхагъэкІащ зэшитІым.

– Уи щхьэ гъэпсэуж, дэ укъытщымыгугъ, – жраIэри пщIантIэм дагъэкIащ.

Мэл зытхухыр хъуакIуэ дихуащ ШыкъумцIий, мэз лъапэм щигъэхъуакIуэурэ, жэщ къытехъуащ. «Пщэдей мэз лъапэм къэсхун хуейщ мэлыр, – жиIащ ШыкъумцIий. – Сыт щхьэкIэ схужын: мэз лъапэм къэзгъэнэнщи, пщэдджыжь сыкъыкIэлъыкIуэнщ».

Мэлыр мэз лъапэм къринэри, езыр жылэм дыхьэжащ. Нэху щырэ тригъазэмэ – мэлыр хьэм яшхауэ ирихьэлIащ. ЗигъэнщIа хъунтэкъым, зы дыгъужьыжь къупщхьэм йогъури щытщ.

– Сыбгъэунэхъуащ, емынэунэ хъун! – жери ШыкъумцIий дыгъужьым хуилъащ, ирихужьэри ихум-ихуурэ, гъуэм фIипкIэжащ. И куэщIым бжэгъу цIынэр иригъэувври, ШыкъумцIий гъуащхьэм тетIысхьащ:

– Гува-щIэхами, зэ укъикIынкъэ! – жери.

ШыкъумцIий гъуащхьэм тесурэ, уэшхышхуэ къешхри, дыгъужьыгъуэм псыдзэ иуащ. «КъуртI-сыртI» жери, псыдзэр щыщIэуэм, дыгъужьыжьым и щхьэр гъуэм кърuгъэжащ.

– ШыкъумцIий, – жиIащ дыгъужьым, – псым сумыгъэтхьэлэ, гъуэм сынигъэкI: мэлыр къэспшыныжынщ. Мэл зытхух пфIэтшхамэ, мэл хъушэ уэстыжынщ.

– СыкъэбгъэпцIэнкъэ?

– УкъэзгъэпцIэнкъым. Ныжэбэ нэху гъэщи, пщэдджыжь мэз лъапэм къакIуэ: мэл хъушэ укърезгъэхьэлIэнщ.

– Хъунщ, – жери ШыкъумцIий гъуащхьэм къытекIыжащ. Дыгъужьыр гъуэм къикIщ, зиутхыпщIри, мэзым хыхьэжащ.

Нэху игъэщри, ШыкъумцIий мэз лъапэм кIуащ. Мэз лъапэм мэл хъушэ тетт. Хъушэр къызэщIикъуэри, унэм къихуащ ШыкъумцIий.

– Мэл хъушэр дэнэ къипха? – ягъэщIэгъуащ и къуэшитIым.

– Си мэл зытхухыр мэз лъапэм къытезнати, бэгъуауэ нэху къекIащ, – жиIащ ШыкъумцIий.

«Ди мэлри мэз лъапэм нэху къыщедгъэкIынщи, тхуэбэгъуэнщ», – жари зэшитIым я мэлыр мэз лъапэм яхуащ, мэлыр мэз лъапэм къытранэри, езыхэм къагъэзэжащ. Нэху щырэ трагъазэмэ – зэшитIым я мэлыр хьэм яшхауэ ирихьэлIащ.

– Ди шынэхъыщIэм пцIы къытхуиупсри, ди мэлыр хьэм иригъэшхащ, – жари къыдэлъэдэжащ зэшитIыр, ШыкъумцIий къэпым иракуэри ирахьэжьащ: «Псым хэддзэнщи, едгъэтхьэлэнщ», – жари. Псым нэсри, къэпыр лъэмыж дакъэм тралъхьащ, езы тIур мэзым хыхьащ: «Бжэгъу пыдупщIынщи, псым хэддзэн и пэ дубэрэжьынщ», – жари.

ЗэшитIыр мэзым хыхьауэ, зы шыдыгъу къэсащ. Шыдыгъум шы гуартэ къихурти, шыр лъэмыжым къыхутехьакъым. «Шыр зыгъащтэр сыт?» – жери шыдыгъур лъэмыжым техьащ. Лъэмыж дакъэм телъ къэпыр щилъагъум, щIопщыкъукIэ теуIуащ. ШыкъумцIий и макъ къиIукIащ къэпым.

– Къэпым щхьэ уилъ?

– Срадзащи, силъщ, – жери къэпым къипсэлъыкIащ ШыкъумцIий.

– Хэт уизыдзар, сыт ущIрадзар? – игъэщIэгъуащ шыдыгъум.

– Пщым и пхъур къызагъэшэнущи, къахуэсшэркъым, аращ къэпым сыщIрадзар. КъахуэзмышэмэI, саукIынущ, – жиIащ ШыкъумцIий.

– Сэ сигъапщхьэ-тIэ къэпым: сэ къэсшэнщ пщым и пхъур, – жиIащ шыдыгъум. – Абы щхьэкIэ зебгъэукI хъурэ!

– Хъунщ, – жиIащ ШыкъумцIий. – Къэпыщхьэр тIатэ.

Шыдыгъум къэпыщхьэр итIатэри, ШыкъумцIий къэпым кърuгъэкIыжащ, езыр къэпым ипщхьэри.

– Къэпыщхьэр пхэ, – жиIащ. – Мо шы гуартэр мэзым хэгъэзагъи, якIэлъыплъ.

Шыдыгъур лъэмыж дакъэм къытринэщ, шы гуартэр къызэщIикъуэри, ШыкъумцIий жылэм къыдыхьэжащ.

Бжэгъу паупщIри, ШыкъумцIий и къуэшитIыр мэзым къыхэкIыжащ.

– Удубэрэжьынци, псым ухэддзэнщ, аращ уэ пхуэфащэр! – жаIащ зэшитIым, лъэмыжым къытехьэжри.

– Сывмыубэрэжь: сыарэзыщ: пщым и пхъур къэсшэнщ! – къипсэлъыкIащ шыдыгъур къэпым.

– Пщым ипхъуми ухуейти! – жари зэшитIым къэпыр къаудыныхьащ, лъэмыжым ирадзыхри къежьэжащ. Къэсыжри, ШыкъумцIий и пщIантIэм шы хъушэ дэту кърихьэлIэжащ.

– Шыр дэнэ къипха? – Я нэр къихуащ зэшитIым.

– Къыздисхар фщIэркъэ? – жиIащ ШыкъумцIий. – Сывубэрэжьри лъэмыжым севдзыхащ. Псым ситхьэлэн фи гугъа хъунщ. Ситхьэлакъым: псым срихьэхри ныджэм сыкъытридзэжауэ шыбзыхъуэ пщыIэ срихьэлIащ. «ХьэщIэр Тхьэм и лIыкIуэщ», – жари сагъэтхъащ, сагъэлъэпIащ, шыбз гуартэ къызатри сыкъаутIыпщыжащ.

Дэри дыубэрэжьи, лъэмыжым дедзых-тIэ, – жаIащ зэшитIым.

– ФынакIуэ, – жери ШыкъумцIий шынэхъыжьитIыр псым ишащ, къэпым ирикуащ, лъэмыжым иридзыхри и унэ ихьэжащ.

ЗэшитIыр псым ирихьэхри ныджэм къытридзэжащ, шыбзыхъуи къинэмыщIи ирихьэлIакъым. ЩримыхьэлIэм, заутхыпщIыжри, я щхьэр къыфIэхуауэ къэджэдэжахэщ.

# Си пыIэкур къраудащ

Зы къуажэ зылI дэст. ФызитI иIэти, тIум я зыр иригъэкIыжын мурад ищIащ. «Мор, мыр», – жиIэурэ, и фызитIым яхузэкIэщIоплъ лIыр, ядигъуэн игъуэтыркъыми, иригъэкIыжынур къыхуэщIэркъым. Абы тетурэ, фызитIым гу лъатащ лIым мурад мыгъуэ къазэрыхуищIам.

ЛIыр къыщаумысым, фызитIри икIыжащ, я щхьэгъусэм къахуимурадым хунагъэсакъым. ЛIыр, и щхьэм щIэтIахъуэу пщIантIэ нэщIым къыдэнащ:

– Си пыIэкур къысхураудащ, – жери.

# ВитIми жэмыщIэми хэкIыжащ

Выгур зэщIищIэри, зылI бэзэрым ежьащ, жэмыщIэ иIэти, ар ищэн мурад ищIауэ. ЖэмыщIэм и бжьэм кIапсэ иридзэри, гум кIэрищIащ, езыр гублащхьэм дэтIысхьащ. ЗдэкIуэм, псы зэпрыкIын хуейти, витIри жэмыщIэри псы иригъэфащ, и гъуэгу теувэжри, дзапэ уэрэд къыхидзащ.

Мэзым къыхэтIысхьауэ, щIалэ бзаджитI къеплъакIуэрт лIым.

– ВитIри жэмыщIэри къыIэщIэдгъэкIынщ, – жиIащ щIалитIым я зым.

– Дауэ къызэрыIэщIэдгъэкIынур?

– ЖэмыщIэр гум къыкIэрыттIэтыкIынщи, уэ мэзым щIэпшэнщ, сэ выгум и ужь сиувэнщи, адэкIи деплъынщ.

– Хъунщ, – жари зэгурыIуащ, загъэбгъунлъэри жэмыщIэр выгум къыкIэратIэтыкIащ, зым ар мэзым щIишащ, адрейр гум и ужь иуващ.

Зыкъом дэкIауэ, гублащхьэм дэс лIыр къызэплъэкIащ. Къызэплъэк Iмэ, жэмыщIэм и пIэкIэ гум и ужь зы щIалэ итщ.

– Си жэмыщIэр дэнэ кIуа? – жиIащ лIым, витIыр къигъэувыIэри.

– Сыт жэмыщIэ? – игъэщIэгъуащ щIалэм.

– Гупхэм епхауэ къесшэжьа жэмыщIэр?

– ЖэмыщIэ слъэгъуакъым, сэращ уи ужь итар. Дзапэ уэрэдым сыдебгъэхьэхри, зыкъозгъэщIакъым: уи ужь сиувауэ сыкъокIуэ, – жиIащ щIалэм.

– Псы езгъэфа къудейт, – жиIащ лIым.

– Псы Iуфэм къыIубнауэ пIэрэ-тIэ?

– Арагъэнщ къысщыщIар, – жери лIыр гублащхьэм къыдэкIащ. – Уэ, щIалэфI, витIым схуакIэлъыплъ, сэ згъэзэнщи, жэмыщIэр къэзгъуэтыжынщ.

– СыздэпIащIэ щыIэкъым: витIри гури пхуэсхъумэнщ, укъэсыжыху, – арэзы хъуащ щIалэр.

ЩIалэр гум къыбгъэдинэри, лIыр жэмыщIэлъыхъуэ ежьащ. ЩIалэ бзаджэр зыхуеиххэр арати, витIыр щIигъэхури, кIэбгъу зищIыжащ, гур гъуэгум къытринэри.

ЖэмыщIэр дэнэ кърихыжынт лIым? И щхьэр къыфIэхуауэ къигъэзэжащ. Къыздигъэзэжам, витIми хэкIыжауэ къыщIэкIащ.

# Благъуэ

ЗылI физ бзаджэ иIэт. Физ бзаджэр хуэмыхьыж хъуащ лIым, и щхьэр иригъэужэгъуащ. Хуэмыхьыж щыхъум, физыр игъэкIуэдын мурад ищIащ лIым. ЗэригъэкIуэдын Iэмал къыхуэмыгупсысурэ, зыбжанэрэ екIуэкIащ.

Зэгуэрым, мэз кIуауэ, мей жыг ирихьэлIащ лIыр, жыгым мы къыпыщэщати, ар къыздищыпым, мащэ куу къыIэщIэлъэгъуащ. «Мэзым къыздэсшэнщи, физыр мащэм издзэнщ», – жери игу ирилъхьащ лIым. Мащащхьэм чы тIэкIу трилъхьащ, пщIащэ трикъухьыжри, къежьэжащ, гъуэмылалъэм из мы къыздихьри. Мыр физ бзаджэм игу ирихьащ.

– МыфIэкIа щхьэ къыумыхьарэ? – къыхуилъащ физыр.

– Гъуэмылалъэм ихуар аращ, – жиIащ лIым. – Къэсхьынщ жыпIэмэ, мейр щыбгъуэтынур мыпхуэдэм дежщ, – жери мейр къыщигъуэтынур къыжриIащ.

Матэ къиштэри, физыр мэзым кIуащ, мей жыгыр къыщиудыным мащэм ихуащ. Зыбжанэ дигъэкIри, лIыр физым кIэлъыдэкIащ: «И Iуэху зэрыхъуам сеплъынщ», – жери. Мащэм щыщхьэщыхьэм, кIий-гуо макъ зэхихащ лIым. Мащэм иплъэри, благъуэ къыIэщIэлъэгъуащ: благъуэм гузэвэгъуэр телъщ – физым бжэгъу трекъутэ.

ЛIыр щыщхьэщыхьэм, гу къылъитэри, благъуэр мащэм къипсэлъыкIащ:

– Тхьэм и нэфI зыщыхуэн, мы мащэм сыних, мы физым сыIэщIэмыкIуадэ щIыкIэ!

Къурагъ иригъэжэхри, благъуэр мащэм кърищащ лIым – и щхьэм ирилъытащ. «Сыкъэплъэгъуакъым, услъагъужакъым! – жери благъуэр ежьэжащ. – Зэм-зэм укъызихьэлIэмэ, уи хьэтыр слъагъужынщ».

Физыр мащэм къринэри, лIыр и унэ кIуэжащ. Псыщхьэм дэкIуейри, благъуэм псыр иубыдащ. Псыр благъуэм щиубыдым, жылэр гузэвэгъуэ хэхуащ. ЛIым деж кIуэри жраIащ:

– Уэ благъуэм и хьэтыр плъэгъуащи, уи хьэтыри къилъагъужынщ: псыр къытхуегъэутIыпщыж.

ЛIыр благъуэм деж кIуащ:

– Жылэр зэтолIэ, псыр къэутIыпщыж, – жери.

ЛIым и хьэтыр къилъагъури, благъуэм псыр къиутIыпщыжащ.

Зыбжанэ дигъэкIри, псыр иубыдыжащ благъуэм. Жылэр гузэвэгъуэ хэхуэжащ.

– Уэр фIэкI, благъуэм зи хьэтыр къилъагъун щыIэкъым: псыр къытхуегъэутIыпщыж, – жраIащ лIым. ЛIыр благъуэм деж кIуащ:

– Си хьэтыр къэлъагъу иджыри: псыр къэутIыпщыж.

Псыр къиутIыпщыжащ благъуэм, аршхьэкIэ, зыбжанэ дигъэкIри, аргуэрыжьти, иубыдыжащ. Жылэр гузэвэгъуэм хэхуэжащ.

Сыт ящIэнт: лIым деж кIуащ жылэр:

– Псыр къытхуегъэутIыпщыж, – жари.

– Си хьэтыр афIэкIа къилъагъужынукъым, – жиIащ лIым.

– ЛIо-тIэ тщIэнур?

И фызыр игу къэкIыжащ лIым:

– Хъунщ, иджыри зэ сыфхуелъэIунщ благъуэм.

Псыщхьэм дэкIуейри, лIыр благъуэм еджащ:

– Уи унагъуэбжэр зэрыхуэпщIыжар пщIэрэ? – жери.

– Сыт къэхъуар? – и псэр IукIащ благъуэм.

– Фызыр мащэм къикIыжащ!

– Фызри?!

– НтIэ! Уи щхьэр зэрыхэпхын, маржэ!

– Ар мащэм къикIыжамэ, сэ мы дунейм сишх щыIэжкъым! – жери благъуэм бгым зыщидзыжащ.

# ЛIымрэ фызымрэ

ЗэлIзэфыз къуажэкIэм дэст.

– Мэз укIуэрэ зы пхъэгу къапшэркъэ, – жриIащ фызым и щхьэгъусэм. – Пхъэгъэсын диIэжкъым.

Выгур зэщIищIэри, лIыр мэз кIуащ. Пшапэр зэхэуауэ къыдыхьэжащ, пхъэ къимышауэ.

– Пхъэ къэпшакъыми-тIэ, – игъэщIэгъуащ фызым.

– Мэз бжэн срихьэлIати, къыкIэлъызжыхьурэ махуэр сфIэкIуащ, – жиIащ лIым.

– «Джэц-джэц-джэц!» жыпIэрэ уедэхэщIатэмэ, уи ужь къиувэнурэ къыпкIэлъыкIуэнут бжэныр, – жиIащ фызым.

– Пщэдей тезгъэзэнщи, седэхэщIэнщ, – жери, етIуанэ махуэм тригъэзащ лIым.

Бжэным еджэурэ мэзым здыщIэтым, лIыр бжьэ матэ ирихьэлIащ. «Джэц-джэц!» жери бжьэ матэм еджащ лIыр, аршхьэкIэ матэр и пIэ къикIакъым.

– УзэрегуакIуэщ, – жери лIыр мэзым къыщIэкIыжащ.

– Бжэныр къэпхуакъыми? – къыпежьащ фызыр.

– Бжэныр згъуэтыжакъым. Бжьэ матэ срихьэлIати, седжа щхьэкIэ, си ужь къиувакъым, – жиIащ лIым.

– Бжьэ матэм еджэ хабзэ? Матэр уи дамэм тебгъэувэнти, къэпхьынт.

– Къэсхьынщ, – жери лIым тригъэзащ. Бжьэ матэм лъыхъуэри игъуэтыжакъым. Щимыгъуэтыжым, IэнэщIу къигъэзэжащ.

– Бжьэр къэпщIа хъунти, матэр ирахьэжьэжри ежьэжащ, – жиIащ лIым.

«Мыпхуэдиз зи делагъ лIым афIэкIа сыдэпсэункъым», – жери фызым и хьэпшыпыр пхъуантэм дилъхьащ, нэху щымэ, и дыщым кIуэжын мурад ищIати.

Фызым мурад мыгъуэ зэрищIам гу лъитэри, лIыр нэху мыщ щIыкIэ пхъуантэм дэтIысхьащ. Пхъуантэр гум иригъэувэри, фызыр гъуэгу техьащ. И дыщым щынэблэгъэжым, фызыр къэгуфIащ:

– Тхьэм и шыкурщ, лIы делэр си натIэм икIащ, – жери.

– ИкIакъым, тIасэ! – жиIащ лIым, пхъуантэм къыдэпщыжри. – Уи дыщым дыкъыщыхьэщIэнщи, ди унэ дихьэжынщ.

# КъохъулIэнур пщIэнукъым

Зэшищ псэурти, выгу зырыз яIэт. Выгу яIэ щхьэкIэ, щIащIэн яIэтэкъыми, къралэжь щыIэтэкъым, къелъэIуIамэ, ират фIэкIа. Зэшищым я нэхъыщIэр къэгубжьри, и выгур игъэсыжащ. ФIамыщIыр къэпым ирикIутэщ, и плIэм ирилъхьэри, щIалэр ежьащ. Гъуэгу тетурэ, зы жылэ дыхьэри, япэ зрихьэлIа унагъуэм ихьащ щIалэр.

ЩIалэм Iэнэ къыхуащтащ. ХьэщIэр шха нэужь, хьэщIэщым зы пщащэ щIыхьащ, Iэнэр щIихыжын хуейти.

– ДахэкIей, – жиIащ щIалэм, – жэщыр фи хьэщIэщым щисх хъунукъым – Iуэху пIэщIэгъуэ къыспоплъэ. Мы къэпыр хьэщIэщым къызонэ. Къэпыщхьэр фымытIатэ – фыхущIегъуэжынщ: къэпым илъым феплъ хъунукъым. Пщэдей къытезгъэзэнщи, къэпыр щIэсхыжынщ.

Ар жери, щIалэр хьэщIэщым икIыжащ. Пщащэр къытреч: «сыт мы щIалэ хьэщIэм тщибзыщIыр?» – жери. И нысэм деж жэри, къэпым и гугъу хуищIащ.

– Къэпыщхьэр дыгъэтIати, илъым дегъэплъ, – жиIащ пщащэм.

– Сэ хьэщIэщым сихьэ хъунукъым – хабзэкъым, – идакъым нысэм. Пщащэм хуэшэчакъым: жэри къэпыщхьэр итIэтащ, иплъэмэ – фIамыщIщ. Къэпыщхьэр тIэтауэ къигъанэри, пщащэр щIэпхъуэжащ: «Телъыджэ си гугъати!» – жери.

ЩIалэм лъэныкъуэ зригъэзэри, мэзым щIэсати, етIуанэ махуэм хьэщIэщым къихьэжащ. Къихьэжмэ – къэпыщхьэр тIэтащ. ПщIантIэм дыхьэри, утыкум иуващ щIалэр.

– Къэпыщхьэр фымытIатэ жысIатэкъэ! Къэпым фиплъэри, си дыщэр фIамыщI фщIащ. Къэпым илъам хуэдиз дыщэ къызэвмытыжмэ, бэлыхь фыхэздзэнщ, жылэм фахэзгъэIуэнщ: зи хьэщIэ едыгъуэж щыIэ! – япиубыдащ щIалэм.

– Дыщэ къэп дэнэ къитхын? – гузэващ унагъуэр. – СыткIэ арэзы ухъун? Дыщэ къытпумыубыд закъуэ, сытри пхуэтщIэнщ, – къыжраIащ щIалэм.

– Дыщэ фимыIэмэ, къэпыщхьэр зытIэтар къызэфт, – ядэгушыIащ щIалэр.

ЩIалэ нэутхэр ягу ирихьащ унагъуэм. Къэпыщхьэр зытIэтар япхъурати, пIалъэ къратри къаутIыпщыжащ щIалэр, пIалъэр къэсри, щIалэм пщащэр къишащ.

Пщацэ дахэкIейр я пщIантIэ щыдишэм, щIалэм и къуэшитIыр къыпежьащ: «Дэнэ къипха мы тхьэIухудыр?» – жари.

– ТхьэIухуд фыхуеймэ, щхьэж и выгу вгъэсыжи, фежьэ: мы пщацэр фIамыщIкIэ къэсхъуэжащ, – жиIащ я шынэхъыщIэм.

ЗэшитIым я выгухэр ягъэсыжри, зэрехьэжьащ, фIамыщI къэп зырыз я плIэм иралъхьэри. Зэрехьэжьа щхьэкIэ, тхьэIухуд фIамыщIкIэ къезыхъуэжын ягъуэтакъым, я пэр къыпылэлу къагъэзэжащ.

# Хэт нэхъ бзаджэ?

«ДылIыщIэнщ», – жари щIалитI ежьащ. ЗыгъэлIыщIэн лъыхъуэурэ, зылI ирихьэлIащ.

– Сэ фызгъэлIыщIэнщ, – къажриIащ лIым. – Зы илъэскIэ фысхуэлIыщIэмэ, дыщэ фэстынщ.

ЩIалитIыр гуфIэри лIым и пщIантIэм къыдэнащ.

– Зы гуужь сиIэщи, гуужьыр зым игъэхъунщ, зым бэкхъыр къитхъунщ, – къариухылIащ лIым.

ЩIалитIым я зым гуур дихуащ, адрейр бэкхъым щIэуващ.

Гуур дэзыхуар махуэ псом етIысэхыгъуэ ихуакъым: гуур цIывурэ, и ужьым къикI хъуакъым. Бэкхъым къыщIэна щIалэри етIысэхакъым, пшапэр зэхэуэху, Iэрэ жьэрэ зэхуихьакъым.

Гуур къыдихуэжри, щIалэр зэхэукIауэ пщыхьэщхьэм къыдыхьэжащ.

– Дауэрэ уехъулIа? – еупщIащ абы бэкхъым щIэтар.

– Мэз лъапэм схури, гуур и пIэ икIакъым, сэ жыг жьауэм сыщIэсащ. Нэхъ гуу Iэсэ слъэгъуакъым! АфIэкIа хэмылъмэ, сылIэжыху згъэхъунщ гуур. Уэ-щэ?

– Зы сыхьэт нэхъ сыпэтакъым, – жиIащ адрейм. – Бэкхъыр къэстхъури, сщIэн щызмыгъуэтым, шыгъуэгу хадэм сыщыжеящ.

– НтIэ абы щыгъуэ уэ пщэдей гуур дэху, сэ бэкхъыр къэстхъунщ.

– Содэ, нэхъ щIэщыгъуэ къысщыхъунщ.

АбыкIэ зэгурыIуэри, щIалитIым я IэнатIэр зэрахъуэжащ. Гуур дэзыхуар етIуанэ махуэм и лъэ зэблихыжыф къудейуэ къыдыхьэжащ. Бэкхъым къыщIэнами пщIэнтIэпсыр къехуэхырт. Тыништэкъым абы и къалэнри.

ЩIалитIыр зэбгъэдэтIысхьэри зэчэнджэщыжащ.

– Илъэс тхуэхьынкъым, – жаIащ, – лIым дегъэбзэджэкI: дыщэ иIэщи, къыфIэдгъэхь.

– Дауэ къызэрыфIэтхьынур?

– Дыщэр щIыунэм илъщ. ТIум я зыр щIыунэм дихьэнщ, дыщэр пхъуантэм къыдэткIутэнщи – макIуэ-мэлъей!

– Хэт щIыунэм ихьэнур?

– Пхъэидзэ тщIынщ, – жари пхъэидзэ ящIащ, зи пхъэ къикIар щIыунэм ихьащ, кIапсэ ирадзыхри. Зы пхъуанти здрихьэхащ.

– Дыщэр пхъуантэм къыдэкIутэ, – жиIащ адрейм. – Дыщэр къысIэрыбгъэхьэмэ, щIыунэм укъисхыжынщ.

ЩIыунэм ихьам дыщэр пхъуантэм къыдикIутащ, езыри къыдэтIысхьэжащ.

– Дыщэр них, пхъуантэр къедзыхыжи, сэри сынихыж щIыунэм, – къэгуоуащ щIыунэм ихьар. Модрейр пхъуантэр щIыунэм кърихыжщ, и дамэм тригъэувэри, щIэпхъуэжащ. КIуэм-лъэурэ, мэзым хыхьауэ, ешати, пхъуантэр иригъэувэхащ, пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIри псафэ IукIащ.

Ар псафэ къэтыху, пхъуантэм дэсыр къыдэкIыжащ, пхъуантэр и дамэм тригъэувэри кIэбгъу зищIыжащ. Псафэ кIуам къигъэзэжмэ – пхъуантэр бзэхат: и гъусэр къызэребзэджэкIар къыгурыIуащ.

– Жыжьэ укIуэн! – жери, щIалэм дыщэр зыхьам къыпижыхьащ, зы бжэгъу къыпиупщIри къыпэтIысащ.

Сыт ящIэжынт: пхъуантэр зэпаубыдри ежьэжащ, жэщ къатехъуауэ я жылэ дыхьэжащ.

– Дыщэр ныжэбэ тхуэгуэшынкъым, – жиIащ щIалэ бзаджитIым я зым. – Зы махуэ-махуитIкIэ дызэIугъэплъ, къыткIэлъыпхъэраIамэ ар ткIэрыхужмэ, дыщэр дгуэшынщ.

АбыкIэ зэгурыIуэри, щхьэж и унэ ихьэжащ. Тхьэмахуэ дигъэкIри, зыр адрейм деж кIуэри джащ. ЩIалэм и щхьэгъусэр къыщIэкIащ.

– Дэнэ кIуа си ныбжьэгъур? – щIэупщIащ щIалэр.

– Уи ныбжьэгъур щыIэжкъым: лIэри щIэтлъхьэжащ, – къыжриIащ.

– Ар дауэ ухъут, – яхуэгузэващ щIалэр. – И хьэдрыхэ нэху ухъу.

«Кхъэм сыдыхьэнщи, и кхъащхьэ зэзгъэлъагъунщ», – жери пщIантIэм дэкIыжащ, кхъэм дыхьэри гуу макъ зищIащ. ЗыгъэлIыщIа лIым и гуур къыкIэлъыса и гугъащ модрейм: зигъэпщкIуауэ кхъэм дэсти, чы къурагъ къиштэри къыпэуващ.

– Дыщэр дгуэшрэ? – жиIащ гуу макъ зызыщIам.

– Дгуэшынщ. Дымыгуэшынумэ, щхьэ къэтхьа?

Зыр зым зэремыбзэджэкIыфынур къагурыIуэжри, щIалэ бзаджитIым дыщэр зэхуагуэшащ.

АЙТЭЧ

***Рассказхэр***

# Щхьэхуещэ Сэлихь и дыщэ бдзэжьейр

НэгъуэщI планетэхэм цIыху щыпсэумэ, абы щекIуэкI хабзэхэр Тхьэшхуэм ищIэнщ, ауэ мы дызытет дунейм захуагъэ зэи щыIакъым икIи щыIэну къыщIэкIынкъым. Ар хьэкъыу сэ щыспхыкIар иджы дыдэщ. Апхуэдэу щIыжысIэри? СыбзыщIынкъым ари: захуагъэ гуэр мы дунейм щызекIуэу щытмэ, дыщэ бдзэжьей мо Сэлихьыжьым къыIэрыхьэн хуейтэкъым.

Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэр къыбгурыIуэнукъым жаIэркъэ, и пэм къыщегъэжьапхъэу къыщIэкIынщ.

Ти, Щхьэхуещэ Сэлихь жьыуэ къэтэджщ, пивэр здигъэIэпыкъуурэ гуэгушылкIэ фIыуэ зикъури, гъуэгу теуващ. Абы иIэт къуэлэнхэр къыщиубыд щIыпIэ зэгъуэкI цIыкIу. Гуэгушылым укъыфIэкIмэ, бдзэжьейр зыхилъхьэ щыIэтэкъым Сэлихь.

Псым нэсщ, и къунтхыр хидзэри, япэ къыIэрыхьэну къуэлэным егупсысу, темыщхьэукъукIын папщIэ дзапэ уэрэд цIыкIуи кърищу уващ. И дзапэ уэрэдыр сыт хуэдэт жыпIэрэ ущIэупщIэмэ, ар зэрыхъур мырат: «Сэ-э къы-ы-здэ-э-кIуэ-э На-а-зи-и-рэ-эт!»

Сэлихь зи къэшэгъуэу аратэкъым. Куэд щIат ар унагъуэ ээрыхъурэ. НэгъуэщIт абы Назирэт и уэрэдым хуиIэ гулъытэр къызыхэкI щхьэусыгъуэр. Абы фIыщэу илъагъурт къыхуахыр, кърaтыр, къидыгъури абы хэтыжу. «КъыздэкIуэми» зы фейдэ гуэр хилъагъуэрти, арат а уэрэдыр гъэфIэгъыбзэ щIыхуэхъуари.

Апхуэдэурэ зы сыхьэти, тIуи дэкIаи, ещанэри... Нобэ къуэлэнхэм загъэпщкIуауэ къыщIэкIынт!.. Зэманыр пщIэншэу кIуэрт. ЩIэхыу игъэзэжын и гугъэри, гъуэмылэ къыздищтакъыми, нышэдибэ гуэгушылкIэ мыбэлэрыгъами, здызэгуэпым, ар нэхъри къэмэжэлIат. Иджыпсту абы къыфIэщIырт зы гуэгуш псо иIатэмэ, и пIэ къримыгъэкIыну. «Бетэмал! НэгъуэщI мыхъуми, зы кIэбдзрэ пивэ птулъкIитIрэ щхьэ къыздэзмыхьарэт!» – зыхуэшхыдэжырт ар игукIэ.

Зэманыр пщIэншэу кIуэрт, Сэлихь нэхъри зэгуэпырт. «НтIэ, мыпхуэдизрэ сызыпэплъэр дыщэ бдзэжьейуэ пIэрэ?» – егупсысащ ар икIэмикIэжым. Псыхъуэр къигъэпсалъэуи къэдыхьэшхащ. МыдыхьэшхынкIи Iэмал иIэтэкъым, сыту жыпIэмэ, апхуэдэхэр зи фIэщ мыхъуну мы дунейм зыгуэр тетмэ, абы зэреджэр Щхьэхуещэ Сэлихьт. Ауэ...зэт! Тэмэм! Къуэлэныр и Iэрылъхьэщ!

Еплъыпэмэ, узримыгъэплъу дахэт, пщIыпщIрэ лыдыжу. IэпапIэхэри дыщэплъым ещхьщ. IэпапIэхэм я закъуэ, бдзэжьей цIыкIур зэрыщыту зэщIолыдэ!

– Уа, пэжу пIэрэ мыр?.. – и Iэгум илъ бдзэжьейр зэпиплъыхьурэ, хуэмурэ лъэгуажьэмыщхьэу етIысэхащ Сэлихь.

– Пэжщ, – къопсалъэ къуэлэныр. – Абы шэч къыщIытепхьэжыни щыIэкъым. Уэ уцIыху Iущу фэ птетщ, сэ бжесIэнум быдэу къедаIуэ. Уи фейдэри блумыгъэкI. Сэ, сщымыщ схэмылъу, сыдыщэщ. Ауэ, уи фIэщ щIы, дыщэр цIыхум Iэрыхьа нэужь, угъурсызыгъэ фIэкIа, угъурлыгъэ абы зэи кърикIуэркъым. Сэ уэ сэбэпышхуэ сыпхуэхъуфынущ. СыбутIыпщыжынумэ, уи лъэIуу щы згъэзэщIэфынущ.

– ХьыI! Япэ щIыкIэ гъэзащIэ, итIанэ... ИтIанэ деплъынщ, – жи мо хьэкIэпычыжьым.

– ЖыIэ.

– Сыт жысIэнур?

– КъызэлъэIу.

ПцIы хэмыльу, Сэлихь абы игъэгупсысат. Дыщэ бдзэжьейм зэрелъэIун имыIэу аратэкъым. Къелъэлъэхыжу иIэт. Ауэ...

Бдзэжьей цIыкIум жери:

– Сэ зы лъэIукъым пхуэзгъэзэщIэфынур, лъэIуищым сахуэгъэзащ. Ауэ щыхъукIэ, япэр мис мыбдеж дыдэм уи нэгу щыщIэкIын хуэдэу къыхэх. Абы уи фIэщ ищIынщ си Iуэхум пцIы къызэрыхэмыкIыжынур.

– Содэ, – арэзы мэхъу Сэлихь. – Моуэ мыбдеж зы тхьэрыкъуэф Iэнэ екIу къыщыухуэт!

Сэлихь ар жиIэн иухатэкъым, и пащхьэ дыдэм стIолтепхъуэм зыкъыщиубгъуу абы шхыныгъуэ телъыджэ куэд къыщытехутам. Сыхьэн дахэ гуэрым екIу дыдэу иубауэ, хугу гъуэжьыбзэм къыхэщIыкIа адыгэ пIастэ, бахъейр къыщхьэщихрэ бжьыныхумэр гуакIуэу щхьэщыту, гъэвауэ гуэгуш псо, литрищ зэрыхуэ банкIым изрэ къыщхьэпрыжу пивэ... Дэтхэнэр жыпIэн!..

– Иджы уи фIэщ хъуа? – Iэдэбу щIоупщIэ бдзэжьей цIыкIур.

– Хъуащ, – жи Сэлихь, пивэмрэ гуэгушылымрэ зыIурибзаеу.

Бдзэжьейм жери:

– Мы плъагъу псори зышхынур уи закъуэщ. Ауэ, зы дакъикъэ закъуэкIэ умыпэщIэжу, адрей уи лъэIуитIри къызжеIи, сэри сыутIыпщыж. ЖыIэ етIуанэ уи лъэIур.

– «Мерсищ» щIэхуэну гараж дэгъуэ, си гъунэгъу Сафудин и гаражыр ауэ къудей къыкъуэмыщыну!

– Ирехъу апхуэдэу! – жеIэ къуэлэн дахащэм. – УзыщIэлъэIуа гаражыр уиIэу бжы. ЖыIэ ещанэ уи лъэIури.

– Си гъунэгъу Сафудин и гараж зыкъизыхыр щIыкъатиблкIэ кIуэцIрыгъэху!

– Хьэуэ, – жеIэ бдзэжьейм. – Ар хъунукъым.

– Дауэ зэрымыхъунур, – мэкIий Сэлихь. – Си Iэгум иджыпсту...

Тхьэм ещIэ, ауэ зыми тщIэркъым а тIур зэрызэIэпыкIыну щытар, Сэлихь зыпэмыплъа гуэр асыхьэтым къэмыхъуатэмэ. Къэхъуар сыт жыпIэмэ зы хьэндыркъуакъуэшхуэ, къащхъуэрэ-щхъуантIэу, къапкIэри, Сэлихьу плъагъум гужьеигъуэр кърита щ. Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэу къыщIэкIынщ: зэрыцIыкIу лъандэрэ хьэл хуэхъуауэ, зыгъэлIэну ажалым хуэдэу, ар хьэндыркъуакъуэм щышынэрт. Арати, Сэлихьыр банкIым жьэхэуэри, пивэр ирикIутащ, мо ирикIутам хэувэжри цIэнтхъуащ, щыцIантхъуэм, имыщIэххэу и Iэр щIидзащ, и Iэр щыщIидзым, къуэлэн цIыкIур лъейри, «жьгъумпI» жиIэу псым хэпкIэжащ.

Сэлихьыр гъумэтIымэу къыщыпщыжмэ, стIолтепхъуэри, стIолтепхъуэм телъари – зыри щыIэжтэкъым, псори бзэхыжат, щыIаи-щымыIаи.

Асыхьэтым жьы къыкъуэущ, уэшхи къешхыу хуежьэри, Сэлихь, зэрыжаIэщи, и пэр къыпылэлу унэм къэкIуэжащ.

Ар бжэщхьэIум къебэкъуэжатэкъым, Мэржан абы щыпэувам:

– Ей, цIыхухъу! Телъыджэ къэхъуаи нобэ, уэ ущыдэмыс дыдэм!

– Сыт телъыджэ? – ерагъыу къыдришеящ зигу зэщыуа, зэхэуфIея, зыри къимыхьу къэкIуэжа лIым.

– БжесIэкIи – сыт!.. Уэ апхуэдэхэр уи фIэщ хъуркъым.

– ЖыIи пыкIыт.

– НтIэ, жысIэмэ... Нобэ, щхьэгъубжэм сыдэплъу сыздыщысым... зэрызгъэщIэгъуэнур къысхуэмыщIэу... ди гъунэгъу Сафудин и гаражым «сарху» жиIэу зы гараж дахэшхуэ къыбгъурыхутат... Сафудиныжьым и гаражым нэхърэ куэдкIэ нэхъ ину икIи нэхъ дэгъуэу!..

– НтIэ!..

– ЗэрыжысIа хуэдизрэ бзэхыжри ежьэжащ!..

Сэлихь сыт ищIэнт? Мэржан зыхуегъэхьэнэкхъуэнэри, моуэ иредз:

– Ей, цIыхубз! Вы лIам сэ хэзыIу жыхуаIэм ухуэдэщ... Сэ нобэ IэнэщIу сыкъэкIуэжащи сызэгуоуд. Ар зы. Сешащи – ар тIу. Шхын щхьэкIэ солIэри – ар щы. Уэ уи шыпсэхэм седэIуэну нэстрэенэ лъэпкъ сиIэкъым... Иджыпсту, си гур къемыкIуэ щIыкIэ, псынщIэу зыгуэр Iэнэм къытегъэувэт!

А махуэр апхуэдэу иухами, абдеж Iуэхум кIэ щигъуэтакъым. Сэлихьу плъагъум етIуанэ махуэми тригъэзащ. Ар бдзэжьейм хузэгуэпыщэрти, и дзапэ уэрэд тIэкIури щыгъупщэжауэ, Назирэт и гугъуи имыщIу, «къыздэкIуэ» хъыбари хэмытыжу, и нэм щIы имылъагъуу, и дзэхэр зэригъэшхыу кIуэрт и щхьэ хуэгъумэтIымэжу. Абы зыгуэр къыкIэщIэдэIухьатэмэ, пцIы хэмылъу, къызэрыщыхъунур мыпхуэдэу къыщIэкIынт: хэту щытми, Сэлихь зыгуэр къыхурикъуащ, щIыхуэшхуэ Iихыу зигъэбзэхыжа хъунщ...

«Мис иджы укъысIэрыхьэжатэмэ, сэ уэ къыбжьэдэзгъэпкIынт!» – жиIэрт Сэлихь, здэкIуэм. Ауэ... Iуэхуракъэ, япэ щIыкIэ бдзэжьейр къэубыдын хуейт.

Дауи, мыпхуэдэу жызыIэни гъунэжщ: «Ари сыт делагъэ! Дыщэ бдзэжьей зы цIыхум тIэу къыIэрыхьэрэ! Уи насып къихьри, пхуэфащэ-пхуэ-

мыфащэми, зэ къэбубыдати, уэ пыIэхуабэу укъыхущIэкIри, бдзэжьей цIыкIур макIуэ-мэлъей! Ауэ щыхъукIэ, уи пIэ ис, лIэун, абы упыкIащи, узыхэмытыпхъэ ухэмыт».

Ауэ апхуэдэу жызыIэнум Щхьэхуещэ СэлихькIэ зэджэр имыцIыхуу аращ. Сэлихь псоми къафIихьу, къафIишхыу, псори къигъапцIэу арат зэресар. ФIахьу, фIашхыу, къагъапцIэу, – апхуэдэ къэхъуртэкъым. Е, нэгъуэщI зыгуэру къебгъэджэрэзэкIыу жыпIэмэ, арат езым къызэрыщыхъужыр. НтIэ, хэти зэрищIэщи, уэ къызэрыпщыхъужырщ уи Iуэхур зытетыр.

Сэлихьи Сэлихьщ, ауэ, икIэм-икIэжым, абырэ дыщэ бдзэжьей къуэлэн цIыкIумрэ дауэ зэIэпыкIа? Ей-и-и... УщIэмыупщIи нэхъыфIщ. Сэлихь абы кърипэсар!..

Ауэ Iуэхум и тэмэмыпIэм ухуеймэ, мис ар зэрекIуэкIар.

Япэ махуэхэм, сыт имыщIамэ, бдзэжьейм зыкъигъэлъэгъуэххакъым. Сэлихь зы сыхьэт фIэкIуэдар, зы махуэ!.. Пщэдджыжьым, нэху мыщ щIыкIэ, псым кIуэрэ, пщыхьэщхьэм, кIыфI зэхэту, и гущхьэр къиуфIыцIыкIарэ уIурыIэбэ мыхъужу унэм къэкIуэжу. АрщхьэкIэ Сэлихь фIырыфIкIэ къэувыIэжхэм, уэгъурэ чыхурэ зыгурыIуэхэм ящыщтэкъым. Нэху къызэрекIыххэу, зызэщIикъуэрти, гъуэгу теувэрт.

Апхуэдэххэурэ, зы мазэ дэкIа, сытми, зы махуэ гуэрым Сэлихь псым хэплъэу щыст, щIэмычэу и щхьи хуэпсэлъэжу: «Сытыт уэсщIар? УзутIыпщыжатэкъэ? – Абы къыфIэщIыжырт бдзэжьейр езым иутIыпщыжауэ! – НтIэ, уэ къысхуэпщIэжар сыт? Къуэлэн нэрмалнэхэри бгъэIущауэ, абы лъандэрэ зыкъысщагъэпщкIу!.. Махуэ къэс си щхьэр фIэлэлу сыкъокIуэ, си Iэр щIэзупскIэу сокIуэж!..»

Абы хэту Сэлихь къыфIощI зы макъ гуэр зэхих хуэдэу. Зеплъыхь, ауэ зыри илъагъуркъым.

– Ущыуакъым, – къоIу абдеж бдзэжьей цIыкIум и макъ. – Ар сэращ. Ауэ сыкъэплъагъунукъым икIи сыкъэбубыдынукъым, гугъу зумыгъэхьи нэхъыфIщ. Сыт уи пIэ ущIимысыр? Узыхуейр сыт? Щхьэ Iуэху сыкъэпщIа, уи щIыхуэ стелъ нэхъей? Зыри пхуэсщIэфынукъым.

Сэлихь идэнт ар?

– Дауэ къызэрысхуумыщIэфынур! – кIиящ ар ину. – Iэнэ екIу къысхуэбухуатэкъэ?

– Пэжщ.

– Гараж дэгъуэ къысхуэбгъэуватэкъэ, фызым илъагъуу?

– НтIэ.

– Ахэр щыпхузэфIэкIакIэ...

– Сэ нэхъыби схузэфIэкIынут, зэрыбжесIащи, уи лъэIуу щы пхуэзгъэзэщIэнут. «Мерс» щIэрыпс а гаражым къыщIэгъэувэ е, сэ сщIэрэ, апхуэдэ гаражым екIун унэ дэгъуэ жыпIатэмэ, жыпIар уи Iэрылъхьэт. Сэ згъэзэщIэфыр лъэIущ. Уэ фыгъуэр къыхэбгъэхьэри, – псори лъэлъэжащ. Уи насыпыр уи IэкIэ пкъутэжамэ, сэ сыт си лажьэр?

Сэлихь апхуэдэу фIэкIыгъуафIэу уфIэкIынт:

– ЩIэрыщIэжу къытедгъэзэж щхьэ мыхъурэ?

– Апхуэдэу хъун щхьэкIэ щIэрыщIэу сыкъэбубыдыжын хуейщ.

– Зыкъэзбгъэубыдмэ, сыт ягъэ кIын!

– Хьэуэ, – пичащ бдзэжьей цIыкIум ткIийуэ, – абы упыкIащ.

Сэлихь къэгъыну хьэзырт. Ауэ сыт ищIэнт! Псым хэплъэу щытт ар, ищIэнур имыщIэу, зигъэкIэрахъуэу IукIыжынути, ари хузэфIэмыкIыу.

Абы хэту Сэлихь къыфIэщIащ бдзэжьей цIыкIум и кIэр псым

къыхэпIиикI хуэдэу. И нэм щIэIуэтыхьурэ еплъыпэмэ – арат! АрщхьэкIэ жыжьэIуэт, бетэмал!

Бдзэжьейм и кIэр къыхэпIиикIми къыщымынэу, ар пIэжьажьэ хуэдэу хъурт. Сэлихь къыщыхъуащ бдзэжьей цIыкIур къыщIэнакIэу. Абы нэхъри къигъэлыбынтэкъэ!

– Сэ уэ сыпхурикъунщ, куэ... – Сэлихь, губжьауэ епхъуэри, мывэ къыIэрыхьащ, пIастэ бэлагъыщхьэ хуэдиз хъуну, зишэщIри, бдзэжьейм тригъэхуэну и мураду, ар иутIыпщащ.

АрщхьэкIэ, абы иутIыпща мывэр псым лъэмыIэс щIыкIэ, бдзэжьейм и кIэр бзэхыжат.

Мывэр псым зэрыхэхуам и макъым зыри къыкIэлъыкIуатэкъыми, Сэлихь и гугъащ бдзэжьейр IэщIэукIауэ. «Пхуэфащэщ!» – жиIэри, къигъэкIэрэхъуэжа къудейуэ, абы зэхех бдзэжьей цIыкIум и макъ:

– ЦIыху хуэдэу сэлам уэсхыжыну сыхэтат сэ, ауэ уэ цIыхугъэ жыхуаIэр бжэгъукIэ кърадми пщIэркъым. Уэ пхуэфащэр иджыпсту къыплъысыжынщ...

Сэлихь, и нэр къижу зиплъыхь щхьэкIэ, бдзэжьейм и кIи и щхьи илъагъуртэкъым. НэгъуэщIт ар зыIуплъар: а зэрей хьэндыркъуакъуэ щхъуантIэжьыр, уафэм къехуэха нэхъей, къыжьэхэлъэри, Сэлихьу плъагъур абы илIыкIыным тIэкIунитIэщ иIэжар. Сытми, зэгуэр зыкъищIэжри, хъыжьпIыжьу, и псэр дзапэкIэ иIыгъыу, унэм джэдэжащ.

... Щхьэхуещэ Сэлихьрэ дыщэ бдзэжьей цIыкIумрэ я хъыбарыр зэриуха щIыкIэм мыпхуэдэ гугъэ уегъэщI: хэбгъэзыхьмэ, дызытет дунейми зы захуагъэ гуэр ущрихьэлIэ щыIэщ...

## «Мис аращ, си къуэш, поэзие жыхуаIэжыр»

Сэ тэмэм дыдэу сымыщIэжыр зыщ: а махуэм дгъэлъэпIа усакIуэр къызэралъхурэ зэрыхъуауэ щыта илъэс бжыгъэрщ. Адрей псори IупщIу солъагъуж, моуэ иджыпсту си пащхьэм щекIуэкIым хуэдэу.

Ти, аудиторэшхуэм щызэхуэсат студентхэри профессорхэри. Абыи я закъуэтэкъым. ХьэщIэ куэди кърихьэлIат, нэгъуэщI республикэхэми къикIаи яхэту. ЖьантIэ дыдэм къыдэс тхьэмадэм, профессор лIыжь лъахъшэ цIыкIум, и портфель иныр бгъукIэ иригъэкIуэтэкIри, хуабжьу зигъэдадэкъуапэу къыхидзащ:

– Ныбжьэгъу лъапIэхэ! ФIыщIэ фхузощI нобэ, нэгъуэщI сыт хуэдэ Iуэху фиIэми лъэныкъуэкIэ евгъэтIылъэкIыу, мыбы фыкъызэрыкIуам щхьэкIэ. Дэ дыкъызэхуэсащ псоми тцIыхуу, фIыуи тлъагъуу щыта ди усакIуэшхуэр дигу къэдгъэкIыжыну...

Ежьащи, йокIуэкI. ПсэлъапIэр нэщI хъуркъым. Зыр мытIысыж щIыкIэ, адрейр къыдокI. Псори хъарзынэу мэпсалъэ. Зым нэхърэ адрейр нэхъ жьакIуэщ. Зэзэмызи къыпфIощI мыхэр жьакIуагъэкIэ зэпеуэу, иджыпсту псэлъапIэм итыр япэкIэ къэпсэлъахэм зарефIэкIыным хэту. АбыкIэ псори зэщхьщ: нэхъ кIэщIу псалъэхэри, зи псалъэр кIыхьу езышажьэхэри.

Ауэ абыи и закъуэтэкъым, нэгъуэщI зыгуэркIи зэщхьт мы къэпсалъэхэр. Дэтхэнэ зыми жиIэ хуэдэт: сэращ усакIуэм и ныбжьэгъу нэсу, и гущIагъыщIэлъхэм нэхъ щыгъуазэу, дзыхь зыхуищIу, зи чэнджэщхэми нэхъ хуэныкъуэу щытар...

Мыгувэу цIыхубзхэми зыкъагъэхъеящ.

Ауэ къызэрымыкIуэу зыкърихырт япэу псэлъапIэр зыубыда фызыжьым: лэрыпс кIыхь зэрыт и чысэ моднэр фIэмыIуэху-фIэмыIуэхуу зыIэпигъэлэлу, плъыжьыфэ-гъуэжьыфэр ебэкIыу цIуугъэнэу хуэпауэ, кIэщIу тегъэщхьа и щхьэц пIащIэ тIэкIур купраузыфэу лауэ. А псоми къригъэкIыну зыхэтыр мырауэ къыщIэкIынт: фэ фимыгугъэт сэ жьы сыхъуауэ, сэ иджыри...

– Дауи, – жиIащ абы зэпишу, и пащхьэ къисхэм къыпыгуфIыкIыу къахэплъэу, – фэ псори фыщыгъуазэщ мы сатыр телъыджэхэм. – МыпIащIэу и чысэпсыр зэщIикъуэжщ, чысэр зэIуихщ, нэгъуджэ гъэщIэрэщIа гуэр хуэмурэ къыдихщ, зыIуилъхьэри, аудиторэр гупсэхуу къызэпиплъыхьа нэужь, зы тхылъи къыкIэлъыдихщ, а зэрымыпIащIэм хуэдэурэ къызэгуихри, сатыритI къеджащ, ехьэжьауэ зигъэтэфэтелэу. – Мы сатырхэм фыщыгъуазэ щхьэкIэ, усэр зыхуитхар фымыщIэнкIи мэхъу. Фыкъеплъыт, мисри, «К.З.» жиIэу тети усэм и щхьэм. Ар сэращ.

Асыхьэтым къэхъуар щхьэц купраузыфэр зыпэмыплъащ.

– Ар нэхъ Iуэхути! – къыхэкIиикIащ зыгуэр ину. ИужькIэ, нэхъ Iэдэбу: – Сэращ а усэр зыхуатхар.

ИкIи зы цIыхубз гуэр, щхьэц кхъуэщыныфэу, аудиторэм и курыкупсэм къыщызэфIэуващ.

Абдеж къэхъуам хуэдэ зыми и нэгу щIэкIатэкъым.

– ТIури фыкъопцIэ, – псоми IупщIу зэхахащ псэм дыхьэ макъ щабэ гуакIуэ. Ауэ хэт а макъыр зейр?

Абы и жэуап къалъыхъуэу, псоми нэхъу-нэхъуу зэпаплъыхьырт я пащхьэ къит пщащэ екIу дыдэр.

Абы и ныбжьыр илъэс 17–18-м фIэкIагъэнтэкъым. Щыгъыр зэрекIупсым фIэкIа, и щыгъыным нэгъуэщIкIэ гу зылъыуигъатэртэкъым. Ауэ гу зылъумытэнкIэ Iэмал зимыIэр сыт жыпIэмэ, пщащэм и нитIырт. Iистофриллэхь! ИгъащIэм хэт илъэгъуа апхуэдэнэ! Ар псалъэкIэ пхужымыIэным хуэдизт. Ауэ, Iэмал имыIэжрэ сыхагъэзэхыпэ хъужыкъуэмэ, хэт ищIэрэ, моуэ жысIэнкIи хъунщ: и нэбжьыц кIыхь фIыцIэхэм дыгъэ хъурей цIыкIуитI къыхэплъ хуэдэт. А дыгъэ хъурей цIыкIухэми гъатхэ дыгъэу укъалыпщIыртэкъым. Хьэуэ. Бжьыхьэ дыгъэу, щабэу къодэхащIэрт.

ГъэщIэгъуэнракъэ, Iэсэ дыди хуэдэт пщащэ зэкIуж цIыкIур, ауэ игурэ и щхьэрэ зэтелът, зыхуежьари и кIэм нимыгъэсауэ къызэримыкIуэтыжынур фэуэ тетт. И зэфIэкIыр здынэсыр езыми фIыуэ ищIэж хуэдэт. Ауэ а и лъэкIыныгъэр игъэпIийуэ къыпщыхъуртэкъым. Ар уэ тыгъэ къыпхуищIу, абы щхьэкIи фIыщIэ лей хуэмейуэ, – апхуэдэу къыпщыхъурт.

Ауэ дауэ ар къызэрыщIыхьар? КъыздикIари дэнэ? ИкIи хэт хъуну?

А упщIэхэм я жэуапу, тхьэIухудыр мащIэу пыгуфIыкIащ. ПыгуфIыкIащ щIыжысIэри абдеж къэхъуар къызэрысIуэтэн псалъэ къысхуэгъуэтыркъыми аращ. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт: дыгъэ хъурей цIыкIуитIым зы меданкIэ Iупхъуэ фIыцIэ дахэ цIыкIуитI кърапхъухри, къыкIэлъыкIуэ меданым драпхъуэтеижащ, – абы къикIыр тхьэIухудым и напIэр зэ кърихьэхри, псынщIэу къиIэтыжауэ аращ. Абы ирихьэлIэу и Iупэ дыхьэрэн Iув цIыкIуитIыр тIэкIу зэтеж хуэдэу хъури, щынэдзэ хужьыпс сатыритI къэлъэгъуащ, языхэзми псыкъуийм я нэхъ куумрэ я нэхъ дэгумрэ и лъащIэм къыщыщIэдзауэ и Iум къэс кърикъэлыдыкIыфыну къыпфIэщIу.

Нэхъыщхьэ дыдэр къысщыгъупщэрти. Сэ жыхуэсIэр а зэIущIэр щекIуэкI пэшышхуэми абы щIэс цIыхухэми нэрылъагъуу зэрызахъуэжарт. БжьыхьэкIэти, пшагъуэу, щIакIуэжьыфэу, – арат махуэр зэрыщытыр. Дэ тщIэ-дымыщIэми, дунейм и щыткIэм хуумыгъэфэщэну куэд елъытащ.

Махуэр зэрыхьэлъэм, зэрыгъуабжэм зыкъомкIэ епхауэ къыщIэкIынт, лIыжьхэр мыбэлэрыгъыу псалъэми, абы я псалъэмакъым щIэщхьэукъукIаи студентхэм къазэрыхэкIар. Ауэ, фызыжьитIым зэдауэ къыщаIэтым, щхьэукъуахэри къэушыжат. Iуриха зэрыхъуар хагъэгъуэщэжу, захуэу къызэфIэтIысхьэжат икIи, иджыри зэрыжейбащхъуэнэIуми, адрей къабгъурысхэм зыхагъэзэрыхьыжауэ, абыхэм я гъусэу пэплъэрт: мы тIур дауэ зэIэпыкIыну пIэрэ?..

Иджы пэшышхуэм и кIуэцIыр къызэщIэлыдат. ЦIыхухэр-щэ! Ахэри зы напIэзыпIэм нэгъуэщI зыгуэр къэхъуат: нэхъ фафIэу, нэхъ уардэу плъагъуу, я нэгухэри нэхъ зэлъыIухауэ. Псоми нэхъу-нэхъуу зэпаплъыхьырт пщащэ телъыджэр: Уеблэмэ, щIыбагъымкIэ къыдэсхэм къахэкIат, зыгуэр дагъэхункIэ шынэу, тIэкIу-тIэкIуурэ зыкъаIэтурэ къызэфIэувэпаи.

Мыбдеж нэгъуэщI зыми и гугъу сымыщIу хъунукъым. А пщащэм и макъыр!.. Сыт щыIэт ар зэбгъэщхь хъуну! Абы куэдым уригъэгупсысырт, уигури куэдым жэрт: жыг къудамэм тет пщIащэхэр зэрызэIущащэми, псынэ къабзащэм и шкIур-шкIур макъми, уэрэдкIэ ерыщ къуалэбзухэм я жыгъыруми. Ауэ пэжыр пэжщ: псори зэхуэхьэсауэ, дэтхэнэми нэхъ гуакIуэу къыдекIуэкIыр къыхакъузыкIарэ, зэгъэуIуауэ зым и деж щызэхуэхьэсыжауэ, – апхуэдэ макъ зэи зыми зэхихатэкъым. Апхуэдэт пщащэ тхьэIухудым и макъыр.

– Къысхуэвгъэгъуну сынywолъэIу, – жиIащ абы, и макъ телъыджащэм зримыгъэIэту. – Фэ фынэхъыжьщ, фи IэщIагъэми фыхуэIэзэщ, пщIэи къыволэжь. Ауэ...

ТхьэIухудыр мис а «ауэм» щынэс дыдэм ирихьэлIэу цIыхубз щхьэц кхъуэщыныфэр хуэмурэ, зыфIимыгъэIуэху-зыфIимыгъэIуэхуурэ къыщызэфIэувам деж щетIысэхыжащ. Адрей щхьэц купраузыфэм, щIыбагъкIэ икIуэтурэ, и папкэр къызытрина стIолри, абы къыбгъэдэт и тIысыпIэри къимылъыхъуэжу, япэ зрихьэлIа тIысыпIэ нэщIым фIэмыкIмэ нэхъ фIэкъабылащ.

– Ауэ, – жеIэ тхьэIухудым, – зи гугъу фщIы усэр зыхуатхар сэращ.

Ар уи фIэщ пщIынкIэ Iэмал зимыIэт: усакIуэр дунейм зэрехыжрэ илъэс тIощIым щIигъуат... ИтIани...

ЖиIэнур жиIа нэужь, адэкIэ зиIэжьакъым. Ауэ абы нэгъуэщI зы гъэщIэгъуэни далъэгъуащ.

Пщащэр жьантIэм къыдэсхэм я бгъумкIэ къыщытт (бжэри зыхуэзэр абыкIэт), мыдэкIэ щысхэм я гупэм къиту. Абы зыри жиIакъым, и Iэ къудеи къиIэтакъым, ауэ и плъэкIэмкIэ хуагъэфэщащ фызэплъэкIи мо блыным феплъыт жиIэ хуэдэу. ЖьантIэм къыдэсхэр зэрыщысу къэнащ. Мыдрейхэм, командэ ирата нэхъей, я щIыбагъымкIэ зраIуэнтIэкIащ, я хьэщIэ телъыджэр зэплъ гъэщIэгъуэнлажьэм езыхэми зыхамыгъэкIыжыну. ИкIи... жыпIэкIэ ар зи нэгу щIэмыкIам сыткIэ и фIэщ пхуэщIын: япэ щIыкIэ езы блыным хуэм дыдэу зигъэхъей хуэдэу къафIэщIащ, итIанэ, ар увыIэжри, блыным ику дыдэм хуэзэу сурэтышхуэ къызэпхыпс хуэдэу къалъэгъуащ. Ар зи сурэтми шэч къытрахьэжыртэкъым. Мес мы пэшышхуэм иджыпсту щIэсхэм ящыщ зыбжанэм фIыуэ яцIыхуу щыта нэпкъыпэпкъыр!.. Мес, мес и Iупэр мащIэу зэтежи хуэдэщ. Хэбгъэзыхьмэ, и цыджанэ Iуври сурэтым къыхыболъагъукI...

Абы хэту бжэхуэщIыж макъ псоми къызэхах. БжэмкIэ плъэхэмэ, пщащэ тхьэIухудыр щыIаи-щымыIаи – мохэр зэрытеплъэкъукIыу, езыр бзэхыжат. Ар дыдэм ирихьэлIэу блыным къызэпхыпсу щыта сурэтри кIуэдыжат, аудиторэ кIуэцIри занщIэу кIыфI къэхъужат.

Зы тэлайкIэ псори щыму щысащ. АрщхьэкIэ апхуэдэу игъащIэкIэ ущысынт. ЖьантIэ дыдэм къыдэс тхьэмадэр къопсалъэри:

– Мис ар упщIэ нагъыщэщ, – жеIэ.

– Хьэуэ, – идэркъым абы къыбгъурысым. – Ар хэIэтыкIа нагъыщэщ.

Абы хэту зы студент мыкIуэмытэ дыдэ гуэр, сыт щыгъуи къыкIэрыхуу, ноби псом я ужькIэ къыщIыхьауэ, псом япэ хуэмурэ къызэфIэувэри, зыми хуэмыгъэзарэ псоми яхуэгъэзарэ къыпхуэмыщIэну, щэху цIыкIуу (ауэ псоми зэхахыу) и пащIэ цIырхъ щIагъым къыщIэпсэлъыкIащ:

– Мис аращ, си къуэш, поэзие жыхуаIэжыр.

Къызыхихари езым имыщIэжу, тхьэмадэр абы ткIийуэ жьэхэплъащ. Профессорым и Iупэм къэсат студент кIэлъэфым ириутIыпщыну хъуэрыр: «ИгъащIэми уIущыжьтэкъэ уэ! Арагъэнщ нобэр къыздэсым зачетитI щIыптелъыр». Ауэ зыри жриIакъым, и жьэр зыгуэрым зэтридам ярейуэ. Абы езыр иризэгуэпыжауэ, зы тэлайкIэ хэплъэу щысри, и щхьэр къиIэтыжмэ, аудиторэм цIыху щIэсаи-щIэмысаи – псори зэрыщIэхыжат.

ЛIЫГЪУР Чэрим

# Жэщ гъуэгурыкIуэ

***Рассказ***



**I**

Азэмэт фIыуэ илъагъуртэкъым купщIэ гуэр зи псалъэм хэмылъ цIыху Iуэрвэрхэр. Езым фIэфIтэкъым хъыбар гуэрхэр Iуэтэжыныр. И бзэгур лажьэ нэхърэ, и Iэр, и лъэр, и щхьэр лажьэмэ нэхъ къищтэрт.

Зэи хуэмыдэжу, ар ныщхьэбэ псэлъэгъуей дыдэ хъуат. Гъуэгуанэ къызэрытехьэжрэ екIи-фIыкIи зы псалъэ къыжьэдэкIатэкъым. Езым и мызакъуэу, маршынапхэм  ису къыздишэж Беслъэнрэ Мадинэри щым дыдэу щысхэт. Псори гупсысэ хьэлъэм иIыгът, ныжэбэ я нэгум щIэкIа нэщIэбжьэм гуауэщхьэуэ ищIауэ.

Апхуэдэу къыздэжэм, УАЗ-м и уэздыгъэ нэхур жьэхидзащ Iэ къэзыщI гъуэгурыкIуэм. «Ныщхьэбэрей хьэгъуэлIыгъуэм щIэпхъаджагъэ щызылэжьа бзаджэнаджэм зэрещхь мы щIалэжьыр! – йогупсыс Азэмэт пIейтейуэ. – Иджыпсту IэнатIэм сыIумытми, сыблэкIрэ сежьэжмэ, дауэ хъун, къэувыIауэ зэхэгъэкIын хуейщ».

– Мо гъуэгурыкIуэр маршынэм къиизгъэтIысхьэмэ, фышынэн? – щIоупщIэр Азэмэт, и щIыбагъым къыдэс зэлIзэфызым захуигъазэу. – И щхьэр техауэ жысIэнщи, абы кIэрахъуэ иIыгъынкIэ хъунущ...

Темыгушхуащэурэ и гъуситIыр арэзы щыхъум, Азэмэт УАЗ-р къригъэкIуэтыжри, Iэ къыхуэзыщIа гъуэгурыкIуэм кърихулIащ.

– Дэнэ унэсыну, щIалэ?

– Хэхэсхьэблэ.

– КъакIуэ, къитIысхьэ!..

## II

БгъуэнщIагъхэм куэдрэ щIэса абрэджым ещхьу, маршынэм къитIысхьа щIалэжьыр жьакIэ бацэт, нэгу уфат, тIэкIуи щтэIэщтаблэт. Ауэ зэIэщIэлът, кIэстум гъуабжэ щыгъыр и Iэпкълъэпкъым къезэвэкIыу. КIэстумыр егъэлеяуэ зэрыфIейми гу лъыптэрт, ар зыщыгъым ятIэм зыхикухьами ярейуэ.

Набдзэгубдзаплъэу зэ хуеплъэкIыжу, къыбгъэдэсыр шэчыншэу къицIыхужа нэужь, Азэмэт и нэгум занщIэу къыщIыхьэжащ Беслъэнрэ Мадинэрэ ныщхьэбэ здиша унагъуэм я пщIантIэм ныжэбэ къыщыхъуа нэщхъеягъуэ хьэлъэр...

ХьэгъуэлIыгъуэр фIыкъэ. Я ныбжь елъытакIэ гуп-гупурэ зэхэдзауэ хьэщIэхэр унэм щIэгуэшащи, йофэ, йошхэ, хъуэхъу дахэхэр жаIэу, къакъэпщIыпщIу, хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэр зэхуаIуэтэжу зэхэсщ. Фадэм трамыкъузащэми, щхьэхуэу щыс цIыхубзхэми къапсэлъын ягъуэт. МынэхъыфIмэ, зыкIи нэхъыкIэкъым пщIантIэм дэт щIалэгъуалэм я Iуэхури. Ахэр мэджэгу, Iэгур щIакъутыкIыу. Ибгъу зырызымкIэ пхъэцIыч еуэу къыщыт щIалитIым зэзэмызэ яхуеплъэкIыу, пшынауэми пшынэр егъэбзэрабзэр.

ЗыхагъэтIысхьа гупым тэлайкIэ яхэса нэужь, хэгъэрейхэм ящыщ гуэр щIыгъуу щIыбым къыщIэкIа Азэмэт тутын щIигъэнауэ джэгум хэт щIалэгъуалэм яхоплъэ. Итхьэкъуауэ йодаIуэ пшынауэм кърigъэкI адыгэ макъамэ гурыхьхэм. ТIэкIу мэукIытэ ахъумэ, къытелъадэу зигъэзэну хьэзырщ.

Гуныкъуэгъуэ зимыIэ, зи гур щыз, зи нэгум гуфIэгъуэр къищ ныбжьыщIэхэм я псэм зыкъыдищI нэхъей, уафэгум иджэгухь мазэм нурыр къыIурех, нэху дыдэ къэхъуауэ. А нурыр толыдыкI хьэщIэр къызэрыкIуа маршынэхэм я щыгум, яхэлъ абджхэм, шэрхъхэм якIэрылъ диск цIухэм. Гулъытэншэу мазэм къигъанэркъым пщIантIэм дэт, шыгъуэгу хадэм ит жыгхэри: абыхэм япыт тхьэмпэхэр нэхукIэ егъэпскI.

Бжьыхьэ мазэ пэтми, гъэмахуэм иджыри «зимытауэ» дунейр хуабэщи, джэгуу, гушыIэу щIыбым дэт щIалэгъуалэм я нэхъыбэр цIахуцIэу хуэпащ. ЖыпIэнуракъэ, псори дахэщ, хъуэпсэгъуэщ икIи гурыхьщ. Гурымыхьу, бэмпIэгъуэу плъагъур зы закъуэщ: къафэу тет гупым жьакIэ бацэ хъужауэ щIалэжь гуэр зэран яхуохъу, хэт лъакъуэпэщIэдз хуищIу, хэти едамэпкъауэу. Къыщышынэу, къыфIэлIыкIыу е ныбжьэгъугъэ халъхьэу ара, сытми, абы зыми дагъуэ хуищIыртэкъым, къыпыгуфIыкIыу къеплъ е «Iэгу еуэ, ЖьакIэ!» – жаIэу чэнджэщ кърат мыхъум. Зы тэлайкIэ апхуэдэу екIуэкIа нэужь, и нэм къыфIэна хъыджэбз ныбжьыщIэ гуэрым щIалэжьыр щыхьащ, къыдэфэну пиубыдри. Хъыджэбзыр къэгузэвауэ къолъэIу:

– Къысхуэгъэгъу, сэ къэфэкIэ сщIэркъым.

– Сэ уезгъэсэнкъэ, тхьэIухуд шыр! – жеIэ мыдрейм, хъыджэбзыр лъэщыгъэкIэ къыдилъэфыну хэту. – КъакIуэ мыдэ!

ЩIалэжьыр щIыкIэншэ дыдэ щыхъум, ар адэкIэ хуэмышэчыжу, Азэмэт къежьат, тутын никъуэф къыжьэдихыжар, губжьауэ и лъапэм деж щридзыхри. АрщхьэкIэ къыщIэзыша щIалэм къызэтригъэувыIэжащ:

– Зэ умыпIащIэ, Азэмэт, мо щIалэ бгъэдыхьам зыгуэр ирищIэнщ. Ар абы фIыуэ ецIыху, езыри боксер Iэзэщ.

## III

ЗыщIэкIа пэшым къыщIашэжа Азэмэт «гуп махуэ апщий!» жиIэну хунэсатэкъым, кIэрахъуэ уэ макъ къэIуу зэрыгъэкIий-зэрыгъэгуо макъышхуэм пщIантIэр щызэщIищтам.

– ФымыгъакIуэ бзаджэнаджэр!.. Къэвубыд!

– Мес, шыгъуэгу хадэмкIэ щIэпхъуащ.

Гужьеигъуэ макъхэр щызэхахым, цIыхухъуи цIыхубзи, сабии балигъи унэм къызэрыщIэхащ, къэхъуар къагурымыIуэу.

– ПсынщIэу «скорэм» фыкъеджэ!

– Милицэм хъыбар евгъащIэ!..

ЦIыху гужьеяхэм я псалъэхэр зэхыуамыгъэхыжу, гъы макъ зыбжанэ къэIуащ зэдежьууэ. Гур икъутэу а псоми къахэщырт укъуэдиижауэ щылъ хьэдэм зытезыубгъуа анэм и гъуахъуэ макъыр:

– Уэ си Замир цIыкIу мыгъуэ! Уэ дыдыд Iей мыгъуэ! Уэ дыунэхъужа мыгъуэщ! Хэт дызыгъэунэхъуа нэджэIуджэр? Хэт мыгъуэ! Iуэгъу-лъагъу хъун бзаджэнаджэр хэт?!.. А дыдыд! А дыдыд Iей мыгъуэ! Алыхь Талэм и нэлатыр зытехуэн лIыукI, си сабий IэфIым и пIэкIэ, сэ щхьэ сумыукIарэ, мыхъуэжыххэми?!. Сыщоуэ! Сыщоуэ мыгъуэ: хьэкIэкхъуэкIэм IэщIэкIуэдар си щIалэ цIыкIум и закъуэкъым. Сэри, и адэри, и шыпхъу закъуэри дызэтриукIащ. ГуIэгъуэр зыхуэкIуэн – дыбгъэунэхъуащ... Ей, цIыхухэ, си благъэ-си Iыхьлыхэ, си гъунэгъу-си ныбжьэгъухэ, къызжефIэт: сыт сщIэжыну, сыт сыусыну?!. Уэ дыдыд! Уэ дыдыд Iей мыгъуэ! Уэ си Замир цIыкIу мыгъуэ! Тхьэмахуэ дызыхуэкIуэм нысащIэ къодгъэшэн ди гугъати. Иджы хьэдэIус пхуэтщIыжыну ди натIэм къритха мыгъуи!.. А дыдыд! А дыдыд!..

И куафэм еуэжу зызычэтхъэж анэ тхьэмыщкIэр и нэгум къыщыщIыхьэжым, Азэмэт и губжьыр нэхъри къэбэтащ, и лъыр къэукъубеящ, и лъынтхуэхэр къызэпичыным хуэдизу. АпхуэдизкIэ лъагъумыхъуныгъэ хуиIэ хъуат къыбгъурыс щIалэми, «бжэр быдэу хуэпщIыжа си гугъэкъым» жиIэу игъэбэлэрыгъыу машинэм иридзу маршынэ шэрхъымкIэ теувэжыну хьэзырт. Ауэ ар хабзэми и къулыкъуми къызэремызэгъым къызэтригъэувыIэжырт...

## IV

Жыг лъагэхэр зи бгъуитIымкIэ щыгъэкIа асфальт гъуэгу бгъуфIэм тету, УАЗ-р шэщIауэ жэрт. Жэщыр хэкIуэтати, гъуэгур цIыхуншэт, маршынэ зэхэзежэ щIагъуи щыIэтэкъым. Ауэ, нэхъ хуиту икIи тыншу ущызекIуэми, жэщ гъуэгуанэр зэшыгъуэщ. Ар нэхъри зыхыбощIэ псэлъэгъу, уэршэрэгъу гуэр ущимыIэм е, уиIэпэу щытми, уи гъусэхэм зыри щыжамыIэм и деж. Апхуэдэт иджыпсту УАЗ-м ис гупыр зэрыт щытыкIэр. Ахэр щымт, псэлъэну хуит ямыщI нэхъей. Абы щыгъуэми дэтхэнэ зыри и гупсысэм гъэру иIыгъыжт.

ИкIэм-икIэжым Азэмэт щIоупщIэ, Iуэхум хьилагъэ гуэри хилъхьэу:

– Нартыху губгъуэм хьэсэпэхъумэу ущылажьэу арагъэнщ уэ, дауи. Гъавэр бэв хъуа мы гъэм?..

КъызэреупщIар зэхимыхарэ хьэмэрэ и тхьэкIумэм цIыв иригъэпщхьа, сытми, щIалэжьым жэуап къитыжакъым. Ар щыст и нэгур уфарэ, гупсысэ хьэлъэхэм зэщIаубыдауэ. Хэхэсхьэблэм щыпсэу, тутнакъэщым къыдиса и ныбжьэгъур зыгуэркIэ имыгъуэт хъужыкъуэмэ, ныжэбэ зэкIуэлIэнур къыхуэмыщIэу, и щхьэр фIикъутыкIыжырт. ИтIани и гур иригъэфIу йогупсыс: «ЖэщыбгЫм дэнэ кIуэн? IуэхукIэ ежьами, шэч хэмылъу, абы унэм къигъэзэжащ. Къэзгъэушынци, сигъэпщкIуну селъэIунщ. Шынэу е къэдзыхэу сыкъигъэщIэхъун хуейкъым. Ныбжьэгъугъэм ткIийуэ тетыфхэм ящыщщ. Ныжэбэ зыгуэрурэ сигъэпщкIум, адэкIэ сыхуеижкъым, пщэдей чыхум сыхыхьэжынущ».

ХэхэсхьэблэмкIэ дэзыдзых гъуэгум къыщыблагъэм, Азэмэт къыбгъурыс щIалэм зыхуигъэзащ:

– Ди щIыбагъымкIэ къыдэс мы си малъхъэмрэ си шыпхъумрэ къалэкум сошэжри, япэ щIыкIэ ахэр изгъэкIынщи, итIанэ уэ удэсшэжынщ. Хъункъэ?

– Хъунщ... Сэ сыпIащIэркъым.

Емыгупсысу а жэуапыр къитыжами, шоферым гъусэ гуэрхэр зэрыщIыгъум иджыри къэс гу лъызымыта щIалэр абы къигъащтэри, къэгузэващ, щIыIэ гуэр и щIыфэм ирижэу. Шэч ищIауэ, ар йогупсыс: «КъызэрыщIэкIымкIэ, Iуэхур си гугъэм щыщыIэкъым. СыкъызэрытIысхьа мы УАЗ-р гъуэгурыкIуэм тету къысхуэзауэ аракъым, атIэ милицэ маршынэщ, дамыгъэ гуэр темытми. Аращ Iуэхур зытетыр, шэч къытепхьэ мыхъуну. Сыщымыуэмэ, мы УАЗ-р ныжэбэрей хьэгъуэлIыгъуэм щыIащ, пщIантIэ дыхьэпIэм и гъунэгъуу уэрамым дэту. Номер телъым семыплъами, ар мыбы ещхьыркъабзэщ къыпачауэ. ЩIыбагъымкIэ къыдэсу щыс мы «шляпэри», си гугъэмкIэ, нэчыхьытхым щыIащ. Уеблэмэ джэгум хэтащ, къафэу... Сэ мыбыхэм срагъусэ хъунукъым. Ауэ сыт сщIэнур? Мыбдеж дыдэм къэзгъэувыIэрэ маршынэм сикIмэ, гъуэгуанэ кIыхьыIуэ зэпысчыжын хуей хъунущ. ПшэкIэплъ къищIыным куэд иIэжкъым, тIэкIу дэкIмэ, нэху щынущ. Жейм емызэгъ лIыжь-фызыжьхэмрэ пщэдджыжькIэрэ къэзыжыхь «спортсмен» фэрыщIхэмрэ мыгувэу къежьэнущ. Абыхэм сыкъалъагъурэ хэIущIыIу сыхъумэ, сыкъэсыжащ. Сэ абы зыкIи сыхуейкъым. Сыт-тIэ сщIэнур? ЦIыхубзри яхэту, щыри IуспIэу, маршынэр есхужьэу сежьэжын? Хьэуэ, ари хъунукъым: зы шэ закъуэщ си пушкэм илъыжыр. Шоферыр яхэзукIыкIмэ, мыдрей тIур къэнэнущ. ШэсыпIэ уихьэфын я Iыхьлы хэкIуэдам илъ абыхэм ямыщIэжыну, къапхъуэу сызэщIаубыдэу икIи си къурмакъейр щаубыдыкIыу?.. Зэт, зэт!

Шоферыр сыукIмэ, мыдреитIыр занщIэу къэшынэнукъэ, я псэр я лъэдакъэпэм кIуэжу? Дауи, къэшынэнущ. Шэ закъуэ фIэкIа си кIэрахъуэм имылъыжу абыхэм сыткIэ ящIэрэ?»

ЩIалэм гупсысэ пIейтейхэр зэригъэзахуэу щысыхукIэ, УАЗ-р къалэм къыдэлъэдэжри зы теуэгъуэфIи къикIуащ.

Гъуэгум щыгъэува хабзэхэм мащIэ-куэдми зыгуэр хэзыщIыкI дэтхэнэ зыри щыгъуазэщ къалэ кIуэцIым щыдэтым деж маршынэм иIыгъ хуабжьагъыр нэхъ мащIэ щIын зэрыхуейм. Азэмэт а хабзэм зэрытемытым щIалэм ищI гурыщхъуэр нэхъри къигъэбэтащ. Ар къэгузэващ. Тегъэчыныхьауэ и бгъэм макъ щэху гуэр къипсэлъыкIащ: «Мы шоферым дзыхь хуумыщI. КIэрахъуэр еубыдылIи зыкъегъэгъэшыж икIи Хэхэсхьэблэм занщIэу згъашэ, и Iыхьлыхэр унэм нигъэсыжын и пэ къихуэу!» – жиIэу.

Щэхуу кърат чэнджэщыр игъэзэщIэну щIалэжьыр хунэсакъым: вагъуэижым хуэдэу милицэ бжэIупэм Iулъэда УАЗ-р, гулъэф ин ищIу, зэщIэувыIыкIащ. Маршынэ макъым къигъэщтауэ а напIэзыпIэм отделым сержантитI къыщIэжащ.

– Уэ уаубыдакIэщ, жьакIацэ! – жиIэри, зи жыпымкIэ пхъуа щIалэжьым и Iэпщэр Азэмэт ткIийуэ фIиубыдыкIащ. – ЗыкъыумытIэу, маршынэм никI, хьэбыршыбыр!

– Ей, щIалэ, мы ди Iэблэр апхуэдизу умыIуантIэ!.. Вообще ухэт уэ езыр?!.

Азэмэт хэтми, ар милицэм и капитану зэрыщытри щIалэжьым къыщищIар дежурнэхэр зыщIэс пэшым щIаша нэужьщ.

V

ЩІэпхъаджащІэр дежурнэхэм яриту Іуэхур къызэрекІуэкІам теухуа рапорт начальникым и цІэкІэ итхыжа нэужь, Азэмэт зимыІэжьэу къежьэжащ.

– Ди зэранкІэ ныжэбэ бэлыхь ухэдгъэтащ, гуауэ Іей мыгъуэри уи нэгум щІэкІащ, – жеІэ Мадинэ, я ныбжьэгъум гущІэгъу хуищІу. – КхъыІэ, къытхуэгъэгъу, Азэмэт!

Абы и жэуапу мыдрейр къыпыгуфІыкІащ: «Сэ си къалэныр згъэзэщІауэ аркъудейщ» жыхуиІэу.



ЩОМАХУЭ Залинэ

# Мадоннэ

***Рассказ***

*Псэ зиІэм уэрэд жеІэ*

Уэрам фейцейр нэхъ фейцеиж зыщІу къыпщыхъу лІыжь зэфІэмыхьэр хуэму макІуэ, зи пэм гъущІ папцІэ пылъ баш цІыкІур зыщІигъакъуэурэ. Ауэрэ уэрамым нэгъуэщІ цІыхухэри дэз къохъу. Псоми Іуэху гуэр яІэ къыщІэкІынщи, мэпІащІэхэр я Іуэху нэхъ псынщІэу зэрызэфІагъэкІыным яужь иту. ЛІыжь закъуэрщ мыпІащІэр. Ар якІэлъоплъ блэж-къыблэжыжхэм. Зэми, зыгуэрхэр, зэригъэзахуэу ину мэпсалъэ. Шхыдэу аращ. Дауи, ар арэзыкъым щІалэгъуалэм я зыхуэпэкІэмкІэ. Хъыджэбз блэкІам хуэмышэчу кІэлъидзащ: «напэншэ!». Езы хъыджэбз ныкъуэтІэщІри абы зыкІэ къеплъати, нэкІэ зыгуэр яхуэукІыу щытамэ, ІэщІэукІат лІыжь тхьэмыщкІэр. ЛІыжьым зызэхуешэри, мыпІащІэурэ и гъуэгум пещэж. Дэни пІэщІэн? Унэкъым, жьэгукъым. Щыгъ тІэкІумрэ и башыжьымрэ фІэкІа зыри щиІэжкъым мы дуней псом.

Закъуэныгъэм нэхъ Іей сыт щыІэ. ЛІыжьыр абы иужьыгуащ Іэпкъ лъэпкъкІи псэкІи. Зыгуэр и гъусамэ, нэгъуэщІ мыхъуми, епсэлъэнт. Мы Іэгъуэблагъэхэм езым хуэдэу и закъуэу зы цІыхубз щыІэу зэхихати, аращ ар къыщІежьар, къигъуэту гъусэ зыхуищІын мурад иІэу. Ауэ дэнэ ар къыщигъуэтынур?

ПІащІэу блэж цІыхухэм зыгуэркІэ еупщІыну хэтщ, ауэ мо теплъаджэм зыри къепсэлъэххэркъым.

Пэмыжыжьэу щыт тыкуэным бгъэдохьэ.

– Дадэ, шеи щІакхъуи уэстыфынукъым нобэ, – жи тыкуэнтетым, нэхумыщу зыгуэрым къызэригъэгубжьар нэрылъагъуу.

– Сэ зыгуэр сыхуейуэ аракъым, сыноупщІынут, хъунумэ?! – жи лІыжьым, и макъым тІэкІу зригъэІэтауэ.

– КъызэупщІ, арамэ, – ифІ зыкърешэж цІыхубзым.

– Сэ схуэдэу унэншэу, жьэгуншэу, тегушхуэгъуафІэу мы Іэшэлъашэхэм цІыхубз щыІэу зэхэсхащи, ущымыгъуазэу пІэрэ?

– А-а-а, нтIэ, Мадоннэ хъунщ жыхуэпIэр, – щыпсэу лъэныкъуэр Iэпэк Iэ ирегъэлъагъу.

ЛIыжьыр тыкуэнтетым кIыхьу йохъуэхъу, и нэр къижу къеплъу къегъанэри, и гъуэгу хигъэщIу йожьэж.

– Тобэ, Ялыхь дыщыхъумэ! Мори цIыхуфIщ, гъэсащ, губзыгъэщ, итIани, мес, еплъ гъащIэм кърищIам – бомжщ, – жеIэ тыкуэнтетым, лIыжьыр и теплъэкIэ фейцейми, и зыIыгъыкIэр игъэщIагъуэу.

Паркым нэсри лIыжьым къилъэгъуащ сабийхэм джэгупIэу ящI хабзэм хуэдэ унэ цIыкIу. Гъунэгъу щыхуэхъум, и пыIэ къуацэр зыщхьэрихри, нэхъ къуацэжу къыщIэщ и щхьэцыр дрилъэщIеящ.

– Мажьэ сиIамэ... – Мэхъуапсэ лIыжьыр. КIэригъэкI щIагъуэ щымыIэми, и гъуэншэдж фIейм есэбэуащ. Хъыджэбзаплъэ ущыкIуэкIэ, фэ гуэр зытегъэуэн хуейкъэ, жыхуиIэ хъунщ. Ауэ абы дэнэ щищIэнт а зыхуэкIуэм дежкIэ куэд щIауэ теплъэм мыхьэнэ лъэпкъ зэримыIэжыр? ЛIыжьыр унэ цIыкIум бгъэдэкIуэтэху, нэхъ хуиту зэпеплъыхь Iэгъуэблагъэр. ЩIыпIэ хъарзыни къыхихащ псэупIэу, жьыуэгъуэджэщ, къуэгъэнапIэщ. Псэм укъигъэгузэва нэужь, сытри къуегъэгупсыс.

Унэ зыфIищам гъунэгъу щыхуэхъум, пабжьэм хьэмаскIэ цIыкIу къыхэжри, къигъэщтащ. И макъыр езым хуэдэу тIукIэ нэхъ инт. Хьэ банэ макъым унэм къыщIишащ зи тхьэусыхафэр ипэ ит бысымыр.

– Сыт узыхуейр? – мэкIий ар макъ итхъунщIыкIакIэ. – Сэ зыри сиIэкъым, ерагъыу си щхьэр згъэпсэуж къудейщ!

ЛIыжьым зэпеплъыхь цIыхубзыр. Пэжыр жыпIэмэ, теплъэм уигу ирихьынышхуэ хэлътэкъым. Езыр япон цIыхубз жьгъей цIыкIухэм ещхьт. И бгыр гъэшат, и щхьэцыр фIейт, къетхъухат, пыгъэщат, езы лIыжьым ейм нэхърэ нэхъ кIэщIынкIи хъуну. Щыгъыным и гугъу умыщIыххэми хъунут. ЛIыжьым гу лъитащ, гъэмахуэ хуабэми, абы щыгъын куэдыкIей зэтекъуауэ зэрыщыгъым. Сэ сэщхьщ, мылъкуу бгъэдэлъыр къыздрехьэкI, – йогупсыс хьэщIэр. ИтIанэ, зэ зыкъещIэжри, цIыхубзым дежкIэ кIуатэурэ, жеIэ: «Сэ лъэIуакIуэ сыкъэкIуауэ аракъым, Iуэху пхузиIэщ». Гъунэгъу дыдэ щыхуэхъум, абы къыIурыуащ фадэмэ гуащIэ. «Абыи щхьэусыгъуэ гуэр иIэу къыщIэкIынщ», – йогупсыс.

– Сэ зыри сиIэкъым, зыкIи сэбэп сыпхуэхъуфынукъым, – жиIэурэ, бысымыр йоIэбых ауэ щылъ башымкIэ.

– Зэ бэяут, сэ сыунэншэщ, сыунагъуэншэщ, псэм псэ къелъыхъуэ, аращ сыкъыщIежьар.

– Си унэр степхыну ара? – зешэщIри, башымкIэ йоуэ.

ЛIыжьым зыщыщIидзым, мэджалэ. Сыт хуэдизу чэфу и акъылым икIауэ щымытами, цIыхубзыпсэр махэщ. И чэфыр теужауэ, абы лIыжьыр унэ тIэкIум щIилъэфащ. И хьэ цIыкIур хъумакIуэу къигъанэри, езыр ежьащ, Iуэхушхуэ гуэр къыпэплъэ фIэкIа умыщIэну пIащIэу. ЛIыжьыр зызэман къэушащ, шхын щхьэкIэ лIэуэ. Япэ щIыкIэ къыгурыIуакъым здэщыIэр, хьэ цIыкIур щилъагъум, къищIэжащ. И нэ къуэлэн пIащэхэмкIэ хьэщIэм зэпеплъыхь хэщIапIэ хуэхъуар. Нэрылъагъут мыр цIыхубз къарукIэ зэгъэпщIауэ зэрыщытыр. БашиплI хитIэри, къуаци, жыг къудами, тхылъымпIэ Iуви, – къыIэрыхьэр трибгъэжат. И лъэгуми тхьэмпэ ирикIутэжат. Нэхъ тэмэму жыпIэнумэ, мыр пщыIэт, унэтэкъым. И щхьэщыгу дыдэм дыгъэр къыпхидзырт, нэр ирищIу. Ныжэбэрей уэшхыр къыпхыкIагъэнт, иджыщ къыщищIар зытелъ уэншэку зэфIэтхъар зэрыпсыфыр. Нэхъ гъум хъуауэ къыфIэщI щхьэр Iэ лъэныкъуэкIэ иIыгъыу, ар пщыIэм къыщIэкIри зыкъомрэ зиплъыхьащ. ИтIанэ ихъуреягъым ит псейхэмрэ

жыгхэмрэ къыхупыщIыкIыр къыпищIыкIри, егугъуу пщыIэр зэщIибгъащ. Уэншэку псыфыр дыгъэ гуащIэм къыщIихри игъэгъущащ. Удзи бани ихъуреягъым итыр къричащ. Iуэхур иухыу щетIысэхам, дыгъэри ешауэ къухьэжырт. «Абыи и махуэ къалэныр игъэзэщIащ» – егупсысырт лIыжьыр.

Ешу етIысэхыжа нэужь, ныбэ гузэвэгъуэр нэхъри къытехьэлъащ. Махуэ бжыгъэ дэкIат дахэ-дахэу шха зэрымыхъурэ.

Пшапэр зэхэуэу хуежьауэ, и уэрэд макъыр япэ иту къэсыжащ цIыхубзыр. Абы и макъыр зэм псыгъуэ ищIу, зэми гъум ищIыжурэ, хьэлэмэтыщэу уэрэдыр къришырт. ПщIэжынтэкъым ар нышэдибэрей макъ итхъунщIыкIарауэ.

Къэсыжам щIакхъуэ Iыхьэ иIыгъти, и нықъуэр къыпищIыкIри хьэщIэм къыхуишиящ.

– Мыр дэнэ къипха? КъэплъэIухуауэ ара?

– Сэ сылъаIуэркъым!

ЩIакхъуэр шхын яуха нэужь, фызым, и къарур къызэрыгъуэтыжауэ къыщIэкIынт, макъ хэкъузакIэ «кIуэж!» – жи.

– Сыт щхьэкIэ? Зэгъусэу дыбгъэпсэуну сыщыгугъат сэ. Плъагъурэ, унэ тIэкIури зэзгъэпэщыжащ.

– Сэ си закъуэу сесащ.

– Уесами, закъуэныгъэм нэхъ Iей щыIэкъым.

– Закъуэныгъэ щыщыIэкIэ, абы къыхуигъэщIаи щыIэу къыщIэкIынщ.

– Сэ си закъуэу сыпсэуфыркъым, жьыр къыспеубыд, гъащIэр дыдж къысщищIу.

– СиIауи сщIэжыркъым сэ а уэ зи гугъу пщIы гъащIэр.

ТIури зэманкIэ щыму щысащ. Алыхьым ещIэ, я гъащIэ быркъуэшыркъуэ защIэм егупсысу арагъэнт.

– Сэ сы-Иналщ, – еший лIыжьым и Iэшхуэр.

– Си гуапэщ. Мэржанщ си цIэр.

ТIури мащIэу погуфIыкI.

– Сыт къэхъуар? – щIоупщIэ Инал.

– ГъащIэ гъэщIэрэщIа зиIэхэм я хьэлщ иджыпсту дызэрызэпсэлъар.

Аргуэру щым мэхъу. ПщIыхьэпIэ Iей зыщхьэщахуж фIэкIа умыщIэну, а тIур щысащ, псыежэх миным хэплъэсами къабзэ мыхъужын гъащIэм кIуэцIрыж-къыкIуэцIрыжыжу. ТIуми я нэгум къищырт банэу зэщIэкIэжа гукъэкIыжхэм я псэр зэричатхъэр.

Жэщ къатехъуэри, нэхуи щыжащ. Сыт-тIэ, зэманым и Iуэхур игъэзэщIауэ арaщ. Абы и лажьэкъым дунейм текIыжа псэри, зыхуэмейуэ къалъхуа сабийри, мэжалIэу унэ лъэгу щIыIэм нэху къыщекIахэри – а псори абы къыфIэIуэхуххэкъым.

МахуэщIэр къабзэщ, дахэщ. Дунейр къощIэращIэ, гъащIэм цIыхухэр щогуфIыкI. ЩогуфIыкI псори, закъуэтIакъуэм, зи гъащIэм тхьэмыщкIагъэмрэ бэлыхьымрэ хэмыкIхэм нэмыщIа. ЩогуфIыкI гъащIэм и пIалъэр зымыщIэхэри. Сыт-тIэ ахэр гъащIэм щIыщымыгуфIыкIынур? Абыхэм сыт Iуэху къытхуаIэ екIуэлIапIэншэхэм? Дэращ абыкIэ псоми ягъэкъуаншэр. Мастэпэм гъащIэм тригъэувахэращ зи гугъу сщIыр. ЦIыхухэм зэрагугъэмкIэ, дэ дыкIуэцIрыхуауэ арaщ. Абы щыхъума, ар къызыщыщIынкIэ мыхъун щыIэ худэ? Езыми зэи и гугъэнтэкъым абы нэсыну, ауэ нэсащ, и гъащIэри къигъэщIри фIэмыIэфIыжу. АщхьэкIэ, псэр IэфIщ,

гугъэ кIапэм къегъэпцIэф мы дунейм цIыхуу тетыр. Мыхэри аращ зыгъэпсэур - жыжьэу ягу лъащIэм къыщыпIэжьажьэ гугъэ кIапэрщ.

Дыгъэр тIэкIу къызэрыдэкIуэтейуэ, зы пщыIэм нэху къыщекIа цIыхуитIыр лъэныкъуэ зырызкIэ зэбгрыкIащ. Апхуэдэу нэхъыфIщ. Хэт ищIэн уи насып къыщикIын лъэныкъуэр? Инал, псэуэгъу къыхуэхъуауэ къилъытэным кIэлъыплъурэ, йогупсыс: фэ темыт щхьэкIэ, псэ къабзэ иIэу къыщIэкIащ. Сыти и мыхьэнэ а зи гугъу сщIы теплъэм езым? Дунейм цIыхуу тетым я фэм, я теплъэм фIэкIа Iуэху ямыIэурэ, гъащIэу къахуиухар яух. Сэри абыхэм иджыри къэс сащыщащ, ауэ, согупсысри, мыхьэнэ гуэр иIэу къысхуэщIэркъым теплъэм.

Мэржан лъэныкъуэкIэ IукIауэ уэрэд къреш. Ар зэпегъэури, джэуэ жыгым тес тхьэрыкъуэм тхьэрыкъуэбзэкIэ поджэж, щыгъэ бла нэхъей, зэIущащэу кIапсэм тес пцIащхъуэхэм яхопсэлъыхь. А зызыпищIыжхэм я бзэр къызэралъхурэ идж фIэкIа пщIэнкъым – ещхьыщэщ!

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуами, лIыжьым къыIэрыхьа щIагъуэ щыIэтэкъым. Зыгуэрым бзум хуидза пыченэр къипхъуэтати, а тIэкIур иIыгът. ИIыгът, быдэу икъузауэ, ишхынуи ехъуапсэу, итIани и гъусэм хущысхьу. Зыри имыхьу дауэ дыхьэжынт япэ махуэм щыщIэдзауэ. Къыщысыжам пыченэ тIэкIур IэщIэущыкъуеихьат. Ауэ зыхущысхьу къызыхуихьар абы хуэныкъуафэ теттэкъым, – чэф жьэражьэу хэлът.

– Мыр сыт? – щIоупщIэ Инал макъ хэIэтыкIакIэ.

– Мыри? Мыр цIыхубзщ, – къет жэуап, ину, къикъуэлъыкIыу дыхьэшхыу.

–Уефауэ ара?

–Сефащ, уигу иримыхьрэ, зегъэхь. Уэ пхуэдэ куэдым сыкъыхыфIадзэжащ сэ. Екъу уэри. Сыфхуейкъым зыми, кIуэ, ущхьэхуитщ.

– Нобэрей махуэм къэскIухьа пэтрэ сэ къэсхьа щыIэкъым, уэ узэфэн дэнэ къипха?

– Уэри, къэфэкIэ пщIамэ, зыгуэр бгъуэтынт. Зыгъэделэ, уэрэд яжеIэ, къахуэфи, абы и уасэри къуатынущ.

– ЦIыхубз ефэ слъагъу хъуркъым. Сыту икIагъэ ар!

– Сыт хэпщIыкIрэ уэ сэ сыщIефэм? А фадэм нэмыщIам... Абы и фIыгъэщ сэ сымылIэу нобэм сыкъызэрысар.

–ЗэрыжыпIэмкIэ, фадэм гъащIэр кIыхь ещI. УгъэщIэгъуэнщ!

– Сэ схуэдэ урихьэлIакъыми аращ.

– Ар сыт хуэдэ?

– ХыфIадза, зэлъэпэуа, къагъэпцIа... – магъ и макъ къызэрихькIэ.

– Сэри сыкъыхыфIидзащ гъащIэм. Си щIалэгъуэм жьы сымыхъун си гугъэу сыпсэуащ, бынрэ унагъуэрэ зиIэм, абыхэм яхуэпщылIхэм сащIэнакIэу. Жьы сыхъури, иджы псори сэ къысщIэнакIэ хъуащ. Си акъылыншагъэм сытекIуэдэжауэ аркъудейщ.

– Сыт бын, унагъуэ жыхуэпIэр? Сэ сиIатэкъэ ахэр! Сэ нэхърэ нэхъ дахэу псэун щIэзыдза щымыIэу къысщыхъурт.

– Насып зиIэ, унагъуэ уиIащ. Сыт-тIэ къэхъужар?

– Къэхъужари?! Си щхьэгъусэр машинэкIэ ерыщти, и ерыщагъым текIуэдэжащ, къыпачауэ езым ещхь и къуэмрэ сэрэ зеиншэу мы дунейм дыкъытринэри. Хъарзынэу дыпсэуащ, жьыщхьэхъумэ схуэхъуну сызыщыгугъар ин къэхъуху, итIанэ...

– И гуэныхь Тхьэм къыхуигъэгъу. Адэ-анэм я бын щIалъхьэжын хуей мыгъуэтэкъым, еууей...

– ЛIамэ, си насыпт, нэгъуэщI мыхъуми, сиIэжкъым, жысIэнти зэ-

фIэкIат. Иджы сыт, сщIэркъым щыгъуэлъыр, щытэджыр, ишхыр, илэжьыр. Мыпхуэдэу сызэрыхъуар нэхъыбэу зи лажьэр арами, согузавэ лей гуэр къытехьэнкIэ.

– Дэнэ здэщыIэр?

– Ар здэщыIэр Алыхьым фIэкIа зыми ищIэркъым, сыкъыхыфIидзэри ежьэжащ. Сэ школым уэрэд жыIэным щыхуезгъаджэу щытат, сабийхэми фIыуэ сыкъалъагъуу, сэри си лэжьыгъэмрэ къыздэлажьэхэмрэ пэсщI дунейм темыту. Ауэ, мыбы лэжьапIэ щимыгъуэту Мэзкуу кIуа си къуэр къэкIуэжащ ахъшэфI къилэжьауэ, сэри абы сишэну жиIэри. ЗэрыжиIэмкIэ, унэ къищэхунут, ауэ зы тIэкIу хущыщIэрт. А «тIэкIу» жыхуиIэр унэ уасэ псо хъурт. Арати, куэдрэ семыгупсысу, ди унэри, абы щIэлъа хьэпшып тIэкIури сщэжщ, къуэм IэщIэслъхьэри, езгъэжьэжащ, Мэзкуу унэ къыщищэхуну. Сэ Iыхьлыхэм я деж сыкъэнащ, къуэм сриджэху, жысIэри. Хамэ унагъуэ ухэсын нэхъ Iей сыт щыIэ? ЗыспIытI-зысхузурэ, мазэ дэкIащ, етIуанэри кIэлъыкIуащ, ещанэри, еплIанэри... Апхуэдизрэ хэтыт узышэчынур, сиIэ тIэкIур къэстхъунщIыжри, фэтэр къэсщтащ. Си щхьэр къысфIэIуэхужтэкъым, быным и гурыгъузым сыхэкIыртэкъыми. Жэщ къэс пщIыхьэпIэу слъагъуурт, къэзмыгупсыс дунейм теттэкъым. Анэгур IэджэмкIэ жэрт, сытэджми сытIысми, абы фIэкIа гупсысапIэ сиIэжтэкъым. Сыпэплъащ Iэджэрэ, ауэ и хъыбар къудей къыслъэIэсакъым. Дэнэ щысщIэнт, къэгъазэ имыIэу си къуэм сызэрыхыфIидзар? Си фIэщ схуэщIыртэкъым апхуэдэ къызищIэну. КъызищIащ. И напэ хутегъэхуащ, ауэ сысейм схутегъэхуакъым и къуэм къыхыфIидзэжащ къысхужаIэну. Си къарур ирикъуху сызэныкъуэкъужащ. Абы си узыншагъэр сфIихьри, си IэнатIэми сыпэмылъэщыж хъуащ. Къаруушэ дыдэу сыкъыщынэм, сымаджэщым сашащ. ИгъащIэкIэ ущIэлъынт абыи, си узым къызэригъэза щымыIэми, сыкъаужэгъури сыкъаутIыпщыжащ. СыкъыщыкIуэжам си лэжьапIэри симыIэжу, фэтэрми сыщIэмысыжу, благъэхэри къысхуэмеижу къыщIэкIащ. Парк ихьэпIэ дыдэм деж щыт тетIысхьэпIэм сытетIысхьэщ, фIыуэ сыгъущ-сыгъри, нэпсым си къарур щIихауэ, зезгъэщIри, сыIурихащ. Сыкъыщыушам, нэху щат. Сыкъэщтащ – си бгъум, мис мы дэ дэщхьу хуэпауэ, зы цIыхухъу щыст. Си щхьэр и дамащхьэм тригъэщIауэ, зигъэхъеймэ, сыкъэушын фIэщIу. Гурэ гурэ зэрощIэ. Ауэ, тхьэмыщкIагъэ сихуами, къабзэлъабзэу сыхуэпат а зэманми, гущIэгъу къысхуэзыщIу къызбгъэдэсым си гур кIэрымыхьэу сыщымэхъашэрт. Сэ дэнэ щысщIэнт дяпэкIэ къыспэплъэр. ИужькIэ къызэрыщIэкIамкIэ, ар цIыху гъэщIэгъуэнт, сыт хуэдэ махуэ пшагъуэри нэфIэгуфIэ, щIэщыгъуэ пщищIу.

–Уи псэм нэмыщI, сыт къоузыр? – арат ар япэу къызэрызэупщIар.

– ГущIэгъуншагъэм сеукI, – изот арыншами си нэкIуми къытещ жэуапыр. СиIуэтэжынкIи сымышынэу икIи сыщымыукIытэу абы жесIэжащ къыстегуплIа гъащIэм и къекIуэкIыкIар. СыкъыгурыIуащ, дауи сыкъыгурымыIуэнрэт, дызэщхьыркъабзэт псомкIи. Абы и нитIым щIэплъагъуэрт гущIэгъу, псэ къабзагъэ, цIыхугъэ, зэхэщIыкI. Мы дунеижьым абы фIэкIа сыкъызыгурыIуэн цIыху темыту къыщысфIэщIыым, и ужь сиувэри сыкIуащ ар здэкIуэм.

Хуэм-хуэмурэ сесэжырт гъащIэ екIуэлIапIэншэм. Пэжщ, тыништэкъым. Уэсмэн фадэрэ тутынкIэ зытригъэурти, сэри сыбэмпIэху сефэурэ, фадэм сесащ. Арат, мы дуней сызытет жыхьэрмэжьым сыкъезыгъэлыр. Фадэ тIэкIу сIухуамэ, гъащIэри цIыхухэри дахэ хъужырти, псори я пIэм иувэжырт. Уи нэгу зезгъэужьынущ жиIэурэ, Уэсмэн сришажьэрт. Джэгу ехьэжьа щекIуэкI щIыпIэхэм дыIухьэрти, дигу пэщыху бжэIупэхэм ды-

къыщыфэрт. ХъумакIуэхэм дыкъалъэгъуамэ, сабийм хуэдэу дыкъыщIэпхъуэжырти, ди псэупIэм дыкъэсыжыху дыкъажэрт. Апхуэдэурэ дыкъызэщIэплъэжырти, щIыIэм дыкъелырт. АрщхьэкIэ апхуэдэ гурыфIыгъуэ тIэкIухэр сыткIэ пэхъунт зи щIыб къысхуэзыгъазэу ежьэжа насыпым. Иужьым, абы гум и пIэкIэ и бгъэм мывэ дэлъу къэслъытэжри, адэ жыжьэ нэсыжауэ, цIыкIунитIэ хъужауэ фIэкIа сымылъагъуж насыпым и гугъу сщIыжакъым, езыми сыкъилъыхъуэжакъым.

– СынодаIуэри, сынохъуапсэ. ПщIэнкъым тхылъ гъэщIэгъуэн уеджауэ утепсэлъыхьыж фIэкIа. ЖыпIэжын уогъуэт, сэ сыт, си гъащIэр зэфэзэщ защIэу кIуащ.

ТIури погуфIыкI. ГуфIэну щхьэусыгъуэ лъэпкъ ямыIэми, мэгуфIэ тIури, лей къезыщIа, къыхыфIэзыдза псоми я нэхейкIэ. ИтIанэ, щIэдыхьэшхри езы тIуми ямыщIэжу, захуэмыубыдыжу дыхьэшхыу щIадзэ. Нэпсымрэ дыхьэшх зэрылъэлъымрэ зэныкъуэкъуу зыпэщIоувэри, щIэх дыдэу тIуми я къарур щIокI...

Бжьыхьэр къихьа къудейми, дунейр щIыIэ хъуат. Жыг тхьэIухудхэм я тхьэмпэ цIыкIухэр жьы зэрыхъуар нэрылъагъуу гъуэжьщ. ЛэжьапIэ къыкIэрыху фIэкIа умыщIэну, Инал нэхумыщу къызэфIэтIысхьащ. ЖейкIэ ирикъуауэ аратэкъым, щIыIэм къигъэушат.

– ЩIымахуэм дауэ дыхъужыну? – жи, и Iэхэм епщэурэ.

– Япэ щIыкIэ абы дынэсын хуейщ.

– Сыт-тIэ, дыщIынэмысынур?

– МэжэщIалIагъэм е щIыIэм драудынкIэ мэхъури.

– Ахэм зыгуэр етщIэнт, ауэ уи хьэл мыхъумыщIэращ сэ сыщIэгузавэр.

– Фадэмрэ тутынымрэ схухыфIэдзэнукъым.

– Апхуэдизу абыхэм удезыгъэхьэхар дэнэ кIуэжа?

– ЛIащ.

– ТекIуэдэжакъэ! Уэри бжызоIэри, укъызэдаIуэркъым.

– ЗытекIуэдэжар сэращ. ЩIымахуэ шылэм сэ фIэгуэныхь сыхъури и джэдыгур къыстрипIати, езыр дияуэ нэху къекIащ. ГущIэгъуншэщ мы гъащIэр. Си насыпт, абы япэ сэ сищамэ, ауэ аргуэрым сыкъигъэнащ. Абы и ужькIэ сыдэхуэхыпащ. ТегушхуэгъуафIэ сащIри, сэ схуэдэ дыдэхэм сахъунщIэжащ. Уэсмэн сэрэ зэдгъэпэща тIэкIухэр, щыгъын хуабэхэри щIыгъужу, зэбгралъэфащ. Абы лъандэрэ сиIэм и нэхъыфIыр си фэм илъу сыдэтщ. Уэри зыгуэр степхын си гугъэри арат а махуэм ауэрэ зыщIыпхуэсщIар.

– Умыгузавэ, дэ иджы зыри къыттеуэнукъым.

– ТхьэмыщкIагъэрэ гузэвэгъуэрэ фIэкIа.

– Куэдщ дэ гузэвэгъуэрэ бэлыхьу тлъэгъуар, дунейм хьэзабу тету хъуар дэ тIум щхьэкIэ къимыгъэщIамэ.

– Куэдт, ауэ дэ жытIэмрэ Алыхьым къытхуиухамрэ щызэтемыхуэр дапщэрэ!

– ФIым дегъэгупсыс, дегъаджэ. ИIэт, унэгуащэ, моуэ IэфIу схуэпщафIэт, джэд лыбжьэм мырамысэ щIыгъужу, мис а уэ зэрыпщI хабзэм хуэдэу къэгъэхьэзырыт.

– Лыгъур гъэжьа хьэзыру щыIэщ.

– Хъунщ арами, къытегъэувэ, пIастэ щIыгъуу.

– Куэдщ, – мэдыхьэшх цIыхубзыр, – думыгъэджэгуу тшхын тIэкIу къэдгъэлъыхъуи нэхъыфIщ, си гур Iейуэ щIолIыкI.

Дунейр дыгъэ-щыгъэм щысхьыжыркъым, тхьэмпэ жьэдэбзыкIа зэщы-

мыщ къомыр кърепхъых. Ахэм напэм, Іэпкълъэпкъым щабэу къоІусэри, сэлам къуахам ещхьу, йохуэхыж, лъэгущІыхь защІ. Къыпымыхуахэр, къехуэхам ехъуапсэ хуэдэ, я нэ къижу къоплъых. Иналрэ Мэржанрэ макІуэ, я Іэблэр зэрыІыгъыу, тхьэмпэ цІыкІу кІуэдыжхэм я уэрэдым щэху защІауэ едаІуэу.

– Мадоннэ, уэрэд къызжеІэ, – зыкъыхуегъазэ зыгуэрым Мэржан.

– И уасэ къызэт.

– УщыкІащ уэ!

Мэржан зыри жимыІэу и щхьэр ирехьэхри, адэкІэ макІуэ.

– НакІуэ нобэ си лэжьапІэм, – жи Мэржан.

– Дэнэ?

– ЦІыху нэхъыбэу здэщыІэм.

– Уэрэд жыпІэну ара?

– Сэ жысІэнщ, уэ ахъшэ къыхэпхынщ.

– Апхуэдэу ахъшэ куэд къуатыну, уи закъуэ пхузэщІэмыкъуэжу? Зыри къыдамытмэ-щэ?

Мыдрейм абы пидзыжаІакъым, апхуэдэуи къэхъу хабзэти. Носри, къоувыІэ. Мэржан щІедзэ. Зыгуэрхэри къокІуатэ, хэти ахъшэ къыхуедзри йожьэж. Иныкъуэхэм деж зэпаудурэ, Мадоннэ, мыр къыджеІэт, мор къыджеІэт, жаІэурэ къокІий, мыдрейри хьэзырыпсщ. Инали ахъшэ къакІуэр илъэгъуащи, гумащІэ къэхъуауэ къофэ, щытхэр егъэдыхьэшх. ТІури ешати, мащІэ-куэдми, къыхаха тІэкІур къызэщІакъуэри къожьэж. Тыкуэным щІохьэ, къахущІэкІ шхын хьэзыр тІэкІу къащэху. Апхуэдэ куэдрэ къэхъуртэкъым, нобэ я насып къикІат.

– Сыт МадоннэкІэ къыщІоджэхэр?

– УмыщІэу ара? Ар уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэщ.

– Уэ пхуэдэуи?

– Сэ къыслъэщІыхьэну ар сытми?

ТІури мэдыхьэшх. Иужьрей зэманым абыхэм цІыхуфэ къатеуэжащ. Носыжхэри, Іэнэ къаузэд. МыпІащІэхэу, шхапІэ зыкъизыхышхуэ щІэс хуэдэ, къащэхуауэ хъуар яухыху шхащ. Хьэ цІыкІури Іыхьэншэ ящІакъым. Ар насыпышхуэт. Махуэ къэс я хъуэпсапІэрат. Ар нобэ къащехъулІэм, тІури пасэ дыдэу Іурихащ.

Нэху щыуэ пщыІэм къыщІэкІа Инал къэуІэбжьащ. Я пщыІэм пэгъунэгъупсу щІалэ щхьэбаринэ цІыкІу, зыгуэрхэр иуцІырхъыу щыст.

– Уи пщэдджыжь фІыуэ! – мэкІуатэ Инал.

– Зэ-зэ, си гугъу къыумыщІ иджыпсту, – мэлъаІуэ пщэдджыжь хьэщІэр урысыбзэкІэ.

Инал ар зэпеплъыхь, зищІысыр къищІэн и мураду. ГъэщІэгъуэнщ, щхьэц баринабзэр нэм щІэуэу кІыхьщ, кІэщІ-кІэщІурэ къиІэт и нэ нащхъуэхэр дыгъэм пэлыду къыпфІощІ. Езыр гъур цІыкІущ, Іэ сэмэгукІэ матхэ. Нэрылъагъущ ар а итхым хуабжьу зэрыдихьэхыр. Инал щІалэм и щІыбагъым къыдохьэри, абы итхым йоплъ. Езым апхуэдэу дахэу гу зылъимыта жыгхэмрэ я унэ цІыкІумрэ итт сурэтым. ГъэщІэгъуэныракъэ, ауэ щыт жыгхэм псоми я щхьэр зэхагъэлъэдэжауэ зэІущащэм ещхьт. Ахэр зэгурыІуа хуэдэу къыпщыхъурт унэр яхъумэну. ЗыкъэзыщІэжа сурэтыщІыр къощтэ, и щІыбагъым дэтыр елъагъури.

– Дахэщ, къохъулІащ, – погуфІыкІ Инал.

– Сыкъэбгъэщташ, – жи щІалэ мыцІыхум, и нитІыр хуиту игъэплъэн мурадкІэ, и щхьэцыр ирилъэщІэкІыурэ.

– Узгъэщтэн муради сиIакъым, ауэ гъэщIэгъуэн сщыхъуащ нэхумыщу мыбдеж щыпщIэр.

– Сэ сысурэтыщIщ. «Нобэрей гъащIэр» – аращ си лэжьыгъэм фIэсщынур. ЦIыхухэр зэрымыIыгъмэ, зым адрейм зыщIимыгъакъуэмэ, къащыщIынкIэ хъунур къэзгъэлъэгъуэну аращ зи ужь ситыр.

– Тхьэм къуигъэхъулIэ, – жеIэри, Инал нэщхъейуэ къыIуокIуэтыж. ЩIалэм и псалъэхэр сэм хуэдэу зыхэуа лIыжьыр псэлъэжын дэнэ къэна, и тэмакъым зыгуэр къыпэщIэуvауэ Iупс къудей хуегъэхыртэкъым. Дауи, къыгурыIуат Iейм и Iеижу, дэхуэхам, хыфIадзахэм и щапхъэу зэрагъэлъагъуэр. Езыми къыгурыIуэжат ар зыкъом щIауэ, ауэ...

Дыгъуэпшыхь къищэхуа тутыным щыщ щIэзыгъанэу къыщIэкIа Мадоннэ гъащIэм игъафIэу къилъытэжырт, пщыхьэщхьэм и ныбэ изу шхэри тутын уаси къыхуэнати. Арат насыпуи гурыфIыгъуэуи зыхуеижыр. Ар зылъэгъуа сурэтыщIыр зыкъомрэ къеплъри, итIанэ и нэр къижу къыбгъэдэлъэдауэ къолъэIу и сурэт иригъэщIыну.

– СыхущIыхьэркъым сэ, сшхын къэзлэжьын хуейщ, – зытригъэхьэркъым Мадоннэ.

– И уасэ уэстынщ, – къикIуэтыркъым мыдрейри.

– Дапщэ?

– Япэ щIыкIэ фшхын тIэкIу, итIанэ... СщIа уи сурэтыр ягу ирихьмэ, пхуэфащэр уэстынщ.

АбыкIэ зэгурыIуэри, сурэтым иужь ихьахэщ. Япэ щIыкIэ щIалэм и нэр къытримыхыу цIыхубзыр зэпиплъыхьащ, итIанэщ тхэн щыщIидзар. Шэджагъуэ хъуху щIалэр сурэтым елэжьащ, мыдрейми зигъэхъейртэкъым. Шэджагъуэ нэужь хъуауэ, щIалэм ищIар зэрыщыту хыфIидзэжащ.

– Хъуакъым сызэрыхуейм хуэдэу,– и нэ езэшахэм щIоIуэтыхь. – Пщэдей уи ахъшэр къэсхьынщи, иджыри дылэжьэнщ, – и хьэпшыпхэр зэщIекъуэри IуокIыж.

Инал щIалэм хыфIидза тхылъымпIэ напэр къещтэж. Абы Мадоннэ и сурэтыр тхьэIухуду щIауэ итт.

– СщIэркъым мыр игу щIримыхьыжар, – гъумэтIымэурэ сурэтыр унэм щIехьэри, псей къудамэ къыхэпIиикIым ирегъэубыд.

– И гугъу умыщI, – нэхъыбэрэ ищIыху, нэхъыбэ къэдлэжьынщ.

ЕтIуанэ махуэм сурэтыщIым куэдрэ зригъэжьакъым. Дунейр иджыри жейбащхъуэу къэсащ. И Iэмэпсымэхэр зыдэлъ пхъуантэм нэмыщI абы иIыгът шхын зэмылIэужьыгъуэхэр зэрылъ сумкэшхуи. МэжэщIалIэ цIыхур хуейкъым мылъкуи былыми, ар зыхуейр щIакхъуэ Iыхьэщ. Щыри, хьэ цIыкIур еплIанэу, тIысри зэдэшхащ. Щыми я гъащIэр къызэрекIуэкIар жаIэжащ. ЦIыхубз хьэлым щыщу гъын тIэкIур хузыхэмыну къэнати, Мадоннэ и хъыбарым ари тIорэ-щэрэ къыхиухуэнащ. ФIыуэ гъыщ-гъыри, уэрэд къыхидзащ – псэ зиIэм уэрэд жеIэ. ЩIалэр къыщылъэтщ, и хьэпшыпхэр псалъэншэу къигъэхьэзырщ, Мадоннэ игъэтIысри, сурэт ищIу щIидзащ. Дунейм трамыгъэт хьэмаскIэ цIыкIури (къеуаIа хъунт) пщIэууэ къыIулъэдэжри къабгъурытIысхьауэ, ари щысщ. ИщIащ щIалэм сурэт, дыгъэм и нэр щIилъафэу жейр къытеуэпэху. Пкъымызагъэу щыта хьэми и щхьэр Мадоннэ и лъакъуэм щабэу къыкIэрилъхьэри жеящ. ИщIым тригъэкIыжу сурэтым кIэрыса щIалэри арэзыуэ щэтащ, сурэтыр зэрыхуейуэ, и гур загъэу къызэрехъулIар нэрылъагъуу.

– Узэрыхуейуэ хъуа? – щIоупщIэ макъ щабэкIэ цIыхубзыр.

Арэзыныгъэмрэ гупсысэщIэ къыпкърыхьамрэ гухэхъуэгъуэ зрата

щIалэм ищIар псалъэншэу къыхуеший. Сурэтыр гъэщIэгъуэнт. Езым тращIыкIа пэтми, абы итыр къэцIыхугъуейт.

– Сэракъым мыр...

– Уэращ, сэ апхуэдэущ узэрыслъагъур.

– Си щхьэцыр щхьэ кIыхьу, хужьу пщIа, сэ Iэджэ щIащ щхьэц кIыхь зэрысхуземыхьэжрэ.

– Ар уи псэращ, Мэржан, гъащIэми дунейми сыт хуэдизкIэ ухамыутами, уи псэр уэсыщIэ къесауэ къабзэу, нэхуу къэнащ.

– Си щыгъын зэхэчэтхъар къыумыгъэлъэгъуэнкIэ Iэмал имыIэу арат? – гукъанэ хэлъу къопсалъэ цIыхубзыр.

– ГъащIэм удын къуидзахэращ ар. Уи нитIым мы гъащIэм ущылейуэ утету къызэрыпщыхъужыр щIолъагъуэ. Узыхэсыр бжьыхьэ жыг тхьэмпэкъым, атIэ укъэзыухъуреихь дунейрщ. Гу зэрылъыптащи, мыбы щолъагъу плъыфэ псори зиIэ тхьэмпэхэр.

– ФIыцIэхэр дэ тхуэдэхэра? – щIоупщIэ цIыхубзыр. – Арамэ, дунейм и Iыхьэ щанэ мэхъу ахэр.

– Хьэуэ, ахэр цIыху икIэхэращ. Плъагъуркъэ, жыгым пытыху зыри фIыцIэ хъуркъым, къыпыхуа, мыпхуэдизым къахэхуа иужьщ...

«Си къуэм хуэдэхэрщ жыхуиIэр», – къыходзэкъыкI цIыхубзым и гур.

– Зи щхьэр къозыхьэлIа хьэ цIыкIур дауэ къыпщыхъурэ?

– Сыт ар щIэгъыр?

– Уэращ. БзэмыIуми, абы укъыгурыIуэу, игу къыпщIэгъууращ.

– ГъэщIэгъуэну пщIащ. Мы зы сурэтым сыту куэд къипхуихыну, укъеджэф къудеймэ.

– Сэракъым сурэтыр зыщIар, гъащIэрщ.

– Уэ къыпхуэлъэгъуащ сэ сызэрыщыт дыдэр, адрейхэм ялъагъур си теплъэ чэтхъа къудейрщ.

– Сэ сызэрысурэтыщIыр арагъэнщ.

– УмысурэтыщIмэ, цIыхум и псэр умылъагъуну, и гум щыщIэр къэлъагъугъуейуэ ара?

– СщIэркъым, Мадоннэ, сщIэркъым, сэ сурэтыщIым и нэкIэ фIэкIа зэи слъэгъуакъым мы дунейр.

– Уи насыпщ уэ, Алыхьыр къыпхуэупсащ. СызэрыцIыкIурэ сохъуапсэ сурэтыщIхэм, мы си псэм зы сурэтхэр ещIри, языныкъуэ сурэтыщIхэм я IэрыкIхэр ягъэсыжынт, ахэр ялъэгъуамэ. Зы лъэIу пхузиIэт...

– КъызэлъэIу, сыткIэ ухуейми, сэ уи щIыхуэ стелъщ.

– Анэ уиIэ?

– Алыхьым и шыкуркIэ, сиIэщ.

– Хъумэ уи анэр, фIыуэ лъагъу, пщIэ хуэщI, и жагъуэ умыщI, имыщIэу зы лъэбакъуэ умыч. Хуэгъэгъу анэм, лъагъуныгъэ ебэкIым укIуэцIишыхьа иужь уитхьэлэу къыпщыхъуми, зэгъащIэ – уэращ абы и гъащIэр, и псэр, уэращ щIэбауэри, бынышэ гъащIэр ар щыхупIэм ещхьыркъабзэщ, уехуэх зэпытщ, и лъащIэри умыгъуэтыжу.

– Мамэ нэхъыфIу слъагъу тету къыщIэкIынкъым мы дунейм!

– И насыпщ, сефыгъуэркъым, сохъуапсэ. Си гур сфIохъуапсэ, есщIэнури сымыщIэу. ЗызукIыжынут, ауэ дунейм апхуэдэу текIыжхэр хьэдрыхэ фIыуэ щамылъагъуу жаIэри, сошынэ. Дуней гъащIэми сыкъыщызэрамыпэсу, сызэхамыгъэхьэу щызохь, абы сыкIуэрэ аргуэрыр арамэ, нэхъеижкъэ?

– Уигу къыумыгъэкIыххэ ахэр, уэ упсэун хуейщ.

– ПщIащэрэт уэ махуэм и кIуэцIкIэ тIэу-щэ зызукIыжыну сыкъызэрытехьэр. Ауэ зы къару лъэщ гуэрым сыкъегъэувыIэж. Арауэ къыщIэкIынущ мы дунейр зэтезыIыгъэри.

– Арагъэнщ... сэ уи сурэтыр схьыжынщи, и уасэ жыхуэсIар сIыгъыу къэзгъэзэжынщ.

– ДызэгурыIуащ, – жи щэху дыдэу Мадоннэ.

Щхьэ баринэм и хьэпшыпхэр зэщIекъуэжри, ищIа сурэтхэр къытрахынкIэ шынэ нэхъей, быдэу иIыгъыу йожьэж пIащIэу.

– Къигъэзэжынукъым.

– Сыт жыпIар? – иджыри къэс щэхуу щыса Инал, зыкъищIэжа хуэдэ, щIоупщIэ.

– А ежьэжам къигъэзэжынукъым, – къытрегъэзэж Мэржан а и псалъэхэм, жиIэм и гъащIэ псор епхауэ къызэрыщыхъум гу лъыптэу. – Аргуэрым къытпыкIынур къытпихри, ежьэжащ. Мес, къызэмыплъэкIыу мажэ, къаубыдыжынкIэ шынэу. ДыкъыхыфIидзащ абыи!

– Хьэуэ, ар дауэ пхужыIа? ЩIалэр и лэжьыгъэм щогуфIыкIри аращ. Абы къигъэзэжынущ нобэ мыхъумэ, пщэдей. Ар апхуэдэкъым, – и фIэщ ищIыну хуейкъым Инал мобы и псалъэхэр.

– Деплъынщ, д-е-е-е-плъынщ, – жиIэурэ, и щхьэр пIэм щегъэтIылъ. И нэпсыр къыщIож, гумахэ хъуащи, къыфIыщIож, хуейми-хуэмейми. – Абы къимыгъэзэжмэ, сэ зызукIыжынущ, – Инал зэхимыхын хуэдэу къеIущэщ. И гум мураду ирилъхьарэ ауэ сытми жиIарэ езы дыдэм хузэхэмыхыжу Iурех.

Нэхущым къэуша Инал ерагъмыгъуейуэ Мадоннэ къыщилъэфри, ежьахэщ. Нобэ Мадоннэ къэфэн идэркъым, гукъыдэж иIэкъым. Ауэ я насып къикIащ, дыгъэм зрагъэууэ тетIысхьэпIэм тIури здытесым, гущIэгъу къахуищIри, зыгуэрым ахъшэ къаритащ. ЦIыхухъухэм сытым дежи шхэн тIэкIур зыхалъхьэ щыIэкъым, Инал сом къимыгъанэу щэхуащ. Нобэ гукъыдэмыж Мэржан тутыни къыхуищтащ гъэфIэныпщIэу. Iэнэ зэгъэпэща къиузэда пэтрэ, цIыхубз гукъыдэжыншэм шхэн идэркъым. Тутын щIигъанэщ, тIэу-щэ и Iупэм Iуилъхьэри, хыфIидзэжащ. Ар псэлъэгъуей, гукъыдэжыншэ хъуат. И щхьэм щыкIэрахъуэрт: абыи дыкъыхыфIидзащ... псоми дыкъыхыфIадзащ, зыри хуейкъым дэ ди гъащIэм!

– Сыт къэхъуар? – хуэмышэчу щIоупщIэ Инал.

– Хьэ цIыкIур бгъэшха?

– Псом япэ.

– Гъашхэ ар уэ къыпхуэнэмэ, зыми иумыт, и жагъуэ къыумыгъэщI, хьэфIщ ар, хьэфI дыдэщ.

– Уэ ушхэнукъэ?

– Хьэуэ, сэ сыхуейкъым, си Iыхьэри узот.

– Тшхын куэду щыIэщ, пщэдей пщэдджыжь тIуми тшхынщ. Усымаджэу арамэ, къызжеIэ, хущхъуэ къыпхуэзгъуэтынщ.

– Псэуз хущхъуэ щыIэкъым, уемылIалIэ.

– Уи узыр теувыIауэ щытащ, сыт ар къэзыгъэхъеижар?

– Къэ-кIуа-къым.

– Хэт?

– СурэтыщIыр.

ЗэрищI хабзэм ещхьу, и Iэр лъагэу дрехьей, иредзыхыжри Инал къыщIокI. Тригъэуркъым, еубзэркъым фызым, иужэгъуагъэнщ. Псалъэу жепIэр мывэ блыным хуэдэу кIуэцIрызымыгъэкI щхьэм езэуэну хуейкъым.

Пэшым къыщIэна тхьэмыщкIэр Алыхьым, псэхэхым йолъэIу и псэм телъ бэлыхьыр нэхъ кIэщI ящIыну, магъ-мэубзэ, къикI щIагъуэ щымыIэми. Iуэхущ дунейр уужэгъужауэ утетыну, гъащIэм и IэфIагъ пхузыхэмыщIэжмэ...

Пщэдджыжьым Инал зыщхьэщыхьа Мадоннэ плъыржьэрт, мафIэр къыщхьэщихыу. Жейуи къыщIэкIынтэкъым, и натIэм зэреIусэу, и нэр къызэтрихащ.

– КъэкIуа? И макъ зэхэсха си гугъэщ.

– Хьэуэ, къэкIуакъым, и Iуэху хуэкIуа къыщIэкIынкъым. Апхуэдизу щхьэ угузавэрэ, къэкIуэнщ, къэмыкIуамэ.

– Махуэ едапщанэ хъурэ къызэрымыкIуэрэ?

– ЕтIуанэ.

– КъэкIуэнукъым-тIэ ар, жысIатэкъэ, къэкIуэнукъым.

– Ушхэн тIэкIу?

– Сыхуейкъым.

– НтIэ, уэрэд жыдгъэIэ.

– Сыхуейкъым, зыри сы-хуей-къым!

СурэтыщIыр къалэ уэрамхэм къыщигъуэтын мурад иIэу, Инал ежьащ. Щхьэ баринэр щимыгъуэтым, хущхъуэ щапIэм щIыхьэри лъэIуащ. ЛъэIуащ лъэгуажьэмыщхьэу тIыси, плъыржьым и хущхъуэр къратыху.

Инал къэтыху щIэмыкIыу, щIэмыплъу Мадоннэ и пIэ лъапэм тесащ хьэ цIыкIур, къугъыу, пщIэууэ. Абы къыгурыIуэ хуэдэт цIыхубз тхьэмыщкIэм и гум щыщIэр, и псэм телъ хьэлъэр.

Инал къихьа хущхъуэр хурифакъым сымаджэм, ар сэ къызэузым и хущхъуэгъуэкъым, жиIэри. Жэщ псом Iуэщхъуу, щэIуу хэлъащ. Ар зэм-зэмкIэрэ и къуэм еджэрт. И щхьэр зэуэ къиIэтырти Iэпыхужырт, итIанэ сурэтыщIым щIэупщIэрт. КъызэрымыкIуар къызэрищIэу, ину хэщэтыкIырти, блынымкIэ зигъэзэжырт. Абы щхьэщысащ Инал, и Iэр иIыгъыу, къыхуихъумэну Алыхьым елъэIуу. Езым гу зылъитэжарати, фIыуэ илъэгъуат а цIыхубзыр. Нобэм къэсыху лъагъуныгъэр зыхэзымыщIа гур къэщIэлэжат. Ауэ езы Мадоннэ и гум къыхуилъыр ищIамэ, и насыптэкъэ. Хьэуэ, абы и къуэм фIэкIа нэгъуэщI зыри фIыуэ илъагъуркъым, абы и дежкIэ ар... Нэхущым тIэкIу нэхъ къэплъэжа цIыхубзым елъагъу къещхьэукъуэхыу къыщхьэщысыр. И щхьэ хужеIэж:

– ТхьэмыщкIэ, си ягъэкIэ хуиту жеякъым, згъэгузэващ. Уэрыншамэ, дауэ сыхъуну пIэрэт? ТхьэмыщкIагъэ Iей къыслъысынт. Иджы сошынэ усфIэкIуэдынкIэ. ЦIыхур фIыуэ щыплъагъум деж уи гъащIэр абы щхьэкIэ ауи къыумыдзэу пхуэтынущ. Сэри сыахуэдэщ. НтIэ, ар лъагъуныгъэкъэ?! И зэмант абы? Хьэмэ зэман имыIэу ара гухэлъ къабзэм? Дунейм уэращ къысхуейуэ щызиIэр.

Иужьрей псалъэхэр зэхэзыха Инал Мадоннэ и Iэр къипхъуэтауэ егъэхуабэ, ба хуещI. ГъащIэм ириудэкIым-ириудэкIыурэ, иджы ар къахуэупсэжащ мы дунеижьым щамыщэ-къыщамыщэху лъагъуныгъэмкIэ.

ТIури мащIэу погуфIыкI.

– Дызэрыгъашэ, – жи Инал, зыкъищIэжа хуэдэ.

– Ди жьы хъугъуэми?

– Сэ иджыри къэс къэзмышэу сызыпэплъар уэращ, уэращ си гум трищIа мылыр къызыхуэгъэвыжар.

– Узэрышэн щхьэкIэ, щыхьэт ухуейкъэ?

– Алыхьыр ди щыхьэтщ, абы нэхъ щыхьэтышхуэ дэ дгъуэтынкъым.

Тутынылъэм тхылъымпІэпс дыжьыныфэ илъти, ар Инал Іэлъын ещІри, и нысащІэм Іэрелъхьэ. Мадоннэ и нэчыхь Іэлъыныр зэпеплъыхь псалъэншэу. Зыгуэрым къилъэгъуамэ, къыщыдыхьэшхынт, ауэ хэт щІэмыхъуэпсыр фІыуэ илъагъур щхьэгъусэ хуэхъуну?

ЦІыхубзыр уз гуэрым зэришхыр нэрылъагъут. Махуэм зиукъэбзауэ и пІэ щиувэ зэманым Іуэщхъу хъуащ. Абы зищІэжыртэкъым. Инал къигъэщтащ пщыІэм къыщІэпкІа сурэтыщІым.

– Дэнэ иджыри къэс уздэщыІар? – текІиену къытемыхуэми, и макъым зрегъэІэт лІыжьым.

– Сыт Мадоннэ и лажьэр? – упщІэм упщІэкІэ жэуап кърետыж щхьэ баринэм.

– Сымаджэщ.

– Хущхъуэ къыхуэсхьынщ-тІэ.

– Уэрат абы и хущхъуэгъуэр, ауэ сошынэ кІасэ хъуакІэ.

– СыкъакІуэ хъуакъым, саубыдати...

– Хэт зи макъ зэхэсхыр? – гурыІуэгъуейуэ къопсалъэ сымаджэр.

– Сэращ ар, сэращ, – щхьэщотІысхьэ сурэтыщІыр Мадоннэ, и сурэтыр аргуэру зэ щІэрыщІэу ищІыжыну зигъэхьэзыр фІэкІа умыщІэу, зэпиплъыхьу.

– Си къуэр къэкІуэжащ, си къуэ цІыкІур. Сэ сщІэрт уэ сызэрыхыфІумыдзэнур, сщІэрт. Уи Іуэху хуэкІуа мыгъуэ къыщІэкІынкъым, дэнэ ущыІа? Уи анэжьыр щхьэ хыфІэбдзат, си псэ? Уэ пщІэртэкъэ сэ сызэрыппэплъэр?!

– СщІэрт, сыкъэкІуэфакъым, – жи щІалэм, мобы жиІэхэр къыгурымыІуэу.

– Уэ сыхыфІэбдзатэкъым, пэжкъэ, Аслъэн, си дуней нэху?

– Сэ сы...

– Куэдщ, – и дамащхьэм къытоІэбэ зи нэпсыр псыхьэлыгъуэу къыщІэж Инал, – и псэр гугъу иумыгъэхь.

– УхыфІэздзатэкъым, ухыфІэздзатэкъым, къысхуэгъэгъу, гугъу уезгъэхьами. Уэ пщІэжыртэкъэ сэ сытым дежи анэгуу сызэрыщытар? – хуэмышэчу магъ къуэм пащІа сурэтыщІыр.

Магъ щыри гукІи псэкІи.

– Си гъусэу щыс, зыщІыпІи умыкІуэу, сыкъэбгъанэу уемыжьэж, – «къуэм» и Іэр быдэу екъуз Мадоннэ.

– Хъунщ, сыщысынщ. ТІэкІу ушхэн?

– Хьэуэ, сыхуейкъым.

Нэху щыху щысащ щхьэ баринэр анэ хуэхъуам и Іэпэр иІыгъыу. Зэман-зэманкІэ сымаджэр къыхэщтыкІыурэ къэушырти, и къуэр щысрэ щымысрэ зригъэлъагъуурт, къилъэгъуа иужь, и гур псэхужырти, Іурихыжырт.

Нэхущым деж жейм хилъэфа сурэтыщІымрэ Иналрэ къыщыушар пщэдджыжьырщ. ТІури пщыІэм къыщІинэри, жэщ псом яхъума Мадоннэ хьэршым лъэтэжат. Иджы ар ещхь хъужат псоми...

Сыту Іейуэ Мадоннэ и нэр къыхуикІрэт абы!

# Пшыналъэ

## БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас



## Пшэ кIапэм телъу, мазэ ныкъуэ жейбащхъуэм вагъуэхэр егъэхъу

**Жэщыбг гупсысэхэм щхьэцыр зэбгратхъури,**
**Щэхуу къыхохьэ щхьэ куцIым.**
**Щхьэцыр зэхатхъуэ, щхьэцыр ягъэтхъури,**
**Си гур ныпащIэ щIы фIыцIэм.**

**ЩIыгум уиплъыкIыу уафэм ущыплъэкIэ,**
**Псэр нэхъ псэхужу къыпфIощIыр.**
**Иплъэ уи нитIымкIэ, пфIэфIмэ - нэрыплъэкIэ —**
**Месыр, узырикIыу къощыр.**

***   *   ***

**Хьэцыбанэм и дахэгъуэщ,**
**И щхьэумэр - Iэгу ущIащ.**
**ИкъукIэ гуапэу и бэуэгъуэр**
**Мы гъэмахуэр къыпIущIащ.**

**Уэри гуапэу ухыхьащи,**
**ПIалъэ гуэрым фынэсынщ.**

**Зы лей гуэри къыптехьами,**
**КъапщIиимэм дебгъэхынщ.**

* * *

**Си джанэр щысхри сытIысащ,**
**Акъужьыр хуиту къепщэт,**
**Ди гъащIэм тIэкIу сегупсысащ,**
**Гупсысэм сритепщэу.**

**Тепщэгъуэ гуэри симыIа,**
**Мылъкушхуи сылъыхъуакъым.**
**МазэщIэм сигу къысфIиуIам**
**СемыIэзащIэу хъуакъым.**

* * *

**Хьэрфищым ипIа щIалэфI гуэрым**
**Тхылъ етх Ермоловым и щIыхькIэ.**
**Дыхьэшхыу ину, мэуэршэрыр,**
**МэIуэщхъу, къулыкъу Iэтам щепщIыхькIэ.**

**УнэIутыпсэ къытхалъхьэну**
**КъэкIуахэм хэкур тфIагъэсат.**
**Къэна ныкъуэсым теубжьытхэну**
**УнэIут куэди тхуагъэсат.**

* * *

**Бзур мэфий, къуаргъыр магъ,**
**Зы губжь гуэр зэщIагъэст.**
**Мы жыгышхуэм и щIагъ**
**Дрикъуху дыщIэгъэс.**

**Мы дунейр нэхъ къагъэплъ,**
**Мэхъу шынагъуэр нэхъ куэд.**
**ТIэкIу мо уафэм дегъэплъ,**
**ТIыс, уи узыр укIуэд.**

**Мы жыг щхъуантIэм и щIагъ**
**Дрикъуху дыщIэгъэс.**
**Мы дунейр зи дахагъ**
**МащIэ-мащIэу ягъэс.**

* * *

**Псэр игъэбауэрэ бауэу езыри,**
**Хадэм къолъадэ акъужь.**
**УемыпIэщIэкIыурэ зыгъэхьэзыри,**
**Уи гур абы дэгъэущ.**

**КъыщигъэзэжкIэ зызэIупхынщи,**
**ГъащIэр щIэщыгъуэу плъытэнщ,**
**Е - уи гурыгъухэм бэджыхыкIэ уапхынщи,**
**Бэджхэри къыптегуплIэнщ.**

* * *

**Ди Тхьэ, революцэ къытхуумыхь,**
**Ленин хэту, Троцкэр хэпщэфIыхьу.**
**Къыттумылъхьэ апхуэдэ бэлыхь,**
**Лъэпкъым нэфIэIуфIэу хэтыр тфIихьу.**

**Ди Тхьэ, щIыгу жэнэти тхуумыухуэ,**
**Бжыкъу къехуэхмэ — дещI хьэдэлъэмыж.**
**Ди Тхьэ, щыттемылъкIэ дэ лъы щIыхуэ,**
**Ди лъыр тщIэту дунейм дегъэхыж.**

* * *

**Зэманым, нурым зэIэпэгъуу**
**Си деж жэщыбгыу къагъэзэж.**
**ЯмыщIэ щыIэуэ бэмпIэгъуэ,**
**ЯмыщIэ щыIэу гъащIэ зэш.**

**Шынагъуэ хэлъуи сэ жызмыIэ,**
**Зэш куум зэманыр хощэтыкI.**
**ЗэрыбжесIэн Iэмал симыIэ,**
**Нэ хъуапсэ гугъэр псэм хэмыкI.**

**Зэманыр, нурыр и Iэпэгъуу,**
**Ди къалэ цIыкIум щхьэщолъэт.**
**Блэлъэта махуэхэр си плъэгъуэм**
**Уи фэеплъ нэхуу щызэхэтщ.**

* * *

**Пшэ кIапэм телъу, мазэ ныкъуэ**
**Жейбащхъуэм вагъуэхэр егъэхъу.**
**Абы и лъахэр тIэкIу сфIэщIыкъуэщ,**
**Езыми ар и жагъуэ мэхъу.**

**Абырэ щӀымрэ я зэхуакур**
**ЗыкӀуа щӀалитӀ-щы щӀыгум тетщ...**
**Мы дуней цӀыхур дызыхуэкӀуэм**
**Щыгъуазэр дымылъагъум хэтщ...**

* * *

**ХитӀ зэхуакум дэмытт щымыгъуазэ**
**Къэбэрдейм хузэфӀэкӀыр здынэсым.**
**Нобэ бампӀэм ди гущӀэр егъазэ,**
**КъытфӀежажьэм дгъэпщкӀужу ди нэпсыр.**

**Уи лъэпкъ лъабжьэр къакъутэу, и щӀыӀум**
**УнэӀутхэм я власть трашӀыхьыжмэ,**
**Лъэпкъым куцӀу иӀар мэупщӀыӀур,**
**И нэмысми жыжьащэ уихьыжкъым...**

**Лъапсэ кӀуэд щащӀым Майяр,**
**Ацтекыр, Уафэр дэнэ лъэныкъуэкӀэ плъа?**
**Къоплъ жыхуаӀэ ди щӀыгу къызэтечыр —**
**Ар цӀыхулъкъэ зэщӀэзыгъэплъар?**

* * *

**Идее лъагэр Швецием къращри,**
**Къэрал абрагъуэр къызэтраӀущӀат.**
**ЦӀыхубэр зэтраукӀэщ, яӀэр фӀашхри,**
**Къэнахэр «враг народа» - бий ящӀат.**

**ТхьэмыщкӀэщ цӀыхур, Вождхэри тхьэмыщкӀэщ,**
**Холъадэ, я мыхьэдэри ягъей...**
**Дунейм темытыр пэжмэ дэр нэмыщӀкӀэ —**
**ИтӀанэ - тӀэкӀу нэщӀыӀуэщ мы дунейр.**

* * *

**Ди щӀэблэр Тхьэм къихъумэ,**
**Дэ гъащӀэ къэдгъэщӀащ.**
**Дунейм и хъугъуэфӀыгъуэм**
**Зыгуэри хэдгъэщӀащ.**

**Хэтлъхьами сыт и уасэ?**
**Хэт къакӀуэу къибжиӀэн?**
**Гурыгъур къыщоуасэм**
**Хэлъ щэхум къуигъэщӀэнщ.**

* * *

**УмыщӀэххэу укъытригъэщӀыхьри,**
**Илъэс куэдкӀэ утетащ дунейм.**
**Уи хъуэпсапӀэ лъагэри уи пщӀыхьри**
**Ныщызэпэджэжу уигу пӀейтейм.**

**УмыщӀэххэу ущецӀэнтхъуэхыжкӀэ,**
**Узыхуеижынур мащӀэ Ӏейщ.**
**Куэд зэхуэплъэфэсу зыбухыжкӀэ,**
**ЦӀывхэри мыхъун нэхъ къэсыгъуей.**

* * *

**Къуэшыр къуэшым щефыгъуэж дуней**
**ГъэщӀэгъуэныр щызэтраухуэм,**
**Планым хагъэхьати Къэбэрдейр,**
**Зы гупыфӀ исщ замыгъэхуэмыхуу:**

**Лъэпкъи тхыди планым къыщымыщ…**
**Къабзэ-фӀейми, мылъкущ мыкӀуэдыжынур,**
**УкъэзымыгъэпцӀэжынур — зыщ:**
**ФӀыуэ бгъэнызщкӀуауэ ебгъэхынурщ.**

* * *

**Дунейм унафэ щызыщӀыр ныбэрауэ**
**Зэм-зэм къыхохуэ си гупсысэм, ауэ**
**СроукӀытэжри гупсысэр согъэпцӀкӀуж,**
**Акъылым къылъыс жьантӀэр изотыж.**

**Акъылыр а къылъысыжам дэсыху,**
**И ныбэм щхьэкӀэ еукӀ цӀыхум цӀыху,**
**Къэрал Ӏэчлъэчыр нэхъ тӀасхъэм йофыщӀауэ,**
**Зэуэни щыӀэхэщ загъэхьэзырауэ…**

**Дунейм унафэ щызыщӀыр ныбэрауэ**
**Уегупсысауэ умыгъэхъыбар.**
**Идееращ къэралхэр щӀызэзауэр**
**ЯжепӀэу щытмэ — нэхъ ядэнущ ар.**

* * *

**Тамбукъан гуэлым деж щыпаупщӀри,**
**Бзыхьэхуэ бгъузэ къытлъысыжащ.**
**ПлъэкӀмэ ныкъуакъуэ, пфӀэфӀмэ, щӀэупщӀэ —**
**Дыкъызэщагуэри дакъузыжащ.**

Зэныкъуэкъу куэдым гъащIэ къилэжьмэ,
Адыгэ Хэкум нэхърэ нэхъ нэху
Зы щыхьэрышхуи, зы къэралыжьи
ЩIым щыбгъуэтынтэкъым, сигу...
Зыгъэпсэху.

* * *

Уфыгъуэрэ зыр зым уещэжу —
Ар щыхъурэ тхыдэм зыужьыкIэ!
Уи тхьэмыщкIагъэр умыщIэжу
Удэпсэлъеймэ - сыт псэукIэ?

Абыхэм нэхъ дегупсысыну
Нэгъуэщ зэман къытхуоунэху.
КъикIIакъым и лъагагъым сыным,
Псэр пхуэIэтамэ - гъащIэ Iуэхущ.

* * *

Уигъэунэхуну
УкъэзыгъэщIам
Жэуап ептыжынум
УемылIэлIэща.

ФIеи-къабзи — псори
Щызэхэзэрыхь
Дуней ущопсэури,
Уэри птелъщ гуэныхь.

* * *

Псэ хъарзынэ зетхьэу
Псоми къытфIощIыж.
Зыр фыгъуэным хетхъэ,
Зым зыкъыфIощIыж.

Далъэркъым акъужьыр,
Тхьэмпэхэр мысэхъу...
Псори дунеижьым
Iэзэу зэхуегъэхъу.

* * *

НакIуэ бжьыхьэ хадэм
Дахэу дыхэгъэт.
Акъужь къыхэлъадэм
Жэуап гуэр едгъэт.

**Дыхэмылъэдэфми,**
**ФIыуэ зыдгъэплъыхь.**
**НакIуэ - ди хадэфIым**
**ТхуегъэтIыгъуэ пщIыхь.**

* * *

**Е уэс? Е жэп? Мо хужьыр, щIыIэр?**
**Тхьэм ещIэ - пIалъэр къэсагъэнщ.**
**ЩIалэгъуэр... Дэнэ ар здэщыIэр?**
**Гум и пщтырагъым хисхьагъэнщ.**

**Е уэс? Е жэп? Мо хужьыр, щIыIэр?**
**Къыпхуэзэшауэ къехагъэнщ.**
**Псэхугъуэр... Дэнэ ар здэщыIэр?**
**УпIейтеиIуэу бгъэщтагъэнщ.**

* * *

**Данэху-данапIэм щапIри**
**ЩIы фIыцIэм йокIуэлIэж.**
**Мыгъуагъэри хьэзабри**
**Абы егъэзэгъэж.**

**«Жыг дахэу» уэгум щыIэм**
**КъытIумыхуэн япытщ...**
**Ди щIыгум щагъэгуIэм**
**Я бжыгъэри мылъытщ.**

* * *

**КъэпкIуакъым уэ гъуэгуанэ —**
**Укъызэпрылъэтащ**
**КъызэбнэкIа зэманым...**
**(Апхуэдэу къэплъытащ).**

**НапIэ Iэтыгъуэ закъуэм**
**Уи сабиигъуэр кIуащ.**
**ЩIалэгъуэ Iэкъуэшакъуэр**
**Жыг къуагъым къуэбгъэпщкIуащ.**

**Къыпхуэнэжа мыкуэдыр**
**Къабыл хуэмыщIу псэм,**
**И щIыхуэ телъым хуэдэу,**
**НыпфIоныкъуэкъур щхьэм.**

Жьанlэ



# ФIыкIэ ди гум къэдгъэкIыж ныбжьэгъу

Адыгэ тхакIуэхэм я нэхъыбэр литературэм къыхыхьэным япэкIэ журналисту лэжьахэщ. Апхуэдэ гъуэгуанэщ Къамбий Зуфари къикIуар. Пэжщ, Зуфар журналистикэр зэи IэщIыб ищIакъым – художественнэ творчествэри здихьурэ, ар сыт щыгъуи газетхэм щылэжьащ. 1958 гъэм «Ленин гъуэгу» (иужькIэ «Адыгэ псалъэ») газетым щылэжьэн щIидзэри, и лъэм зэрихьэху абы и гуащIэрэ и щIэныгъэрэ ирихьэлIащ журналистыгъэм. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ, зи пэрытхэр жану зыгъабзэ Къамбийр республикэм и журналист нэхъыфI дыдэхэм хабжэу щытащ. А IэнатIэм Зуфар щызэрихъуэкIащ къулыкъу зыбжанэ: ар щытащ корректору, корреспонденту, щэнхабзэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэу, жэуапыхь секретарым и къуэдзэу, Бахъсэн къалэ къыщыдэкI «Коммунист» район газетым и редактору.

ЕхъулIэныгъэ иIэу кърихьэкI а лэжьыгъэхэм щIыгъуу, Къамбийр литературэ творчествэми гурэ псэкIэ бгъэдэтт. 1935 гъэм Каменномост (Къармэхьэблэ) къыщалъхуа Зуфар мэкъумэшыщIэхэм я псэукIэ-щыIэкIэхэм, я дунейм фIыуэ щыгъуазэт. Арат абы дэгъуэу къыщIехъулIэр къуажэдэсхэм ятеухуа очерхэр, итIанэ - и художественнэ рассказхэр. Мис ахэр щитхым Къамбийм и къалэмыр хуэшэрыуэ мэхъу художественнэ литературэм и жанр нэхъ инхэми: дунейм къытехьэу щIадзэ абы и повестхэм. ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, ди

лъэпкъ тхыдэм кууэ хэзыщIыкI, литературэр фIыуэ зылъагъу, тхылъ куэди зыджа Къамбий Зуфар езым и дуней еплъыкIэ, и хъэтI иIэжу зэрыщытар нэрылъагъу щыхъуащ абы и повестхэм. Япэ щIыкIэ газетхэмрэ журналхэмрэ къытрадза рассказхэм, повестхэм гулъытэшхуэ хуащIауэ, псалъэ гуапэхэр хужаIауэ щытащ. «Дзадзурэ» повестыр ди «Iуащхьэмахуэми» тетащ, урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ ар къытехуащ «Литературная Кабардино-Балкария» журналми.

Мис абыхэм Зуфар и творческэ гъуэгуанэр къыхузэIуахри, абы и рассказхэмрэ повестхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэхэри къыдэкI хъуауэ щытащ. Апхуэдэхэщ «Дзадзурэ», «Шагъыр», «Щолъэхъу» жыхуиIэхэр.

Журналист Iэзэу, гъащIэм и курыкупсэм къыщыщIигъалъэ темэхэр кууэ зэпкърызыхыфу, зи художественнэ творчествэмкIи ехъулIэныгъэхэр зиIа Къамбий Зуфар ди лъэпкъ щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр гулъытэншэу къэнакъым: абы къратауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъ, Журналистхэм я союзым и щIыхь, щытхъу тхылъхэр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри.

Мис ахэращ, псэужамэ, зи ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 75-рэ ирикъуну щыта ди лэжьэгъуу, ди ныбжьэгъуу къытхэта Къамбий Зуфар и фэеплъыр псоми щIэдгъэлъапIэр.



# Уи мурадхэм уалъэІэсыну, Жагъафар!

Балъкъэр литературэм нэхъ жыджэр дыдэу хэлэжьыхьхэм ящыщ Токумаев Жагъафар пасэу тхэн щІидзащ. Абы и рассказхэм япэу гъуэгу щагъуэтар Къэзахъстанырщ - щэ никъуэ гъэхэм къэзахъыбзэкІэ къытрадзащ тхакІуэ ныбжьыщІэм и къалэмыпэм къыщІэкІа тхыгъэ нэхъыфІхэр.

1935 гъэм Ташлы-Тала (Андзорей куей) къыщалъхуа Токумаевым балъкъэр литературэм творческэ гъуэгуанэ узыншэ къыщызэпичащ. Илъэс щэ никъуэм къриубыдэу дунейм къытехьащ Жагъафар и очерк-хэр, рассказхэр, повестхэр, романхэр балъкъэрыбзэрэ урысыбзэкІэ ярыту тхылъ 15-рэ пьесэ зыбжанэрэ.

ЩІалэ дыдэу лэжьэн щІэзыдза тхакІуэм пщІэнтІэпсыр, гуащІэдэкІыр, абыхэм ехьэлІа гугъуехьымрэ гуфІэгъуэмрэ зищІысыр къыгурыІуэу къогъуэгурыкІуэ, Жагъафар, зэрылажьэм хуэдэурэ КъБКъУри къиухащ. Ар журналисту щылэжьащ газетми, радиоми, сабийхэм папщІэ къыдэкІ «Нюр» журналми.

Езы Токумаевым къызэрилъытэмкІэ, абы нэхъыфІ дыдэу къехъулІа тхыгъэхэм ящыщщ «ЛъыщІэж къамэ» зыфІища трилогиер. А тхыгъэшхуэм и япэ тхылъыр («Адэм и уэсят») 1979 гъэм Москва къыщыдэкІащ. Бжыгъэшхуэ дыдэ хъууэ дунейм къытехьауэ щыта а тхылъым апхуэдизкІэ щІэупщІэшхуи иІэти, аращ ар етІуанэу урысыбзэкІэ Налшыки къыщыдагъэкІыжын хуей щІэхъуар. «ЛъыщІэж къамэ» трилогиер ди тхакІуэ цІэрыІуэ Шэджыхьэщ Іэ Хьэмыщэ зэридзэкІауэ 2001 гъэм адыгэбзэкІи Налшык къыщыдэкІащ.

Балъкъэр тхакІуэ гъуэзэджэм и творчествэр нэсу зэпкърыпхын папщІэ абы тхыгъэшхуэ хухэхын зэрыхуейм шэч хэлъкъым. Дэ апхуэдэ къалэни ди пщэ дэтлъхьэжкъым иджыпсту. Ауэ къэдгъэлъэгъуэнщ, «ЛъыщІэж къамэ» трилогием нэмыщІ, Токумаевым и цІэр фІыкІэ зы-

гъэIуа тхылъхэм «Нартхэм я щIэблэ», «Зеиншэм и гъащIэр», «Ныбжьхэр», нэгъуэщIхэри зэращыщыр.

Токумаев Жагъафар и творчествэм увыпIэшхуэ щеубыд драматургиеми. Абы и пьесэхэм къытращIыкIауэ балъкъэр театрым и сценэм щагъэува спектаклхэм ящыщщ «МафIэс», «ЩIыхь IэрыщI», «Ныбжьхэр», «Эммина», нэгъуэщIхэри. Абыхэм щызэпкърыхащ темэ зэмылIэужьыгъуэхэр, – гъащIэм дызыщрихьэлIэ Iуэхугъуэшхуэхэри, къызэрыгуэкI Iуэхухэри, ауанхэмрэ гушыIэхэмри… Балъкъэр тхылъеджэхэр щыгъуазэщ Токумаевыр ауанми гушыIэми дэгъуэу зэрыхэзагъэм. Абы и гушыIэлъэ Чомай теухуар бзэ зыбжанэкIэ зэдзэкIауэ къыщыдэкIащ ди къэралым и щIыпIэ куэдым. Езы Жагъафари гулъытэшхуэ хуещI нэгъуэщIыбзэкIэ ятхахэр балъкъэрыбзэм IэкIуэлъакIуэу игъэзэгъэным. Мухьэмэд бегъымбарым теухуа тхылъыр балъкъэрыбзэкIэ къыдэкIын папщIэ Токумаевым (Гуртуев Елдар щIыгъуу) лэжьыгъэшхуэ ирихьэлIащ.

Балъкъэр литературэмрэ щэнхабзэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэм папщIэ Токумаев Жагъафар 1985 гъэм кърannotатащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъ; 1995 гъэм абы къыфIащащ «КъБР-м искусствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Ар къэралым и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм хэтщ.

Зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуауэ зи къалэмыр мыубзэщхъуу зыгъэлажьэ Токумаев Жагъафар иджыри мурадышхуэхэр иIэщи, абыхэм и Iэр техуэу и лъэпкъым куэдрэ хуэпсэуну дохъуэхъу!



*Гурэ псэкIэ сыт щыгъуи зи IэнатIэм бгъэдэта Тхьэмокъуэ Барэсбий и IэщIагъэитIми хуэIэзэ хъуауэ – художественнэ тхыгъэхэми журналистикэми дэгъуэу хэзэгъауэ адыгэ щэнхабзэм хуэлэжьащ. Iуэхур апхуэдэу зэрыщытыр абы къыщигъэлъэгъуащ илъэс IэджэкIэ здэщыIа телевиденэми, «Адыгэ псалъэ» газетми, журналхэми, и художественнэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ къыдигъэкIа и тхылъхэми. А псоми яхыболъагъуэ Тхьэмокъуэ Барэсбий и дамыгъэ, и хьэл-щэн, и бзэ, и псэлъэкIэ.*

*Зи усэхэмкIи, художественнэ прозэмкIи, зи журналист лэжьыгъэхэмкIи ди щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа Тхьэмокъуэ Барэсбий 1940 гъэм майм и 25-м Шэджэм Езанэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школыр абы къыщиуха нэужь, КъБКъУ-м щIотIысхьэ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта щIалэ Iэзэр Сыбырым щылэжьэну ягъакIуэ. Журналисту абы илъэсищкIэ щоIэри, 1968 гъэм республикэм къегъэзэж. Зыхуеджа IэщIагъэри художественнэ творчествэри ехъулIэныгъэ, щытхъу пылъу зэдихьу, хабзэрэ нэмысрэ зэрылъ унагъуэ дахэм и Iуэхухэри тэмэму зэригъакIуэу дунейм тетащ ди ныбжьэгъуфI, ди лэжьэгъу Тхьэмокъуэ Барэсбий.*

*Ажалыр бжэщхьэIум нэхърэ нэхъ благъэщ, жи. Армыхъу хэт игу къэкIынт, къызэралъхурэ илъэс блыщI зэрырикъумкIэ гуапэу дехъуэхъуурэ зи цIэр ди журналми щытIэтыну ди гугъа Тхьэмокъуэ Барэсбий апхуэдэу псынщIэу тхэкIыжыну? Ауэ хьэкъщ: ди литературэм увыпIэфI щызыIыгъын тхыгъэ гъуэзэджэ куэд къыщIэнащ абы. Апхуэдэхэщ «Удз гъэгъахэр», «Насыпыр Iыхьэмыгуэшщ», «Псалъэ Iэсэ», тхылъхэм ит рассказхэр. Зи Iуэху еплъыкIэрэ зи гупсысэкIэкIэ куэдым къахэщу, адыгэбзэ дахэ зыIурылъу ди литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа Барэсбий и тхыгъэхэм щытхъу псалъэ куэд лъагъэсащ тхакIуэхэми, критикхэми, щIэджыкIакIуэхэми.*

*А псори, нэхъыбэжи хуэфащэу къилэжьащ тхакIуэ Iэзэу, журналист жыджэру, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэу щыта, къэралым и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм хэта, «Iуащхьэ-*

*махуэ» журналым и напэкIуэцIхэр зыгъэбжьыфIэу, жыджэру къыт-хуэтхэурэ дызыгъэгуфIэу къытхэта Тхьэмокъуэ Барэсбий.*

*Фи пащхьэ итлъхьэ рассказыр къытхуихьа къудейуэ ар дунейм ехыжащи, ахърэт нэху Тхьэм кърит.*

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий

# Дэшхуей жыг

***Рассказ***

Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэр пщIэркъым, жи. Зи гугъу фхуэсщIыну мы хъыбарыр къыщыхъуар ди къуажэрщ, япэм ДелэхьэблэкIэ еджэу щытауэ иджы Губзыгъэхьэблэ зыфIащыжарщ. НтIэ, а хьэблэм и курыкупсэм щыпсэурт Бэчырэрэ Мухьэмэтмырзэрэ я унагъуэхэр, я унэ щIыбагъхэр зэхуэгъэзами, я щIы кIапэ зэпылъу. Я пщIантIэр инт, бжыхькIэ зэпрымыхукIауи, щафIэфI дыдэм деж гугъуехьыншэу зэкIэлъыкIуэхэрт. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, зэгъунэгъухэр нэхъапэхэм, а хьэблэм ДелэхьэблэкIэ къыщеджэхэм щыгъуэ, жагъуэу зэрылъагъуртэкъым. ЩIэх-щIэхыурэ фадэ Iэнэ къызэдащтэрт, куэзыр зэдэджэгурт, баш яупсу щызэбгъэдэсри мащIэтэкъым, батэр ямыгъэшми, зэзэмызи лэжьакIуэ зэдэкIуэрт. Я адэ-анэхэр къащхьэщытыхункIэ, зэрыхабзэщи, жьыр къыщепщэр ящIатэкъым. Яләжьышхуэ щымыIэми, зыхэпсэукIын къаIэрыхьэурэ, къыщамылэжьыфым дежи зыгуэрурэ къагъэхьэрычэтурэ, и щхьэр течауэ жыпIэмэ, колхозу щытам кърахыурэ къэгъуэгурыкIуащ.

Дунейм ехыжа нэхъыжьхэм ящыщ зым мы унагъуитIми зэдай пэлъытэу, пщIантIэшхуэм и курыкупсэм дэшхуей жыгыщIэ щыхисат. Тхьэм ещIэ, жыгым къыпыщэщыну дэшхуэхэм бынхэм я быныжхэр ягъэгуфIэнщ, жиIагъэнщ.

Лъэрытемытщ зэманыр. Чэзу-чэзукIэрэ нэхъыжьхэр дунейм ехыжри, я бынхэри унагъуэ хъужащ. Бэчыри Мухьэмэтмырзи быныфIэ хъуахэщ. Езыхэм я щхьэцхэр нэхъыбэу хэтхъукIыхункIэ, я бынхэри къыдэкIуэтейуэрэ, «Перестройкэ» жыхуаIэ лъэхъэнэр къэсри, зи лъэ вакъэ изылъхьэфыр сатум хыхьащ, колхозыр ягъэкIуэдыжри. Сатум сабийхэр псынщIэ дыдэу балигъ ещI. ЗэгъунэгъуитIми я бынхэр зэкIэлъхьэужьу унагъуэ щхьэхуэ хъури, нэгъуэщI хьэблэхэм Iэпхъуащ, я адэ-анэхэр лъахэжьым къранэри. Лъахэжьыр зыхъумэр зи щIыбагъхэр зэхуэгъэза унэ кхъахитIым я закъуэтэкъым – а тIуми зэдайуэ пщIантIэшхуэм и курыкупсэм лъагэу дэкIея дэшхуейр итт; дэуэ къыпыкIэ щIагъуэ щымыIэжми, гъэмахуэм жьауэшхуэ ищIу, бжьыхьэр къэсамэ, и тхьэмпэ къомыр адэ-мыдэкIэ щрикъухьу. Арати, мис а дэшхуейм и зэранкIэ зэгъунэгъуитIыр ямылейуэ зэщыIеящ. ЗэщыIея къудейкъым – жагъуэгъу, бий бзаджэ зэхуэхъуащ, зым адрейр щIым щIигъэлъэдэну хьэзыру.

Арати, щызэрымылъагъум деж IейкIэ зэхуэпсалъэу, щызэтеплъэкIи IэлфIыцIэу къызэкIуэкIрэ мыхъумыщIагъэ зэрапэсу, зэман-зэманкIэри зызэрадзрэ, зэгуэрым яIа адакъэжьитIым ещхьыркъабзэу, зэрыфыщIу къэгъуэгурыкIуэрт зэгъунэгъу лIитIыр.

«АдакъэжьитIым» щыжытIакIэ, абыхэми кIэщI дыдэу я гугъу тщIынщ. ЗэгъунэгъуитIым я пщIантIэм, илъэситI хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, адакъэ

ехьэжьаитI дэтат унагъуэ зэмыфIхэм я зырызу. Дэтат пщыгъуэ зэрымыгъахуэу, зэпэгъунэгъу щыхъукIэ зэрытхьэлэу, зэкIэщIатхъыжыхункIи зэрымыутIыпщыжу.

АдакъэжьитIыр хьэблэми жылэми цIэрыIуэ щыхъуати, абыхэм я гугъу ящIрейт, ахэр щызэзауэкIэ еплъыну къызэхуэсхэри мащIэтэкъым. Сытыт-тIэ къуажэдэсхэм я нэгу зэрызрагъэужьынур? Къуажэр инми, пхыдзахэм ящыщти, телевизор къудейр дахэ-дахэу щылажьэртэкъым, радиори зыкъом щIауэ щызэхахыжыртэкъым. Газету е журналу пощтзехьэм кърихьэкIри мащIэ дыдэт, я уасэхэр дэуеяти. Кхъахэ хъуа клубыжым кино зэрыщагъэлъагъуэр зэзэмызэт. ЖыпIэнуракъэ, къуажэдэсхэм зыкъомрэ яхуэщхьэпащ адакъэжьитIыр. Яхуэщхьэпащ, зейхэм яIэщIэукIэжыхункIэ. Ар зэрыхъуари щIыжыдмыIэн щхьэусыгъуэ щыIэкъым.

Зэгуэрым, зэрахабзэу, я башхэр зэхуагъэдалъэурэ, Бэчырэрэ Мухьэмэтмырзэрэ зэхъурджауэу здэщытхэм, абыхэм я пащхьэм къихутэри, адакъэжьитIым зызэрадзащ, къызэрелъэфэкIыуи щIадзащ. Япэ щIыкIэ текIуэу хуежьащ Бэчырэ и адакъэр. Ар Мухьэмэтмырзэ игу техуакъым. БашкIэ и адакъэжьым дэIэпыкъуу щIидзащ. Ар Бэчырэ щилъагъум, апхуэдэ дыдэу ищIу иригъэжьащ.

– Щыгъэт! – кIиящ Мухьэмэтмырзэ.

– Уэри щыгъэт! – нэхъ иныжу кIиящ Бэчырэ.

– Щыбгъэтынукъэ?

– Щызгъэтынукъым! – жиIащ Бэчырэ, и башымкIэ хамэ адакъэжьыр иригухыурэ.

– Мэ-тIэ! – Бэчырэ еуэ хуэдэу зищIри, Мухьэмэтмырзэ и жагъуэгъум и адакъэжьыр пIэжьажьэу къриудащ.

– Мэ, уэри! – кIиящ Бэчыри, зэрыхузэфIэкIкIэ еуэри, Мухьэмэтмырзэ и адакъэри пIэтIауэу щхьэпригъэдзащ.

А напIэзыпIэм лIышхуитIыр хъийм икIри, гъунэгъу-жэрэгъухэр къызэрызэхуэсам гу лъамытэххэу зэтегуплIащ. Бэчырэ и нэкIур Мухьэмэтмырзэ и IэшхуэжьымкIэ къызэприхулэкIащ. Бэчыри епхъухщ, чырбыш ныкъуэ къипхъуатэри, Мухьэмэтмырзэ и бгъэгум хуищIэу иуащ.

Апхуэдэу щIадзэри, Iэджэрэ зэрыфыщIащ лIы губжьаитIыр. Къызэхуэсахэм языныкъуэхэр кIийрт: «Еуэ, Бэчырэ, зытумыгъакIуэ!..» «Мо Iейр щхьэ зэхыумыпIытIэрэ?!» – Iэуэлъауэрт Мухьэмэтмырзэ и телъхьэхэри. Зыми кърimыджауэ къэхута участковэ ХьэпIотI зэзауэхэр щызыIэпитхъыжам, Бэчырэ и натIэбгъум лъыпсыр къежэхырт, и пэшыкъури ину къытебэгат. Мухьэмэтмырзи, уIэгъэ темылъ хуэдэми, фIыуэ ещIэкъуауэрт.

– Мыр, лIэун, хьэдэгъуэдахэщ, – жиIащ ХьэпIотI, тхылъымпIэ гуэрхэм зыгуэрхэр иритхэу щыхьэтхэм Iэ щIаригъэдзыжа нэужь. – Къуаншэр пщэдей зэхэдгъэкIынщ.

Ауэ, Iуэхур мыхьэнэншэу къилъытагъэнти, участковэм и тхылъымпIэхэм кърикIуа щыIэкъым.

Зи гугъу тщIа хьэргъэшыргъэм иужькIэ зэгъунэгъуитIым заулкIэ заущэхуащ. Зэтемыплъэмэ, зэхуэмызэмэ нэхъ къащтэ хъуащ. ЗэIууамэ, я дзэхэр зэтракъузэурэ зэблэкIыу, ауэ нэ IейкIэ зэпыджми, зэмыхъурджауэу икIи зэщIэмыкIиеу.

Зи гур зэхуэплъхэм я дежкIэ апхуэдэ мамырыгъэри тынш дыдэу къыщIэкIынукъым, абы зэжагъуэгъухэр нэхъри егъэгубжь, егъэбампIэ. Япэу абы хэкIыпIэ къыхуэзыгъуэтар Бэчырэщ. И шыдым «Мухьэмэтмырзэ» фIищри, «бым, бым!..» – жригъэIэу башкIэ щIэх-щIэхыурэ иубэрэжьу иригъэжьащ, хьеуан бэшэчым макъ IэтакIэ псалъэ Iей дыдэхэр ирипэсурэ.

Ар хьэблэм щызэлъащIысым, Мухьэмэтмырзи, зэрыжаIэщи, къикIуэтакъым. И хьэжьым «Бэчырэ» фIищащ. «Бэчырэ, Бэчырэ!..» – жиIэурэ, псэущхьэ лажьэншэр кърииджэрт, къупщхьэкIэ е щIакхъуэ гъуркIэ еуэрти, гуузу игъэпщIэурт, ари фIэмащIэу, псалъэ дыджхэр трикъутэрт. Апхуэдэурэ я гу бампIэр ягъэтIысырт, хьэблэдэсхэри трагъэурт.

МазитI-щы дэкIри, ХьэпIотI зыкIи закъыщримыгъащIэм, Бэчырэрэ Мухьэмэтмырзэрэ, нэхъапэхэми хуэдэу, зэман-зэманкIэрэ зызэрапщыту, хьэблэ псор къагъэдаIуэу псалъэ дыджхэр зэраутIыпщу щIадзэжащ. Абыхэм къакъуэувэ хъуащ я щхьэгъусэхэри. Гуащэнэ, Мухьэмэтмырзэ и щIыбагъым къыдэту, Нэтопи, хьэмаскIэ цIыкIум ещхьу, Бэчырэ къыкъуэж-къуэлъэдэжу. IэпщэрыбанэмзэрынэгъэсынкIэ уагъэшынэу, ахэр языныкъуэхэм деж гуащIэу зэтекIиерт, я Iэ-я лъэхэр ящIурэ зэхуэхъуущIэрт, дэп Iэрамэхэр къаIурылъэлъым хуэдэу, псалъэ мыхъумыщIэхэр зэраутIыпщу. Зэгъунэгъухэм я зэш трагъэурт, ауэ гугъуи иригъэхьт Бэчырэрэ Мухьэмэтмырзэрэ нэхъ хахуэр, Гуащэнэрэ Нэтопрэ нэхъ жьакIуэр яхузэхэмыгъэкIыурэ. Мыпхуэдэхэм деж Iуэхум къыхэIэбэрт зи IэщIагъэкIэ егъэджакIуэ ФатIимэт. Абы зэфIэнахэм гъунэгъу захуищIырти, псалъэ щхьэхуэхэр зэрытын хуей падежхэмкIэ, нэхъ шэрыуэу къэгъэсэбэпыпхъэ суффиксхэмрэ префиксхэмкIэ дерс яритырт. Хуэсакъыпэу илъэс Iэджэ хъуауэ зэрихьэ журналышхуэм нэхъ иужьыIуэкIэ иритхэрт гъэсэныгъэм теухуауэ псалъэмакъ щхьэпэ зэрыригъэкIуэкIар.

Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Залымхъани зэрихьэрт журнал пIащэ, и IуэхущIафэхэр иритхэну и мураду. Ауэ журналыр нэщIт, илъэс зыбгъупщI хъуауэ. Зыгуэрхэр илэжьми, ахэр итхыжыну Iуэху хуэщIыртэкъым. Бэчырэрэ Мухьэмэтмырзэрэ я хъыбарри мызэ-мытIэу зэхихами, Залымхъан абы щхьэкIэ лъэбакъуэ лей ичыпхъэу къилъытатэкъым, «Я щхьэ зэрыхьщ», – жиIа мыхъумэ.

Апхуэдэут къуажэ унафэщIхэри лIыжь зэбийхэм я Iуэхум зэреплъыр. ЖыпIэнуракъэ, укъаугъэшыуэ, уныкъуакъуэхыу, фIым нэхърэ ер нэхъ къэбулъэпхъэщу упсэуну нэхъ къапщтэмэ, мы жылагъуэшхуэм абыкIэ зыри лъэпощхьэпо къыщыпхуэхъунутэкъым. Апхуэдэ щытыкIэм крикIуауи къэплъытэ хъунут мы хьэблэр нэхъри цIэрыIуэ зыщIа, махуэ зыбжанэкIэ судыр зыхэплъа Iуэхугъуэ мыщхьэпэр.

Бэчырэ лIы къуэгъу кIыхьт, натIэ Iузэт, пэ къуаншэт, и пащIэри жьакIэри хужьыбзэу, кIэщIу тегъэщхьауэ. Ар гъущI хъарым ист зиудыгъуауэ, и нэщIащэ куухэм къащIэплъ нэ щхъуантIэ цIыкIуитIыр щтэIэщтаблэу адэ-мыдэкIэ зелъатэу.

– Бажэнэ Бэчырэ Хьэмац и къуэ! – жиIащ судыщIэм, ягъэкъуаншэм дежкIэ и щхьэр ищIри. – Сыт къыджепIэн Iуэху дызыхэплъэм теухуауэ?

ТIэунейрэ и цIэр кърaIуа, къэтэджын зэрыхуейр къыжраIа нэужьщ Бэчырэ ерагъпсэрагъыу къыщызэфIэувар. И щхьэр хуэмыIэту, къызэреупщIхэр игу зэрыримыхьыр нэрылъагъуу, зи дерсхэр дахэ-дахэу зэзымыгъэщIа еджакIуэм хуэдэу, зипIытI-зихузурэ жэуап иту щIидзэри, хуэм дыдэурэ къыжьэдашащ Къазмакъей къуажэм зэрыщыщыр, и адэр зауэм зэрыхэкIуэдар, и сабиигъуэр гугъусыгъуу зэрекIуэкIар, еджэным и насып зэрыхэмылъар, зэрыхузэфIэкIыкIэ колхозым хэлэжьыхьурэ къызэрыгъуэгурыкIуар. КъыжиIащ и щхьэгъусэри губгъуэм зэрыщылэжьар, бынищ зэраIэр, ахэр унагъуэ щхьэхуэ-щхьэхуэу зэрыпсэур. Гъунэгъум и хьэкъхэр зэригъэзащIэм теухуауэ судыщIэр къыщеупщIым, заулкIэ къызэIынащ, нэхъри и щхьэр ирихьэхащ, итIанэ, зыгуэр къищIэжа хуэдэу, и щхьэр нэхъ къиIэтыжри:

– Нэхъапэхэм хъарзынэу дыпсэуащ, – жиIащ, – ди шыгъупIастэ зэ-Iулъащ, сабийхэр зэдэтпIащ...

– АтIэ сыт зэран къыфхуэхъужар?

– Дэшхуейрщ... Ар къызэрыдэкIуэтейуэ, унагъуэр дызэщыIеящ... Ди гъунэгъухэри къайгъэшыт, нықъуэкъуэхти, зы махуэ уэху жыда-гъэIакъым...

Пэшышхуэм щIэсхэр къэIэуэлъэуащ.

– Убзаджэнаджэти аращ! – и макъым зригъэIэтащ Гуащэнэ – Уэ улIы-укIщ!..

Абы къыдежьууэ, зэрыгъэкIиящ сэмэгу лъэныкъуэмкIэ щызэхэсхэр. СудыщIэм и набдзэ кIырхэр зэхуигъэкIуащ, и щхьэр мащIэу игъэсысри, стIолышхуэм и кIапэмкIэ къытет уэзджынэ цIыкIур игъэзууащ, езым и макъ гъумми зригъэIэтащ:

– ФымыIэуэлъауэ! Армырамэ, псори фыщIэзгъэкIынущ.

Пэшышхуэм щIэсхэр зэтесабырэжа нэужь, судыщIэм ягъэкъуаншэм зыхуигъазэри, и упщIэхэм къыпищащ:

– АдэкIэ дауэ зэрыхъуар Iуэхур?

Бэчырэ игу къигъэкIыжащ мызэ-мытIэу и гъунэгъухэр къызэрыфIэнар, къызэрезэуар, езым нэхъыбэрэ удын къызэрытехуар, я участковэ ХьэпIотI зыбжанэрэ хуэтхьэусыхами, зыри къызэрыхуимыщIар.

– Иужьрейуэ фызэрызэзэуар къытхуэIуэтэжыт.

– А махуэр щэбэтт. Ди бынхэм ящыщ гуэр къыкъуэкIыну дыгугъэрти, ди нэхэр уэрамымкIэ щыIэт. Фызым дэрэ жызум къыпытчыжырт. Пшапэр зэхэуэным нэсауэ, схуэмышэчыжу, куэбжэм сыдэкIри, уэрамым сриплъащ. А дакъикъэм гъунэгъуу блэкIырт Мухьэмэтмырзэ. Сыкъызэрилъагъуу, чэфти, мыхъумыщIагъэ гуэркIэ къызэщащ. «Сыт уэсщIар, апхуэдэ щхьэ къызупэсрэ?» – щыжысIэм, къигъазэри, си нэкIум IэгукIэ къеуащ. Ар си жагъуэ хъуауэ сыкъыщикIуэтым, нэхъри къыстегуплIэу хуежьащ. Си тхьэ-кIумэр тритхъащ. «Укъызбгъэдэмыхьэ, IукI!» – жысIэри, сэр пэщIэзгъэу-ващ. АдэкIэ къэхъуар сщIэжыркъым. Дызэрыубыдри, дызэрызелъэфащ, дызэрыутIыпщыжри, мор я дежкIэ екIуэкIыжащ, сэри сыкъыдыхьэжащ. ЕтIуанэ махуэм жаIэу зэхэсхащ си гъунэгъур зэрылIар... Сэ ар сукIын Iуэху лъэпкъ зесхуакъым. Алыхьыр си щыхьэтщ...

СудыщIэр Бэчырэ куэдрэ пкърыупщIыхьащ. ЛIыжь къарууншэр, нэхъ жьакIуэ къэхъуауэ, тхьэусыхэрт, бэлыхьу и гъунэгъум дишэчахэр, лейуэ къылъысахэр хуэмыIуэтэщIу.

– Пэж дыдэу, нэхъапэхэм ди унагъуэхэр дызэгурыIуэрт, дызэкIэлъы-кIуэрт, пщIэ зэхуэтщIырт, – жиIащ Гуащэнэ, чэзур къыщылъысым. – Къай-гъэр къызэрыкIар дэшхуейрщ. Ар ди пщIантIэкум зэрыщыхасэу, Нэтоп хъущIэн щIидзащ, я щIы кIапэм щыщ ди дежкIэ къэкIуауэ къыфIэщIри. Ауэ, кIапсэкIэ къэтпщри, ди пщIантIэхэм я курыкупсэм жыгыр зэрыхэтыр едгъэлъэгъуащ. ИтIани арэзы къытхуэхъужакъым. Къызыхахри дымыщIэу, къытхуэшхыдэу, нэгъуэщIхэм дыхуаубу ирагъэжьэри, зэи щагъэтакъым дагъэпудыныр. Псом хуэмыдэу Нэтопщ згъэкъуаншэр. Аращ Бэчырэ зэпымыууэ къыдэзыуштар. Аращ адакъэжьитIым щхьэкIэ цIыхухъухэр щызэзэуами, «улIыгъэншэщ» жиIэурэ Бэчырэ къызэщIэзыгъэплъар. Аращ я шыдым си щхьэгъусэм и цIэр фIэзыщари.

– Дэшхуейм къыпыкIэ псори мо хъарым исым ищыпырт. Ауэ щыхъу-кIи, тхьэмпэхэр Iузыхыжыр дэрат. Абы щхьэкIэ зэгуэрым си щхьэгъусэм зы псалъэ жиIати, мо хъарым исыр, мо нэджэIуджэ Iейр, мо номиныр къыдэзэуэгъащ...

Аргуэру ижьырабгъумкIэ щысхэр Iэуэлъауэу хуежьэри, судыщIэм уэзджынэ цIыкIур игъэзууэ щIидзащ.

– Зыми къыхуэлъытэнукъым ди гъунэгъухэм дэ бэлыхьрэ хьэзабу къыттралъхьар, – пещэ Гуащэнэ и псалъэхэм, и нэпсхэр бэлътокукIэ щIилъэщIыкIыурэ, – сэ шэч къытесхьэркъым: лIыукIым хуэфащэ тезыр къылъысынщ.

– А пщыхьэщхьэм Мухьэмэтмырзэ дэнэт здэкIуэр? Щхьэ Бычырэ Iууа ар? Щхьэ зэзэуэнкIэ хъуахэ? Абы теухуауэ сыт къыджепIэфын?..

– Сэ сызыщыгъуазэр бжесIэнщ.

Ди щIалитIыр унагъуэ щхьэхуэу ди къуажэм щопсэу. НэхъыщIэм и пщIантIэм гуэщ тIэкIу дищIыхьырти, «сыкIуэнщи сыдэIэпыкъунщ», – жиIат тхьэмыщкIэм, ауэ тIэкIу гукъыдэмыжу нэху къекIри, шэджагъуэ хъухункIэ къэтэджыфакъым. ТIэкIу къызэфIэувэ нэужь, жыхуиIам кIуэну зигъэхьэзыру щыслъагъум, селъэIуащ зыщIыпIи емыжьэну. «Ар сыт щхьэкIэ?» – къыщызэупщIым, жесIащ жэщ кIуам пщIыхьэпIэ Iей зэрыслъэгъуар, гуэщыщхьэ сытхэм къехуэхынкIэ сызэрышынэр. «Ау-уей» – жиIэри, къысхуидатэкъым. Абдежым си анэ шыпхъум и къуэ дымыщIэххэу къытхуеблагъэри, дызэхэсащ сыхьэтитI-щы хуэдизкIэ. ХьэщIэр едгъэжьэжа нэужь, «щIалэхэм деж нобэ сыкIуэфынукъым, – жиIащ тхьэмыщкIэм, – ауэ тутыныр къысIэщIэухащи, тыкуэнымкIэ секIуэкIынщ».

ДэкIри дакъикъэ зытхух нэхъыбэ къэтауэ къыщIэкIынкъым. Къигъэзэжащ тIэкIуи ещIэкъуауэу, и Iэ ижьыр и ныбэгум телъу. «Сыт къыпщыщIар?» – жысIэу сыщыбгъэдэлъадэм, лъы лъэужь къэслъагъури, си гур къекIуащ, ауэ зызгъэбыдэри, щIэгъэкъуэн зыхуэсщIащ, сыдэIэпыкъуурэ, ди унэ щIыхьэпIэм нэсшэсащ, дэкIуеипIэм деж сфIетIысэхри, адэкIэ сшэну къару щызмыгъуэтым, сыгужьеяуэ, уэрамымкIэ сыджащ. Чэрим блэкIыу щыслъагъум, седжащ. Iуэхур зытетыр щыжесIэм, Тхьэр арэзы къыхухъу, псынщIэ дыдэу къигъазэри, зэрыхузэфIэкIкIэ сэбэп хъуащ. Нэтопи, къижыхь-нижыхьу я пщIантIэм дэту щыслъагъум, «КъакIуи еплъ уи лIым къыдищIам», – жесIащ. «Фхуэфащэр къывищIащ» – аращ жэуапу къызитар.

– АдэкIэ дауэрэ хъуа?

– Узижагъуэным и махуэщ зэрыхъуар. Чэрим кърииджа «скорэр» къэсри, «Сыт къыпщыщIар?» – щыжаIэм, «КъэхъуаишхуиидыIэкъым, Бэчырэ къызэпыджа мыхъумэ», – гушыIащ тхьэмыщкIэр. Сымаджэщым нэдгъэсащ. Куэд дыди дэмыкIыу операцэм щIадзащ. И гур къэувыIэри, къахуегъэлакъым. Аращ зэрыхъур.

– Уэ дауэ къэплъытэрэ, Бэчырэ имыщIэу къыIэщIэщIа мы щIэщхъушхуэр хьэмэрэ, зэриукIынур ищIэу абы зыхуигъэхьэзыра?

– Шэч къытесхьэркъым ищIэу зэриукIам. «Гува-щIэхами узукIынущ» – мызэ-мытIэу сэ зэхэсхыу къыжриIат. Сымаджэщым тшэным и пэкIэ, уIэгъэр сыпхэнымкIэ къыщыздэIэпыкъум, Чэрими жиIащ ар.

– Сыт жиIар?

– СщIа мыгъуэт абы и нэгум нобэ зыгуэр зэрыщIэлъыр, – жиIащ.

Чэрими къраджэри еупщIахэщ.

– ЩIыхьэху сщIауэ си унэр зэтралъхьэрти, а махуэм тыкуэным зыбжанэрэ сыкIуэн хуей хъуащ, – жиIащ абы. Дапщэрэ я унэм сыблэмыкIамэ, Бэчырэ я куэбжэпэм Iутащ, сэ къуаншэшхуэ IэщIэлъу, зыгуэрым ещакIуэм ещхьу, щтэIэщтаблэу, адэ-мыдэкIэ зиплъыхьу. «Мурад Iей гуэр ищIауэ пIэрэ?» – щIыIэ-щIыIэу си гум къэкIат. ЗэрыжаIэщи, гур зэрыгъум мыгъуэр ирожэ. ПщыхьэщхьэхуэкIуэу, я унэмкIэ аргуэру сыщыблэкIым, Гуащэнэ

и фэр пыкIауэ къызбгъэдэлъадэри «си щхьэгъусэр къауIащ, къыздэIэпыкъу» къызэлъэIуащ. Мухьэмэтмырзэ я дэкIуеипIэм телът, бгъукIэ тегъэщIауэ. Зэрыслъагъуу сыкъэуIэбжьащ, лъыр уэру и джанэкIэмкIэ къыщIэжырт. УIэгъэ хъуар Гуащэнэрэ дэрэ унэм щIэтшэри, диваным идгъэгъуэлъхьащ. ИтIанэ «Скорэр» къезджащ. УIэгъэри зыгуэрурэ дыпхащ. Абдежым пэшым къыщIыхьат Нэтопи, зыкIи къыддэIэпыкъуакъым, «Хуэфащэу къауIащ», – жиIэри щIэкIыжащ.

Чэрим и ужькIэ, судыр щекIуэкI пэшым къыщIашащ жьы дыдэ хъуа Чэбыхьан. «Пэж фIэкIа зэрыжумыIэнумкIэ мы тхылъымпIэм Iэ щIэдз», – щыжраIэм, нэщхъей-нэщхъейуэ къыпыгуфIыкIащ:

– Сэ си хьэдрыхэ кIуэгъуэщ, тIасэхэ. ПцIы супсыну, гуэныхь къэсхьыну си мураду аракъым мыбы нэс сыкъыщIэкIуар.

АдэкIэ къыжиIар мыращ:

– ЛIитIыр зэрызэбийр ди къуажэдэс куэдым ящIэ. Уэрэдрэ Iуданэу жылэм Iэджэ щIауэ дэлъщ мыбыхэм я хъыбарыр. Ауэ абы зыри игъэгузэвакъым. ИгъэпIейтеякъым, уеблэм ХьэпIотIи, мылицэ щIалэрщ жыхуэсIэр. Зыуи къафIэIуэхуакъым къуажэ унафэщIхэми...

– Уэри, Чэбыхьан, нэхъыжьыфIу хьэблэм ущыдэскIэ, зыгуэр жыпIэн хуеящ.

– ЖысIат, жысIам сыхущIегъуэжат армыхъумэ. Зыри къызэдэIуакъым. ИгъащIэм зэхэзмыха Iэджэ я жьэ къыжьэдэкIащ. Си гугъэнтэкъым ди адыгэбзэм апхуэдэу псалъэ мыхъумыщIэ куэд хэту.

– АтIэ, Чэбыхьан, къэхъуам узэреплъыр, узыщыгъуазэхэр къыджеIэт.

– Сызэреплъри? УнагъуитIри къуаншэу къызолъытэ. Сэ слъэгъуакъым лIитIыр зэрызэзэуар. СщIэркъым щIызэзэуари. Псори дэшхуейм тралъхьэ. Ар пцIыщ. Сыт жыгым и лажьэр? Лажьэ зиIэр зэгурымыIуэхэрщ. УщызэгъунэгъукIэ, зыгуэрхэмкIэ дэпчыхыфын, зыгуэрхэр зэхуэбгъэкIуэтэфын хуейщ, мыбыхэм хуэмыдэу. Мыхэр пхъэ закъуэ лъэмыжым щызэхуэза тIы гупым хуэдэт. КъикIуэтын къахэкIакъым. Сыт апхуэдизу ерыщу узэпэщIэтын щIыхуейр? Мы дунейм зыгуэр тезыхыфа иджыри къэхъуакъым. КIэщIу жысIэнщи, Iуэхур Iуэху дымыщIурэ, ауан зытщIыжурэ, ди жылэм и напэр текIащ...

Чэзур къыщылъысым, прокурорыр икъукIэ гуащIэу къэпсэлъащ. Лэжьэн зэрыщIидзэрэ куэд зэрымыщIар, зэрищIэщыгъуэр и нэгуми къищу, гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэм усэ къыщеджэм ещхьу, и макъым зригъэIэтри, ягъэкъуаншэм и Iэужьхэм зыкъомрэ тепсэлъыхьащ икIи къигъэуващ лIыукIым тезыр ткIий телъхьапхъэу, хуэфащэу къилъытэ илъэс бжыгъэри къигъэлъэгъуащ.

Уэчылым псалъэ щратым, щабэ дыдэу къыщIидзэри, гъащIэм и плъыфэ Iэджэхэм я гугъу ищIащ, фэбжьым, щIэщхъухэм я нэхъ мыхъумыщIэр дэтхэнэ цIыхуми къытепсыхэнкIэ зэрыхъунури къыхигъэщу.

– СыныволъэIу, пщIэшхуэ зыхуэсщI судыщIэхэ, – жиIащ абы икIэмикIэжым, тхъугъэм зэщIищта и щхьэр игъэщхъри, – унафэ зытефщIыхьынур зэрылIыжьыр, зэрымыузыншэр, ныкъуэдыкъуагъэ зэриIэр, балигъ зэрыхъурэ лэжьыгъэм хьэлэлу зэрыпэрытыр, бын хъарзынэхэри зэрипIар къэфлъытэну, гущIэгъу хуэфщIыну, прокурорым къигъэлъэгъуа тезырыр нэхъ щабэ фщIыну.

СудыщIэр, ягъэкъуаншэм и дежкIэ плъэурэ, зытIэкIурэ щымащ, итIанэ, и щхьэр ищIри, иужьрей псалъэр жиIэжыну Бэчырэ хуит ищIащ.

– Сыт жызбгъэIэнур? – ерагъыу къызэфIэувэри, и IитIыр зэкIэщIихащ лIыжьым. – Сэ сыт жысIэми, мыхьэнэ иIэжу къыщIэкIынкъым... ШейтIаныр къыстекIуэри...

Бэчырэ адэкIэ къыпищэфакъым, и Iупэр пIэжьэжьа мыхъумэ. И нэщхъуантIэ цIыкIуитIыр шынагъуэу къригъэжри, Iэ гъур кIыхьитIыр, убыдыпIэ гуэр лъыхъуэу, хьэуам щигъэсысурэ, и лъакъуэхэр щIэщIэри зэфIэщэхащ.

Дакъикъэ зыбгъупщI нэхъ дэмыкIыу «скорэр» къэсащ. Дохутырхэр Бэчырэ и гум едэIуащ, и давленэр къапщащ. Зыри жамыIэу заулкIэ щыта нэужь, цIыхубз нэхъыжьыIуэм судыщIэм дежкIэ зигъазэри, къехьэлъэкIыпэурэ къыдришеящ:

– Ди жагъуэ зэрыхъущи, мыбы и Iуэхур зэфIэкIащ. ЗыкIи сэбэп дыхъуфынукъым.

СудыщIэр, ищIэнур имыщIэу, зыкъомрэ щыму зэфIэтащ, и бзэр иубыдам хуэдэу. ИтIанэ, зыкъищIэжри, пэшым щIэсхэм яжриIэрэ и щхьэм хужиIэжрэ къыбгурымыIуэу, хуэм дыдэу къыжьэдэкIащ:

– Езыр-езырурэ зэрыукIыжахэщ.

А дакъикъэм, Бэчырэ и Iыхьлыхэр здэщыс лъэныкъуэмкIэ пыф-сыф макъхэр къыщыIури, судыщIэм иджыри зыгуэр жиIэну хущIэкъуа щхьэкIэ, и псалъэхэр гъы макъым хэзэрыхьыжащ.



# «Допсэу, дыпэплъэу Тхьэм и нэфI»

Иужь илъэсхэм адыгэ литературэм жыджэру зи гуащIэ хэзылъхьэхэм ящыщщ Хьэту Петр. Абы и тхыгъэхэр яхуэгъэзащ сабийхэми балигъхэми. Хьэтум и IэдакъэщIэкIхэм я гугъу щыпщIкIэ, псом япэу я цIэ къиIуапхъэщ тхылъеджэхэр гуапэу зыIущIа «Тхьэгъэлэдж», «Гугъэм и кхъуххэр», «Жьырытэдж» тхылъхэм. Апхуэдэу Петр цIэрыIуэщ и журналист лэжьыгъэхэмкIи. 1993 гъэм абы къыхуагъэфэщащ «Илъэсым и журналист нэхъыфI» саугъэтыр.

Хьэту Петр 1950 гъэм Нартан къуажэм къыщалъхуащ. Абы дэт курыт школыр къиуха нэужь, илъэситIым щIигъукIэ рабочэу лэжьащ, итIанэ культурно-просветительнэ еджапIэм щIэтIысхьэри, абы режиссер IэщIагъэм щыхуеджащ. 1974 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 15-м щIигъукIэ адыгэ, урыс театрхэм щылэжьащ. Абы иужькIэ Хьэту Петр Ростов кIуэри абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ. 1997 гъэм щыщIэдзауэ «Адыгэ псалъэ» газетым щылэжьащ, мы зэманым «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редакторщ.

Хьэту Петр УФ-м и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм хэтщ. И ныбжьыр илъэс хыщI ирикъури лIыпIэ иуващи, дохъуэхъу дяпэкIи и къалэмыр жыджэру игъэбзэну, узыншагъэрэ гукъыдэжрэ иIэну.

ХЬЭТУ Петр

## Нэхущ псыхъуэ

**Нэхущ псыхъуэм псэм зыщегъэпсэхур,**
**зы цIыхупси дэткъым, псыри щэхущ,**
**салъкъын щIыIэтыIэр тIэкIу къыпщIехур,**
**уи гупсысэр къабзэщ, плъапIэр нэхущ.**

Зы къанжэжь мэкӀакӀэ, мывэм тесу, -
Тхьэм ищӀэнщ игу щыщӀэри абы, -
зэхуэмыхъурэ гъащӀэ тӀэкӀур нэсу,
зыщӀэбэгыр сыт — и шхын, и шыр?

Мы дунейр нэхъыфӀкӀэ пхуэупсэну
уи фӀэщ пщӀыну гугъуми, сыт къэхъуар?
СыхущӀокъу сэ си псэр езгъэсэну
пэщӀэтыфу пцӀыуи Ӏейуи хъуам.

Мызэ-мытӀэуи къэхъуащ апхуэдэ, —
мызахуагъэм си псэр щигъэдий,
ауэ, къисшт аргуэру си уэрэдри,
къыщӀидзэжт си гъащӀэм, сылъхудийт.

Нэхущ псыхъуэм псэм зыщегъэпсэхур,
зы цӀыхупси дэткъым, псыри щэхущ,
салъкъын щӀыӀэтыӀэр тӀэкӀу къыпщӀехур,
уи гупсысэр къабзэщ, плъапӀэр нэхущ.

## Сыкъэбгъанэрэ уежьэжмэ

Сыкъэбгъанэрэ уежьэжмэ,
къытехэнщ уэсэпсыр розэм.
Ауэ сыт си дежкӀэ розэр,
сыкъэбгъанэрэ уежьэжмэ?

Сыкъэбгъанэрэ уежьэжми,
дыгъэм щӀылъэр игъэфӀэнущ.
Сэ-щэ, хэт сызыгъэфӀэнур,
сыкъэбгъанэрэ уежьэжмэ?

Сыкъэбгъанэрэ уежьэжми,
ухэтынущ уэ си пщӀыхьым.
Жей мыухыр нэхъ къэсщтэни,
сыкъэбгъанэрэ уежьэжмэ.

Сыкъэбгъанэрэ уежьэжмэ,
Къысхуэнэнущ дунейр нэщӀу…
А дуней хьэхум сыт щысщӀэнур,
сыкъэбгъанэрэ уежьэжмэ?

## Бжьыхьэ мэз

Бжьыхьэ мэзым псэм зыщегъэпсэхур,
жыгхэм си ныбжьэгъухэр сигу къагъэкӀ,

**сыщыгъуазэу сфIощIыри я щэхум,**
**ахэр пщIэнкъым си ныбжьэгъухэм фIэкI.**

**Мес, мо** *Жыгеижьыр* **мэIущащэ,**
**си ныбжьэгъу зэзгъэщхьми ар и хьэлщ —**
**вы Iэчлъэчу щэхуу ар мэлъащэ,**
**игу темыхуэ щэхуури «егъэл».**

**Мы** *Бжеижьри* **къыпхуеплъыхыу лъагэщ,**
**Ахэр зи ныбжьэгъури — уардэщ, инщ,**
**ауэ — и псэр нэхущ — зимыгъэпагэ,**
**лъэпкъым, фIыгъуэ хуихьу, ар и бынщ.**

*Дыкъуэнагъри* **жыг баринэ дахэщ,**
**къалэм хуэдэу мэзми щощIэращIэ;**
**си ныбжьэгъуми щиIэщ пщIэ ди лъахэм,**
**Губгъэн гуэри къимыхьа игъащIэм.**

**Нэпс игъажэу,** *Дзэлыр* **щытщ и закъуэу,**
**ари ныбжьэгъу гуэрым изогъэщхь —**
**тхьэусыхэм, зыщIэмытым лъакъуэ,**
**иужьыгуауэ, кIуэ пэтыху егъэщхъ.**

**Пхъэгъэсыну** *Тхуейм* **имыIэ уасэ,**
**ноби и хуабагъ си жьэгум дэлъщ…**
**Гузэвэгъуэм сыщитам дыгъуасэ**
**щIэгъэкъуэн схуэхъуари си псэм хэлъщ.**

**ЩIыфэ хужьрэ нащхъуэу щыт** *Пхъэхуейми*
**си гум къегъэкIыж зы пщащэ гуэр…**
**НэмысыфIэ гуащэхэм ярейми,**
**мафIэ лыгъэт, архъуанэжьу уэрт…**

**Мы** *Бзиихуми* **мэ къыпехыр гуакIуэу,**
**зегъэщIагъуэ… И щхьи хэтхъукIащ…**
**Си ныбжьэгъу цIыхубзыр нэкIуэпакIуэу**
**къысхуэкIуауэ сфIощI… Ар сигу къэкIащ.**

* * *

**ГуфIэгъуэм — кIуэху — къыпекъузыкIыр,**
**блэкIам иджыри дэ диIыгъщ:**
**дытекIкъым хабзэм, тхэлъщ фIэлIыкIыр, —**
**жыIэщIэ фащэр екIуу тщыгъщ.**

Дунейм дэ дыщытеткIэ, жаIэ,
псэм нэщхъеягъуэри фIэIэфIщ...
ТкIиягъэр къыдобэкI — нэхъ наIуэу
допсэу, дыпэплъэу Тхьэм и нэфI...

Зэман-лIэщIыгъуэр гурымыхьми,
дылъэуджыджэми, допсэу.
Дэ ди псэр-щэ? Абы уищыхьмэ,
ущыIущIэнущ дуней псо...

* * *

Дэ дыпыщIащ мо уафэ щIэншэм, —
псэ къэскIэ яIэщ вагъуэ, хьэрш.
АтIэми, ар кIуапIэ-жапIэншэщ,
псэр исым хуэдэщ ныбгъуэхьэш...

Уафэшхэм, тетщи мо Шыхулъагъуэм,
вагъуэбэр фIалъэкIэ щIауд.
Мо вагъуэижхэм, умылъагъуми,
псэхэр ягъэсу тесхэщ уд...

* * *

Дуней шэрхъыжьыр мэкIэрахъуэ,
ухунэмысу гу щыпхуэн...
Уахътыншэ уафэм и кIэдахъуэм
хэт и псэри зэгуэр ихуэнщ.

Сыт тщIэн-тIэ, дыпсэунщ дыгугъэу,
дигу илъу лъагъуныгъэр, фIыр,
губгъэн хуэтщIынкъым къытхуепс дыгъэм,
сыт къыщыдащIэми мы щIым...

## Илъэс хыщI

Дэ щIыхуэ ттелъу тфIощI, тхуэмыпшыныжу,
Iэр зэIусэну плъапIэр пхуэмыбжын,
зыщIэдгъэкъуэни — псэм дыщымысхьыжу —
къэдгъэтэджыни хуейхэщ дэ ди бын...

Иджыри дыхущIокъу зыгуэр къэтщIэну,
иджыри тфIэщIэщыгъуэщ ди нэхущ,
иджыри докъури-докъу Iуэху гуэрхэр тщIэну,
нобэр къыздэсым тщIари тфIощI зым щымыщ...

# Бжьыхьэмрэ сэрэ

**Пшапэр зэхоуэ хуэм-хуэму,**
**паркым зы цIыху имытыж,**
**нобэ си закъуэщ аргуэру…**
**Хьэуэ — сэ сщIыгъущ гукъэкIыж…**

**Жьыри йохъу-йолъ, зигъэплIабгъуэу,**
**псоми я щхьэфэ тоухь…**
**Мазэ дыщафэр, алабгъуэу,**
**кIарцыжь «ефам» ходжэгухь.**

**Пкъом фIэлъ уэздыгъэр мэкIыргъыр,**
**къибжу къулъхуолэ, мэсыс…**
**Си псэр мыбдеж щызыIыгъым —**
**сигъэмэхащ — согупсыс…**

**…Бжьыхьэу хэтар сщIэж си гъащIэм**
**си гукъэкIыжми хэтынщ,**
**зыхызагъэщIэу нэхъ гуащIэу**
**си псэм зэриIэр уахъты.**

## Тхыдэ лъагъуэхэр

### Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ май мазэм илъэси 146-рэ мэхъу

# ИстамбылакIуэхэм я гъыбзэ

Ди нэхъыжьхэм зэрыжаIэжымкIэ, мы гъыбзэр зыусыну къезыгъэжьауэ щытар Къэсейхьэблэ (Хьэбэз) и бжьэпэ лъэныкъуэмкIэ теса Быж лъэпкъым щыщщ. Ахэр зэш лъэрыхь заул хъухэрт. Щамил и нэIибу а зэманым адыгэхэм я деж щыIа Мухьэмэд-Iэмин хабзэ хуэхъуат и унафэм щIэмыува адыгэ-абазэ къуажэхэм теуэурэ ихъунщIэу. Абы и дзэр Къэсейхьэбли къыдэуэщ цIыхухъухэр дэмысуи, Быж зэшхэм я шыпхъу закъуэ бадзэ зытрамыгъэтIысхьэу зыхуэсакъыр ядыгъури дэкIыжахэт.

Зэшхэр къэсыжу къэхъуар щыжраIэм, я ныбжьэгъухэр гъусэ ящIри, хъунщIакIуэхэм якIэлъыпхъэращ. Ауэ урысыдзэм гъунапкъэм зэпрагъэкIын ямыдэу зэщыхьэхэри, Iэщэ къызэхурахащ. А лъэхъэнэр зытехуэр адыгэхэр я Хэкум ирахун щыщIадза зэманырати, я къуажэгъухэм кърашIа лейр Iуэхум ищхьэ къафIэхъури, Къэсейхьэблэм зэрыжылэу Истамбыл кIуэжыну зыкъаIэташ. АрщхьэкIэ Лабэ лъэныкъуэмкIэ щыт пащтыхьыдзэм гъунапкъэм благъэкIар Быж зэшхэмрэ абыхэм я гъусэу урысыдзэм Iэщэ къыхуизыхахэмрэщ, адрей къэсейхьэблэдэсхэм къагъэзэжын хуей хъуащ, Къэсейхэ пащтыхьым и унафэ щIэува адыгэпщхэм ящыщу, абы къулыкъу хуэзыщIэхэу ялъытэрти. Ар и къэнэкIэу Къэсейхьэблэр ИстамбылакIуэ гъуэгу унэхъупIэм темыхьэу къэнащ…

Арати, Быжхэ кърагъэжьа уэрэд-гъыбзэр нэгъуэщIхэм нагъэсыжри, цIыхубэм япхъуэтащ.

Мы гъыбзэр щауса лъэхъэнэм и щIалэгъуэу ирихьэлIэри, ар занщIэу гукIэ къиубыдат Туаршы Хьэжмэхъуэщ. ИужькIэ абы гъыбзэр Iурилъхьэжащ уэрэдкIэ гурыхуэу щыта и щIалэ Хьэмид. Гъыбзэр сэ сэзыгъэтхыжа Туаршы Мухьэмэд (Бабу) ар япэу зэхихауэ щытащ и адэ Хьэмид уэтэрым къытехьа хьэщIэхэм яжриIэу. Езым гъыбзэр макъ дахэкIэ жиIэжт. Бабу къызэрысхуиIуэтэжамкIэ, гъыбзэр едзыгъуэу нэхъыбэ хъурт, ауэ сэ сыщыбгъэдэсам къыхуэгубзыгъыжар мы стхаращ.

Гъыбзэм щыщ едзыгъуитI къызжиIэжыгъат ди тхакIуэ цIэрыIуэ Уэхъутэ Абдулыхьи. «Истамбыл гъуэгужь» гъыбзэ гуузыр, иджы адыгэ псоми зэлъащIысар, псалъэ зырыз жыхуаIэм хуэдэу зэхуэсхьэсыжщ, машинкэкIэ теддзэри, нотэхэри щIыгъуу 1960 гъэм «Черкес Плъыжь» газетым схьат къытрезгъэдзэну. Псом япэу Гъуэщокъуэ Хъусинрэ Абдулыхьрэ я деж сыщIыхьэри гъыбзэр езгъэлъэгъуат. А тIум ар фэрыщIыншэу псэкIэ зыхащIати, я нэхъ мащIэм, пщIэ хуэдизрэ жызагъэIагъэнт. Мис абы щыгъуэм сэ яжесIа гъыбзэм гукъэкIыж хьэлъэхэм хиша Абдулыхь зэуэ кърaгъэжьэри, ИстамбылакIуэм теухуа гъыбзэ гуэрым щыщу едзыгъуитI жиIат. Нэхъыби жиIэну къыщIэкIынт, ауэ псоми зи гур хуэмыгъуэ, къызыхэкIа лъэпкъым теубгъуауэ хуэсакъ Хъусин щригъэгъэтыжат:

– Абдулыхь, мы ди щIалэм зэ зэхихар зэуэ къепхъуатэри и гум ирeубыдэ. А уэ иджыпсту зэбгъэдаIуэр зэрымыщIэкIэ зыщIыпIэ деж къыщыжьэдэкIмэ, бэлыхь ухэхуэнщ, абы щхьэ уемыгупсысрэ? – жиIэри.

«Истамбыл гъуэгужьыр» а лIы хъарзынитIым я таучэлрэ я лIыгъэкIэ ди газетым къытрадзэгъат, апхуэдэм а зэманым шынагъуэ пылъа пэтми.

Абдулыхь къригъажьэу и кIэм нимыгъэса гъыбзэрауэ къыщIэкIащ иужькIэ Туаршы Бабу сызригъэдэIуар. Нэхъ иужьыжкIэ къызэрысщIамкIэ, мы гъыбзэм и уэрэдыпкъым щIэту Щхьэщэхуж лъэныкъуэмкIи, Тырку лъэныкъуэмкIи уэрэд щыIэу къыщIэкIащ ИстамбылакIуэм теухуауэ.

Туаршым сигъэтхыжа гъыбзэр Инжыдж псыхъуэм зэрыщаусам и щыхьэтщ абы хэт щIыпIэцIэхэр. Мы зыри щIызгъужынут: гъыбзэр стхыжа къудей мыхъуу, мащIэуи зэзгъэзэхуэжащ.

Iуащхьэмахуэ бгыжь, гущэри,
Уэр, зэрыбгы дахэт,
Дахагъэу щыIэхэр
Хэкужьым къиднауэ

*Ежьу:*

Уэ докIуэ, докIуэ,
Истамбылым докIуэ,
Ди адыгэщI, гущэм
Урысейм дыреху.

Хьэбэз къуэкIуэцIышхуэ, гущэм,
Хывыбэр къыдахури,
Пащтыхьыжьым и дзэмэ
Ди Хэкум дыреху.

*Ежьу.*

Мы ди Къущхьэхъу бгыжь, гущэхэм,
Уафэр къыщогъуагъуэ,
Дэ дызэщIэгъуагэурэ
Хэку дыщэм дыраху.

*Ежьу.*

Iэдииху джабэжь, гущэмэ,
Псынэшхуэр къожэхыр,
Инжыджыпс ежэхымэ,
Зэ дыхэвгъэфыж.

*Ежьу.*

Мы ди Къущхьэхъу лъапэ, гущэм,
Удз щхъуантIэр къыщокIыр,
Тенджыз ФIыцIэжьмэ
Дауэрэ дикIыну?

*Ежьу.*

ЩIыгур къыщысыс, гущэкIэ,
Бгыжьхэр щIотIысыкIыр,

Мы тенджыз ФIыцIэжьмэ
Дэ дыщIотIысыкI.

*Ежьу.*

Мы тенджыз ФIыцIэжь, гущэмэ,
Кхъухьхэр къыщызокIуэ,
Дэ дыздэкIуэ щIыпIэ мыгъуэм
Зыри хэдмыщIыкI.

*Ежьу.*

Мо тенджызыжь Iуфэ, гущэм,
Топхэр щызэдоуэ,
Ди гум къеуэ псори
Хэкум къыщыднауэ

*Ежьу.*

Ди адэжь кхъэ лъахэ, гущэр,
ЕкIэ къыдогъанэр,
Зи анэ мылъхуэжыныр
Пащтыхьым къыхукIуэ.

*Ежьу.*

Ерыжыб фIыцIэжь, гущэхэр,
ИкIэу догъэгъуагъуэ,
Унагъэ сэхыри
Пащтыхьым къыхукIуэ.

*Ежьу.*

Ди адыгэ сэшхуэ, гущэр,
Дэ къытщогъупщэ,
Ди ужькIэ къанэхэм
Дызыщывмыгъэгъупщэ.

*Ежьу.*

Уафэгум ит къру, гущэхэм,
КIэщIу зыкъагъазэ,
Дэ къэдгъэзэжынурэ
Тхьэшхуэм дыщогугъ.

*Ежьу.*

Ди гухэщI бэракъ, гущэри,
Жьыбгъэм къызэрехьэ,
Тхьэм и нэфI къытщыхуэмэ,
Дызэхуихьыжынщ.

*Ежьу:*

Уэ докIуэ, докIуэ,
Истамбылым докIуэ.
Ди АдыгэщI гущэм
Урысейм дыреху.

**ШЭРДЖЭС Алий.**
*КъШР, Хьэбэз*

АБРАМОВ Яков

# Кавказ бгырысхэр

*Урыс-Кавказ зауэм и тхыдэм щыщ пычыгъуэхэр*

***Адыгэ лъахэм и тхыдэр зыдж обществэм и правленэм къыбгъэдэкIыу:***

Абрамов Я. и «Кавказ бгырысхэр» лэжьыгъэр япэ дыдэу къытрадзащ 1884 гъэм къыдэкIа «Iуэху» («Дело») журналым и 1-нэ номерым. Обществэм ар тхылъ щхьэхуэу къыщIыдигъэкIыр урыс пащтыхьыгъуэм XIX лIэщIыгъуэм и 60-80 гъэхэм Кавказым щригъэкIуэкIа политикэм кърикIуэу бгырыс лъэпкъхэм я лъахэр къабгынэныр къызыхэкIамрэ абыхэм я щэнхабзэр зэрыкIуэдамрэ пэжым тету лэжьыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуаращ.

*Адыгэ Автоном Областыр зыдж*
*Обществэм и правленэ*

*Краснодар, 1927 гъэ*

**I**

Ростов-Владикавказ гъущI гъуэгум тет мафIэгур хуэму, егъэлеяуэ хуэм дыдэу кIуэрт. Гъэмахуэм игъущыкIыжыпэ, ауэ гъатхэхэм дунейр зыкъутэ уэшхыпсхэм щIалъэсыкIа гъуэгур гъуанэпщIанэт. Ар зэгъэпэщыжыным ехьэлIауэ лэжьыгъэ лъэпкъи ирагъэкIуэкIытэркъым сэ а гъуэгуанэр щызэпысчым щыгъуэ. Майм и кIэхэм дежти, а зэманым абы егъэлэжьыну цIыхур гъуэтыгъуейт, езы гъущI гъуэгу лэжьакIуэхэм я закъуэкIэ ар зэфIэкIа мыхъун Iуэхут. Зыпэплъэхэр бжьыхьэр къэсынрат – абдеж лэжьакIуэхэр нэхъыбэу, текIуадэри нэхъ мащIэу гъуэгур зэрагъэпэщыжын мурад яIэу арат. ИджыпстукIэ рельсхэмрэ ахэр зытегъэбыда пхъэхэмрэ зэфIэскъыскъэрт, зэрызешэу зэрыIыгъ къудейт. Арат мафIэгур хуэмыбзэу фIэкI щIэмыкIуэри, абы исхэр, я псэр IукIауэ, щIэшынэри. Гъуэгур зэгъэпэщыжыным ехьэлIауэ зыгуэр ящIэ щIыжыпIэн щхьэусыгъуэ лъэпкъ щыIэтэкъым – абы зыри иримыгузавэ хуэдэт. Пэжщ, зыгуэрхэм епэщэщ щIыкIэу, цIыху закъуэтIакъуэ зэзэмызэ уи нэгу къыщыщIэхуэ щыIэт, ауэ ар IэхъуэтегъэкI лэжьэкIэт.

Си гъунэгъур къызэуIуу сыкъыщигъэушам нэхулъэ къищI къудейт. Япэ дыдэ мы гъуэгуанэр зэпичу арати, вым хуэдэу жьажьэ мафIэгум и кIуэкIэм иризэгуэпурэ, зэгуэудыным нэса си гъунэгъур шынэрти, абы игу фIы хузощI: гъуэгур Iейщи, аращ хуэму дыщIэкIуэр, армыхъу иужьрей илъэс зыбгъупщIым и кIуэцIкIэ мыбдежхэм къыщыхъуагъэшхуэ щыIэкъым – тIэу-щэ хуэдизрэ мафIэгум зыгуэрхэр къытеуами, укIыгъэуIэгъэми цIыху зыбгъупщI нэхъыбэ хэкIуэдакъым, сэкъат ягъуэтакъым...

Дыздынэсар къэсщIэну щхьэгъубжэм сыдэплъмэ, Тэтэр Iуащхьэ солъагъу. Шынэ узым ихь си гъунэгъум и гур аргуэру фIы хуэсщIыпэн мураdкIэ, чэнджэщ изот мафIэгубжэм деж уву Тэтэр Iуащхьэм и телъыджагъым еплъыну.

Дыгъэр къыщIэкIа щIыкIэтэкъым – пшэплъым зыкъиIэту арат. УзыIуплъэхэр зищIысыр IупщIу пхузэхэхуртэкъыми, нэгъуджэ щIыху пIулъ нэхъейт.

Пщэдджыжь акъужьыр гуакIуэщ. Псэм къодэхащIэ. Зи гъэщIэгъуэнагъыр Iуэтэгъуей Тэтэр Iуащхьэ ди пащхьэм къитщи, зыщыдмыгъэнщIу зэпыдоплъыхь. Тафэ сэтейм къыхотэджыкIри, фочыкум хуэдэу захуэу зеIэт

абы. ИхъуреягъкIэ нэгъуэщI лъагапIэ щыплъагъуркъыми, и закъуэпцIий мэпIий ар. И лъащIэм и къэухьым нэхърэ и лъагагъыр куэдкIэ нэхъ инщ. Абы къыщхьэрыгъ мывэ пыIэ папцIэм ухудэплъейуэ щIэбдзэмэ, уэ езым уи пыIэр пщхьэрыхунщ. Iуащхьэ джабэм къэкIыгъэ цIырхъ тIэкIухэр кIэрыболъагъуэ. И щхьэщыгур мывэ папцIэ джафабзэщ. Абы и лъапэм СулътIан и къуажэ цIыкIур щIэсщ. Зыми емыщхь а Iуащхьэр щIым къызэрыхэтэджыкIыр гъэщIэгъуэнщ: IэкIэ ягъэжу абдеж трагъэувауэ фIэкIа пщIэнкъым. Мы щIыпIэхэм Iэджэрэ сыщыIа, нэгъуэщI гукъинэж куэди слъэгъуа пэтми, Тэтэр Iуащхьэ и фэгъу сытеплъауэ сщIэжыркъым. Си гъусэм, иджыт япэ дыдэ мы щIыпIэм къыщихьари, зэригъэщIэгъуэн ищIэртэкъым Тэтэр Iуащхьэ и ухуэкIэ телъыджэр. МафIэгум лъабэдий зэрищIым алъандэм иришхыдами, иджы щIэгъумэтIымэр нэгъуэщIт: и нэри и пэри ихьауэ зэплъ Iуащхьэм гу щимыхуауэ псынщIэIуэу дызэрыблэкIрат.

Алыхь IэщIагъэ а Iуащхьэ гъэщIэгъуэныр дымылъагъуж щыхъум, гъуни нэзи зимыIэ губгъуэшхуэр къэтплъыхьу щIэддзащ. Ауэрэ къуажитI-щы дыблэжащ. Гъавэ щIапIэ губгъуэхэм зэзэмызэ дахуэзэу хуежьащ. УзыIуплъэ псоми къыбжаIэрт а щIыхэр щIагъуэу къызэрамыгъэсэбэпыжыр, абы телэжьыхьышхуэ зэрыщымыIэр. Ауэ сэ сыщыгъуазэт а щIыпIэ телъыджэхэр зэгуэр бейуэ, цIыху бжыгъэшхуэхэр телэжьыхьу, мэкъумэшыщIэ емышыжхэм псэукIэ дахэ яIэу зэрыщытам. АрщхьэкIэ а псоми я гугъу хуэсщIыфакъым си гъусэм – Псыхуабэ Iуащхьэхэр къытпежьат, дыздэкIуэм дызэрынэблэгъар гурыIуэгъуэ хъуат: Минвод станцым дынэсат, адэкIэ къэнар Псыхуабэ, ЕсэнтIыгу, Нартсанэ, Железноводск я станцэхэрат.

Псыхуабэ Iуащхьэхэри щIым къыхотэджыкI, ауэ абыхэм хуэмурэщ зыкъызэраIэтыр, я щхьэщыгухэм нэхърэ я лъабжьэхэр куэдкIэ нэхъ лъэгубгъуэщ. КъимыдэкIэ, Тэтэр Iуащхьэ плъэгъуа нэужь, ахэр гъэщIэгъуэн пщыхъужыркъым. Пэжщ, япэ дыдэу ахэр зылъагъум дежкIэ, абыхэм я теплъэкIи я зэхэтыкIэкIи удахьэх. Аращ, еплъ пэтми зыщамыгъэнщIу, ахэр гъуэгурыкIуэхэм щIызэпаплъыхьри. Я нэгу щIэкIыр зрагъэщхьынумрэ я гъэщIэгъуэнагъымрэ егупсысын ямыух щIыкIэ, мафIэгур Минвод станцым къыщоувыIэ. Абдеж сыхьэт ныкъуэкIэ щот.

## II

ЦIыхум зэрызехьэу щIадзэ. Хэт пIащIэ-тхъытхъыу къокI мафIэгум, хэти, нэхъ Iеижу пIащIэрэ, цIыхур зэрадзэу, йотIысхьэ абы. МэкIий-мэгуохэр. Зэщохьэхэр, хьэпшыпхэр зелъэфэным къагъэгубжьащи, хъйим йокIхэр. Сэ, хьэпшып къыздесхьэкI си хабзэкъыми, си Iуэхур тыншщ: кIэрыщIэни къызэIунщIи щымыIэу, мафIэгум сыкъобэкъукI. Зэрызехьэу къэзыжыхьхэм сахоплъэ – си цIыхугъэ гуэр нэкIэ къызолъыхъуэ. Абдеж гу лъызотэ мо зэхэзежэ къомым зыкIи емыщхьу икIи я Iуэху лъэпкъ абыхэм хэзымылъхьэу зэхэт цIыху гупышхуэм. Пэжщ, ахэр гъуэгу зэрытехьэр нэрылъагъущ: яIыгъ хьэпшып хъушэм нэмыщIыж, я хъуреягъкIи Iэджэ щызэхэлът.

Ахэр къэбэрдей адыгэт. Абдеж щыплъагъурт сабийхэри, цIыхубзхэри, лIы балигъхэри, жьыкIэфэкIэхэри. Сабийхэр икъукIэ щыгъыныджэт. ЦIыхубзхэр бгырыс щыгъынкIэ хуэпат. Я нэгур IэлъэщIкIэ щIэхъумат. ЦIыхухъухэм адыгэ цей ящыгът. IэщэкIэ зэщIэузэдахэт. Ауэ псоми нэхъ къахэщырт лIыжьхэр.*

Ахэр зытIощIырыпщIым нэсырт. Лъэпкъыр зыгъэбжьыфIэ нэхъыжьыфIхэрт. Я ныбжьым емылъытауэ, зэкIужхэт, щхьэпэлъагэхэт, я фащэри я теплъэри дахэт. Хужьыбзэу тхъуа жьакIэшхуэхэр ятетт, нурыр кърихыу

* Урыс литературэм ущрохьэлIэ **«илъэс плIыщI ныбжьым ит лIыжь»** - жоуэ. Абы тепщIыхьмэ, авторым зи гугъу ищI мо «лIыжьхэри» илъэс плIыщI-тхущI ныбжьым нэсауэ арагъэнт

я нэгухэр лъагъугъуафIэт, зэрыакъылыфIэхэр, пщIэрэ щхьэрэ зэраIэр зыщIэжхэти, ар я зыIыгъыкIэмкIи къагъэлъагъуэрт. Уеплъ пэтми защумыгъэнщIу, уатхьэкъурт, пщIэ яхуэпщIу уехъуапсэрт. Ахэр ауэ сытми гуп къудейуэ къызыщыбгъэхъу хъунутэкъым – дэтхэнэ зыми ищIэжырт пщIэуэ иIэр, акъылрэ лIыгъэу бгъэдэлъыр зыхуэдизыр. Абыхэм узытрагъэгушхуэнутэкъым, бгъэпуду къыпхуадэнутэкъым – дэтхэнэ зыми и пщIэмрэ и щхьэмрэ зэрихъумэжыфынур, уэри къызэрыпщхьэщыжыфынур нэрылъагъут. НэгъуэщIым и пщIэр ягъэпудын муради яIэтэкъым – цIыхур я щхьэм иралъытырт. Зыхэт я лъэпкъэгъу нэхъыщIэхэм я набдзэт. Я щапхъэт. Абыхэм я дежкIэ зырикIт урысхэм я къулыкъущIэхэри, езыхэм я пщыжь-уэркъыжьхэри. Ахэр зым и унафи щIэтыну зи мыгуращэ цIыху щхьэхуитхэт. Абыхэм я дежкIэ хабзэ нэхъыщхьэр езыхэм я Iуэху еплъыкIэрат – абы тещIыхьауэт пэжымрэ пцIымрэ зэреплъ щIыкIэри.

Сыным хуэдэу я пIэм ижыхьауэ зэхэтт а къэбэрдей гупыр. Я нэгур уфат. Я нэхэр къилыдыкIырт. Я Iупэ зэтекъузахэр кIэзызырт. Псоми къатехьэлъэу гуауэшхуэ къазэрыщхьэщытыр нэрылъагъут. Ауэ лIыгъэ яхэлъу заIыгът, я гуныкъуэгъуэхэр ялъагъу мыхъуу зыIуплъэ урыс джаурхэм къэрамыгъэщIэн зыхуагъэшэчырт.

Си нэгу щIэкIыр схузэмыгъэзахуэурэ къэбэрдейхэм сахэплъэу сыздэщытым, куэд мыщIэу гупым къабгъэдохьэ мафIэгум и лэжьакIуэхэм ящыщ зы:

– Ей тэтэрыжь къом! ФыкIуи, мафIэгум фитIысхьэ... Мо вагонращ фызэрытIысхьэнур...

Абы и ужькIэ къэхъуар пхужымыIэным хуэдизщ: зыр зым епхъуэу, сабийхэмрэ цIыхубзхэмрэ зэщIогъуагэ. ЦIыхухъу балигъхэр зэщоджэ. ЛIыжьхэм зрадзыхри, нэпс уэркIэ яуфэнщI щIым ба хуащIу щIадзэ. А теплъэгъуэ гуауэр дакъикъитI-щыкIэ екIуэкIащ. ИтIанэ псынщIэу зрачри, къыхуагъэлъэгъуа вагоным зрадзащ псоми. Абы къиIукIырт гущIэм зыкъезыгъэгъазэ гъы макъышхуэхэр.

ИгъащIэ псокIэ сщымыгъупщэжыным хуэдизт си нэгу щIэкIа а нэщхъеягъуэшхуэр. Къэхъуар, слъэгъуар зыхуэсхьынур сымыщIэ пэтми, а псори апхуэдизкIэ си гум щIыхьати, схуэмыубыд нэпсыр нэкIущхьитIымкIэ ежэхырт. СыщтэIэщтаблэу зысплъыхьырт – си нэгу щIэкIахэр зищIысыр къысхуэзыIуэтэфын гуэр къэслъыхъуэу арат. Спэмыжыжьэу абдеж щыт мэкъумэшыщIэ гуэрым, си щытыкIэ хъуам гу къылъитагъэнщи, щхьэхынэ-щхьэхынэу къызжеIэ:

– Iэпхъуэхэу... Тыркум яшэу аращи, я щIыналъэм сэлам ирахыж... Ар хэтуи ирехъуи, апхуэдэ бэлыхь къызытехуэм уи гур щIэгъун хуейщ...

Абдеж сэ псори къызгуроIуэ...

## III

Пэжт, ахэр хэкум икIыу арат. Сэ мызэ–мытIэу зэхэсхат Кавказ бгырысхэр Тыркум зэрыIэпхъуэм теухуа хъыбархэр. Зи лъахэр къэзыбгынэ гуэрхэри си нэкIэ слъэгъуат. Ауэ зэи срихьэлIатэкъым къыщалъхуа я щIыналъэм сэлам зэрырахыж щIыкIэм икIи а махуэм хуэдэу зэи IупщIу зыхэсщIатэкъым а насыпыншэхэм хэкур зэрабгынэр я псэм апхуэдизу къызэреIэм сызыхидза бэлыхьым и фэгъу.

ГъэщIэгъуэныракъэ, Кавказым къыщалъхуахэр щIопхъуэри Тыркум мажэ, ауэ щыхъукIи, Урысейм и курыкупсэм къикIыурэ, мыбы цIыху Iэджэ къоIэпхъуэ. КъэIэпхъуэмэ, фIы щIахрэ? Зэмыса дуней щытыкIэр емызэгъыу «хьэщIэ» жагъуэхэм я зэхуэдитIыр Iисраф зэтохъуэ.



***Адыгэхэр я лъахэм папщIэ мэзауэ.***
*1840 гъэ. Сурэтыр Бёлл Джеймс и тхылъым къитхыжащ.*

Бгырысхэр Тыркум Iэпхъуэныр нобэ-ныжэбэ къежьа Iуэхукъым – абы къыщIидзащ тхущI гъэхэм я кIэхэм деж. Кавказымрэ Тыркумрэ куэд лъандэрэ зэпыщIат. А зэпыщIэныгъэр ехьэлIат политикэми, динми, сатуми. Тенджыз ФIыцIэ бжьэпэхэм щаухуа быдапIэхэм къикIыурэ бгырысхэм куэду къаIэрыхьэрт Iэщэ-фащэхэр, ахъшэхэр. Абыхэм ящыщ Iэджэ Тыркум и унафэм щIэхуат. Ахэм я къару зэхэлъыр зыхуэгъэзар зы бийт: урысхэрат. А къарур нэхъри нэхъ лъэщыж ищIу лъэныкъуитIым яку дэлът муслъымэн диныр. А диным и узэщIакIуэу муслъымэну щыIэ псоми ябжырт тырку пащтыхьыр. КъимыдэкIэ, бгырысхэм нэхъыбэу сатущIэгъуу яIэр Тыркурат. Адыгэпщхэмрэ уэркъхэмрэ тырку пащтыхь бжаблэм ит зэпыту къекIуэкIырт, адыгэ бзылъхугъэхэрщи – мобыхэм я цIыхубзэщхэр зыгъэбжьыфIэр ахэрат. Портэ щIэх-щIэхыурэ уащрихьэлIэрт мыIейуэ псэу адыгэхэм ящыщ цIыхухъухэми бзылъхугъэхэми. Абыхэм къалэнышхуэ я пщэ дэлът: хэкум къинахэр псэлъэгъу ящIурэ къагъэIулэрт езыхэр здэIэпхъуа «жэнэтым» яшэну. Бгырысхэм ящыщ куэдым Iэджэ лъандэрэ къалъытэрт тыркухэм нэхъыфIу псэурэ а къэралым нэхъ лъэщрэ щымыIэу. Урысейр къыщезауэкIэ, бгырысхэр сыт щыгъуи дэIэпыкъуэгъукIэ зыщыгугъыр Тыркурат икIи мобы и муслъымэнэгъухэм зыгуэрхэмкIэ закъыщIигъакъуэрт. Кърым зауэр иуха нэужь, бгырысхэм хьэкъыу япхыкIащ урысхэм уазэрытемыкIуэнур, апхуэдэу щыщыткIэ, абыхэм къахуэнэжыр хэкIыпIитI къудейт: е Урысейм и унафэм щIэувэн, е, хэкум икIауэ, Тыркум Iэпхъуэн. А иужьрейр зыфIэкъабылхэм нэхъ къащтэрт, урыс джаурхэм зрат нэхърэ, жэнэт псэукIэ дахэр къащыпэплъэу я гугъэ Тыркум Iэпхъуэныр.

Кърым зауэр зэриухарауэ, Урысейм и къару псори хуеунэтI икIэщIыпIэкIэ Кавказыр къэгъэIурыщIэным. Аращ нэхъыбэу къызыхэкIар бгырысхэм зыкъаIэту Тыркум Iэпхъуэныр. А Iуэхум япэу пэрыхьар тенджыз ФIыцIэ Iуфэм игъащIэ лъандэрэ щыпсэу адыгэхэращ. Абыхэм куэд щIат Тыркум пыщIэныгъэ зэрыхуаIэрэ – сату IуэхукIи, нэгъуэщIхэмкIи. Хэкур бгынэным япэу щIэзыдзар зи лэжьакIуэхэри гъуcэ зыщIа бейхэмрэ лъэкIыныгъэшхуэ зыбгъэдэлъхэмрэ я закъуэщ. Апхуэдэ IэпхъуэкIэм УрысеймкIи ТыркумкIи мыхьэнэ щIагъуэ иIэтэкъым. АрщхьэкIэ а IэпхъуэкIэм куэд

мыщІэу зехъуэж: къанэ щымыІэу зэрылъэпкъхэу ирагъэкІыу щІадзэ. Я хэкур къабгынэн хуей хъуащ убыххэм, шапсыгъхэм, нэгъуейхэм, абазэхэхэм, абазэхэм, бжьэдыгъуухэм, мэхъуэшхэм, беслъэнейхэм, нэгъуэщІхэми. 1858 гъэм къыщыщІэдзауэ 1865-м нэсыху хэкум икІащ цІыху 493194-рэ. Ар къэралым къызэрибжу щытам тещІыхьауэщ, зы унафи кърамыдзэу, зыми емыупщІу, езыр-езырурэ Іэпхъуахэм я бжыгъэр зыми ищІэркъым.

Къызыщыгъэхъугъуей апхуэдиз цІыху бжыгъэхэм лъахэр ябгынэныр къызыхэкІар урысхэм Кавказым щрагъэкІуэкІ политикэращ. Зиусхьэн Берже зи унафэщІу къызэрагъэпэщыгъа ар географическэ комиссэм къызэрихутэгъамкІэ, а лъэхъэнэм Кавказым унафэр щызыубыда урыс къулыкъущІэхэм къалэну зыхуагъэувыжауэ щытащ бгырысхэм езэуэным ехьэлІауэ а щІыпІэм иджыри къэскІэ щрагъэкІуэкІа политикэр къанэ щымыІэу зэрахъуэкІыну. Абыхэм я мурадыр зыхуэунэтІар Іуэхугъуит Іт: япэрауэ, бгырысхэм я бжыгъэр хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ щІын; абы щхьэкІэ щІэн хуейр, сыт хуэдэ Іэмалри къэгъэсэбэпауэ, ахэр Тыркум гъэІэпхъуэн, мыдрейуэ, хэкум къинауэ хъуар бгылъэ щІыпІэхэм къишауэ тафэхэм игуэшэн; ахэр щыпсэуа щІыпІэхэм къэзакъ жылагъуэхэр игъэтІысхьэн. А мурадым я Іэр трагъэхуэн папщІэ, урысхэм дапщэри ящІэрат: Іэщэ къарукІэ къагъэдаІуэу я унафэм къыщІагъэувa адыгэхэм, «хьэуэ» лъэпкъ къыхамыгъэкІыу, къыжраІэр ящІэн хуейт. КъыжраІэр лІот? Бгылъэ щІыпІэхэм фыкъикІи, урысхэм я унафэм фыщІэту, Псыжь и Іэшэлъашэхэм фыщытІыс, абы фыхуэмейрэ – хэкур къэвгбгыни, Тыркум фыІэпхъуэ.

Псыжь и Іэшэлъашэхэр шэдылъэт, узылъэт. Абы щыгъуазэ адыгэхэм апхуэдэ щІыпІэр дауэ псэупІэ ящІынт? АтІэми, «хьэуэ» лъэпкъ къыхыумыгъэкІыу, урысхэм къыпхуащІ уи унафэу? А унафэр зищІысри ящІэрт абыхэм. Аращ шэми шхуми ис, мафІитІым яку дэхуа адыгэхэм хэкур къэбгынэныр, зрачу Тыркум Іэпхъуэныр къыщІыхахар. АтІэми, ахэр залымыгъэкІи гъэпцІагъэкІи ирахулІэрт а Іуэху бзаджэм. ЩыІэпхъуэхэкІэ къэралыр къадэІэпыкъуну къагъэгугъэрт. Аркъудейтэкъым – Тыркум кърашурэ гъэпцІакІуэхэр къашэрт, ахэр адыгэхэм хаутІыпщхьэурэ, Іуэхум щымыгъуазэ цІыхубэр къагъэІулэрт «жэнэтым» Іэпхъуэну. А псор зэрекІуэкІыу щытар къыхэдгъэщынщ шэшэнхэр зэрагъэІэпхъуа щІыкІэм дыщытепсэлъыхькІэ.

Я лъабжьэжьым зыкъытрачу зи псэупІэр зыхъуэжыну ирахулІэ бгырысхэм я псэуалъэхэри, я Іэщри, я гъавэри къызэранэкІын хуейуэ къахудэкІырт. А псори къахуэнэрт ахэр щыпсэуа щІыпІэм ирагъэтІысхьа къэзакъхэм. Езы бгырысхэм ящыщ куэд мылъкуншэ къабзэу щызэтрихьэрт Анапэрэ Новороссийскрэ, адрейхэр – урысхэм зэкІэ ямыубыда щІыкІэ тенджыз ФІыцІэ Іуфэ бжьэпэхэм. Абдежхэрат ахэр щытехьэр жыхьэрмэ пэлъытэ дунейм хуэзышэну гъуэгуанэ бзаджэм. Ахэр а гъуэгум трашэрт тырку кхъухьхэми, мо насыпыншэхэр псынщІэу я натІэм ирагъэкІын папщІэ урыс правительствэм къыщІиІукІ кхъухьхэми. Ауэ, мохэр апхуэдизкІэ куэд хъурти, тенджызым уризэпрыкІын щхьэкІэ мащІэт лъэныкъуитІми къызэрагъэпэщ кхъухьхэр. Арати, мелуан ныкъуэм нызэрыхьэс бгырыс тхьэмыщхьэкІэ къомыр, чэзур къалъысыным пэплъэу, илъэс ныкъуэкІэ, илъэс псокІэ, нэхъыбэжкІэ тенджыз Іуфэм щыІус къэхъурт. Ауэ щыхъукІи, зыщІэсын лъэпкъи зэрыпсэуни ямыІэу. Абыхэм я фэм хьэзабу дэкІыу щытар къыпхуэмыІуэтэжыным хуэдизщ. Зэрыерыскъыншэхэм къыхэкІыу, мин бжыгъэкІэрэ зэтелІэхэрт. ЩІымахуэм щІыІэм зэтрисхьэрт. Тенджыз Іуфэр зэрыщыту хьэдэхэмрэ шхынщІэлІэхэмрэ яуфэбгъуат. Зи псэр пытхэм я Іуэхури нэхъ щІагъуэтэкъым: яхущІэмылъхьэж

хьэдэ бжыгъэншэхэмрэ шхын щхьэкIэ зэтелIэу плъагъу мо къомымрэ псэууэ щIым ущIахуэным хуэдизт. АрщхьэкIэ гугъэ мыгъуэхэрт. Гугъэхэрт я чэзур къэсу тенджызым зэпрашыну. Ауэ щыхъукIи, зыхуэпIащIэ щIыпIэм къащыпэплъэр ямыщIэу... А псор нэхъапэкIи зи нэгу щIэкIахэм къыпхуаIуэтэжхэм уи щхьэфэцым зыкъргагъэIэтырт. ЛIауэ щылъ и анэм и бгъэм сабийр щIэфырт; нэгъуэщI анэми IэплIэкIэ кърихьэкIырт щIыIэм фIиса и бынитIым я хьэдэр, адэкIи хьэдэр Iуащхьэу щызэтелът – щIыIэм ис тхьэмыщкIэ къомыр, зызэрагулIурэ зэрыгъэхуэбэжынхэ я гугъэу, зэшэкIахэу зэтелIауэ щылът.

ЯгъэIэпхъуэ къомым къэралыр къазэрыдэIэпыкъур хьэдыгъуэдахэу мащIэ дыдэ тIэкIукIэт. Ахэр гъэIэпхъуэным къыхуаутIыпщар зэрыхъур сом 289,678-рэ кIэпIейкIэ 17-рэт. Абы щыщ нэхъыбэр Iэпхъуэхэр тенджызым зэпрызыш кхъухьхэр къэугъуеиным трагъэкIуадэрти, ежьэ цIыхухэр зэрыпсэуну къэнэжыр мыхьэнэншэ дыдэт. Къэралыр къазэрыдэIэпыкъуу къиутIыпщ а мащIэ тIэкIури зыIэрыхьапхъэхэм щалъэмыIэсыр нэхъыбэт: Кавказым щалэжь адрей Iуэху фIей псори зэрырагъэкIуэкIым хуэдэт ари – ахъшэр унафэщIхэм яIэщIэкIуэдэжырт. А лэжьыгъэр зэрекIуэкI щIыкIэр къипщытэну къызэрагъэпэща комиссэм къызэрыщIигъэщамкIэ, къулыкъущIэхэм хьэрэмыгъэ куэд зэрахьэу къыщIэкIат. А щIыпIэм щыпсэу урысхэм къыбжаIэ хъыбархэр узижагъуэным и махуэт. УнафэщIхэм ящIэрат: Iэпхъуэхэр тенджызым зэпрашын папщIэ, бэджэнду къаугъуей кхъухьхэм я щIэхэр зэрыгъуанэр ящIэу къащтэрт. Абыхэм ирагуэурэ тенджызым траутIыпщхьа насыпыншэхэр псым щIилъафэурэ итхьэлъэрт. КъулыкъущIэхэм я напэншагъыр, гущIэгъуншагъыр абыкIи зэфIэкIыртэкъым, – «тенджызыр къэукъубейуэ» ягъэIэпхъуэхэр псым итхьэлами, абыхэм текIуэдэн хуея ахъшэр езыхэм я жып иралъхьэрт. Бгырысхэм ехьэлIа а хъыбар гуауэм уи фIэщ умыщIын зэрыхэмылъым щыхьэту теувэ щапхъэу къэпхь хъунущ политикхэмрэ дзэзешэхэмрэ Шипкэ деж щалэжьыгъа бзаджэнаджагъэри, ауэ щыхъукIи а цIапIагъэр зыкIэлъызэрахьар Шипкэ деж щызауэ езыхэм я сэлэтхэрат: абыхэм къыхуаша шырыкъухэм я лъэгущIыхьхэр зэтешха тхылъымпIэ Iувхэм къыхэщIыкIат. Мис апхуэдэ бзаджэнаджагъэрэ гущIэгъуншагъкIэт Тыркум ягъэIэпхъуэ бгырыс тхьэмыщкIэхэри «толъкъуным зэрыщIилъафэр».

Апхуэдиз гугъуехьымрэ хьэзабымрэ пыщIауэт бгырысхэр кхъухьхэм зэритIысхьэфыр. ИтIани гъуэгу мыгъуэ ежьэ тхьэмыщкIэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуртэкъым. Ахэр зыгъэIэпхъуэхэм ящIэр ящIэж пэтми, мохэр зи щIэхэр гъуанэ кхъухьхэм ираубэурэ ирагуэрт. Ерыскъыри псыри къызэмэщIэкI, апхуэдизу Iувуи зэхэкIута къомыр гъуэгум щызэтелIэрт. Псыми щIимылъэфауэ ажалми къелауэ зи псэр пыт къудейуэ тырку щIыналъэм нэсахэми къапэплъэр махуэ мыгъуэт.

Пэжщ, япэ щIыкIэ адыгэхэр гуапэу ирагъэблагъэу щIадзат. НэхъапэкIэ Iэпхъуа къулейхэр сыт ищIыскIи хуэщIауэ ежьати, абыхэм я Iуэхур хъарзынэт: зыхуэныкъуэ щыIэтэкъым. КъимыдэкIэ, адыгэхэр игъащIэм лIыгъэ зыхэлът. ЗауэлIхэт. Тыркухэр апхуэдэхэм икъукIэ хуэныкъуэт: абыхэмкIэ я дзэхэр лъэщ ящIын я гугъэт. Тырку правительствэм нэгъуэщI муради иIэт: абыхэм тепщэныгъэр щаIыгъ чыристан хэкухэм адыгэхэр иригъэтIысхьэнут. ИтIанэ, тыркухэм я мурадт мусльымэн диныр мо щIыналъэхэм нагъэсыну, адыгэлI хахуэхэр хагъэтIысхьэу, чыристанхэр абыкIэ ягъэшынэну, къагъэIурыщIэну.

Адыгэхэм я гъуэгур яхуурэ, бгырыс мин бжыгъэхэр Тыркум Iэпхъуэу щыхуежьэм, а къэралым Iуэхугъуэ мытыншхэр къылъыкъуокI: апхуэдиз

цIыхур зыхуей хуэбгъэзэным, псэупIэкIэ къызэбгъэпэщыным гугъуехь Iэджэ пыщIат. Арати, нэхъапэкIэ Iэпхъуахэм я гъуэгум теувэ адыгэхэр, зэрыжаIэу, щIапIэ нэщI ихьэрт: мылъкукIи зыкъыщIагъакъуэртэкъым, здэкIуэнхэри, хэщIапIэ ящIынри къажезыIэн ямыIэу тенджыз Iуфэм къыIунэхэрт. Абыхэм абдеж илъэс бжыгъэкIэрэ хьэзабышхуэ щашэчырт. ЦIыхум хуэмыхьыным хуэдиз бэлыхьыр ятелъу, ахэр а щIыпIэм зэрыщыпсэуам щыхьэт техъуэ тхылъхэр щыIэщ. Абыхэм ящыщщ мыри.

Трапезунд дэс консулым 1864 гъэм июным и 10-м генерал Карцевым деж итха письмом зэритымкIэ, Батум нэса адыгэ 6000-м махуэ къэс хэлIыкIырт цIыхуибл; Трапезунд деж кхъухьхэм къыщитIысыкIа цIыху 247000-м щыщу 19000-р лIащ. Письмор щатха зэманым ирихьэлIэу Трапезунд адыгэу къыдэнэжам я бжыгъэр зэрыхъужыр 63290-т, абыхэм ящыщу зы жэщымрэ зы махуэм цIыхуи 180–250-рэ лIэрт. Самсунрэ абы и Iэшэлъашэхэмрэ зи хэщIапIэ хъуа цIыху 110000-м махуэ къэс цIыху 200 хэлIыкIырт. Трапезунд ирашу Константинополрэ Варнэрэ ягъэIэпхъуа цIыху 4650-м щыщу махуэм хуэзэу 40–60 лIэрт. Iэпхъуэным зэрыщIидзэрэ Трапензунд нэсахэм ящыщу 1864 гъэм и май пщIондэ цIыху 30000 лIат.

Дуней жэнэтым кIуэуэ зи гугъэурэ Тыркум Iэпхъуа адыгэхэр хьэзабышхуэм хэхуауэ къыщIэкIат. ИужькIэ ахэр мащIэ-мащIэурэ ирагуашэ тырку щIыналъэхэм, нэхъыбэу здагъэIэпхъуэр Балканым щыIэ хытIыгуныкъуэращ. Зэрыпсэуни щыпсэуни ямыIэу IэнатIэ хьэлъэ Iуувахэти, ныбэ гузэвэгъуэми зэрыегъэзыпIэншэхэми ирахулIэурэ, ахэр дыгъуэгъуакIуэ хъурт. Я щхьэр ягъэпсэун, ажалым зыщахъумэн папщIэ хабзэншагъэ яляжьырт. Зауэ-банэхэм хэхуэрт. Зи лъахэм къизыхуу апхуэдиз бэлыхьым хэзыдза урысхэм хуаIэ гужьгъэжь мытIысыжыр къызэщIэплъэ зэпытти, абыхэм я бий кIэуфIыцIу ябжырт урысхэм я джаурэгъуу къалъытэ зыхэхуа лъэпкъхэри. Болгархэм къазэрыщыхъумкIэ, къыхагъэтIысхьа «хьэщIэ» жагъуэхэр хъунщIакIуэ защIэт. Бысымхэмрэ адыгэхэмрэ зэрыгъэтыншыртэкъым. ЗэрыукIхэрт. А псомкIи къуаншэр дэрат. Урысхэрат. Филиппольскэ лъыгъажэмрэ абы и фэгъуу нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа зэрыукIхэмрэ я къежьапIэ хъуат хыщI гъэхэм я пэщIэдзэхэм деж болгархэмрэ адыгэхэмрэ ирагъэкIуэкIауэ щыта зауэ гуащIэр.

Апхуэдэ гуауэшхуэ куэд кърикIуат бгырысхэр я лъапсэм ирахуу Тыркум зэрагъэIэпхъуам. Ар зы лъэныкъуэкIэт. Мыдрей лъэныкъуэр-щэ? Бгырыс лъэпкъ къомыр щыпсэуа щIыпIэ телъыджэхэр нобэм къэскIи бгынэжауэ, нэщIу къэнащ. А щIыпIэ къулейм и Iыхьэ мащIэ тIэкIурат къэзакъ жылагъуэхэр зэрысыр. КъулыкъущIэхэмрэ абыхэм япыщIахэмрэ иратам нэмыщI, адрей къомыр нобэми нэщIщ. Мыри къэхъуащ: адыгэхэм я щIыналъэхэм ирагъэтIысхьа къэзакъхэм а бгылъэхэр къахуэгъэсэбэпыртэкъым, хьер къыпахыфыртэкъым. Абыхэм ящыщ куэд нобэми къэралым и хьэкъкIэ мэпсэу. А Iуэхум мылъкушхуэ тегъэкIуэдэн хуей щыхъум, адыгэхэр зи лъапсэм изыхуахэм къахуэгупсысаращ: къэзакъ жылагъуэхэр хэпщIыкIыу гъэмэщIэжын. Апхуэдэуи ящI: 1868 гъэ къудейм Псыжь куейм ис къэзакъ жылагъуэ 12 ягъэмэщIащ. Абыхэм я щхьэр ямыгъэпсэужыф къудейтэкъым – зрагъэтIысхьа щIыпIэри езэгъыртэкъым. Аращи, къахуэмыгъэсэбэп, зэрымылэжьыжыхьIа щIыпIэ хьэлэмэтхэр пабжьэу зэщIэкIэжри, теплъаджэу къэнащ. Бгырысхэр зэрыуныхьу зэрахьэу щыта щIыпIэ берычэтхэм иджы зыри яхуитIысхьэжыртэкъым. Ауэ щыхъукIи, ахэр ауэ сытми щIыпIэ телъыджэу щытахэ! Ахэр зэрахьэу, зыхуей хуагъазэу, уащыIуплъэкIэ уи гур хагъэхъуэу, сыт хуэдиз лэжьакIуэшхуэ къом исат а жэнэт щIыналъэм! Уи гур мэуз иджы ахэр щыплъагъукIэ:

илъэс IэджэкIэрэ цIыхум къагъэIурыщIа, къагъэберычэта, псэупIэ дахэ ящIа щIыналъэ къомыр пабжьэмрэ къуацэ-чыцэмрэ зэщIащтэжри, тхьэмыщкIафэ къатеуарэ псэншэу щылъщ. Адыгэ емышыжхэм, псэуным, Iуэхум хуэIэзэ лэжьакIуэшхуэхэм ягъэкIауэ щыта жыг хадэ телъыджэхэр, жызумей бэвхэр дэнэ кIуа?! Абдеж исахэу имысыжхэм ядэкIуэдащ. Дуней жэнэт ящIауэ щытар жыхьэнмэ мафIэм ирихащ. Къызэтенауэ узыIуплъэр сахуэм щIигъэна жыг итырыгъу закъуэтIакъуэхэрщ, Iэм зэримыхьэж щыхъум, зи теплъэри зи хъерри зыфIэкIуэду мэз лъэнтхъуиифэ къызытеуа жызумейхэрщ. Адыгэхэм я псэуалъэу щытахэу мафIэсым Iисраф зэтрищIа унэхэм я блынхэри, узышхуэм ихьа лъэпкъым я мывэ сынхэ нэхъей, нэщхъейуэ къыпIуоплъэ. Ауэ къэхъуа гуауэм и пэжыпIэр зэхигъэкIын хьисэпкIэ зи псэр зыгъэлажьэ дэтхэнэ зыми игу къэкIынщ: нобэ тхьэмыщкIафэ къызытеуа мы лъахэ нэщIым псэукIэ дахэ зиIа лэжьакIуэшхуэ лъэпкъ зэрисам шэч хэлъкъым.

ИкIи щыуэнкъым ар зигу къэкIар.

Адыгэхэр я лъахэм игъэкIауэ Тыркум гъэIэпхъуэным хуэунэтIа Iуэху еплъыкIэр 60 гъэхэм я зэхуэдитIым къыщыщIэдзауэ хуабжьу зэрахъуэкIащ Кавказым и унафэр зыIэщIэлъхэм. Абыхэм къагурыIуащ ирагъэкIуэкIа политикэм фIым узэрыхуимышэнур, адыгэхэр зэрырагъэкIам кърикIуа тхьэмыщкIагъэр: а щIыпIэхэр нэщIыбзэ зэрыхъуар, пабжьэрэ къуацэчыцэу зэрызэщIэкIэжар ялъагъу. Иджы ар дыдэр Псыжь лъэныкъуэмкIи къыщыхъункIэ шынагъуэ щыIэ мэхъу. А псори зэпалъыта нэужь, кавказ унафэщIхэр похьэ адыгэхэр Тыркум гъэIэпхъуэныр икIэщIыпIэкIэ къызэтегъэувыIэн Iуэхум. 1867 гъэм къыщыщIэдзауэ бгырысхэр нэгъуэщI къэралхэм ямыгъэкIуэххэ хъуащ. АрщхьэкIэ адыгэхэм я Iэпхъуэныр зэпагъэун мурад яIэтэкъым. КъыфIэбгъэкIмэ, урысхэм яхуэжыIэщIэ хъуа бгылъэ щIыпIэхэм къикIыу, Псыжь и Iэшэлъашэ шэдылъэхэр псэупIэ зыщIахэри ТыркумкIэ плъэрт. Ахэр къыжьэдакъуэртэкъым нэхъапэкIэ Тыркум Iэпхъуа я лъэпкъэгъухэм къащIэIуа тхьэмыщкIагъэшхуэхэм теухуауэ зэхах хъыбар гуауэхэми. Арат, пэжри пцIыри къагъэсэбэпурэ, хэкум щIикIыжхэр: 1873 гъэ къудейм кърiубыдэу Тыркум Iэпхъуауэ щытащ адыгэ унагъуэ куэд. Бжьэдыгъухэмрэ абазэхэхэмрэ ящыщу Кавказым къинэжа тIэкIур а гъэ дыдэм мэлъаIуэ зэрылъэпкъыу лъахэм ирагъэкIыну. А лъэIур къыхуамыщIа дэнэ къэна, Кавказ унафэщIхэм ящIаращ: Тыркум Iэпхъуэну нэхъ ерыщу дауэхэмрэ ахэр къызэщIэзыгъаплъэу къалъытэ бейхэмрэ ягъэтIыс, дашурэ ягъэкIуэд. Мыдрейхэр дзэрэ IэщэкIэ зэтрагъэсабырэ. Абы и ужькIэ кIэ егъуэт Псыжь лъэныкъуэ адыгэхэм я Iэпхъуэным. Пэжщ, яIэщIэкIыурэ, хэкум яфIикI закъуэтIакъуэхэр щыIэт.

Кавказым и къуэкIыпIэ бгырысхэр Тыркум гъэIэпхъуэным ехьэлIа Iуэхухэр зэрырагъэкIуэкIар нэгъуэщI зыгуэрурэщ. Абыхэми езыр-езырурэ лъахэм икIыу щIадзат тхущI гъэхэм. Хэкур къабгынэрт къэбэрдейхэм, муслъымэн осетинхэм, шэшэнхэм, дагъыстанхэм. КъыфIэбгъэкIмэ, а Iуэхум теухуауэ 1873 гъэр къэсыхукIэ Дагъыстаным мыпхуэдэ хабзэ ткIий щхьэхуэу щекIуэкIащ: щIэпхъуэу мыкIуасэхэу, хуитыныгъэ зрату Iэпхъуэнухэм я бжыгъэр яубзыхуауэ щытащ. Унагъуи 150-м илъэс къэс хуитыныгъэ ягъуэтырт Мэчэмрэ Мадинэмрэ кIуэну. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, урысей гъунапкъэм икIахэм къагъэзэжыну хуиттэкъым. КъуэкIыпIэ бгырысхэм щыщу нэхъыбэ дыдэ Тыркум щыIэпхъуар 1865 гъэращ. Ар ауэ сытми къэхъуа Iуэхутэкъым – залымыгъэм къыхэкIат. Зэщхьри Псыжь лъэныкъуэм щыпсэуа адыгэхэр я лъахэм зэрырахуа щIыкIэрат. Урысейм и мурадыр гурыIуэгъуэт: къуэкIыпIэ бгырысхэм ящыщу нэхъ сампIэимыхьэ

дыдэу къалъытэ шэшэнхэм я бжыгъэр мащIэ, езыхэр лъэрымыхь щIын. А Iуэхур нэхъыфIу икIи нэхъ псынщIэу зэфIагъэкIын папщIэ, урысхэм ящIэр лIо? Урысыдзэм къулыкъу щызыщIэ осетин полковник Кундухов Мусэ Константинополь ягъакIуэ. Абы пщэрылъ щащI, шэшэнхэм я лIыкIуэ пэлъытэу, тырку унафэщIхэм епсэлъэну, шэшэнхэр Тыркум къэIэпхъуэным теухуауэ къагъэкIуа хуэдэу; икIи лъэныкъуитIым абыкIэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэну хуейуэ. Тыркухэр арэзы мэхъу: къреIэпхъуэхэ. Азие ЦIыкIум щIы щеттынщи, ирепсэухэ, жаIэ.

Зи пщэрылъхэр Тыркум тэмэму щызэфIэзыгъэкIыу Владикавказ къэзыгъэзэжа Кундухов Мусэ и фIыщIагъэр ягъэкIуэдыркъым урысхэм: сом минипщI бжыгъэхэр ират. Ауэ аргуэру къалэнышщIэхэр и пщэ къыдалъхьэ: шэшэн унагъуэ 5000 Тыркум Iэпхъуэныр икIэщIыпIэкIэ къызэгъэпэщын. ЦIэрэ щхьэрэ зиIэу абы дэIэпыкъуэгъу къыхуащIа лIитIри, дауи, гулъытэншэу къагъэнакъым. А къэгъэдэIуакIуэхэм ялъэкI къагъэнэртэкъым урысхэм я бжьым ущIэтыныр дуней жыхьэрмэ зэрыхъунум, Тыркур зэрыдуней жэнэтым теухуа хъыбархэр зэхэлъхьэнымкIэ, ахэр цIыхум яхэхьэнымкIэ.

А хъыбархэр лъэпкъым и фIэщ ящIын папщIэ, Кундуховымрэ и ныбжьэгъухэмрэ езыхэм я унагъуэхэр Тыркум ягъакIуэ. Урысхэмрэ абыхэм пщIэкIэ къагъэдаIуэхэмрэ, шэшэнхэм лъахэр къэрагъэбгынэн щхьэкIэ, нэгъуэщI Iэмалхэри, баштекъузэри къагъэсэбэпырт. Дауэрэ ящIми, абыхэм я мурадым я Iэр трагъэхуащ: цIыху 22491-рэ зэрыс унагъуэ 5008-рэ насыпыншагъэ гъуэгум трагъэхьащ. Ахэр гуп-гупурэ Iэпхъуэрт Тыркум. Абыхэми адыгэхэм я махуэ мыгъуэр къахуэкIуащ: ахэр зыми иригъэблагъэртэкъым, сымаджэ зэтехъуэрт, шхын щхьэкIэ зэтелIэрт, узхэми лъэрыщIыкI ящIырт. Псэууэ къызэтенэхэм щIыуэ хухахыр мывалъэ, пшахъуалъэ щIыпIэхэрат.

Апхуэдэ хьэзабхэм Iууахэм я нэхъыбэм урыс гъунапкъэхэм къыхуаунэтIыжу щIадзэ. Ахэр апхуэдизкIэ гузэвгъуэшхуэ хэхуати, урысхэм къелъэIурт: фызыхуейуэ хъуар фхуэтщIэнщ, дыфхуэжыIэдэIуэнщ, фи дзэхэм къулыкъу щытщIэнщ, къыфIэбгъэкIмэ, фи чыристан диныр къэтщтэнщ, дыкъыщалъхуа щIыпIэхэм дынивгъэхьэж закъуэ... АрщхьэкIэ а лъэхъэнэм Кавказым щедгъэкIуэкI ди политикэр нэгъуэщIти, гъунапкъэм къекIуэлIэж тхьэмыщкIэ къомым IэщэкIэ яхэуэрт. Ирахужьэжхэрт. АркъудеймкIи зэфIэкIыртэкъым – урыс правительствэм къазэрыхуигъэувым тету, Тыркум ищIэрат: къэзыгъэзэжыну къыщIэпхъуэж шэшэнхэм пагъэувырт IэщэкIэ зэщIэузэда тырку дзэхэр. ТопхэмкIэ яхэуэурэ, ирахулIэрт къыхуагъэлъагъуэ щIыпIэхэм Iэпхъуэну.

КъыкIэлъыкIуэ 1866 гъэми урысхэм я мурадащ Тыркум шэшэн куэд ягъэIэпхъуэну. АрщхьэкIэ тыркухэм къыхуадакъым: къэIэпхъуагъэжьхэр здэтхьын тщIэркъым, бэлыхьхэмыкIыж дащIащ, жаIэри.

Бэлыхь хэхуар бысымхэм я закъуэтэкъым – хьэщIэхэр жыхьэнмэ мафIэм къыхэхутат: псы лъэпкъ здэщымыIэ пшахъуэщIым трагъэтIысхьат. Е зэтелIэн, е щIэпхъуэжын – арат хэкIыпIэу яIэр. ТхьэмыщкIэ къомым а тIури ящIэрт. Урысхэм лъахэм кърагъэхьэжыртэкъыми, загъэпщкIуурэ, гуп цIыкIуурэ гъунапкъэхэр къызэпаупщIырти, гъуэгу щэхукIэрэ бгыхэм хуаунэтIыжырт. КъыщIэпхъуэжауэ Кавказ щIыб е Владикавказ къыщаубыдыжахэм я нэхъыбэр залымыгъэкIэ Тыркум яхужырт. Пэжщ, абыхэм ящыщ гуэрхэри Шэшэным ягъэкIуэжырт. А къэзыгъэзэжахэм къахэкIырт тырку тутын цIэрыIуэм и жылэхэр къыздэзыхьахэр, тутын зэрагъэкI

щIыкIэм хуэIэзэ хъуахэр. Мис абыхэм я дежщ къыщежьар Шэшэным тутыныр щыбэгъуэныр.

Тырку щIыналъэм къинэу ар жыхьэрмэ зыхуэхъуахэм адыгэхэм я махуэр къахуэкIуащ. 1871 гъэм ирихьэлIэу къэнэжар зэрыхъур 10000-м нэблагъэ къудейт. Адрейхэр зэтелIат.

Апхуэдэу кIэ игъуэтащ гуауэшхуэкIэ гъэнщIауэ къыщIидзэу нэхъ гуауэшхуэжкIэ иуха а тхыдэ нэщхъеягъуэм.

## IV

Сэ сыт щыгъуи сызэупщIыжырт: кавказ унафэщIхэр сыт хуэдэу зэрегупсысыр бгырысхэр Тыркум гъэIэпхъуэным? А Iуэхум и тхыдэтх зиусхьэн Берже тригъэчыныхьу къыджеIэ: бгырысхэр хэкум ирахуныр къыхэкIащ ахэр зэрыхъунщIакIуэ зэпытым, къанэ щымыIэу зэтеукIэн, е бгылъэхэм къишауэ тафэхэм къытегъэтIысхьэн, е Тыркум гъэIэпхъуэн фIэкIа, нэгъуэщI хэкIыпIэ лъэпкъ зэрыщымыIэм. Пэжу пIэрэ ар? А тхыдэтх дыдэм и язынықъуэ лэжьыгъэхэм уащыхэплъэкIэ уогупсыс: бгырысхэр «хъунщIакIуэ хъуныр» къызыхэкIар ахэр я псэупIэхэм кърахуу абыхэм я щIыналъэхэм къэзакъхэр игъэтIысхьэным хузэхалъхьа план «Iущхэр» армырауэ пIэрэ?

Псалъэм папщIэ, 1857 гъэм шэшэнхэр урысхэм я тепщэныгъэм щыщIэувам Кавказым щыIа урысыдзэхэр зи IэмыщIэ илъа Барятынскэм къыдигъэкIа унафэм къыщыгъэлъэгъуат урысхэм яхуэжыIэщIэ щыхъуа зэманым къыдыщIэдзауэ зытес щIыхэр игъащIэкIэ езыхэм къазэрыхуэнэжынур. Нэр набдзэм зэрихъумэм хуэдэу, шэшэнхэм а унафэр нобэми яхъумэ. ИкIи ар сыт щыгъуи тегъэщIапIэ ящI. АрщхьэкIэ а унафэр ягъэзащIэркъым: шэшэнхэм я щIыналъэхэм къэзакъ жылагъуэхэр исщ, абыхэм щыщ куэд къумыкъу уэркъхэми нэгъуэщI Iэджэми хуагуэшащ. ЦIыху 81360-рэ хъу езы шэшэн псори «щызэхэгуащ» (зиусхьэн Берже и псалъэщ) мил (зы милыр лъэбакъуэ 1600-рэ мэхъу) зэбгъузэнатIэ 76-рэ фIэкIа мыхъу щIыналъэм, унагъуэ къэс къалъысыр щIы дестыни 5–10 къудейщ (мы бжыгъэхэр зэхэзыгъэувар а Берже дыдэращ). Шэшэнхэм я жагъуэ бзаджэ хъун зэрыращIам и гугъу умыщIыххэми, абыхэм щIыуэ къыхуагъэнар апхуэдизкIэ къемэщIэкIырти, зэрыпсэун хэкIыпIи хуиту зытепсэухьын щIы лъэпкъи ямыIэу къагъэнат, ауэ щыхъукIи, а лъэхъэнэхэм шэшэнхэр нэхъыбэу зэрыпсэур Iэщ гъэхъунрат. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, щIы уимыIэмэ, дауэ Iэщ зэрыпIыгъынур? Мис ахэрат къызыхэкIыр бгырысхэр хъунщIакIуэ хъуныр. Ар езы зиусхьэн Берже дыдэми хущIэхъумащэртэкъым. 1865 гъэм шэшэнхэр хэкум зэрырагъэкIам и гугъу щищIкIэ, абы къыхегъэщ а лъэпкъым щыщ карабулакхэу унагъуэ 1500-рэ (ахэр псори арат зэрыхъур) игъэкIыным теухуауэ урысхэм унафэ къащтэныр къызыхэкIам и щхьэусыгъуэр: ахэр, жи, сытым щыгъуи егъэлеяуэ хъунщIакIуэ защIэт. Апхуэдэу щIыщытым и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: абыхэм щIыр хуабжьу къомэщIэкI. ЗыхэпсэукIын яIэкъым. Сыт щхьэкIэ? Шэшэнхэм я щIыналъэхэм трагъэтIысхьащ Владикавказ къэзакъ полк 2-нэр. Псори гурыIуэгъуэ хъуауэ ди гугъэщ...

Сэ Iэджэ лIэужьыгъуэкIэ сегупсысырт бгырысхэр Тыркум щIэIэпхъуэм и щхьэусыгъуэм. Къэбэрдей адыгэхэу, шэшэнхэу, дагъыстанхэу зи мылъкур пудыжь тIэкIуу зыщэжхэм я бжыгъэр илъэс къэскIэ нэхъыбэ мэхъу. Щхьэсыгъуэ ящIыр сыт? «Я благъэхэм я деж лъагъунлъагъу Тыркум, Мухьэмэд бегъымбарым и кхъащхьэм щхьэщэ хуащIын папщIэ, Хьэрыпым кIуэнухэу» жаIэри, хэкум зэрикIыну паспортхэр къыIах. Язы-

някъуэхэм деж абыхэм яцыщ гуэрхэм я лъахэм къыщагъэзэж щыIэщ. Мылъкуи ябгъэдэмылъыжрэ къулейсыз бзаджэхэу, мыдэкIэ къызэкIуэлIэжыни зыхэпсэукIыни ямыIэжу. Щыуэу щежьа махуэм тебгэжхэу, хамэщIми насыпыфIэ зэрыщымыхъуам я щхьэр нэхъри къыфIигъэхурэ ягу зэбгъэжу. А псом щхьэкIи къамыгъанэу бгырысхэм я лъахэхэр къыщIабгынэм нэгъуэщI щхьэусыгъуэ Iэджэ иIэщ.

Илъэс тIощIрэ зытхухрэ хъуащ бгырысхэр урысхэм я унафэм зэрыщIэувэрэ. А зэманым къриубыдэу зы щIэблэ псо къэхъуакIэщ. Гущэм къыщыхатIыкIам къыщыщIэдзауэ ахэр урысхэм я унафэм щыщIэтакIэ, гъащIэм къахуигъэува псэукIэм есэни хуеяхэт. АрщхьэкIэ, ар сыт хуэдизкIэ къатехьэлъэ пэтми, нобэр къыздэсми абыхэм я лъахэр къабгынэ, хэхэс псэукIэм хьэзабищэр зэрыпыщIари кърамыдзэу, Тыркум Iэпхъуэныр я нэрыгъщ. А Iуэхур, щIэхуабжьэ мыхъумэ, зыкIи къэтIасхъэртэкъым. Ар нэрылъагъу къыщохъу 1883 гъэм и етIуанэ Iыхьэми. Дауэ а Iуэхум узэреплъ хъунур?..

Иужьрей илъэсищыр Тэрч куейм щызгъэкIуащ сэ. Бгырысхэр нобэми щIрагъэкIым теухуауэ зэпымыууэ сеупщIырт администрацэм и унафэщIхэм, щIыпIэ щIэныгъэлIхэм, а Iуэхур къызыфIэмыIуэхуххэу псэухэм. Нэхъыбэм жэуапу къапысхрат: бгырысхэм гъэсэныгъэ ябгъэдэлъкъым, хьэкIэкхъуэкIэм хуэдэщ. КъимыдэкIэ, жаIэрт абыхэм, лъэпкъитI щызэжьэхэуэм деж, гъэсэныгъэр нэхъ къызэмэщIэкIыр Iэмал имыIэу хэкIуэдэн хуейщ. Бгырысхэр щхьэхынэу, мыкIуэмытэу, я акъылкIи къыкIэрыхуауэ къалъытэрт. А Iуэху еплъыкIэрат бгырысхэр хэкум щIрагъэкIым и щхьэусыгъуэу жаIэр икIи нэхъыбэр зытемыкIри дэнэкIи нэхъ щызэхэпхри арат. АрщхьэкIэ, а Iуэхум нэхъ гъунэгъуу икIи гупсэхуу сыкIэлъыплъа нэужь, сэ хьэкъыу си фIэщ хъуащ бгырысхэр щIрагъэкIым теухуауэ къысхуахь щхьэусыгъуэу хъуам лъабжьэ лъэпкъ зэрамыIэр.

Бгырысхэмрэ дэ урысхэмрэ Кавказым щыдлэжьахэр зэдгъапщэурэ дызэхуеплъу щытмэ, зи культурэр нэхъ мащIэу икIи нэхъ щхьэхынэ лъэпкъыу къэлъытэн хуейр дэрауэ, урысхэрауэ, къыщIокI. Сэ къыхэзгъэщакIэщ Псыжь и Iэшэлъашэхэм урысхэм тепщэныгъэр щаубыда нэужь, а щIыпIэшхуэхэр нэщI, теплъаджэ зэрыхъуар, ауэ щыхъукIи, нэхъапэхэм а щIыпIэхэм гъавэ бэв кърахыу, жызумхэр щыбагъуэу, хъупIэ дахэшхуэхэу щытащ. Ар дыдэрщ Тэрч куейми къыщыхъуауэ плъагъур. Мыбы сызэрыщыIэ илъэсищым къриубыдэу сэ зэман-зэманкIэрэ сыщыпсэуащ Налшык. Ар урысхэм я быдапIэ жылагъуэ цIыкIущ икIи Къэбэрдеишхуэм и зэхуэсыпIэ нэхъыщхьэщ. Мыбыи сэ щыслъэгъуараш: укIытэншэу, ягуи я ли мыузу Iисраф зэтращIащ гугъу дехьу илъэс IэджэкIэрэ адыгэхэм къызэрагъэпэща культурэр. Езы Налшык пэгъунэгъубзэу щылъащ ХьэтIохъущокъуэхэ я хадэ телъыджэр. Жыгхэр ираупщIыкIмэ, Iисраф зэтращIэурэ абы зэуэ тхьэмыщкIафэ къытрагъэуащи... Кавказым фIэкIа, нэгъуэщI щIыпIэхэм щумылъагъун жыг хадэшхуэхэм я фэгъуу щытат ар. Мэзышхуэм ещхь жыг хадэт. Ар IыхьитIу зэщхьэщыдзат: адакъэкIэ теплъэ зиIэ зы Iыхьэм, зэуэ зридзыхырти, аузым хуиунэтIырт, мыдрей Iыхьэр Налшыкыпсым дыхьэрт. ЩIыху IэпщIэлъапщIэхэм я Iэужь а терассэшхуэр цIыкIу-цIыкIуурэ зэщхьэщыдзати, пкIэлъеинэхэм ещхьу, зыр адрейм къыщхьэщыту заIэтырт. А терассэхэр жызумей хадэ цIыкIуурэ зэпэгъэщхьэхукIат. Хадэшхуэм и лъапэм пхъэщхьэмыщхьей жыгхэр щыгъэкIат – кхъужьейуи, мыIэрысейуи, къущхьэмышхейуи, нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэуи абы имыт щыIэтэкъым. Бзиихухэр, кIарцхэр зи гъунэхэм ягъэкIэкIа лъэс лъагъуэхэр удз гъагъэхэмкIэ гъэщIэрэщIат. ЗыгъэпсэхупIэ хуей цIыкIу удзыпцIэ

дахэхэм я хъуреягъхэм шэфталхэр, балиейхэр, къатхьэнсулыкъуейхэр, мэракIуейхэр къегъэтIысэкIати, а жьауапIэхэр дуней жэнэтым хуэдэт. Жызумейхэм, пхъэщхьэмыщхьейхэм щIагъэлъэдэну псыр бжьамийхэмкIэ хадэм къешэлIат. Зыхуей хуагъазэу, мис апхуэдэут адыгэхэм я жыг хадэхэр зэрызэрахьэр. Ауэ, урысхэм яIэрыхьа нэужь, абыхэм тхьэмыщкIафэ къатеуащ: бжьамийхэр гъущIэжащ, жызумейхэм кIэлъыплъыжIакъыми, ахэр жыгъеибзэ хъужащ. Уи нэр зыгъэгуфIэу щыта щхъуантIагъэ дахэхэр паупщIмэ, къахыурэ Iэщым ирагъэшх. Терассэхэр пабжьэу зэщIэкIэжащ. Пхъэщхьэмыщхьейхэми я махуэ хъуар нэхъ щIагъуэкъым: жыгыщIэхэр къыхатIыкIыурэ, я унэ хадэхэм ягъэIэпхъуащ, жыгыжьхэр къраупщIыкIыурэ, пхъэгъэсын ящIыжащ. Бзиихухэри кIарцейхэри Iэ щIыIэкIэ ирагъэбэтри, ахэр къызэгъэкIэкIауэ щыта лъэс лъагъуэхэр «пцIанэу» къэнащ. А псори гущIэгъуншэу Iисраф зэрызэтращIэр си нэкIэ слъэгъуащ. ЦIыхубэм я IэкIэ езы цIыхубэм я щхьэм папщIэ къызэрагъэпэщыгъа а хъугъуэфIыгъуэ телъыджэхэр хьэлэч зэтезыщIар, зэбгрызылъэфар зызыгъэинтеллигенту, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъу зызылъытэжу Налшык дэс урысхэращ. Бзиихурэ кIарцейуэ икъукIэ куэд къизыупщIыкIыу зыгъэса а «интеллигентхэм» ящыщ гуэрым сеупщIат: «Пхъэгъэсын къыумыщэхун щхьэкIэ, апхуэдиз жыг къызэрыбгъэуам уи напэр ирисыркъэ?» – жысIэри. СхуэмыукIыта дэнэ къэна, абы жэуапу къыпысхаращ: «Зыми щымыщу а жыгхэр мыбдеж щIитын щыIэкъым».

Хадэр зыгъэбжьыфIэу, зыгъэуардэу щыта жыгышхуэхэм я нэхъыбэри е къраупщIыкIащ, е къудамэхэр къыгуаупщIыкIыурэ ягъэгъуащ. ХьэтIохъущокъуэхэ я хадэм зэуэ тхьэмыщкIафэ къытеуащи, абы ущыIуплъэкIэ уи гъын къокIуэ: жыгышхуэхэм кIэ иратащ, къызэтенахэр никъуэдыкъуэ зэтращIащ, Iэм зэрихьэжыркъыми, къуацэ-чыцэмрэ пабжьэмрэ зэщIащтэжащ. Пэжщ, адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуэ культурэшхуэм и фэеплъу къэна щIыкIэу, жыгышхуэ закъуэтIакъуэхэр адэкIэ-мыдэкIэ щыболъагъу. АрщхьэкIэ шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым а лъэпкъ фэеплъхэми гъащIэшхуэ зэрамыIэжым, езы лъэпкъым и махуэр абыхэм къазэрыхуэкIуэнум...

Налшык быдапIэм удэкIрэ, псы Iуфэр пIыгъыурэ, километр зыбгъупщI хуэдизкIэ удэкIуеймэ, зэгуэрым адыгэ къуажэшхуэ ухуэзэу щытащ. Абдеж узыщрихьэлIэ жыг хадэ телъыджэр апхуэдизкIэ инти, ХьэтIохъущокъуэхэ яйр жыжьэуи лъэщIыхьэнтэкъым. Ауэ абыи ХьэтIохъущокъуэхэ я хадэм и махуэр къыхуагъэкIуащ урысхэм: зэхафыщIащ, зэбралъэфыжащ. И теплъэ хъуамкIи ХьэтIохъущокъуэхэ яйм нэхърэ нэхъыкIэжщ.

Апхуэдэ защIэщ урысхэм мы щIыпIэм кърахьа «культурэм» и Iэужьхэр. Абы ехьэлIа щапхъэхэр куэду къыпхуэхьынущ. А псом я ужькIэ дауэ я жьэ къекIуэрэ бгырысхэр культурэм пэIэщIэу, ахэр щхьэхынэу, лэжьэн я жагъуэу жаIэну? Хьэмэрэ ухуэныгъэ дахэхэр ямыIауэ? Ар пэжмэ, дэнэтIэ къыздикIар абыхэм я чэщанэ абрагъуэ телъыджэхэр? Ахэр гъунэжу щыболъагъу бгырысхэм я деж. Абыхэм я «щхьэхынагъым» и щапхъэ фыхуей? Феплъ нэм къыхуэмыубыд губгъуэшхуэхэр, джабэ нэкIухэр зыуфэбгъуа Iэщ хъушэ бжыгъэншэхэм. Iэщышхуэу Iуащхьэмахуэ лъапэм иплъагъуэм хуэдиз уафэм вагъуэу имысми ярейщ. Бгырыс «щхьэхынэращ» а къомыр къэзыгъэхъуари зейри! Апхуэдиз Iэщыр зыхуей хуэбгъэзэн, зэбгъэкIуэкIын папщIэ, улэжьакIуэшхуэу, уIэпщIэлъапщIэу, щхьэфI пфIэту зэрыщытын хуейм шэч къыщIытепхьэн щыIэу къыщIэкIынкъым. А псомкIи Алыхьыр къахуэупсащи, аращ техникэми машинэхэми хуэхей бгырысхэм фэм, цым, къупщхьэм, гъущIым хьэпшып зэмылIэужьыгъуэ

телъыджэ куэд къыщIыхащIыкIыфыр. Ахэр щыгъуэтыгъуейщ зэрыIэбэн техникэри, зэрылэжьэн машинэхэри зиIэ урысхэм я деж.

Зи гугъу къыхэзгъэща мы Iуэхум кIыхь зезгъэщIын си мурадкъым – абы зэман куэдыIуи ихьынщ, си псалъэмакъыр зытеухуари нэгъуэщIщ: бгырысхэр я хэкум зэрырагъэкIаращ. Ауэ мы зым и гугъу фхуэзмыщIу сыблэкIыфынукъым. Абыи сыкъыщIытеувыIэнум щхьэусыгъуэ иIэщ: аргуэру зэ гу лъывэзгъэтэну аращ зи хэкум ирахуурэ хэхэс псэукIэ гуфIэгъуэншэр натIэ зыхуащI бгырысхэм культурэшхуэ зэрабгъэдэлъами ахэр зэрылэжьакIуэшхуэми, а Iуэхум хьэзаб миныр пыщIа пэтми, абыхэм щIыр IэкIуэлъакIуэу къагъэсэбэпу, зыхуей хуагъазэу зэрахьэу зэрыщытам.

**V**

Гъавэ тепщIэн папщIэ къэбгъэсэбэпыну тыншкъым Кавказ бгылъэхэр. Ахэр задэщ, мывалъэщ. Абыхэм къыщыкIыр мэзрэ удз лъагуэрэщ. Бгы джабэхэм зыгуэр тепсэну ухуежьэнущи, ищхьэмкIэ къыщежьэ уэсыпсымрэ уэшхыпсымрэ къыздрахьэх мывэмрэ пшахъуэмрэ псори ирахынущ, щIагъэнэнущ. ИужькIэ щIыр мывэ джафэу къонэ. А щIыпIэхэм зыгуэр щыхэпсэми, гъатхэ уэшхымрэ гъэмахуэ уэсыпсымрэ кърalъэсэхынущ. Абыхэм, мэзрэ хъупIэу фIэкIа, гъавэ щIапIэу уазэрыщыгугъын щыIэкъым. Гъавэ зытепщIэ хъуну а щIыпIэхэм щыбгъуэтынур щIы мащIэ дыдэщ. А бгылъэхэм, мывалъэхэм зыгуэр щытепсэн папщIэ, абыхэм щIы куэд ятумыкIутэу хъунукъым. А щIыр езыр дэнэ нэс къыщылъыхъуэн, къыхын хуей? Жыжьэ кърaха а щIыр къагъэберычэтын папщIэ, ящIэр лIо? Нэхъ къэгъэсэбэпыгъуафIэ хъун щIы нэщI тIэкIу къагъуэт. Абы мывэхэр къыхатхъ, къыхащыпыкI. Апхуэдэу къагъэхьэзыра щIы Iыхьэ тIэкIум я лъабжьэIуэкIэ мо мывэ дыдэхэр щызэтралъхьэ – къуэбэкъу цIыкIухэм дэту къежэхэну псыр IуащIэ. Абдеж мывэкIэщхъымрэ пшахъуэмрэ щызэтрехьэ. ИтIанэ псыр яутIыпщыж. ЩIагъщIэлъи зыгъуэта, хуити къэхъуа щIыпIэм щIыр тракIутэжри... Гъавэ щIапIэр хьэзыр хъуащ. Ауэ Iуэхур абыкIэ зэфIэкIыркъыми, адэкIэ ящIэращ: зыгуэр зыхасам ищхьэIуэкIэ къуэбэкъухэр мывэшхуэхэмрэ мывэкIэщхъхэмкIэ щагъэбыдэж, псым кърихьэхыурэ а IущIапIэм деж щызэтрихьа мывэхэм ежьужьхэм кIуапIэ зрамыту дагъэуэх псым нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ еунэтI... А IэмалхэмкIэ къахухьа щIыпIэхэр увыIэпIэ зыхуащI Iэщым щIыр ягъэпшэр. АпхуэдэщIыкIэхэмкIэ гъавэ щIапIэ къызэбгъэпэщыным илъэс бжыгъэкIэрэ улIэлIэн хуейщ. А псори нэхъ псынщIэу зэфIэзыгъэкIыну нэхъ къэзыщтэхэм, хъерым нэхъ хуэ-пIащIэхэм ящIэр сыт? Зыщымысхьыжу, еш ямыщIэу щIыгулъ нэхъыбэ плIэкIэ къаахьурэ тракIутэ къагъэхьэзыра щIыпIэхэм. Ахэр япэ щIыкIэ вэныжьу щагъэлъщ. Уи Iэр пхухэмыхуэну, абы къытокIэ удз лъахэшэ Iув. Ар илъэсым щэнейрэ паупщI. Iэщ гъэхъуным нэхъ елэжь бгырысхэм я деж мэкъум икъукIэ уасэшхуэ щиIэщ. Дестынэ Iыхьэ плIанэ фIэкIа мыхъу щIым къытепхыну мэкъур тумэних нэхъ мащIэ и уасэнукъым. Ауэ зыгуэр къызытепх хъун щIыпIэ хуиту бгылъэхэм щыбгъуэтынур мащIэ дыдэщ: дестынэ Iыхьэ плIанэ нэхъ ин зы щIыпIэм деж ущрихьэлIэнур зэзэмызэххэщ. Нэхъ лъагэу бгым удэкIыху, ахэр нэхъ мащIэж мэхъу. Зы пэш кIуэцI хуэдиз фIэкIа мыхъу щIыпIэхэращ нэхъыбэрэ узыхуэзэр. Ахэри зэпэжыжьэу зэбгрыдзауэ. ЩIыр егъэлеяуэ щIэлъапIэри аращ. Зы дестынэ ныкъуэ зиIэ унагъуэр къулеижьу ябж, нэхъыбэIуэ уиIэ – укъулей дыдэу къалъытэ. Iыхьэ

цIыкIу-цIыкIуурэ гуэшауи ирехъуи, щIы дестынэр сом мин нэс и уасэщ. Абы теухуащ къысхуаIуэта мы хъыбарыр.

ХуэщIауэ псэу бгырыс гуэрым, щIы Iыхьэхэр адэкIэ-мыдэкIэ щызэбгрыдзащ жумыIэмэ, щIы дестыниплI хуэдиз щIэину къыхуагъэнат. Ар ещэ, абы къыщIиха псори имыхьу, тафэм къыщищэхуащ щIы дестынэ щиплI. Уи фIэщ мыхъуни гъэщIэгъуэни хэлъкъым абы, сыту жыпIэмэ Тэрч куейм и тафэхэм щIыр щыпудыкIейщ: дестынэр зи уасэр тумэнщ. Налшык и Iэшэлъашэхэм щIы дестынэр сом тхурытхукIэ щащэу зэрыщытарэ куэд щIакъым. Хьэсэвюрт къедза щIыпIэхэм 1883 гъэм щIыр щынэхъ пудыжт: мэзри зэрытету, дестынэр соми 4-кIэ, къыфIэбгъэкIмэ, соми 3-кIэ щыбгъуэтынут.

Апхуэдизу зэлIалIэу бгылъэхэм къыщызэрагъэпэща щIым нэхъыбэу трасэр хьэщ, мэшщ. Iэщыр трагъэтурэ куэншыбхэмкIэ фIыуэ ягъэпшэра щIым, псыи щIагъэлъадэ пэтми, нэгъуэщIу гъавэ къыщепхьэлIэфынукъым а щIыпIэхэм.

ПсыщIэлъадэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэрыжылэу зэдащIэ. Арыншауэ, ар уи щхьэ закъуэкIэ пхузэфIэмыгъэкIын Iуэхущ. Бгылъэхэщ, мывалъэхэщи, псыр щIым тету къыпхуэшэнукъым. ЯщIэр лIо-тIэ? ХьэкхъуафэшхуэIэтахэмкIэ къашэри щIагъэлъадэ. Нэхъыбэу апхуэдэу зыщIэр бгылъэ щIыпIэхэм щыпсэухэращ.

ПсыщIэгъэлъадэр зэгъусэу зэрырагъэкIуэкIым уеплъыну гъэщIэгъуэнщ. Ар куэдрэ къэмыхъу хабзэми, бгырысхэм урысхэр къащыхуеблагъэ щыIэщ, абдеж жылэр зэрыщыту къызэхуос. ХьэщIэр зей бысымым бгырысхэм я хабзэ псори егъэзащIэ: къыхуеблэгъам гуапэу IуощIэ, Iэмал имыIэу хьэщIэныш хуеукI. А мэлыр щашхкIэ зыри Iыхьэншэ ящIыркъым. ПлъакIуэ-дэIуакIуэу къызэхуэсахэм уащыхэплъэкIэ, мыпхуэдэ Iуэхум гу лъумытэу къанэркъым: хэгъэрейхэр щIэх-щIэхыурэ зэбгрожыж, ауэ, куэдрэ къэмыту, къызэхуосыж, абдеж щыплъагъухэм ящыщ дэтхэнэми бел иIыгъщ. Щыгъуазэ дызэрыхъуамкIэ, дэнэкIэ ягъэзами, бгырысхэм гъатхэм, гъэмахуэпэхэм деж бел яIыгъыу къакIухь. Сыт щхьэкIэ? А зэманхэм ирохьэлIэ псыщIэгъэлъадэр. А Iуэхур Iэпэдэгъэлэл пщIамэ, гъавэфI ущымыгугъ. Зэгъусэу къашэ псыр уи хадэм щIэбгъэлъэдэным куэд пыщIащ: дэтхэнэ зыми ещIэж чэзур къыщылъыс махуэри зэманри. Ар блэбгъэкIакъэ – а махуэм псым упыкIащ. Аращ сыт щыгъуи бел яIыгъыу къыщIакIухьри, кIуэд-къыкъуэкIыжхэу къыщIажыхьри. Апхуэдизу елIалIэу зэрахьэ щIым гъавэфI къызэрытрахыр щIэбгъэщIэгъуэн щыIэкъым. Ауэ, щIыр сыт хуэдизкIэ ягъэпшэрми, псы щIагъэлъадэми, бгылъэхэм щыпсэухэм гъавэр хуабжьу къомэщIэкI, абы къыхэкIыу бгырысхэм ар тафэхэм къыщащэхун хуей мэхъу...

Мы Iуэхум зыубгъуауэ сыщIытепсэлъыхьар бгырысхэр щхьэхынэу, лэжьэн я жагъуэу зэрыжаIэр нэсри къэсыжауэ зэрыпцIыр къыщIэзгъэщын папщIэщ. КъимыдэкIэ, апхуэдизу залIалIэу, пщIэнтIэпсри лъыпсри зэхэ-лъэдэжауэ зэрахьэ щIыр фIыщэу зэралъагъур, абы щхьэкIэ я псэр ятыну зэрыхьэзырхэр щIэбгъэщIэгъуэн щыIэкъым. ГурыIуэгъуэу си гугъэщ: я псэ Iыхьэ зыхэлъ а щIыр къабгынэу, бгырысхэр насыпыншэ гъуэгум техьэным и щхьэусыгъуэм щылъыхъуэн хуейр абыхэм я «щхьэхынагъыракъым» икIи «зэрыкультурэншэхэракъым» – а гуауэшхуэм къежьапIэ хуэхъур цIыхугъэншагъэмрэ гущIэгъуншагъэмрэщ, а Iуэху нэщхъеягъуэм залымыгъэкIэ зэрырахулIэращ.

*ЗэзыдзэкIар* **ЕЛГЪЭР Кашифщ**

## «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм къыбгъэдэкIыу:

**Фи пащхьэ итлъхьэ тхыгъэр зейм теухуауэ энциклопедие псалъалъэм итыращ: «Абрамов Як. Вас. (1858–1906), урыс публицистщ икIи статистикщ, либеральнэ народникщ. 1880 гъэхэм я зэхуэдитIхэм «Тхьэмахуэ» («Неделя») газетым къытрыригъэдзауэ щытащ «Iуэху цIыкIухэм я теориер» цIыхухэм яхэпщэным теухуа и тхыгъэр».**

**Кавказ зауэр щиухам ирихьэлIэу дэри мы пычыгъуэхэр щIытеддзэр зэгуэрым ди лъэпкъым и щхьэм кърикIуа гуауэшхуэм иринэщхъей, пащтыхьымрэ абы и дзэпщхэмрэ зэрахьэу щыта залымыгъэр, гущIэгъуншагъэр зигу темыхуэ куэд урысхэми зэрахэтар ди журналым еджэхэм аргуэру зэ едгъэлъагъужын папщIэщ.**



**Адыгэхэр хэкум ираху.** *Сурэтыр 1864 гъэм ящIащ.*

## Iуэху еплъыкIэ

# Адыгэ лъэпкъымрэ щхьэхъумэж зауэхэмрэ

### Кавказымрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ папщIэ зэпэщIэувэныгъэ инхэр

Кавказымрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ стратегие къуэпскIэ зэпыщIауэ, зы геостратегие пщIантIэшхуэм тIури хиубыдэу зэрыщытым къыхэкIыу, а пщIантIэшхуэм папщIэ ижь-ижьыж лъандэрэ екIуэкIа икIи екIуэкI зэпэщIэувэныгъэ псоми я щхьэфэ иIэбэн Iуэху мыбдежым щызетхуэркъым. Ауэ ар ди гум идмыгъэлъмэ, адыгэ тхыдэри, тырку-тэтэр-адыгэ зауэхэри, Урыс-Кавказ зауэри, мы махуэхэм ди Iуэхур зыхуэкIуэри гурыIуэгъуэ хъунукъым.

Урыс-Кавказ зауэр зауэшхуэм къыщымынэу, зауэ ин дыдэу щытащ. Абы дзэ къаруууэ хэтахэм, къэралышхуэу щызэпэщIэтахэм, цIыху бжыгъэу хэкIуэдахэм тепщIыхьмэ, ар дунейпсо зауэшхуитIым я пэ къихуэу щыIа нэхъ зауэшхуэ дыдэхэм ящыщ зыт жыпIэмэ, ущыуэну къыщIэкIынукъым. Ауэ гъэщIэгъуэныр тхыдэр зыджыжхэм етIощIанэ лIэщIыгъуэм кърииубыдэу абы хуэфащэ гулъытэ зэрыхуамыщIарщ. Хэкум ис адыгэхэм, Урысейм щыIэ хъуа хуитыныгъэхэр къагъэсэбэпурэ, а зауэм теухуа пэжыр иужь илъэсхэм утыку къралъхьэу щIадзами, япэхэм Iуэхур апхуэдэу щытакъым. Адыгэхэм я нэхъыбитIыр здэщыIэ Тыркум, хьэрып къэралхэм къыщыдэкIа тхылъхэм я нэхъыбапIэри нобэр къыздэсым а къэралхэм щыIэ еплъыкIэм и жьауэм къыщIэкIыфакъым. ХамэщIым ис адыгэхэр мы Iуэхум щытепсэлъыхькIэ, къапэрыуэ щыIэтэкъым урыс пащтыхьым и колониальнэ политикэм хьэкIэкхъуэкIагъэу хэлъам и щхьэ техауэ и гугъу ящIыну. Ауэ абыхэм ящыщ гуэрми нахуэу утыку кърилъхьакъым, Тырку муслъымэн империем иригъэкIуэкIа политикэр щIэгъэкъуэну имыIамэ, урыс пащтыхьым и дзэ къарухэм адыгэхэр я лъахэм кърахуу, хамэ губгъуэхэм иракъухьын ялъэкIыну зэрыщымытар. Абы нэхърэ нэхъыкIэжу зи гугъу пщIы мыхъун табу зытелъыр муслъымэн диныр зэблашу ар тыркухэм политикэ Iэмэпсымэу къызэрагъэсэбэпаращ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, муслъымэн диным и цIэкIэ ягъэжакъуэу адыгэхэр зэрагъэунэхъуарщ.

Зыми къыгурыIуэну дыхуейкъым урыс пащтыхьыгъуэр хейуэ къыщIедгъэдзыжу, лажьэ псор тыркухэм ятетлъхьэн Iуэху зетхуэу. Ауэ тхыдэм зы нэ лъэныкъуэкIэ фIэкIа уемыплъмэ, Iуэхур зытетар къыбгурыIуэнукъым, икIи муслъымэн диныр зэблэшауэ къару фIыцIэхэм аргуэрыжьу ди лъахэм къызэрыщагъэсэбэпыр гурыIуэгъуэ хъунукъым.

Урыс-Кавказ зауэм и иужьрей илъэси 8-р, урыс-адыгэ зауэ зыфIэтщыжар иухыу, адыгэхэр я лъахэм ирагъэкъэбзыкIа нэужь, хуит хъужа урыс пащтыхьыдзэхэм илъэс 15–20-м кърииубыдэу Iэджэ яхузэфIэкIащ: Бэлъкъан зауэм тыркудзэхэр щызэтракъутащ, Армениер, Къэзахъ-

станыр, Узбекистаныр, Тыркуменистаныр къазэуащ. США-м и Президентым и дэӀэпыкъуэгъуу щыта социолог цӀэрыӀуэ Збигнев Бжезинскэм «Шахмат джэгупӀэшхуэ» зыфӀища тхылъым зэрыщитхымкӀэ, 1815 гъэм щыщӀэдзауэ Урысейм и дзэ къарухэми, и экономикэми заужьу щӀадзат. Илъэсипщӏ зыбжанэкӀэ абы и хэхъуэхэр нэхъыбэ хъуурэ екӀуэкӀат, цӀыхухэри политикэ зэхъуэкӀыныгъэ гуэрхэм пэплъэ хъуат. Ауэ 1880–1890 гъэхэм экономикэм и зыужьыныгъэр зэуэ зэтеувыӀэри, инджылызхэри нэмыцэхэри Урысейм япэ ищыжат, французхэри къыкӀэщӀыхьэу хуежьат. Ар къызыхэкӀар мылъку куэд зытекӀуэда Кърым зауэмрэ Кавказым, Болгарием щрагъэкӀуэкӀа теуэныгъэхэмрэщ, Польшэр къэгъэдэӀуэныр абы хэтыжу… АдэкӀэ, щэху къэкъуалъэу щыта революцэ гупсысэхэр къыщиудщ, къыдрихьейри, социально-политикэ мыарэзыныгъэхэм заубгъуу щӀадзащ...

Бжезинскэм Урыс-Кавказ зауэр «теуэныгъэ» гуэру илъытами, тхыдэм и пэжыр езыр зыхуеймкӀэ зэрырилъэфэкӀыр игъэпщкӀуфакъым. Абы и щыхьэтщ Урыс-Кавказ зауэм шэшэнхэм щызэрахьа лӀыгъэр егъэлеяуэ къызэрыхигъэщхьэхукӀар. Американ политик икӀи тхакӀуэ цӀэрыӀуэм шэшэнхэр апхуэдэу щӀыхиӀэтыкӀар гурыӀуэгъуэщ: ар щитхым япэрей шэшэн зауэр увыӀауэ щытами, етӀуанэрейр ягъэхьэзырт…

Пащтыхьыгъуэ лъэхъэнэми, революцэ зэманми теухуа тхыгъэжьхэм къазэрыхэщыжымкӀэ, «декабрист» жыхуаӀэхэм къэралым хуаӀа мыарэзыныгъэхэр Урыс-Кавказ зауэм нэхъри щӀигъэхуэбжьащ. АдкӀэ, Япэ дунейпсо зауэшхуэм социально-экономикэ щытыкӀэр нэхъыкӀэ ищӀщ, революцэр къэхъейри, Урысейм пащтыхьыгъуэм кӀэ щигъуэтащ… Къэхъуар нэгъуэщӀ псалъэхэмкӀэ жыпӀэнумэ, инджылызхэмрэ европэ къэралхэмрэ урысыдзэ лъэщхэр КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъум намыгъэсурэ, Урысейм и къарур щӀэкӀри, пащтыхьыгъуэр къаруущӀэ къэунэхуахэм зэпкъраудащ.

ЕтӀуанэ дунейпсо зауэм щыгъуэ аргуэру къэлъэгъуащ Урысейр КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъум стратегие къуэпскӀэ зэрыпыщӀар, зым къыщыхъур, фӀыми Ӏейми, адрейми зэрызыхищӀэр... Фашистхэм я дзэ зэщӀэузэдау къаутӀыпщар Урысейм хуэдэ дыдэу КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъуми хуеӀэрт. Фельдмаршал Роммель и къалэнт инджылызхэр Ищхъэрэ Африкэмрэ КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъумрэ ирихужу Мысырыр (Египтыр) иубыдыну, итӀанэ инджылызхэр Иракми ирихужыну. «Барбарос» планым ипкъ иткӀэ фашистхэм Кавказыр яубыду итӀанэ Роммель и дзэхэм Иракым щыхуэзэжын хуейт. Ауэ «Барбарос» планыр зыгъэзэщӀэн хуея фашистыдзэхэм я бгыр Сталинград деж Дзэ Плъыжьым къыщызэпиудщ, Роммель и дзэхэр Мысырым щыхагъащӀэри, нэмыцэхэм я гугъапӀэ инхэр къызэпаудащ.

Бжезинскэм и тхылъ зи гугъу тщӀам итхэм ящыщ Ӏэджэ, псоми зэрытщӀэщи, зэманышхуэ дэмыкӀыу ди нэгу щӀэкӀащ. Абыхэм ящыщщ Украинэм, Куржым къыщыхъуахэр. Ауэ «Шахмат джэгупӀэшхуэ» тхылъым нэхъ гу зылъытапхъэу хэлъыр аракъым, атӀэ Урысейм дежкӀэ КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъур шынагъуэ нэхъ инхэр къыздикӀ лъэныкъуэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр зэрибзыщӀаращ. А шынагъуэр нэхъыбэу къызыхэкӀыр, геостратегием щӀыгъуу, лъэныкъуитӀми щыкуэд щӀыдагъэмрэ газымрэ кӀуэ пэтми нэхъ зэпэубыда, абыхэм я гъуэгухэм, я кӀуапӀэхэм геополитикэ упщӀэу къаӀэтыр, зэпэщӀэувэныгъэу къагъэхъухэр нэхъыбэ зэрыхъурщ, абыхэм щӀыгъужу КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъум щызэблаша дин гупсысэкӀэхэр Урысейм, псом хуэмыдэу Кавказ Ищхъэрэм къызэрыраутӀыпщхьэрщ.

## КъуэкIыпIэ Гъунэгъур хьэлэбэлыкъ хэдзэныр

Урысейр КъуэкIыпIэ Гъунэгъум нэмыгъэсыным теухуа политикэм пасэ дыдэу щIидзащ. Ауэ ар нэхъ нахуэу къыщылъэгъуар Урыс-Кавказ зауэм и зэманырщ. Абы лъандэрэ нэхъ къэралышхуэу щыIахэм я политикэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, дунейпсо политикэм и зы Iыхьэшхуэ а Iуэхугъуэм теухуауэрэ екIуэкIащ. Е 19-нэ лIэщIыгъуэм адыгэхэр зытеунэхъуари абы и зы Iыхьэщ жыпIэмэ, ущыуэну къыщIэкIынкъым. Ауэ а политикэр Iей дыдэу къыщызэщIэплъар етIощIанэ лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэрщ, къухьэпIэ къэралхэм я унэ гупэ хадэу къалъытэу щыта КъуэкIыпIэ Гъунэгъум СССР-м тегъэщIапIэхэр щиубыду щIидза нэужьщ. А тегъэщIапIэхэр нэхъыбэ, нэхъ быдэ хъуху, абы нэхъ ерыщу къыпэщIэувэхэрт Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ. ИкIэм-икIэжым, муслъымэн диныр я политикэм къызэрезэгъынум хуэдэу зэблашри, СССР-у щытам къыпэщIагъэувэ Iэмалхэм ящыщ зыуэ къагъэсэбэпащ. Мы Iуэхум зэпкърыхауэ тепсэлъыхьу иджыблагъэ тхылъ хьэлэмэт къыдэкIащ, Ливаным финанс IуэхухэмкIэ и министру щыта, Лион университетым и къудамэу Бейрут дэтым и егъэджакIуэ, щIэныгъэлI гъуэзэджэ Жорж Кърым и IэдакъэщIэкIыу. Абы зэрыжиIэмкIэ, лIэщIыгъуэ блэкIам и блыщI гъэхэм, щIыдагъэм и уасэм хэхъуэурэ абы лъагэ дыдэу зиIэта нэужь, хьэгъэщагъэ гъэщIэгъуэнхэр къежьащ муслъымэн диныр политикэ Iэмалу къэгъэсэбэпыным теухуауэ. А Iуэхухэм «Ислъамым и къызэщыужыныгъэ» цIэр фIащри, абыхэм япкъ иткIэ муслъымэн жылагъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм муслъымэн диныр политикхэр зэрыхуейм хуэдэу щIэрыщIэу кърагъэщтэжу щIадзащ. Мы Iуэхур езыхьэжьахэм плъапIэу яIэр, щIыдагъэм и уасэм зэуэзэпсэу зэрыхэхъуар къагъэсэбэпурэ, ар зей хьэрыпхэм я ахъшэкIэ муслъымэн диныр либерализм е социализм гупсысэкIэ зиIэхэм пэщIагъэувэу, абыхэм я лъэныкъуэу къэува хьэрып къэралхэм цIыхубэм я гур щагъэкIыныртщ. КъухьэпIэ къэралхэм я политикэр зыхуаунэтIри ахэр гъунэ имыIэу Израилым зэрырителъхьэмрэ хьэрып пащтыхьыгъуэу цIыхубэр зымыгъэбауэу щытахэм я хъумакIуэу зэрыщытымрэ щIауфэнырт. Арати, апхуэдэ Iуэхугъуэр зэфIэгъэкIыным ахъшэшхуэ хухахри, социальнэ, экономикэ, политикэ лэжьыгъэшхуэхэр ирагъэкIуэкIыу щIадзащ. Абы папщIэ муслъымэн къэралхэм я организацэр СССР-у щытам и бийуэ, икIи зыми и мыгъусэу щыта къэралхэм я организацэм пагъэувыну яубзыхуа нэужь, муслъымэн «ЮНЕСКО», муслъымэнхэм я экономикэм зегъэужьынымкIэ банк ухуэным яужь ихьахэщ. Абы ипкъ иткIэ, цIыху щхьэхуэхэр трагъэгушхуащ муслъымэн фIэщыгъэхэр яIэу банкхэр, фирмэхэр къызэIуахыну. Апхуэдэу, Афганистаным ихьа советыдзэхэм къыпэщIагъэувэн папщIэ, мэжахьидхэр мин бжыгъэкIэ зэхуашэсщ, Америкэм щагъасэщ, IэщэкIэ зэщIаузадэри къаутIыпщыжащ. Абы ирихьэлIэу муслъымэн диным теухуа тхылъ зэмылIэужьыгъуэу мин бжыгъэхэр Саудей Хьэрыпымрэ Ливанымрэ щытрадзэри, хьэрып къэралхэми муслъымэн къэралхэми пуд дыдэу щащэу щIадзащ. Апхуэдэурэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэмкIэ яхузэфIэкIащ 1960–1980 гъэхэм къриубыдэу революцэ щэнхабзэу, хьэрып лъэпкъ зэщIэхъееныгъэу, марксизм гупсысэкIэу щIыпIэхэм зыщызыуэжьауэ щытахэр къыжьэдакъуэн. Жорж Кърым зи гугъу ищI «Ислъам къызэщыужыныгъэм» ахъшэу трагъэкIуэдам и куэдагъыр кърипщIэну зы щап-хъэ закъуэ къэтхьынщ. Дин щIэныгъэлI цIэрыIуэ дыдэ щыIащ,

шейхъ Шахьрауий и цІэу, Мысырым щыщу, уэхьабий муслъымэн дин еплъыкІэ иІэу, телеканал зыбжанэкІэ махуэ къэс жыхуаІэм хуэдэу ислъам диным теухуауэ дерсхэр иту. Ар, «Ислъам къызэщыужыныгъэм» и джакІуэхэм я шейхът. Абы Мысырым щыщ киноартисткэ цІэрыІуэм, «муслъымэныщІэхэр» зэрыхуейм хуэдэу зи щхьэри зи пщэри фІэкъузыкІауэ фІэзыпхыкІым, Мысыр ахъшэу зы мелуан иритыну псоми зэхахыу зэрыжиІауэ щытар цІыхухэм ящыгъупщэжакъым. Дауи, шейхъым апхуэдиз ахъшэр и жыпым кърихынутэкъым. Ауэ нэхъыщхьэр ахъшэр къыздикІынуратэкъым. Іуэхур зыхуэкІуэн хуейр кином щыджэгу бзылъхугъэ дахэхэр я мэсхьэбым кърашэнырати, цІыхухэм ягъэщІагъуэу артисткэ куэдым я пщэри я щхьэри фІапхыкІат. ЦІыхубз цІэрыІуэхэм иратым хуэдиз мыдрей къызэрыгуэкІхэм ирамытми, зи ныбжьыр илъэси 7-8 хъухэм деж къыщыщІэдзауэ «Ислъам къызэщыужыныгъэм» и униформэр къэзыщтэ псоми тыгъэ гуэрхэр къалъымысу къэнакъым. Апхуэдэу щыщыткІэ, хьэрып къэралхэм - Маррокэм къыщыщІэдзауэ Иракым нэсыху, Европэм – Испанием къыщыщІэдзауэ Налшык къэсыху муслъымэн цІыхубзу а униформэр зыщатІагъэхэм сытым хуэдиз ахъшэу ятехуэр, нэгъуэщІ Іуэху мыщхьэпэхэр хэмытми?! Хэт зи фІэщ хъунур, къуухьэпІэ къэралхэр щІыдагъэм и уасэм ириджэгуурэ зэхуалъэфэс ахъшэр Тхьэм и хьэтыркІэ е муслъымэн дин къабзэм папщІэ яту?!

«Ислъам къызэщыужыныгъэр», лІэщІыгъуэ блэкІам и блыщІ гъэхэм щІыдагъэм и уасэм зэрыхэхъуар къагъэсэбэпу утыку кърагъэхьауэрами, абы американхэр нэхъ пасэу елэжьу щІадзащ. Мысырым и тхьэмадэу щыта Абдель Насер чэнджэщэгъуу иІа журналист, тхакІуэ цІэрыІуэ Мухьэмэд Хьэсэнейн Хьэйкэл и гукъэкІыжхэр 2008 гъэм щІидзауэ «Алджэзирэ» телеканалым хуеІуэтэж. Абы зэрыжиІэжамкІэ, 1953 гъэм ар Америкэм кІуат цІыху гупым яхэту - заплъыхьыну, Мысырым къыдэІэпыкъунымкІэ Америкэм и Іуэху зытетыр зрагъэщІэну. Арати, щІыпІэ куэдми щыІауэ, зэманыфІкІи заплъыхьауэ я къэкІуэжыгъуэ щыхъум, а лъэхъэнэм хамэ къэрал ІуэхухэмкІэ министру щыта Джон Даллес, ЦРУ-м и тхьэмадэу щыта Ален Даллес сымэ хуагъэзахэт. «А махуэм зэкъуэшитІым ди пащхьэ къралъхьат, – жеІэ журналист цІэрыІуэм, - муслъымэн диныр коммунизмэм пэщІэгъэуvауэ КъуэкІыпІэ Гъунэгъум къыщыгъэсэбэпын Іуэхур!..»

Америкэм и къэрал щІыб Іуэхухэр зыубзыхуу щыта лІы нэхъыщхьитІым апхуэдэу зэІухауэ а Іуэхур утыку кърэлъхьэну къыщІэкІынтэкъым зыщыгугъын тегъэщІапІэхэр я деж щаІэу щымытамэ. Апхуэдэ тегъэщІапІэ хъунур хьэзырт куэд щІауэ, ар «Муслъымэн зэкъуэшхэрат». Абыхэм парт цІэр зыфІамыщами, тІууэ зэхэту парт лъэщт. Зыр нахуэт, цІыху нэхъ къызэрыгуэкІхэр хэту, адрейр щэху дыдэт, цІыху къыхэхахэр, зэуэн, укІын Іуэхухэм фІы дыдэу хуэгъэсахэр щызэхуэсу. ЕтІуанэхэм я къалэныр я партым и пэрыуэгъухэр, къемыдаІуэхэр лъэныкъуэ ирагъэзынырт. Насеррэ и гъусахэмрэ бжьыпэр яубыдын ипэ абыхэм, Мысырым и премьер-министру щытари хэту, тхьэмадэ зыбжанэ яукІат. Уеблэмэ, я политикэр игъэзэщІэн зэримыдам къыхэкІыу, 1954 гъэм Насери яукІыну еуэри уІэгъэ ящІат. Апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зыщІахэр яубыду я судыр щхьэпылъэкІэ ящІа нэужь, «Муслъымэн зэкъуэшхэм» я партышхуэм и мызакъуэу, Насер бий кІэуфІыцІ къыхуэхъуащ американхэри. Абы иужь, 1955 гъэм, президент Насер и гупэр СССР-м дежкІэ къигъазэщ, Іэщэ щищэхущ, зигъэбыдэри, инджылыз-француз фирмэ зэгуэтым ейуэ щыта Суэц кІэнауэр къатрихыжащ. Абы зауэшхуэ къикІат.

Насер псэухукIэ «Муслъымэн зэкъуэшхэм» я щхьэр къаримыгъэIэтами, ахэр гъэпщкIуауэ лэжьащ. ИкIи Мысырым и мызакъуэу, хьэрып къэрал псоми щылажьэ хъуащ а цIэ дыдэр яIэу. А лъэхъэнэм Европэм щыIа фашист партхэм яIа гъэпсыкIэхэм щыщи къащтэри, «Муслъымэн зэкъуэшхэр» ткIийуэ щIапIыкIащ псори дэIуэнымрэ унафэхэр гъэзэщIэнымрэ. Ар адрей партхэм къазэрыхэщхьэхукIыр муслъымэн диныр езыхэм унейуэ яйм хуэдэу къызэрагъэсэбэпырщ. Я зэIущIэхэм деж гупурэ зэщIыгъуу абыхэм зыжьэу зэдыжаIэ:

Тхьэр ди плъапIэщ!
Ди бегъымбарыр Мухьэмэдщ!
КъурIэныр ди конституцэщ!
Ди хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр
Тхьэм папщIэ дылIэнырщ!

Парт программэуи, идеологиеуи яIэр а псалъэхэм къызэщIаубыдэращ. «Тхьэм папщIэ лIэным» кърагъэкIыр, диным папщIэ джихьад ящIу, зауэм къыщаукIынуращ. Абыхэм къалъытэр я Iуэхур къэзылъахъэ, къэзымыщтэ псоми джихьад иращIылIэ хъуну. ИкIи ахэм я гуфIакIэм къыдэкIа фанатик къару зэгъэпэщахэм а Iуэхур иужькIэ гущIэгъуншэу, динми цIыхугъэми къимыубыдыжу щIыпIэ зэпэжыжьэ куэдым къыщагъэсэбэпащ.

КъухьэпIэ къэралхэр апхуэдизу КъуэкIыпIэ Гъунэгъум тегужьеикIауэ къыщIэгъуэгурыкIуэр геополитикэм зызыужьа къэрал псоми я псэр зыхэлъ щIыдагъэри зэрыхэтыращ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, дуней псом къахутауэ щыIэ щIыдагъэмрэ газымрэ я нэхъыбитIыр зыщIэтыр КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ Къэзуин (Каспий) тенджызым и Iэшэлъашэмрэщ. Аращи, а щIыналъэ абрагъуэр къэубыдыным КъухьэпIэр йолэжь Суэц зауэм и зэманым щегъэжьауэ. Абы папщIэ Израилыр мызэ-мытIэу къагъэсэбэпащ. Псом хуэмыдэжу Iэщэ Iэрыхуэ яхуэхъуащ муслъымэн фанатикхэр. Ахэр къагъэсэбэпурэ къэрал Iэджэм къэзэуат къыщаIэтащ. Иракым къыщыхъуам и закъуэ щапхъэу урикъунущ.

СССР-м и лъэхъэнэм КъухьэпIэ къэралхэм я нэIэр Кавказым темыкIами, абы и Iуэху къыхэIэбэныр я пщIыхьэпIэ къыхэхуэу щытакъым. ИужькIэ, Урысейр тегушхуэгъуафIэ къащIри, Кавказри КъуэкIыпIэ Гъунэгъу иныр хьэлэбэлыкъ хэдзэн программэм хагъэхьащ. Къэрал абрагъуэр лъэлъэжа нэужь, илъэс зыбжанэм къриубыдэу къэхъуахэм къагъэлъэгъуащ а программэм и сценариер куэд щIауэ хьэзыру зэрыщытар:

1. Азербайджанымрэ Армениемрэ зызэрадзри зэзауэу щIадзащ Нагорнэ Карабахым папщIэ.

2. Куржыхэмрэ абхъазхэмрэ зэзэуэн хуей хъуащ.

3. Куржыхэмрэ осетин ипщэхэмрэ зэзауэу щIадзащ.

4. Осетин ищхъэрэхэмрэ ингушхэмрэ щIыр зэпаубыдри зэзэуащ.

5. Япэ шэшэн зауэр къэхъеящ, шэшэнхэр Урысейм къыгуэкIын щхьэусыгъуэр нахуэу къаIэту. Шэшэн Республикэр муслъымэн шэрихьэтымкIэ зекIуэу ящIыным елIэлIахэщ.

6. ЕтIуанэ шэшэн зауэми щIидзащ, абы нэгъуэщI къэралхэми щыщ къыхыхьауэ.

7. А лъэхъэнэхэм ирихьэлIэу къэбэрдейхэмрэ балъкъэрхэмри зэщагъэIеину яужь итащ, ауэ къайхъулIакъым.

8. Дагъыстаным муслъымэн фанатикхэм къыщызэщIагъэна террор залымыгъэхэр нобэр къыздэсым ункIыфIакъым.

9. Краснодар крайм ермэлыхэр уэру къргагъэтIысхьэу щIадзэри, абыхэмрэ къэзакъхэмрэ зэжьэхэуахэт, ауэ псынщIэу зэтрауIэфIэжащ.

А псоми, абыхэм я щхьэжу 2008 гъэм къэхъуа урыс-куржы зауэми, абы и ужькIэ екIуэкIа Iуэхугъуэхэми къагъэлъэгъуащ зи гугъу тщIа Iуэхухэр дунейпсо политикэм и курыкупсэу зэрыщытыр.

ИкIэм-икIэжым, зи гугъу тщIахэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэу къыдолъытэ Iуэхугъуитl:

1. 20-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм инджылызхэмрэ францухэмрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъур зэрызэхуагуэшауэ щыта Сайкс-Пико зэгурыIуэныгъэр Америкэм идэжакъым, инджылызхэр текIуэту КъуэкIыпIэ Гъунэгъум езым тепщэныгъэр зэрыщиубыдрэ. США-м и госсекретару щыта Кондолизэ Райс 2006 гъэм нахуэу Ливаным щыжиIауэ щытащ: «КъуэкIыпIэ ГъунэгъущIэр иджы къалъху!...» Ауэ, а лъэхъэнэм ар лъхугъэ нэпцIу къыщIэкIами, а Iуэхур иджыри яIэщIэхужакъым.

2. СССР-у щытар зэрылъэлъэжрэ, дунейм тепщэныгъэр езым и закъуэ щиIыгъыу къызыфIэщIыжа Америкэм идэжыркъым Европэм 19-нэ лIэщIыгъуэм щащIа зэгурыIуэныгъэхэр, Париж зэгурыIуэныгъэри хэту. Ар нахуэ дыдэу къыщылъэгъуащ урыс-куржы зауэм. Ауэ, хэт сыт хуэдэу зимыщIами, Iуэхур зыхуэкIуэнур нэхъыбэу зэлъытауэ щытынур Урысейм и зэфIэкIым зэрызиужьынумрэ абы къыхихыну гъуэгумрэщ.

## ХамэщI адыгэхэмрэ муслъымэн динымрэ

Лъыгъажэ зауэхэм, политикэ гущIэгъуншэхэм, дин зэблэшам адыгэхэр дуней псом щракъухьауэ, мелуан зыбжанэ хъухэу хамэ къэрал 50-м нэсым щопсэу Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ. Апхуэдиз адыгэу хамэхэм яхэсым, адыгэбзэр зыщыгъупщэжахэм нэгъунэ, адыгэпсэ яхэлъу нобэр къыздэсым къызэрынэжар щыхьэт тохъуэ адыгэ щэнхабзэм и лъапсэр зэманыжь дыдэхэм кууэ зэрыхэтым.

Мыбдежым занщIэу ущIэупщIэн хуей мэхъу: «АтIэ, апхуэдизу пасэрей лъэхъэнэхэм зи лъапсэр хэтIа адыгэ лъэпкъыр сыт апхуэдэу щIракъухьыфар?» жыпIэу. Абы и жэуапым ущылъыхъуэкIэ, къыумылъытэу хъуну къыщIэкIынкъым тырку-тэтэрхэм къыдащIылIа зауэхэр имыухыурэ Урыс-Кавказ зауэм зэрыщIидзар. А зауэм адыгэр къыщIыщыхагъэщIам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу къалъытэу ятхыжахэри щыIэщ:

– Адыгэхэр зэгурымыIуэу зэрыщытар.

– ЩIэныгъэрэ IэщIагъэрэ зэрамыIар.

– Пщыжь-уэркъыжьхэр лъэпкъым зэрепцIыжар.

Мы щхьэусыгъуэхэм пэжу зыри яхэткъым. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэщи, Иналышхуэ къытепщIыкIыжа адыгэпщ псори едаIуэу щытащ пщы уэлийуэ хаха дэтхэнэми.

ЩIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ теухуауэ жыпIэмэ, зауэхэмыкIым еджапIэхэмрэ университетхэмрэ къызэIурамыгъэхами, лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэ зэрагъэпэщауэ, адыгэм яIэт я псэукIэм хурикъужын щIэныгъэ. Удз хущхъуэ зэхэлъхьэным, уIэгъэхэм, къупщхьэ къутахэм еIэзэным фIы дыдэу хащIыкIырт. Уеблэмэ, европей щIэныгъэлIхэр щыхьэт техъуащ япэ дыдэу дуней псом фэрэкI вакцинэр къыщызыгупсысар адыгэхэрауэ зэрыщытым. Адыгэхэм я унэхэри, унэлъащIэхэри, Iэщэхэри, фащэхэри я IэкIэ ящIыжырт. Урыс-Кавказ зауэр иухын ипэ, урыс пащтыхьхэм адыгэ

фащэр щатӀэгъат, апхуэдизу яфӀэдахэти. Адыгэхэм ящӀу щыта Ӏэщэхэм нэхърэ нэхъ шэрыуэ, жыжьэрыуэ, нэхъ дахэ а лъэхъэнэм щыӀахэм яхэтакъым. Иджыпстуи щхьэзакъуэ Ӏэщэу абыхэм нэхърэ нэхъ лъапӀэ дунейм теткъым. Дауэ-тӀэ адыгэхэм ӀэщӀагъэмрэ щӀэныгъэмрэ яхуримыкъуу щытауэ зэрыжыпӀэнур?!

Адыгэ пщы уэркъхэр лъэпкъым епцӀыжауэ хэкуми хамэщӀми щатхыжащ тегъэлауэ. АбыкӀэ нэхъ тегъэщӀапӀэ ящӀыр адыгэпщ гуэрхэр урыс пащтыхьым и лъэныкъуэмкӀэ ебэхэу, а лъэныкъуэм къэнэныр нэхъ къащтэу зэрыщытарщ. Ауэ адыгэ пщы-уэркъхэр, Щамилрэ Мухьэмэд-Ӏэминрэ хуэдэу, зэзауэр, зытет дунейр зихуэдэр ямыщӀэу щытакъым. Абыхэм я адэшхуэхэр Урысейр къэрал лъэщу къызэфӀэзыгъэувахэм яхэтащ, Урысейм и инагъри и лъэщагъри зыхуэдизыр ящӀэрт. Тыркухэр, тэтэрхэр зищӀысми, я муслъымэн дин зехьэкӀэми фӀы дыдэу щыгъуазэти, Урысейм фӀы зыхуащӀу, а лъэныкъуэм езэгъхэмэ, дауи, нэхъ къащтэрт. Аращ, ахэр лъэпкъым епцӀыжауэ къэзылъытэхэм щхьэусыгъуэ ящӀыр. Ауэ, гъэщӀэгъуэныращи, щӀэныгъэлӀ куэдым гу лъатэну хуейкъым лъэпкъым иӀа пашэхэм я гупэр бийм хуэгъэзауэ минипщӀ бжыгъэкӀэ зэуапӀэхэм я псэр зэрыщытам. Жыгхэр щыту зэрылӀэм хуэдэу, я щхьэхэр Ӏэтауэ ахэр дунейм текӀуэдыкӀыжащ. Адыгэр дунейм тетыхункӀэ яхурикъун хабзэ дахэхэр къытхуагъэнащ абыхэм, дунейм и пӀалъэ зымыщӀэ быным адэм и щӀэин хъугъуэфӀыгъуэхэр зэрыракъухьыжым хуэдэу, дымыгъэкӀуэдыжмэ!..

Сэ си щхьэкӀэ срихьэлӀакъым Урыс-Кавказ зауэм адыгэхэм текӀуэныгъэр къыщӀыщамыхьыфам, къыщахьыфынуи зэрыщымытам гупсэхуу зыгуэр тетхыхьауэ. Сэ къызэрысфӀэщӀымкӀэ, езыхэм нэхърэ куэдкӀэ нэхъыбэ лъэпкъхэм япэщӀэтыфу къекӀуэкӀа адыгэр урысыдзэхэм щӀапэмылъэща щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Европэм щызэрахьэ Ӏэщэхэм я нэхъыфӀ дыдэхэм хуэдэхэмкӀэ урысхэм я дзэр зэщӀаузадэу зэрыщӀадзар. НэгъуэщӀу жыпӀэмэ, Кавказ Ищхъэрэм хуэдэ геостратегическэ щытыкӀэ гугъу зиӀэр 18-нэ лӀэщӀыгъуэм адыгэхэм ящӀу щыта ӀэщэхэмкӀэ пэлъэщыжынутэкъым жыжьэу уэ, икӀи цӀыхур куэду зэуэ зэраукӀ Ӏэщэ зыӀыгъ дзэхэм. Абы къыдэкӀуэу, урысеидзэм и унафэ зыщӀхэр политикэ унафэ къэзыщтэхэм нэхърэ а лъэхъэнэм куэдкӀэ нэхъ лъэщти, адыгэхэр гъусэ щӀыным емылӀалӀэхэу ахэр зэтеукӀэным нэхъ пылъхэт. Тырку муслъымэн къэралыгъуэмрэ муридизмэмри, дэтхэнэ зыми езым и фейдэ зыхэлъым трищӀыхьурэ, зэгурыӀуам хуэдэу, муслъымэн диным ит адыгэ пщы-уэркъхэр, муслъымэн диным и цӀэкӀэ зэтраукӀэри, лъэпкъым и щхьэ унафэр езым имыщӀыжыфу къагъэнащ. АдэкӀэ къэхъуар псоми дощӀэ….

Ӏуэхур апхуэдэу щыщыткӀэ, вы укӀам сэ хэзыӀум ещхьу, ди тхыдэр ди ӀэкӀэ дгъэулъиижыныр дгъэувыӀэжыну игъуэ хъуащ жыпӀэ хъунущ. Я насыпыншагъэкӀэ хамэщӀ къиихута адыгэхэр щӀэпхъуэжауэ е хэкум епцӀыжауэ аракъым. Урысейм пэщӀэмыувэу лъахэм къинэжахэри урыс агенту щытахэу аратэкъым. Урыс-Кавказ зауэр адыгэ къэухьым икӀри ин хъуат, уеблэмэ, ар езы Урысей дыдэм и гъунапкъэхэм икӀат. Тхьауэ пхужыӀэнукъым, щымыхъужми муслъымэн щӀыналъэщ жаӀэу, ӀэмалыншагъэкӀэ Тыркум, хьэрып къэралхэм Ӏэпхъуа адыгэхэри. Тыркум щитӀысыкӀахэр япэ щӀыкӀэ Бэлъкъаным ягъэӀэпхъуащ, абы щаӀэ зауэлӀхэр яхурикъуэжтэкъыми. АрщхьэкӀэ тыркухэм я Ӏуэхур абы щызэӀыхьакӀэт. Арати, 1878 гъэм Бэлъкъан зауэм урысхэм тыркудзэхэр къыщыхагъа-

щIэм, адыгэхэр аргуэру абы кърагъэIэпхъукIыжри, тырку щIыналъэмрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ ирагуэшащ.

Дэнэ щымыпсэуами, хамэщIыр хамэщIти, адыгэхэм сыт щыгъуи шуудзэ зэгъэпэщахэр ямыIэу хъуртэкъым. Сыту жыпIэмэ, я щхьэр яхъумэжурэ псэун хуейт. Псом хуэмыдэжу адыгэхэм я Iуэхур щызэIыхьэпар Япэ дунейпсо зауэшхуэр иухыу французхэмрэ инджылызхэмрэ Сайкс-Пико зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъур зэхуагуэшу, Тырку империем кIэ ирата нэужьщ. Тыркум къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм щIыгъуу муслъымэн псоми я хъалиф къулыкъур щымыIэж щыхъум, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щикъухьа адыгэхэр дэнэ дежи лейуэ къыщыщIидзащ. Сыту жыпIэмэ, муслъымэн империем и пIэм къитэджахэр тырку лъэпкъ е хьэрып лъэпкъ къэралыгъуэхэт.

ХамэщI адыгэхэм я процент 95-м щIигъуэр щыпсэур муслъымэн щIыналъэщ, зыхэсхэри муслъымэнщ. А къахэс лъэпкъ цIыкIухэм я бзэр, я щэнхабзэр хъума хъун папщIэ я пщэ къыдэхуэ къалэнхэм фIы дыдэу щыгъуазэщ а муслъымэн къэралхэр. ИкIи апхуэдэ хьэкъхэр ермэлыхэми, нэгъуэщI лъэпкъ гуэрхэми ехьэлIауэ ягъэзэщIащ, къухьэпIэ къэралхэм фIэлIыкIхэри. Ауэ адыгэхэм апхуэдэ хуитыныгъэ лъэпкъ иратакъым, уеблэмэ илъэс зыбжанэ ипэ адыгэ уэрэд, пшыналъэ тету кассетэ нэхъ мыхъуми зезыхьэр Тыркум бэлыхь щыхадзэу щытащ.

Хэхэс адыгэхэр щыпсэу къэралхэм ящыщу адыгэхэм я бзэмрэ я щэнхабзэмрэ зэрыс къэралым и хьэкъкIэ школхэм щрагъэджыр, ди жагъуэ зэрыхъущи, муслъымэн хэкухэракъым. Ауэ, хэт сыт жимыIэми, убзыщIыфынукъым ди лъэпкъэгъухэр КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и тхыдэм жыджэру зэрыхэтар икIи зэрыхэтыр. Ар я Iэужьщ ди лъэпкъэгъухэм я гъэсэныгъэм, щIэныгъэм, пэжыгъэм, лIыгъэу яхэлъым. Абы къыдэкIуэу, я анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр хъумэнымкIэ зэрыс къэралхэр щIэгъэкъуэн къахуэмыхъуми, абы емылъытауэ, адыгэхэр къогъуэгурыкIуэ къызыщыхъуа, зэрыс хэкухэм хуэпэжу. Абы щыхьэт тохъуэ иужь илъэси 150-м адыгэу минипщI бжыгъэхэм я псэр я хэкущIэхэм папщIэ зэратар…

Адыгэхэм жаIэ: «ИкIутар из хъужыркъым...» Ара пэтми, хамэщI ис адыгэхэм я Iуэхур гукIуэдыгъуэ защIэкъым. Дунейм адыгэу тетым я нэхъыбитIыр щыпсэур Тырку къэралыгъуэращи, Европэ зэгухьэныгъэм къигъэув хабзэм ипкъ иткIэ, лъэпкъ мащIэхэм я хьэкъ гуэрхэр абыи игъэзэщIэн хуей хъуащ. Аращи, адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнымкIэ къэралыр дэIэпыкъуэгъу мыхъупэми, пэрыуэгъу хъужыркъым. Ущыгугъ хъунущ абы фIыгъуэ гуэрхэр къыдэкIуэным ди къуэшхэр дяпэкIэ жыджэру телэжьэну.

КъуэкIыпIэ Гъунэгъур мамыру, зэгурыIуэныгъэ илъу псэуным хущIэкъу къарухэр мымащIэми, ар бэлыхь хэмыкIыж щIыным телажьэхэри щыIэщ, пэжщ, абыхэм къагурыIуа хуэдэщ а мурад бзаджэхэр къарукIэ къазэремыхъулIэнур. АрщхьэкIэ, я дзэхэр зэщIакъуэж хуэдэу защIIми, ахэр я гурылъхэм хущIегъуэжауэ аракъым, атIэ хэIущIыIу замыщIурэ тIасхъэщIэххэм, дин экстремист зэгухьэныгъэ щэхухэм, нэгъуэщI къинэмыщIхэм я зэфIэкIхэр къагъэсэбэпыну ращ, щIыдагъэу щIым щIэтыр яухыху. ИкIи, наIуэ къызэрыхъумкIэ, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щытыкIэр щызэщIэгъэплъэнымкIэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу щытынур ислъам экстремизмэрщ. Абы и къарур зэрыхуейуэ къагъэсэбэпурэ, хьэрып лъэпкъхэмрэ муслъымэнхэмрэ я щхьэ Iуэхур къагурымыIуэжу къагъэнэным нэсащ икIи лъэпкъ цIыкIухэр, динхэр, мэсхьэбхэр куэду щызэхэзэрыхьа щIыпIэхэм щыпсэухэр езыхэм я IэкIэ зэрызрагъэукIыжыным йолэжьхэр.

Апхуэдэу Iуэхур къыщIидзмэ, абы псом нэхърэ нэхъыбэу хилъэфэнур адыгэхэращ, сыту жыпIэмэ, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу гуп цIыкIу-хэм яхэткъым къэралышхуэ гуэрым къимыхъумэ, адыгэхэм фIэкIа! Зы адыги хуейкъым зэрыс къэралыр зэпкъраудыну, ауэ уафэр гъуагъуэрэ щхьэж и гуэн иуэжмэ, адыгэхэм, Тхьэшхуэм нэужь, гугъапIэу яIэр я хэ-куращ. Косовэ иса адыгэхэм я гузэвэгъуэ махуэм щIэгъэкъуэн зэрахуэ-хъуам хуэдэу, хамэщI щыпсэу адыгэ псори Урысейм къыщогугъ. НобэкIэ апхуэдэ гузэвэгъуэ итыр Иракым, псом хуэмыдэу Кэркуук къалэм дэс адыгэхэращи, абыхэм гулъытэ гуэр яхуэщIыныр зи чэзу дыдэт.

## Хэкум ис адыгэхэмрэ муслъымэн динымрэ

Нахуэ дыдэу жыIэн хуейуэ къыдолъытэ иужьрей илъэс щищым адыгэхэм муслъымэн диным и цIэкIэ иракIута лъым хуэдиз, я бжыгъэм елъытауэ, изыкIута зы муслъымэн лъэпкъи дунейм зэрытемытыр. А псор къалъытэу, апхуэдиз гужьеигъуэм къелауэ хэкум къинэжа адыгэ тIэкIум, илъэс мин бжыгъэ зи ныбжь ди бзэр, ди щэнхабзэр тхъумэжу дыпсэуну Iэмал диIэн папщIэ, иджы ди гугъу къамыщIыжами хъунут! Ауэ мус-лъымэн фанатикхэр тхыдэм еджэкъым, еджэми, ахэр зэджэхэм адыгэ тхыдэр къыхиубыдэркъым. Абы нэмыщIыжкIи, ахэр я щхьэ хуитыжккъым. Аращи, абыхэм дакъыгурыIуэнщ жыпIэу уащыгугъ хъунукъым.

Мы Iуэхум апхуэдизу щIытедгъэчыныхьыр дымащIэщ, хэщIы-ныгъэхэр ди фэм дэхуэжынукъым, арыншэми кIуэдыпIэ дихуа пэлъы-тэщи аращ. Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт 2005 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм къэ-хъуар. Зэрыщагъэуами, нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэми къыхэкIыу, IэщэкIэ зэщIэузэдауэ абы щыгъуэ Налшык и уэрам дахэхэм къыдагъэлъэдауэ щытахэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, адыгэт. Адыгэщ лъэныкъуитIым щыщу хэкIуэдахэри. Урыс-Кавказ зауэ нэужьым, а махуэм нэхърэ нэхъ Iей ди лъахэм и нэгу щIэкIакъым жыпIэмэ, ущыуэну къыщIэкIынкъым. Ар Тхьэм тщимыгъэгъупщэкIэ!

Мыбдеж къыщыхэзгъэщыну сыхуейт, апхуэдэ махуейм щыIууэм, ди лъэпкъым адыгэпсэр иджыри зэрыфIэмыкIуэдар къызэригъэлъэгъуар. Абы и щыхьэту щапхъитI къудей.

А махуэм  адыгэ хъыджэбз цIыкIу гуэр IуэхукIэ кIуауэ милицэм я лэжьапIэм щIэту зэхэуэр къэхъеят. ГъэщIэгъуэныр хъыджэбзыр тер-рористхэм зэращымышынаракъым, атIэ зэхэуэр иухыху хуэщIэр ищIэу милицэхэм зэрадэIэпыкъуарщ. Абы лIыгъэу къигъэлъэгъуар гулъы-тэншэу къэнакъым - Мэзкуу дыдэм яшэри къагъэфIащ. Мы щапхъэр и щыхьэткъэ а хъыджэбзыр зыпIа адыгэ унагъуэр, зыхэт щIалэгъуалэр, къызыхэкIа лъэпкъыр зэрыузыншэм!

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэм нэмыщIкIи, а махуэхэм Налшык и уэрамхэм дэз къащIат Урысейм и щIыпIэ Iэджэм къраша милицио-нерхэр. Абы щыгъуэм зэманыр нэщI мазэу ирихьэлIауэ щытами, адыгэ унагъуэхэм шхын пщтыр щагъэхьэзырурэ, уэрамым дэт урыс щIалэхэр щIэмычэу ягъэшхащ. Мы щапхъэми къигъэлъэгъуащ ди республикэм и цIыхухэр ислъам фанатизмэм пэщIэувэну зэрыхьэзырыр. Ауэ абы къыхэхыпхъэ дерсхэр къыхэзыхын хуейхэм къызэрыхамыхам и нэщэнэ гуэрхэр щыIэщ.

Иужьрей илъэсхэм Налшык уэрамхэм щыплъагъу хъуащ бзылъху-гъэ ныбжьыщIэ цIыкIухэр, я щхьэхэри я пщэдыкъхэри быдэу фIэкъу-

зыкӀауэ, зэщӀэкъузахэу, я нэщхъхэр зэхэукӀауэ, Ӏуэхушхуэ яӀэм хуэдэу, псынщӀэу зэхэзекӀуэхэу. Абыхэм хуэдэ япэхэм зэрыщымыӀам, я щытыкӀэри тӀэкӀу гунэмыс къазэрыщыхъум къыхэкӀыу, а бзылъхугъэхэм цӀыху къызэрыгуэкӀхэм «чупа-чупс» фӀащӀащ, ауан гуэри хэлъу. Ауэ ахэр «чупа- чупсхэкъым», - ахэр «Ислъам къызэщыужыныгъэ» зыфӀащауэ КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъур хьэлэбэлыкъ хэдзэным тегъэпсыхьа лэжьыгъэм щӀыгъуу къежьа Ӏуэхущ. Зи гугъу тщӀы зыхуэпэкӀэм дытемыпсэлъыхьми хъунут, ар «муслъымэныщӀэхэм» я униформэу, я нэщэнэу къалъытэу, абы куэдкӀэ щыгугъхэу, Ӏуэхушхуэ тращӀыхьу, ахъшэшхуэ трагъэкӀуадэу щымытамэ! «Ислъам къызэщыужыныгъэм» и унэтӀакӀуэхэр мы Ӏуэхум папщӀэ француз къэралыгъуэми, нэгъуэщӀ Европей къэралыгъуэхэми йоныкъуэкъухэр, муслъымэн хъыджэбз цӀыкӀуу абыхэм щыпсэухэм я щхьэхэр фӀэкъузыкӀауэ, адрейхэм «къахэпиикӀхэу» еджапӀэхэм, университетхэм ягъэкӀуэну хуит ирагъэщӀыну.

«МуслъымэныщӀэхэм» я униформэр нэхъ егъэлеяуэ къэзыгъэсэбэпхэри щыӀэщ, я щхьэхэр ӀэлъэщӀ фӀыцӀэкӀэ фӀапхыкӀрэ, я нэхэм фӀэкӀа къыщӀэмыщу, террористхэм ещхьу уэрамхэм дэту. Апхуэдэм къурикӀуа зы щапхъи фигу къэзгъэкӀыжынут, Германием къыщыхъуауэ. Дрезден къалэм дэту «муслъымэныщӀэ» цӀыхубз ныбжьыщӀэ гуэрым нэмыцэ щӀалэм къыжреӀэ: «Утеррористщ..!» Абы къаугъэ къурагъэкӀри, щӀалэр судым ират. Суд пащхьэм нэмыцэ щӀалэжьыр апхуэдизу къыщыгубжьати, сэ къурепхъуэтри цӀыхубзыр къеукӀ, и щхьэгъусэри лӀэн-къэнэну еуӀэ. Дауи, ар фашист зекӀуэкӀэщ, бгъэдахи хъунукъым, ауэ хамэщӀ уису апхуэдизу зыбгъэпӀийурэ закъыщӀебгъэужэгъунур сыт? Абы зи фейдэ хэлъхэм сыт хуэдизу ямыгъэжакъуэми, нобэрей зэманым хапӀыкӀ щӀалэгъуалэм езыхэм къагурыӀуэн хуейкъэ, апхуэдэурэ ирагъэлеймэ, я жагъуэгъухэр дуней псом кӀуэ пэтми нэхъыбэ зэрыщыхъунури, Европей къэралхэм кърахужыпэнкӀэ зэрыхъунури.

А псом я щхьэфэ дыщӀиӀэбэр хэкум ис адыгэхэм гу къабзагъэкӀэ муслъымэн диныр къащтэжыну гукъыдэж зэраӀэращ. Ауэ 19-нэ лӀэщӀыгъуэм диныр къагъэсэбэпурэ дызэрагъэжэкъуам хуэдэ аргуэру къытщымыщӀын папщӀэ, къэтщтэжыпхъэ диныр зыхуэдэр тщӀэн хуейщ. «МуслъымэныщӀэхэм» зэрыжаӀэмкӀэ, цӀыхубзым и щхьэмрэ и пщэмрэ, езыхэм къагупсыса униформэм тету, фӀэпхыкӀыныр фарзщ, нэщӀымрэ нэмэзымрэ хуэдэу. Ауэ пэжу пӀэрэ ар? Ди зэманым муслъымэн дин щӀэныгъэлӀхэм нэхъ цӀэрыӀуэ дыдэу яхэтхэм ящыщ зы, ди лъэпкъэгъу шейхъ Цей Джэудэт Сэхьид 2005 гъэм и пэщӀэдзэхэм Налшык хьэщӀэу къэкӀуауэ щыӀэу еупщӀахэт:

– ЦӀыхубзхэм я щхьэр фӀэпхыкӀынымрэ цӀыхухъухэм я жьакӀэр ягъэкӀынымрэ теухуауэ сыт къыджепӀэн? – жаӀэри. Абы а упщӀэм жэуап къритащ Мухьэмэд бегъымбарым и псалъэхэмкӀэ:

– Тхьэр зэплъыр фи теплъэхэркъым, фигухэм илъхэращ мыхъумэ.

Фанатикхэм зэраукъуэдийм хуэдэу, щхьэр фӀэпхыкӀыныр фарзу щытамэ, апхуэдэу жэуап къимыту, зэрыфарзыр жиӀэнти къигъэнэнт дин щӀэныгъэлӀ гъуэзэджэм.

Зи гугъу тщӀы Ӏуэхум дыпыӀукӀ хуэдэу къызыщыхъун щыӀэнми, аргуэру щапхъэ гуэрхэм я гугъу дымыщӀу хъуркъым.

МуслъымэндинымзэкъуэшитӀым,зэшыпхъуитӀым,зэдэлъхузэшыпхъухэм я бынхэр зэрышэну дурыс зэрищӀым къыхэкӀыу, щӀыдагъэр зи

куэд хьэрып къэралхэм, зэблагъэхэр зэрышэжыныр нэхъыбэ щыхъуащ иужьрей илъэсхэм. Ар нэхъыбэу къызыхэкIар унагъуэм и мылъкур зэблагъэхэм къахуэнэныращ. Ауэ мылъкум щIыгъуу щIэблэхэм зэIэпах хъуащ я генетикэхэм хэлъ узхэри. Апхуэдэурэ, уз пыухыкIа гуэрхэм унагъуэшхуэхэр зэрыщыту зэщIищтэу щIидзащ. Ар щэхукъым. Ауэ аракъым дэ дызытепсэлъыхь Iуэхум нэхъыщхьэу хэлъыр. Нэхъыщхьэр «Ислъам къызэщыужыныгъэр» зэрызэтраIыгъэр зи гугъу тщIы щIыдагъэр зи куэдхэм я ахъшэу зэрыщытырщ. Абы и щIыIужкIэ ахэр тегужьеикIауэ, лIахэр къагъэтэджыжын къыпфIэщIу, «муслъымэн къызэщыужыныгъэм» щIелэжьхэр щIыдагъэм, нэгъуэщI политикэхэр дэнэ къэна, нэгъуэщI гупсысэкIэхэр бгъэдамыгъэхьэн папщIэщ. Аращи, ткIийуэ зэрахьэ «муслъымэныщIэ хабзэхэм» тету, зэблагъэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зэрагъэшэжыным къыщымынэу, мы къэралхэм нэгъуэщI хабзэ Iей дыдэхэр къыщежьэу хуежьащ. Зэдэлъхузэшыпхъу дыдэхэр, зэадэзэпхъухэр лIырэ фызу зэрыгъуэтыжынымкIэ дуней псом процент нэхъ лъагэ дыдэхэр здэщыIэ хъуар щIыдагъэкIэ къулей хьэрып къэралхэращ. Ауэ а процент бжыгъэр къэхутэныгъэхэм къагъэлъагъуэ бжыгъэхэми къыщынэжыркъым, сыту жыпIэмэ унагъуэ куэдым апхуэдэ Iуэху гуемыIур ябзыщI.

Мы щапхъэхэр къыщIэтхьыр муслъымэн диныр зехьэныр иужь зэманым къежьа щхьэ фIэпхыкIыкIэм зыкIи зэремылъытар, диныр зытещIыхьар цIыхум и гум илъырауэ зэрыщытыр нахуэу, гурыIуэгъуэу къэдгъэлъэгъуэн папщIэщ. ИкIэм-икIэжым адыгэ хабзэми муслъымэн динми яфIэкъабылу ягъэдахэр цIыхубзым, и щхьэрэ и пщIэрэ ихъумэжу хуэпауэ щытынырактъэ! Абы тещIыхьа хабзэ пыухыкIахэр куэд щIауэ къадокIуэкI Тыркуми, Иранми, Пакистанми, нэгъуэщI муслъымэн къэралхэми. А псоми я зыхуэпэкIэ яIэжщ. Хьэмэрэ къэдывгъащтэт ди адыгэ фащэр. Хуэдэ уигъэлъыхъуэу зэрыдахэм и мызакъуэу, къэгъуэтыгъуейщ муслъымэн диным фащэу абы нэхърэ нэхъ къезэгъ. Ар махуэ къэс щамыгъагъыфынумэ, ди адыгэ цIыхубзхэм щIахъуэжын щыIэкъым Iэджэ щIауэ зэрахьэ щхьэфIэпхыкIыр, ар яхурикъунущ адыгэ муслъымэн цIыхубзу, зи щхьэрэ зи пщIэрэ зыхъумэжу къэнэну хуейхэм.

Сигу къинэжащ мыпхуэдэ зы Iуэху. СССР-у щытар лъэлъэжагъащIэу «Нарт» хьэщIэщым и бжэIупэшхуэм дыщызэхэтт, хамэщI къикIа адыгэхэр къедгъэблагъэу. Абдеж зы къэбэрдей адыгэ щIалэщIэ къызбгъэдыхьэри дызэрыцIыхуащ. ЩIалэм гукъеуэ гуэр зэриIэр нахуэт, и чэнджэщ зрихьэлIэн къилъыхъуэ къыщIэкIынт. СыкъэкIуэжыпауэ Налшык сызэрыдэсыр къыщищIэм, нэхъ дзыхь къысхуищIри къызэупщIу щIидзащ:

– КхъыIэ, нэхъыжь, емыкIу сыкъыумыщI, хъунумэ, зыгуэркIэ сыноупщIынут...

– ЖыIэ, шынэхъыщIэ, упщIэм емыкIу хэлъкъым, - щыжысIэм, щIалэм и гум щызэрыш Iуэхур зэуэ къыжьэдэхуащ:

– Муслъымэн диныр, Тхьэм къабыл ищIу къэтщтэжын папщIэ, чыристэн гуэрым е журт гуэрым илъкIэ андез тщтэн хуейуэ жаIэ, пэж ар?!

КъызэрызэупщIам сыкъигъэуIэбжьауэ, щIалэм и нэхэм сыщIэплъащ:

– Муслъымэн диныр къэпщтэжын папщIэ зым илъи бгъажэ хъуххэнукъым, абы нэхърэ нэхъ хьэрэм щыIэкъым! Хэт апхуэдэ хьэдэгъуэдахэр къыбжезыIар? – щыжысIэм, и щхьэр къимыIэту, щIалэр IукIыжащ, зыгуэрхэм жаIэу зэхэсхауэ арат, жиIэри.

КъызэрыщIэкIамкIэ, апхуэдэт итыр «Ислъам къызэщыужыныгъэм»

и тхьэмадэхэм ди лъахэм къагъэхьыгъа письмом! Апхуэдэурэт муслъымэн диныр къызэрыдагъэщтэжынур. ХамэщI къикIыжахэр дынэхъ губзыгъэу армырами, дэ ди нэгу щIэкIатэкъэ Сирием, Мысырым, Алжирым, КъуэкIыпIэ Гъунэгъу къэралхэм къыщыхъухэр, дыщыгъуазэтэкъэ «муслъымэн зэкъуэшхэм» я партми, нэгъуэщI гуп зэгъэпэщахэми муслъымэн диным и цIэкIэ кърахьэжьа къэзэуатхэм лажьэ зимыIэ цIыхухэр минипщI бжыгъэкIэ зэрыхэкIуадэм! Абы нэмыщIыжкIэ ди нэкIэ тлъагъурт а «муслъымэн зэкъуэшхэри», нэгъуэщIхэри Налшык къэсахэу зэрыщылажьэхэр, еджапIэ къызэIуахауэ ди щIалэхэр, хъыджэбз цIыкIухэр компьютерхэм хурагъаджэ хуэдэурэ, я щхьэхэр зэрагъэутхъуэр, я униформэр хъыджэбз цIыкIухэм къыщакъуэу зэрыщIадзар.

«Ислъам къызэщыужыныгъэр» къэзыгупсысахэм я къару фIыцIэхэм яхузэфIэкIакъым ди лъахэм къэзэуат къыщаIэтын. Ауэ абыхэм яхузэфIэкIащ япэрей шэшэн зауэм хэIэбэн. А зауэм урыс мафиеми, тырку агентхэми я Iэ хэлъами, шэшэнхэм я тхьэмадэу щыта Джохъар Дудаевым Шэшэн республикэр муслъымэн къэралыгъуэ ищIыну ерыщу зэрелэжьам къегъэлъагъуэ «Ислъам къызэщыужыныгъэм» и политикэр лъэ быдэкIэ Кавказ Ищхъэрэм щагъэувыну яужь зэритар. Дин щIэныгъэлI цIэрыIуэ, Иордан къэралыгъуэм пщIэшхуэ щызиIэ, министру куэдрэ лэжьа, шэшэн лъэпкъым къыхэкIауэ шэшэныбзэр фIы дыдэу зыщIэ Абдул Бакъи Джэмо а лъэхъэнэм Шэшэным къакIуэри мазэ бжыгъэкIэ щыхьэщIауэ щытащ. Ар куэдрэ хуэзат Дудаевми, нэгъуэщI тхьэмадэхэми. Псоми елъэIуат муслъымэн къэралыгъуэ ухуэным пыкIынхэу, Урысейм езэуэн Iуэху зэрамыхуэну. Ауэ зыри къемыдаIуэ щыхъум кIуэжат.

Хэтыт-тIэ муслъымэн Iуэхум нэхъыфIу хэзыщIыкIыр - кхъухьлъатэзехуэу щыта Дудаевырат хьэмэрэ АIэзхьэр ислъам университет цIэрыIуэр къэзыуха профессорырат?

Япэрей шэшэн зауэм щIидза нэужь, Иордан телевиденэр щIэныгъэлIым деж кIуауэ къагъэпсалъэу еупщIахэт:

– Джохьар Дудаевым теухуауэ сыт къыджепIэн? – жари.

– А генералыр и лъэпкъым епцIыжащ! – Арат жэуапу къаритар.

А лъэхъэнэм куэдым ягъэщIэгъуат дин щIэныгъэлIым и жэуапыр, ауэ иужькIэ, Iуэхум и пэжыпIэр къэлъэгъуа нэужь, апхуэдэу щIыжиIар къагурыIуэжащ.

КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щызэхагъапцIэу, лъыр къыпыжу ди лъахэм къагъэса «Ислъам къызэщыужыныгъэм» сыт хуэдэ IэмалкIэ цIыхухэм я щхьэр зэригъэутхъуэр, муслъымэн дин хабзэхэм щыщу сыт хуэдэхэра къигъэсэбэпыр?! Апхуэдэ упщIэхэм нэсу жэуап етыныр кIыхь дыдэ хъунщ, ауэ ар гурыIуэгъуэ тщIын папщIэ нэхъ кIэщIу щапхъэ гуэрхэр къэтхьынщ.

Мухьэмэд бегъымбарыр 570 гъэм Мэкэм къыщалъхуащ. 610 гъэм, КъурIэныр къыхуэкIуэу щIидзэри, илъэс 13-кIэ мэкэдэсхэм яхэтащ, Ислъам диным цIыхухэр къыхуриджэу. Ираным щыщ, муслъымэн дин щIэныгъэлI, тхакIуэ цIэрыIуэ Алий Аддэштий зэритхымкIэ, а зэман кIыхьым къриубыдэу Мухьэмэд и диным къихьахэр цIыхуищэ нэхърэ нэхъыбэ хъуакъым, жэщи махуи еш имыIэу ядэлэжьа пэтми. Къихьахэри тхьэмыщкIэу, факъырэу, мэкэдэсхэм я Iэпыдзлъэпыдзу щытахэрщ. Абыхэм зыхузэфIэкIыу, мылъку ябгъэдэлъу, щхьэрэ пщIэрэ яIэу яхэтар цIыху зыхыблым фIэкIыркъым. И динышIэм къыхуриджэу абы дэсыху, гугъу дыдэ ирагъэхьащ Мухьэмэд бегъымбарри, и гъусэхэри, езыри ауан къащIу, яубэрэжьу, шхынрэ псырэ нэгъунэ къыпаубыду. Апхуэдизу

гугъу щIрагъэхьар диныщIэм къыпыкIын папщIэт, ауэ къахуикIуэтакъым, Ислъам диным къыхуриджэнри игъэувыIакъым. ИкIэм-икIэжым, яукIыпэну унафэ щащIым, Мэкэ гъэпщкIуауэ дэкIуэсыкIри, Мадинэ къалэм Iэпхъуащ 623 гъэм.

Мухьэмэд бегъымбарыр Мэкэм щыIэхукIэ муслъымэн диным цIыхухэр къыхуриджащ щабэу, дахэ защIэкIэ. Ауэ Мадинэ щыIэпхъуэм, и гъусэхэр куэд къэхъущ, лъэщ хъури, дахэр щыпхымыкIым деж джатэр яригъэлъагъуу къиублащ. ДиныщIэм джатэм и шынагъэри щIыгъу щыхъум, псынщIэу зиубгъуу щIидзащ. АдэкIэ Мухьэмэд бегъымбарыр зэрыпсэужа илъэсипщIым хьэрыпхэр къанэ щымыIэу муслъымэн диным къихьащ. А зэманым КъурIэным убзыхуа щыхъуащ муслъымэн диным Iэщэр зэрыщIыгъуну щIыкIэри. Уеблэмэ, «джихьэд» зауэр фарзу муслъымэнхэм ятелъу, ящыщ гуэрхэр мычэму диным папщIэ зэуэн хуейуэ къуэды ищIащ. Ауэ ар зэхьэлIар муслъымэн шэрихьэт хабзэм тету, хъалифыр и унафэщIу къэралыгъуэ щIыныращ. АрщхьэкIэ, Мухьэмэд бегъымбарыр зэрылIэу, и гъусахэр зэгурымыIуэж хъури, муслъымэн диныр мэсхьэбитIу зэщхьэщыкIыныр щIидзащ, нобэ ар нэхъыбэж хъуащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми, КъурIэнымрэ бегъымбарым жиIа хьэдисхэм щыщхэмрэ тегъэщIапIэу яIэу утыку къиувэхэри, псоми гъусэ яхуэхъун ягъуэтащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, муслъымэн диныр зы фIэкIа мыхъуми, а диным и зехьэкIэ зэхуэмыдэхэр къэунэхуащ, зым адрейхэр игъэкъуаншэу. Тырку империем муслъымэн псоми я унафэр иубыду илъэс 500-кIэ иIыгъауэ хъалиф къулыкъур щымыIэж щыхъум, хьэрыпхэми, адрей муслъымэнхэми я щхьэ унафэ ямыщIыжыфу къэнащ. Сайкс-Пико зэгурыIуэныгъэм и ужькIэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къыщыунэхуа къэрал цIыкIуфэкIухэм хъалиф къулыкъур зезыхьэфын къахэкIакъым. Арати, къухьэпIэ къэралхэр, цIыхубэми динми зэрыхуейуэ ириджэгухэурэ, «Ислъам къызэщыужыныгъэ» джэгукIэр КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къраутIыпщхьащ, хьэрыпхэри муслъымэнхэри щхьэлажьэ ящIхэу, щIыдагъэмрэ газымрэ пэрыуэгъу ямыIэу къыщIашыфын папщIэ. А программэ дыдэм Кавказри хагъэхьащ, абы щIэт щIыдагъэмрэ газымрэ зыIэрагъэхьэн, Урысейм и зыужьыныгъэр зэралъэкIкIэ ялъэхъэн я мураду.

Иджы, дыщIоупщIэ: апхуэдэу хъэрэмэхъищэу зэхащэу ягъэутхъуа дин зехьэкIэр хэкум къина адыгэ тIэкIум дауэ къызэращтэнур? Мыбдежым уаз тын Iуэху щызетхуэркъым, ауэ а упщIэм и жэуап хъуну къытщохъу ди лъэпкъэгъу, муслъымэн къэралу щыIэм къыщалъытэ дин щIэныгъэлI Цей Джэудэт Сэхьид жиIауэ щытар. Хэкум икIа хьэщIэ гуэрхэр лIэщIыгъуэ блэкIам и кIэуххэм абы и деж тшауэ дыщыIэу хьэщIэхэм жаIат Налшык Ислъам институт къызэрыщызэIуахар, хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм икIауэ абы дин егъэджакIуэхэр зэрыщылажьэр. Зыкъомрэ щыму щыса нэужь, Джэудэт къажриIар мырат:

– Уэлэхьэ, зыри нэмыкIуэу, муслъымэн диныр гу къабзагъэкIэ зэрызефхьэу щытам хуэдэу зефхьэу фыкъанэмэ, нэхъыфIым. Фызэхагъэзэрыхьынщи, фщIэнур фымыщIэу фыкъэнэнщ!..

Дин лэжьакIуэ губзыгъэм абы щыгъуэм илъэгъуам хуэдэт нобэ дызыхуэкIуа щытыкIэр. Абы дыхуэзышахэм яхузэфIэкIмэ, дэри адрей муслъымэнхэм иращIэм хуэдэхэр къыдащIэурэ, щIыдагъэмрэ газымрэ иухыху екIуэкIынущ, псэупIи, гупсэхугъуи къыдамыту. Ауэ адыгэхэм апхуэдиз зэман диIэкъым, къыдащIэу хъуар зредгъащIэу, абы дытетхьэусыхыхьыжу дыщысын хуэдэу, арыншэми лъэпкъ мащIэу кIуэдыпIэ ихуахэм ящыщ зы дыхъуащ.

Муслъымэн диным и зы лэжьакIуэ пэж къэуву къыбжиIэфынукъым динымрэ адыгэ хабзэмрэ зэмызэгъыу. Арщхьэкlэ, «муслъымэнышIэхэм» апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр яфIэкъабылкъым. Абыхэм къагуроIуэ Урыс-Кавказ зауэми, нэгъуэщI бэлыхь куэдми къащхьэдэхыфа адыгэ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ зэхамыфыщIауэ я мурад фIейхэр ди лъахэм къазэрыщемыхъулIэнур. Аращи, «Ислъам къызэщыужыныгъэм» и джакIуэхэу ди деж щыулъэпхъащэхэм, «муслъымэн фащэ» зыфIаща униформэхэм деж щегъэжьауэ, Iэмалу щыIэр къагъэсэбэп муслъымэнхэр зэщызыгъэхьэж дин зэблэшам цIыху нэхъыбэ хуашэн папщIэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ягъэжэкъуэфхэри мащIэкъым. Хэт иримыхьэлIар, псалъэм папщIэ, адыгэ хьэгъуэлIыгъуэхэм пшынэ къыщрамыгъэщтэну, джэгу щрамыгъэщIыну хэтхэу. НэхъыкIэжыращи, фо къыпIурацIэлъу зыкъыпщагъэхъуну хэту, «муслъымэнышIэхэм» къахуэгъэдаIуэхэр къагъэдэIуэну яужь итщ, «Адыгэ хабзэ жыхуэфIэр мажусий хабзэщ, муслъымэн диным къезэгъыркъым ар, хыфIэвдзэж, адыгэбзэмкIи фщIэн щыIэкъым, КъурIэным и бзэр жэнэтыбзэщ, ар зэвгъащIи фрикъунщ», жаIэу.

Iэджэ мэхъу лъэпкъым и лъабжьэр щIаудын папщIэ къагъэсэбэп апхуэдэ Iэмалхэр. Иджыри зэ фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейт мыпхуэдэ дыдэ мылым адыгэр трашэну зэгуэр яужь зэритахэр. Си гугъэщ гъуэгу цIэнтхъуэрыгъуэм пэIэщIэ зэрызыхуэтщIын акъыл ди лъэпкъым нобэ къыкъуэкIыну. Апхуэдэ акъыл нобэ хуэдэу дыхуэныкъуэ зэи хъуакъым, сыту жыпIэмэ «емынэм къелар хъумбылейм ехьыж» - жыхуаIэм хуэдэу, щхьэхъумэж зауэ псоми къела адыгэ тIэкIур «муслъымэнышIэхэм» кърахужьа гъуэжькуийм дихьыжыпэнкIэ шынагъуэ щыIэ хъуащ!..

***КЪУНДЕТ Тамбий***

## *Дэ къытхуатх*

# Лъагъуэхэр

***УсакІуэ Щоджэн Хьэбас и гъащІэм щыщ Іыхьэ***

**ЦІыху гъащІэр лъэныкъуэ куэду зэхэлъщ. Абы хэтщ езы цІыхум и щхьэм ехьэлІа, нэгъуэщІхэр щамыгъэгъуазэмэ нэхъ къащтэ Іыхьи. Апхуэдэхэр хэти хуэсакъыпэу щІэуфауэ ехъумэ, хэти, хэІущІыІу хъуамэ, уэим имыщІыщэу, щхьэдегъэІухри йожьэж. Сэ сщІэркъым нобэ зи гугъу фхуэсщІыну мы Іуэхур зэрысІуэтэжым Хьэбас зэреплъыну щытар, ауэ лъэныкъуэ зыбжанэкІэ сыкъегупсысри, абы убзыщІыпхъи хэмылъу, езы Хьэбаси зыгуэркІэ имыгъэпуду къэслъытащ. Дауэ щымытми, ар ди культурэм, искусствэм я лэжьакІуэ пажэхэм ящыщ зыуэ дунейм тетам и гъащІэм щыщ пычыгъуэщ, сымыщІэххэу срихьэлІэри сэри щыгъуазэ сыхъуауэ. Ар иджыпсту сІуэтэжын хуейуэ къыщІэслъытами щхьэусыгъуэ пыухыкІа иІэщ: зи уэрэдхэм, зи тхылъхэм сыщыгъуазэ Хьэбас псэужамэ, май мазэм илъэс 75-рэ ирикъунут.**

**ГъэщІэгъуэну, дызэрымыщІэу дызэхуэзами, къэхъун хуейуэ къэхъуа Іуэхуу къэслъытащ мы хъыбарыр зэхьэлІа цІыхубзыр цІыхугъэ зэрысхуэхъуари.**



1935 гъэм Шэджэм Езанэм къыщалъхуа Щоджэн Хьэбас и щІалэгъуэ дахэу ГИТИС-м щеджэрт. Абы и благъэт Стромынкэ уэрамым тет общежитым щыпсэу адыгэ пщащэ цІыкІухэм ящыщ Гъудэ Мазили, абы деж лъагъунлъагъу кІуэху и нэр фІэнэрт Мазилэ и ныбжьэгъу Иринэ. Хъыджэбзым дилъагъу адыгагъэр игъэщІэгъуат абы япэу щыІуплъам. Куэдри и фІэщ хуэщІакъым ар мыадыгэу.

Иринэ искусствэм пэІэщІэт а зэманым. МАИ-м (авиациемкІэ институт Москва дэтым) и инженер факультетым щеджэрт. 50 гъэхэм студентхэр общежитхэм щІагъэтІысхьэрт зыщІэс еджапІэм емылъытауи, пищевой институтым и студенткэ Мазилэрэ Иринэрэ зы пэш къыщІэхутат. Хьэбас благъэ хъыджэбзым и ныбжьэгъур игу ирихьами, игу илъ хуиІуэтэным и гугъу умыщІи, щІалэм хъыджэбзыр хуиту зэпиплъыхьын укІытэрт.

ИтIани, общежитым къэкIуэху, абы и гухэлъым щыгъуазэ и шыпхъум а тIур зэбгъэдигъэтIысхьэрти, уэршэрт, шей зэдефэхэрт. Апхуэдэурэ я гурыщIэр нэхъ куу щыхъум, ныбжьыщIитIым я дэлэл хуэдэу хъуа Мазилэ зэгуэрым нэкIуэпакIуэу Иринэ еупщIащ:

– Хьэбасрэ уэрэ фяку лъагъуныгъэ зэрыдэлъыр нэрылъагъущ. КъыздэкIуэ жиIамэ, удэкIуэнт?

УпщIэм Iэнкун ищIами, Ирэ, пэжыр жиIэри, щIэупщIэжащ:

– СыдэкIуэнт, ауэ езым сыт ар къыщIызжимыIэр?

– Ди лъэпкъым цIыхухъу куэд хэтщ укIытэр къытекIуэрэ игу илъыр зэгуэкIуам жримыIэфу. Хьэбаси абыхэм ящыщу аращ. Сришыпхъущи, сэ къыстохуэ Iуэхур зытетыр бжесIэну. Фи зэхущытыкIэм сыхэIэбэн си пщэ дэслъхьэжынуи къозэгъ. Уэ нысэ утхуэхъуну уарэзымэ, аращ нэхъыщхьэр.

КIыхьлIыхь зимыщIуи дыщIигъужащ:

– Апхуэдэу щыщыткIэ, нобэ щыщIэдзауэ удинысэу къызолъытэ. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм Къэбэрдейм утшэжынщи, хьэгъуэлIыгъуэр абы щытщIынщ.

Iуэхур апхуэдэу зэрыхъуам Хьэбаси Ирини зэрыщыгуфIыкIыр тIуми я нэгум иплъагъуэрт. Хьэбас, зэман иIэ зэрыхъуу, общежитым къакIуэрти Иринэ бгъэдэст е, Мазили гъусэ ящIырти, къалэшхуэм и щIыпIэ гъэщIэгъуэнхэм зыщаплъыхьт.

Зы махуэ гуэрым, Иринэ еджэн иухауэ къыздэкIуэжым, и цIыхугъэ чех щIалэ кърихьэлIэри, зэгъусэурэ общежитымкIэ къаунэтIыжащ. Ладомир шоколад коробкэ къыхуищэхури, абыи хэIэбахэщ. КъыщIыхьэжу, «фшхыт, кхъыIэ!» жиIэу коробкэр Iэнэм къыщытригъэувэм, Мазилэ къэуIэбжьауэ щIэупщIащ:

– Мыр дэнэ къыздипхар?!

– Ладомир къысхуищэхуащ.

– Ар дауэ?! Нысэ узэрысщIар пщIэуэ, хамэ щIалэхэм я гъусэу уэрамым щхьэ удэт?! КъыпхуащэхупауИ сощI, щхьэ къеIыпха?!

Иринэ ищIакъым абы апхуэдиз кърикIуэну, уеблэмэ къэхъуар иджыри къыгурыIуэртэкъым. Ауэ Мазилэ зэрымыгушыIэр IупщIт.

Пэжт, XX лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм шоколад коробкэр къэщэхугъуафIэ дыдэтэкъым, ауэ апхуэдиз къикIыну гурыщхъуэ къудей ищIатэмэ, къыIимыхыным къыщымынэу, Ладомир ауэ гъунэгъууи бгъэдыхьэнтэкъым, ауэ иджы сыт Iэмалыжт...

Ар и зэблэукIэу Iуэхур зэблэури, Иринэ и студент зэманри блэлъэтащ, IэнатIи Iууващ, унагъуи хъуащ. Къыщалъхуа Рязань игъэзэжарэ конструктор бюром щылажьэу, зэгуэр абы и нэр фIэнащ газетым тет статьям. Ар теухуат XI лIэщIыгъуэм адыгэпщ Редадэрэ Мстиславрэ яку къыдэхъуам. АпхуэдизкIэ IупщIу авторым къиIуэтэжырт мо зэман жыжьэм щыгъуэ къэхъуари, абы къызэщIиIэтауэ Иринэ тIысри статьяр зи IэдакъэщIэкIым письмо хуитхащ. Абдеж къыщежьащ езы Ирини тхэным гу зэрыхуищIар. Зи гугъу тщIа статьям и авторымрэ абырэ зэхуэтхэу зэрыщIадзам роман зыбжани къыдэкIуащ культурэм, литературэм, щалъхуа щIыпIэм и тхыдэм теухуауэ. Нобэ Иринэ Константиновнэ Красногорскэр Рязань и тхакIуэ пашэхэм ящыщщ. Москва щекIуэкIа тхылъ выставкэм дыщызэрихьэлIэу дызэрыцIыхуа нэужь, абы жэрдэм ищIащ си тхыгъэхэр зэридзэкIыну. Хьэлэмэт гуэруи тыншу дызэгурыIуащ. Сэ япэ щIыкIэ згъэщIэгъуащ апхуэдэу си кIэныр къызэрикIар. «ГИТИС-м щеджа зы Хьэбас гуэр сцIыхуу щытащ», – щыжиIэм, си гур зыкъомым хуэжащ. АдэкIэ къыпищэнум

сыпэплъэу зызущэхужами, и щхьэ течауэ нэгъуэщI щыжимыIэм, сэри лейуэ сеупщIыныр сфIэемыкIу хъуащ. ИужькIэ Иринэ Константиновнэ сигъэлъэгъуат студент гуп зэрыт сурэтышхуэ. Абыи сцIыхуу зыри яхэслъэгъуатэкъыми, сурэтыр зытрахахэм адыгэ хъыджэбзищ зэрахэтыр згъэщIэгъуами, абыхэм теухуауэ зыри схужыIатэкъым.

«Лэжь» зыфIэсща си тхылъыр Красногорскэм зэридзэкIыу урысыбзэкIэ къыдэкIа нэужь, Рязань къалэ библиотекэм драгъэблэгъат тхылъым теухуа зэIущIэ ирагъэкIуэкIыну. Тхылъеджэхэм я пащхьэ къиувэу Иринэ Константиновнэ абдеж щыжиIам сэ къызгуригъэIуащ нэхъапэкIэ сызэремыупщIыфам и жэуапыр. Мырат абы и псалъэхэр зэриухар: «Сэ фIыуэ слъэгъуат нобэ фи пащхьэ къис мы адыгэ тхакIуэм и лъэпкъэгъу щIали, зыри къызэрызмыха Iуэху мыхьэнэншэ гуэр щхьэкIэ дызэфIэкIуэдыжауэ щытащ. А псор си гум къыдрихьеижат адыгэу къыщIэкIа мы щIалэм тхылъ выставкэм сыщрихьэлIам икIи и повестыр урысыбзэкIэ зэздзэкIыну сыщIыпэрыхьам и щхьэусыгъуэхэм ар ящыщ зыщ».

Щоджэн Хьэбасрэ Красногорскэмрэ щызэрыцIыхуа зэманым «литературэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ ухъунущ» къыжраIамэ, абы ауан хэлъу къилъытэнт. Ауэ гъащIэм и лъагъуэхэм узыхуашэнур къэщIэгъуафIэкъым. Нобэ Иринэ Константиновнэ Рязани Урысей псоми къыщацIыху прозаик гъэщIэгъуэн дыдэщ. Абы и романхэу «Тень Ники», «Приключения Стахии...», «Анна Великая, княгиня Рязанская...», и рассказ гъэщIэгъуэнхэр, и публицистикэр тхыдэм и нэпэкIуэцI телъыджэхэр къызэкIуэцIызыхщ. Меценат цIэрыIуэ, журналист, хьэрычэтыщIэ, литератор, «Петербург и Фигаро» зыфIащауэ щыта Худеков теухуауэ итха лэжьыгъэ иным папщIэ Красногорскэм иджыблагъэ къыхуагъэфэщащ литературэ саугъэт лъапIэ. Иджыпсту тхакIуэр Рязань щопсэу икIи щолажьэ.

КIэщIу къэсIуэтэжа мы хъыбарыр кърикIуащ илъэс тIощIрэ пщIым щIигъу япэкIэ дунейм ехыжа адыгэ усакIуэ, уэрэдус цIэрыIуэ Щоджэн Хьэбас и фIыгъэкIэ нэIуасэ схуэхъуу си повестыр зэзыдзэкIа Иринэ Константиновнэ Красногорскэм къызжиIэжахэм. Тхьэм иухауэ къыщIэкIынт а тIум я лъагъуэхэр си деж иджыри зэ щызэблэкIыну.



Налшык сыкъэкIуэжа нэужь сэ къэслъыхъуэу щIэздзащ Красногорскэм и архивым щихъумэ сурэтым ит адыгэ цIыхубзхэр. Махуэ зыбжанэ абы тезгъэкIуэдауэ, си цIыхугъэ гуэрхэм сигу къагъэкIащ Хьэбас Москва къыщыдеджа, илъэс куэдкIэ ди телевиденэм и режиссеру щыта Урыс

Мухьэзир абыкIэ къыздэIэпыкъуфынкIэ зэрыхъунур. Пэж дыдэуи, Мухьэзир занщIэу къицIыхужащ я къуажэгъу, а зэманым Москва щеджа Гъудэ Мазилэ. Арат Иринэ и ныбжьэгъуу щытари. Мы зэманым Мазилэ (Блий Марие) Налшык щопсэу, и пенсэ кIуэгъуэ хъуху ар щылэжьащ IэфIыкIэ щащI фабрикэм (щысхэм ящыщу я кум дэсырщ). Абы и ижьырабгъумкIэ къыщысщ Красногорскэ Иринэ. И сэмэгумкIэ щысыр IэфIыкIэ фабрикэм унафэщIу щылэжьа, иужькIэ министруи щыта КIумыхъу Нинэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ар псэужкъым. ЕтIуанэ сатырым сэмэгурабгъумкIэ япэу къыщытыр IэфIыкIэ фабрикэм и директору, КПСС-м и Налшык къалэ комитетым и секретару, КъБР-м и Министрхэм я Советым и Председателым и къуэдзэу лэжьа Чым Евгениещ. Иринэ Константиновнэ и архивым къыхэтхащ Хьэбас и сурэт мы тхыгъэм хэтри.

**ШАЩIЭ Алик.**
*Москва*

Хъуэжэ и Куэдыжэ

КIУАНТIЭ Iэзид

# Баз

Щыхьым щхьэлтетт. Ар щхьэлым пэмыжыжьэу щыт унэ кIыхьышхуэм щыпсэурт. Абы и цIэр зэрызэхахыу, ар зыцIыхухэм я Iупэр зэтежырт, и хъыбархэр я нэгу къыщIэувэрти. Пэж дыдэуи, Щыхьым гушыIэрейт, хъуэрыбзэ дахэ Iурылът, хъыбару къыдекIуэкIми щIэрэ гъунэрэ яIэтэкъым. А псом я гугъу иджыпсту тхуэщIынкъым, ауэ мы зыр фхуэсIуэтэжынщ.

А гъэм, цIыхум ямылъэгъуам хуэдизу, ди къуажэ хъарбызыр бэгъуат. Уафэм икIута вагъуэу, зоIусэ жыпIэну, хъарбызыр хьэсэм илът, блэкIри къыблэкIыжри ехъуапсэу. Гъэмахуэм хъарбызыр, хэти зэрищIэщи, жэнэт шхынщ. Ар цIыкIуми инми яфIэфIщ: сыхъэр къыдихыу зэгуэбгъэхуу зыбгъэнщIыху пшхыну сыт и уасэ?

Арати, Щыхьыми игу къэкIащ «сыкIуэнщи, зы хъарбыз къэсшхынщ, къызатмэ, унагъуэми къахуэсхьынщ», жиIэри. Абы ищIэрт Темыр зэрыткIийр, ауэ шэч къытрихьэркъым, елъэIумэ, къызэримыгъэщIэхъунум — я шыгъупIастэ зэIулъу къызэрызэдэхъуам нэмыщIкIи, мызэ-мытIэу чэзууншэу хуэхьэжат.

Пщыхьэщхьэхуегъэзэк I хъуауэ, зы къэп и блэгущIэм щIилъхьэри, Щыхьым дэкIащ. Хъарбызыпкъэр жыжьэтэкъыми, псынщIэ дыдэуи нэсащ. Темыр, и вакъитIыр лъихауэ, и лъакъуэхэм жьы щIригъэхуу, хьэщпакъ щIагъым щIэст. Щхьэлтетыр щыIухьэм, ар къэтэджри гуапэу сэлам кърихащ. Шэнтщхьэгуэ лъакъуищ къигъэуври игъэтIысащ. Апхуэдэхэм деж зэрыхабзэу, я узыншагъэкIэ, я унагъуэкIэ зэщIэупщIащ. Абы и ужькIэ, кIыхьлIыхь зимыщIу, Темыр къэтэджри, «Сэ иджыпсту къэзгъэзэжынщ», — жиIэри хьэсэм хыхьащ. ЩIэх дыдэуи къыхэкIыжащ, хъарбыз къуэлэнышхуэ иIыгъыу. Щыхьым бысымым щеплъым, модрейм, и набдзэ Iувыр иIэтри, хьэщIэм хупыгуфIыкIащ. Ауэ щыт Iэнлъэм хъарбызыр ирилъхьэщ, и бгырыпхым кIэрыщIа сампIэм Iэдакъэсэр кърихри, хъарбызым тебжэ нэхъей, и IитIыр ишияуэ тIэкIурэ щыса нэужь, ар, «щIач» жиIэу къачэу, иупщIэтащ. Темыр, и напщIэр иIэтри, аргуэру пыгуфIыкIащ, «Плъэгъуа?!» жыхуиIэу. Хъарбызыкур къригъэжри, сэм зэрыпыIуауэ Щыхьым къритащ. Езыми хъарбыз бзыгъэшхуэ къищтэри, уэршэрурэ, хъарбызыр дакъикъэ бжыгъэм шхын яухащ.

Бысымыр хьэщӀэм еупщӀ хабзэкъым къызытекӀухьамкӀэ. Абы фӀыуэ щыгъуазэ Темыр зыри жиӀэтэкъым, щхьэлтетыр къыщӀэкӀуар нэрылъагъуми. Щыхьыми, сыкъыщӀэкӀуар щыгурыӀуэкӀэ, жеӀэ лей щыӀэ жыхуиӀэу зрилъэфыхьырт. Ауэ адэкӀэ зыпӀэжьэ хъужынукъым — дыгъэр къухьауэ кӀыфӀыр къащхьэщыгъуалъхьэрт. Арати, Щыхьым къэхэшащ.

— Уэлэхьэ, Темыр, сыкъыщӀэкӀуар мыратэм. СыкӀуэнщи, си ныбжьэгъужьым тӀэкӀу сыдэуршэрынщи, хъарбыз зытхухи къыздэсхьынмэ, жысӀэри…

— И-й? — Темыр, жейуэ хэлъауэ къызэшыуа нэхъей, и напщӀэр къиӀэтри хьэщӀэм еплъащ.

— Мис, къэпи къыздэсхьащ, — жиӀащ Щыхьым.

Зыри жимыӀэу, Темыр и щхьэр игъэкӀэрэхъуащ. Абы къригъэкӀыну зыхуеяр къыгурымыӀуауэ, Щыхьым хъарбызхъумэм еплъащ. Адрейм жиӀащ:

— Щыхьым, мис хьэсэр. Хыхьи япэу уи нэм къыфӀэнэ зы хъарбыз къыщӀэч. Ауэ, уэлэхьи, къэп из уэзмытыфыну…

Щыхьым «уэзмытыфынур» щызэхихым, и нэр щэ тегъэуэгъуэ ищӀу, Темыр еплъащ, гушыӀэу къыфӀэщӀу. Ауэ хъумакӀуэм гушыӀэну игу къэкӀыххэртэкъым.

— Егупсыс уэри, Щыхьым. Мыбы махуэ къэс цӀыхуищэ къокӀуалӀэ. А псом хъарбыз къэп зырыз естынумэ, сыт хъумакӀуэу мыбдеж сыкъыщӀрагъэтӀысхьар?

Щыхьым зы псалъэ къыхудэмышейуэ, заулкӀэ щысащ, итӀанэ зыкъищӀэжри жиӀащ:

— Къызэптынукъым-тӀэ?

— Уи жагъуэ умыщӀ, уэлэхьэ, уэзмытыфыну…

— ХьыӀ! Къызэптыфынукъым? И-и? — жиӀащ Щыхьым, хъумакӀуэм ауанышӀу хупыгуфӀыкӀри.

— Хьэуэ, — Темыр и щхьэр аргуэру игъэкӀэрэхъуащ.

— Уэлэхьи, Темыр, сэ сызэрыпщыгугъар армырат. Си ныбжьэгъум и дей сыкӀуэнщи, сыкъигъэщӀэхъункъым жысӀэри сыпхуэгушхуэу… Ауэ сыт сщӀэн — сыщыуащ. Алыхьуталэм сызэхихащ — сынолъэӀуащ. КъысхуэпщӀакъым. Къысхуэнэр зыщ: къыпфӀэздыгъунщ. Гуэныхьыр ууейуэ…

— Сыт мыбы жиӀэр? — къэуӀэбжьащ Темыр. — Дауэ зэрысфӀэбдыгъунур?

— Дауи щхьэуи хэмылъу. СыкъэкӀуэнщи, къыпфӀэздыгъунщ сызыхуейм хуэдиз…

— Дауэ, зиунагъуэрэ, зэрыбдыгъунур?! Сэ мыбдеж сыщысу, гъущӀ гъуэгу лъэныкъуэмкӀэ Андзор къыщысу?

— Мис мыбдеж уэ ущысу, Андзор гъущӀ гъуэгумкӀэ къыщысу…

— Уэлэхьи, тфӀумыдыгъун!

— Билыхьи, къыффӀэздыгъунмэ! Хъарбыз дэнэ къэна, сыхуейуэ щытмэ, мис мы гъуэншэдж пщыгъыр къыпфӀэздыгъунщи…

Темыр и гъуэншэджыр зэпиплъыхьащ, иужьрей дыдэу иджыпсту илъагъуж нэхъей.

— ЛIо, уи фIэщ мыхъуу ара? Арамэ, баз къыспихьэ.

Щыхьым Iэбэри хъумакIуэм и Iэр иубыдащ, жиIэнуми нимыгъэсу.

— СыткIэ дызэрызэпихьэр?

— Мы гъуэншэдж сщыгъыр сфIэбдыгъумэ, хъарбыз гулъэ ныпхузошэ. Уэ-щэ? Уэ сыт къысхуэпщIэнур?

— Сэри? Сэ… сэ… — зытIэкIурэ гупсысэу щытри: — Сэ, япэрауэ, хьэжыпщIэ хэзмыхыу, илъэс псокIэ сыпхуэхьэжэнщ. ЕтIуанэрауэ, аркъэ пэлыщтофрэ зы джэдрэ, ущыхуей махуэм…

— Содэ, къызэпыуд…

Арати, щхьэлтетыр мэкIуэж, кърата щымыIэу, Темыри егъэзэжри хьэщпакъ лъабжьэм зыщрегъэщI.

Махуэ докI. МахуитI макIуэ. Темыр зыщIодэIукI — зыри щыIэкъым. А махуитIым Щыхьым гъуэншэджыр къызэридыгъуну Iэмалым егупсысащ. ИкIи къигупсысащ! ПсыпцIэм кIуэри къамыл гъумыфI къихьащ. ГъущI кIапсэ кIыхькIэ абы и кумылэр кърихтхъунщIыкIри, и кIапэ лъэныкъуэм пхъэмыф IуиукIэжащ. Адрей кIапэмкIэ фошыгъу иригъэщэщащ. Къандзэгулъэм кIуэщ, къамылым и кIапэ гъуанэ лъэныкъуэр хъумпIэцIэдж Iуащхьэм трилъхьэри, адэкIэ къэхъунум пэплъэу тIысыжащ. IэфIымэр къащIихьэри, хъумпIэцIэджхэм зэрызехьэу щIадзащ. Мэр къыпщIихьэкIэ зэфIэкIрэ, кIуауэ зэгъэлъагъун, ар къыздрихыр зэгъэщIэн хуейкъэ? ХъумпIэцIэджхэр зэрехьэжьэри къамыл гъуанэм зэригуащ. Щыхьым зыхуеиххэр арати, хъункъэ ар щыжиIэм, къамылым и адрей кIапэ лъэныкъуэри игъэбыдащ. ХъумпIэцIэджхэр апхуэдэ Iуэху пэплъатэкъым. Ахэр губжьынтэкъэ? Нэхъри зэрызехьэ хъуащ. Щхьэлтетыр зыхуеиххэр арати, мазэр къуилъафэу кIыфI зэрыхъуу къамылыр къищтэри, хъарбыз хьэсэмкIэ иунэтIащ. Хьэсамырым хуэдэу зиущэхури, хьэщпакъым екIуэлIащ. Лъэгуажьэмыщхьэ зригъэуэри щIэплъащ. И тхьэкIумэр игъэкIри зыщIэдэIукIащ. ХъумакIуэр пырхъыжу жейрт. Щыхьым зыхуеяр къехъулIауэ къелъытэри, сакъыпэурэ къамылыр Темыр и гъуэншэдж лъапэм ирегъэлъадэ. Адрей къамыл кIапэр и жьэм Iуелъхьэри ипщэу щIедзэ. Хъийм икIауэ зэрызехьэ хъумпIэцIэджхэр, гъэрыпIэм къожри, гъуэншэджым йолъадэ. НэщI хъуа къамылыр лъэныкъуэкIэ егъэтIылъри, Щыхьым адэкIэ къэхъунум пэплъэу къотIыс. Куэд дэмыкIыу Темыр зриIуэнтIыхьу щIедзэ, зегъэкIэрахъуэри ижьырабгъумкIэ тогъуалхьэ, аргуэру сэмэгумкIэ зегъэзэж. ХъумпIэцIэдж губжьахэр дзэкъэнтэкъэ! ХъумакIуэр, дауэ зимыщIми, жейм езэгъыркъым. ИкIэмикIэжым, хуэмышэчыжу, а зэрыжейм хуэдэурэ, и гъуэншэджыр зыщехри лъэныкъуэкIэ Iуедз, гъумэтIымэу зыгуэрхэр къибжурэ Iурехыж.

Щыхьым зыхуеиххэр аратэкъэ?! Гъуэншэджыр къещтэри къамылымкIэ Темыр тоуIуэ. Мобы, жейбащхъуэщи, япэ щIыкIэ зыри къыгурыIуэркъым. ИтIанэ къызэщоури къызэфIотIысхьэ.

— И-и! Хэт ар?

— Сэращ, Темыр, сэра…

ХъумакӀуэр къыщолъэт.

— Мэж уи гъуэншэджыр, щытӀэгъэж, — Щыхьым гъуэншэджыр зеӣм хуешииж.

Темыр зоплъыж — гъуэншэджыр щыгъыжкъым! Къопхъуэри Ӏэпеуд.

— Мыр, мыр… дауэ мыр?

Щыхьым мэдыхьэшх:

— КъыпфӀэздыгъунщ жысӀати, къыпфӀэздыгъуащ. Базыр къыпфӀэсхьащи, сыкъызэрыбгъэгугъа тӀэкӀур ныcхуэшэ. Гъуэншэджыншэу укъызэрызмыгъэнам щхьэкӀэ къысхуэпщӀэнур уи напэжщ. Сэ сокӀуэж…

— Зэпытрэ зэкӀэсу укӀуэ уэ гъуамэр, шеӣтӀан! — къокӀиӣ Темыр.

— Хъунщ, хъун, умыгубжь. Пщэдеӣ пщыхьэщхьэ сыкъожьэнущ. Базыр умыгъэзэщӀэным гуэныхь зэрыпылъри, уэрэдрэ Ӏуданэу узэрыхэсхьэжыфынури зыщумыгъэгъупщэ…

Нэху къызэрекӀыу, хьэсэр и хъумакӀуэгъум къыхуегъанэри, Темыр къуажэм мэкӀуэж. И къуэм и шыгу зэщӀэщӀам ису пщыхьэщхьэхуегъэзэкӀыу къегъэзэжри, хъарбызыр гум хуэфӀу из ещӀ, гублащхьэм дотӀысхьэжри...

Темыр и псалъэр игъэпэжыным шэч тӀэкӀуи къытрихьэу, ауэ и гугъэр химыхыжыпауэ, Щыхьым и ныбжьэгъум пэплъэу щыст. Хъарбызхъумэр къыщыӀухьэм, гуфӀэнтэкъэ — гуфӀащ. Къыпежажьэри, Ӏыхьэлеӣм икӀауэ гуапэу сэлам кърихащ.

Гур яунэщӀа нэужь, Темыр и чнутӀыр къиштэжщ, вожэр къызэщӀикъуэжри, гум итӀысхьэжыну шэрхъым щытеувэм, Щыхьым абы пэуващ:

— Мыр лӀо, Темыр, щхьэ упӀащӀэрэ? Дэ, зиунагъуэрэ, дыадыгэкъэ? НакӀуэ, неблагъэ!

— Хьэуэ, Тхьэр арэзы къыпхухъу, сыкӀуэжынщ. Нобэреӣ махуэм Андзор и закъуэщ.

— Хъунщ, хъун, ауэрэ зумыщӀ. НакӀуэ, ерыскъым уемылъэпауэ.

— Ари сыт ерыскъы? — къытехьэ хуэдэу хъуащ Темыр.

— А, зиунагъуэрэ, базыр сфӀэпхьамэ сыпшынын хуеӣтэкъэ? Сэри зызгъэхьэзырат.

Ар щызэхихым, Темыр Щыхьым и ужьым иуващ:

— Апхуэдэу щыщыткӀэ, сыт тщӀэн?

Ӏэнэр зэтетт: джэд гъэвам бжьыныху щыхуэжат, пӀастэм бахъэр къыщхьэщихырт, аркъэбжьэри тетт, стэканитӀ бгъурытыжу…

Базым и Ӏуэхур хъарзынэу зэфӀэкӀри, зэныбжьэгъужитӀыр пщыхьэщхьэм ӀэплӀэешэкӀкӀэ зэбгъэдэкӀыжащ. Ауэ базым и хъыбарыр, уэ жыпӀа сэ жысӀа, колхоз правленэм нэсауэ къыщӀэкӀри, етӀуанэ махуэм Темыру плъагъур щымышхэм щрагъэтӀэхъуащ…



**Хэт хъуми пасэу фадэр зи нэрыгъ,**
**И гъащIэр пасэу кIэщI егъэхъу**

*ГушыIэ сурэтыр зыщIар*
**КъуэщIысокъуэ Владимирщ**

# Щыгъуэ псалъэ



Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ щIэныгъэмрэ хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ: куэдрэ хьэлъэу сымэджа нэужь 2010 гъэм июным и 5-м дунейм ехыжащ бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, егъэджакIуэ Iэзэ, Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта Нало Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэр.

Нало Ахьмэдхъан Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм къыщалъхуащ1921 гъэм августым и 10-м. Къэбэрдей-Балъкъэр педрабфакыр къиухри, 1941 гъэм щыщIэдзауэ Совет Армэм къулыкъу щищIащ. Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ фронтым Iухьащ. Лениград дэт дзэинженер еджапIэр къиуха нэужь, сапер взводым, ротэм я унафэщIу щытащ.

1946 гъэм дзэм къызэрыхэкIыжу абы лэжьэн щыщIидзащ Лэскэн райисполкомым. Ауэ ар куэд щIауэ щIэхъуэпсырт къызыхэкIа лъэпкъым и щэнхабзэм хуэлэжьэнуи, лIыпIэ иувауэ пединститутымрэ абы и аспирантурэмрэ къиухыжри, 1951 гъэм щыщIэдзауэ пенсэм кIуэху студентхэр иригъэджащ. Нало Ахьмэдхъан пединститутым, иужькIэ университетым щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэ щригъэкIуэкIащ, адыгэбзэм зегъэужьыным пыщIа Iуэхугъуэхэм телажьэу. Ар яхэтащ Москва къыщыдагъэкIа «Адыгэ-шэрджэсыбзэм и грамматикэ», «Урыс-адыгэ-шэрджэс псалъалъэ» тхылъхэр зыгъэхьэзырахэм. Нобэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм щытхъу яIэу щолажьэ Нало Ахьмэдхъан щIэныгъэ зригъэгъуэта, IэщIагъэм хуигъэса, къэхутэныгъэхэм тригъэгушхуа цIыхуищэхэр.

Нало Ахьмэдхъан литературэми зэфIэкIышхуэ щиIащ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр нэхъыбэу теухуащ ди лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ гугъухэм, революцэмрэ граждан зауэмрэ я лъэхъэнэм, Хэку зауэшхуэм ди сэлэтхэм щызэрахьа хахуагъэм, зауэм цIыхухэм къахуихьа гуауэмрэ гузэвэгъуэмрэ. ТхакIуэм IупщIу къегъэлъэгъуэж цIыхубэм зэрахьа а лIыхъужьыгъэшхуэм езым и лъэпкъэгъухэми яхузэфIэкI зэрыхалъхьар. Анэдэлъхубзэр нэгъэсауэ зыгъэшэрыуэф авторым цIыхум и гурыщIэр кууэ щызэпкъриха тхыгъэ хьэлэмэтхэм ящыщщ «Рейхстагым адыгэбзи тетщ» рассказ гукъинэжыр.

Нало Ахьмэдхъан зауэм щиIа фIыщIэхэр хэкум нэсу къилъытащ. Абы къратащ Невский Александр, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, Хэку зауэшхуэми и орденым и I нагъыщэр, а орденым и II нагъыщэу тIу, СССР-м и медалу пщIы, Польшэ Республикэм и медаль. Абы зэрихьэрт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр.

Дунейм ехыжащ екIуу, пщIэрэ щIыхьрэ иIэу псэуа цIыху гуапэр, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъар. Нало Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэм – тхакIуэм, щIэныгъэлIым, ныбжьэгъу пэжым, щIалэгъуалэм я чэнджэщэгъу губзыгъэм и фэеплъыр дэ зэи дигу ихункъым.

**Къанокъуэ А. Б., Чеченов А. А., Меркулов А. В., Жамборэ В. С., Тхьэзэплъыж М. ТI., Аттаев Ж. Ж., Ацкъан Р. Хь., Бегиев А. М., Бэчыжь Л. А., Вэрокъуэ В. Хъ., Джэдгъэф Б. М., Гуровэ Л. А., Гуртуев С. С., Гъут I. М., Додуев А. Хь., ДыщэкI М. Р., Жаным Р. М., Зумакулов Б. М., Зумакуловэ Т. М., Къэжэр Хь. Хь., Къарэмырзэ Б. С., Къармокъуэ М. М., КхъуэIуфэ Хь. Хь., Чым Ю. С., КIуэкIуэ Дж. Н., Котляров В. Н., Кузьмин В. Г., Мэзыхьэ Б. Б., Макитов С. И., Мэкъуауэ А. Хь., МэшбащIэ И. Ш., Мэз С. С., Нало З. М., Опрышкэ О. Л., Пащты Б. С., Тау П. КI., Тау Хь. Т., Темыркъан Б. Хь., Толгуров З. Хь., Тхьэгъэзит З. М., Тхьэгъэзит Ю. М., Тхьэзэплъ Хь. М., Уянаев К. Хь.-М., Фырэ Р. Б., Хьэгъэс З. А., ХьэкIуащэ А. Хь., ХьэфIыцIэ М. М., Хьэх С. Хь., Щхьэгъэпсо С. Хь., Щхьэгуэш А. Л., Елгъэр К. М.**

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къиштэр зэи къытемыхуа, компьютеркIэ тедзэжа тхыгъэхэрщ (дискыр щIыгъумэ, нэхъыфIыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэнкIэ хъумэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 47-35-32 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 47-26-21 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ); 42-75-22 (бухгалтерие).

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, Полиграфкомбинат.

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыщтэр зэи къытемыхуа, компьютеркІэ тедзэжа тхыгъэхэрщ (дискыр щІыгъумэ, нэхъыфІыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэнкІэ хъумэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 47-35-32 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ); 47-26-21 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащІэ); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ); 42-75-22 (бухгалтерие).

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, Полиграфкомбинат.





9 Заказ № 84

## Адыгэ щэнхабзэм псэемыблэжу хуэлэжьащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым културэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэу щыта Къуэдзокъуэ Хьэсэн Бахъсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 1935 гъэм февралым и 18-м мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ.

И ныбжьыр илъэс зыщыплIым фIэмыкIауэ, и адэ-анэр фIокIуэд. Зеиншэу къэна щIалэ цIыкIур 1945 гъэ пщIондэ щыIащ и адэ къуэшым деж. А гъэ дыдэм Хьэсэн сабийхэм я унэм (детдомым) ират. 1950 гъэм абы классиблыр къыщеух, иужькIэ еджэным щыпещэ республиканскэ школ-интернатым. 1953-1958 гъэхэм Хьэсэн щоджэ артистхэр щагъэхьэзыру Луначарскэм и цIэкIэ Мэзкуу дэт къэрал институтым и актерскэ факультетым.

Налшык къигъэзэжа нэужь, ар щолажьэ Къэбэрдей театрым. 1961-1962 гъэхэм Хьэсэн щэнхабзэмкIэ министерствэм и инспектор нэхъыщхьэу ягъэув. 1962 гъэм щегъэжьауэ дунейм ехыжыху (1996 гъэ) Хьэсэн иролажьэ гурэ псэкIэ езыр сыт щыгъуи дызыхьэхыу щыта журналист IэщIагъэм: 1962-1969 гъэхэм «Советская молодежь» газетым, 1969-1996 гъэхэм телевиденэм.

Мис абыхэм яужькIэ зи гупсысэри зи къалэмри жан хъуа Къуэдзокъуэр нэхъри тогушхуэ куэд щIауэ фIыуэ илъагъу художественнэ творчествэм псэемыблэжу бгъэдэтыну. ИкIи ар щымыуауэ къыщIокI: тхылъ щхьэхуэурэ къыдэкI мэхъу абы и рассказхэр, повестхэр, усыгъэхэр.

Хьэсэн зыкъыигъэлъэгъуащ зэдзэкIакIуэ Iэзэуи. Абы зэридзэкIа пьесэхэм ящыщщ: Шекспир и «Отелло», Мольер и «Жорж Данден»-р, Лопе де Вега и «Овечий источник»-р, О Нил и «Последняя остановка»-р, нэгъуэщIхэри.

НэгъуэщI бзэхэмкIэ ятхахэр адыгэбзэкIэ зэридзэкI къудейм къыщымынэу, Хьэсэн адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри урысыбзэкIэ зэридзэкIащ. Абыхэм ящыщщ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэр», Къардэнгъущ Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ», Мысачэ Петр, Елгъэр Кашиф сымэ я тхыгъэхэр.

Хьэсэн и очерк хьэлэмэтхэр куэдрэ газетхэм, журналхэм къытехуащ, тхылъ щхьэхуэу къыдэкIащ. Мис ахэращ Къуэдзокъуэ Хьэсэн и цIэр ди щэнхабзэм фIыкIэ къыщIыхэнар.

10 Заказ № 84